

2026

Prèv Kouvèti

Senior Whole Health of New York NHC

(HMO D-SNP):

New York H5992-007-000

Anvigè soti 1ye janvye pou rive 31 desanm 2026

1ye janvye – 31 desanm, 2026

Prèw Kouvèti pou 2026:

Avantaj ak Sèvis Sante Medicare epi kouvèti Medikaman ou yo antanke Manm Senior Whole Health of New York NHC (HMO D-SNP)

Dokiman sa ba w detay sou kouvèti Medicare ak kouvèti medikaman ou yo soti 1ye janvye – 31 desanm 2026. **Se yon dokiman jiridik enpòtan. Sere li yon kote ki sekirize.**

Dokiman sa a eksplike w avantaj ak dwa ou genyen yo. Itilize dokiman sa a pou w konprann:

- Prim plan ak pataj frè nou an
- Avantaj medikal ak avantaj medikaman nou yo
- Fason pou depoze yon plent si w pa satisfè ak yon sèvis oswa tretman
- Fason pou kontakte nou
- Lòt pwoteksyon lwa Medicare la egzije

Pou kesyon konsènan dokiman sa a, rele Sèvis Manm yo nan (833) 671-0440. (Itilizatè TTY yo rele 711). Orè yo se 1ye oktòb – 31 mas, 8 a.m. – 8 p.m. lè lokal, 7 jou pa semèn. Soti 1ye avril – 30 septanm, lendi – vandredi, 8 a.m. – 8 p.m. lè lokal. Apèl sa gratis.

Yo ofri plan sa a, Senior Whole Health of New York NHC (HMO D-SNP), pa mwayen Senior Whole Health of New York, Inc. (Lè *Prèw Kouvèti* sa di “nou”, li vle di Senior Whole Health of New York, Inc. Lè li di “plan” oswa “plan nou an”, li vle di Senior Whole Health of New York NHC (HMO D-SNP).)

Molina Healthcare se yon plan C-SNP, D-SNP ak HMO ki gen yon kontra Medicare. Plan D-SNP yo gen yon kontra avèk pwogram Medicaid Eta a. Enskripsyon an depann sou renouvèlman kontra a.

Senior Whole Health respekte lwa sou dwa sivil Federal ki aplikab yo epi li pa fè diskriminasyon sou baz ras, orijin etnik, orijin nasyonal, relijyon, jan, sèks, laj, andikap fizik oswa mantal, eta sante, resevwa swen sante, eksperyans nan kesyon reklamasyon, antesedan medikal, enfòmasyon jenetik, prèw sou kapasite pou gen asirans, zòn jeyografik.

Dokiman sa a disponib gratis nan lang Espanyòl, Chinwa, Arab, Koreyen, Ris, Italyen, Fransè, Kreyòl Fransè, Yidich, Polonè, Tagalòg, Benngali, Albanyen, Grèk ak Oudou.

Ou kapab jwenn dokiman sa a gratis nan lang ki pa Anglè (yo) oswa nan lòt fòm, tankou gwo karaktè, bray, oswa odyo. Rele (833) 671-0440, (TTY: 711). Apèl la gratis.

Avantaj yo kapab chanje nan dat 1ye janvye 2027.

Fòmilè nou an, famasi ki nan rezo a, epi/oswa founisè ki nan rezo a kapab chanje nenpòt lè. W ap resevwa yon avi konsènan nenpòt chanjman ki kapab afekte w, omwen 30 jou alavans.

H5992_26_007_NY_EOC_C

Tabmatyè**Lis Sijè yo**

CHAPIT 1:	Kòmanse antanke yon manm	4
SEKSYON 1	Ou se yon manm Senior Whole Health of New York NHC (HMO D-SNP)	4
SEKSYON 2	Egzijans pou elijibilite plan an	5
SEKSYON 3	Dokiman enpòtan pou abònman	6
SEKSYON 4	Rezime sou Pri ki Enpòtan yo	8
SEKSYON 5	Plis enfòmasyon sou prim masyèl plan w lan	12
SEKSYON 6	Kenbe dosye abònman nan plan nou an ajou	12
SEKSYON 7	Fason lòt asirans fonksyone avèk plan nou an	13
CHAPIT 2:	Nimewo telefòn ak resous enpòtan	15
SEKSYON 1	Kontak Senior Whole Health of New York NHC (HMO D-SNP)	15
SEKSYON 2	Fason pou jwenn èd nan Medicare	17
SEKSYON 3	Pwogram Asistans Asirans Sante Eta (State Health Insurance Assistance Program, SHIP)	18
SEKSYON 4	Òganizasyon Amelyorasyon Kalite (Quality Improvement Organization, QIO)	19
SEKSYON 5	Sekirite Sosyal	20
SEKSYON 6	Medicaid	20
SEKSYON 7	Pwogram pou ede moun peye pou medikaman sou preskripsyon	23
SEKSYON 8	Railroad Retirement Board (RRB)	25
SEKSYON 9	Si w gen asirans an gwoup oswa lòt asirans sante nan men yon anplwayè	26
CHAPIT 3:	Itilize plan nou an pou sèvis medikal ou yo ak lòt sèvis ki kouvri yo	27
SEKSYON 1	Men kijan pou w resevwa swen medikal ou yo ak lòt sèvis yo antanke yon manm plan nou an	27
SEKSYON 2	Itilize founisè ki nan rezo plan nou an pou w jwenn swen medikal ou yo: ak lòt sèvis yo	28
SEKSYON 3	Men kijan pou jwenn sèvis nan ka dijans, dezaz oswa lè w bezwen swen rapid	32
SEKSYON 4	E si yo faktire w dirèkteman pou tout frè pou sèvis ki kouvri yo?	34
SEKSYON 5	Sèvis medikal nan yon etid rechèch klinik	34
SEKSYON 6	Règ pou jwenn swen nan yon enstitisyon swen sante relijye ki pa medikal	35
SEKSYON 7	Règ pou w se pwopriyetè Ekipman Medikal ki Dirab yo	36
CHAPIT 4:	Tablo Avantaj Medikal yo (sa ki kouvri yo)	38
SEKSYON 1	Konprann sèvis ki kouvri yo	38
SEKSYON 2	Tablo Avantaj Medikal yo montre benefis medikal ou yo ak pri yo	38
SEKSYON 3	Sèvis ki kouvri andeyò Senior Whole Health of New York NHC (HMO D-SNP)	78
SEKSYON 4	Sèvis Senior Whole Health of New York NHC (HMO D-SNP) OSWA Medicaid pa kouvri yo	78

Tabmatyè

CHAPIT 5:	Fason pou itilize kouvèti plan an pou medikaman Pati D yo	81
SEKSYON 1	Règ debaz pou kouvèti medikaman Pati D plan an	81
SEKSYON 2	Ranpli preskripsyon w yo nan yon famasi ki nan rezo a oswa atravè sèvis kòmann pa lapòs plan nou an	82
SEKSYON 3	Medikaman w yo dwe nan Lis Medikaman plan nou an	84
SEKSYON 4	Medikaman ki gen restriksyon sou kouvèti	86
SEKSYON 5	Men kisa w ka fè si yo pa kouvri youn nan medikaman w yo nan fason w vle a	87
SEKSYON 6	Lis Medikaman nou an kapab chanje pandan ane a	89
SEKSYON 7	Kalite medikaman nou pa kouvri yo	91
SEKSYON 8	Fason pou ranpli yon preskripsyon	91
SEKSYON 9	Kouvèti medikaman Pati D nan sitiasyon espesyal	92
SEKSYON 10	Pwogram sou sekirite medikaman ak jesyon medikaman	93
CHAPIT 6:	Sa w peye pou medikaman Pati D yo	96
SEKSYON 1	Sa w peye pou medikaman Pati D yo	96
SEKSYON 2	Etap pèman medikaman pou manm Senior Whole Health of New York NHC (HMO D-SNP) yo	98
SEKSYON 3	Eksplikasyon pou Avantaj Pati D ou a eksplike nan ki etap pèman ou ye	98
SEKSYON 4	Etap Franchiz la	99
SEKSYON 5	Etap Kouvèti Inisyal la	100
SEKSYON 6	Etap pou Kouvèti kont Katastwòf	104
SEKSYON 7	Sa w peye pou vaksen Pati D yo	105
CHAPIT 7:	Mande nou peye fakti pou pataj pa nou nan yon fakti pou medikaman oswa sèvis medikal ki kouvri yo	107
SEKSYON 1	Sitiyasyon kote ou dwe mande nou peye pati pa nou pou medikaman oswa sèvis ki kouvri yo	107
SEKSYON 2	Fason pou mande nou ranbouse w oswa peye yon bòdwo ou te resevwa	109
SEKSYON 3	Nou pral konsidere demann ou fè pou peman an epi n ap di wi oswa non	109
CHAPIT 8:	Dwa ak responsabilite ou yo	111
SEKSYON 1	Plan nou an dwe respekte dwa w yo ak sansibilite kiltirèl ou yo	111
SEKSYON 2	Responsabilite w antanke manm plan nou an	129
CHAPIT 9:	Si w gen yon pwoblèm oswa plent (desizyon sou kouvèti, apèl, plent)	130
SEKSYON 1	Men sa pou w fè si w genyen yon pwoblèm oswa yon enkyetid	130
SEKSYON 2	Kote pou w jwenn plis enfòmasyon ak èd pèsonalize	130
SEKSYON 3	Konprann plent ak apèl Medicare ak Medicaid nan plan nou an	131
SEKSYON 4	Ki pwosesis pou itilize pou pwoblèm ou an	131
SEKSYON 5	Yon gid sou desizyon kouvèti a ak apèl la	131
SEKSYON 6	Swen medikal: Fason pou mande yon desizyon kouvèti oswa fè yon apèl	134

Tabmatyè

SEKSYON 7	Medikaman Pati D yo: Fason pou mande yon desizyon kouvèti oswa fè yon apèl	144
SEKSYON 8	Fason pou mande nou kouvri yon sejou nan lopital pou pasyan ki entènè ki pi long, si w panse y ap egzeyate w twò bonè	152
SEKSYON 9	Fason pou mande nou kontinye kouvri kèk sèvis medikal, si w panse kouvèti ou an ap kanpe twò bonè	155
SEKSYON 10	Mennen apèl ou a nan Nivo 3, 4 ak 5	158
SEKSYON 11	Fason pou fè yon plent konsènan kalite swen, tan datant, sèvis kliyantèl, oswa lòt enkyetid	161
CHAPIT 10:	Kijan pou kanpe abònman w nan plan nou an	164
SEKSYON 1	Kijan pou kanpe abònman w nan plan nou an	164
SEKSYON 2	Kilè ou ka kanpe abònman w nan plan nou an?	164
SEKSYON 3	Fason pou kanpe abònman w nan plan nou an	167
SEKSYON 4	Ou dwe kontinye resevwa atik medikal, sèvis ansanm ak medikaman w yo pa mwayen plan nou an, jiskaske abònman w lan kanpe	168
SEKSYON 5	Senior Whole Health of New York NHC (HMO D-SNP) dwe kanpe abònman w nan plan nou an nan kèk sityasyon	168
CHAPIT 11:	Avi jiridik yo	170
SEKSYON 1	Avi konsènan lwa ki aplikab yo	170
SEKSYON 2	Avi kont diskriminasyon	170
SEKSYON 3	Avi konsènan dwa ranplasman pou Dezyèm Peyè Medicare	170
CHAPIT 12:	Definisyon	171

Chapit 1: Kòmanse antanke yon manm

CHAPIT 1:

Kòmanse antanke yon manm

SEKSYON 1 Ou se yon manm Senior Whole Health of New York NHC (HMO D-SNP)

Seksyon 1.1 Ou enskri nan Senior Whole Health of New York NHC (HMO D-SNP), ki se yon Plan Medicare Special Needs

Ou gen kouvèti ni nan Medicare ni nan Medicaid:

- **Medicare** se pwogram asirans sante federal pou moun ki gen 65 lane oswa plis yo, pou kèk moun ki poka gen 65 lane epi ki genyen kèk andikap, ak moun ki gen maladi ren ki nan faz tèminal yo (moun ki gen ensifizans renal yo).
- **Medicaid** se yon pwogram gouvènman federal la ak gouvènman eta a ki ede kèk moun ki gen revni ak resous limite kouvri depans medikal yo. Kouvèti Medicaid la varye selon Eta a ak kalite Medicaid ou genyen an. Kèk moun ki gen Medicaid jwenn èd pou peye prim Medicare yo a ak lòt frè toujou. Epitou, gen lòt moun ki jwenn kouvèti pou lòt sèvis ak medikaman Medicare pa kouvri.

Ou te chwazi resevwa swen sante Medicare ak kouvèti medikaman w lan pa mwayen plan nou an, Senior Whole Health of New York NHC (HMO D-SNP). Plan nou an kouvri tout sèvis Pati A ak Pati B yo. Sepandan, pataj frè ak aksè a founisè nan plan nou an diferan de Original Medicare.

Senior Whole Health of New York NHC (HMO D-SNP) se yon Plan Medicare Advantage espesyalize (yon plan Medicare Special Needs Plan) (Plan Bezwen Espesyal Medicare), ki vle di avantaj li yo fèt pou moun ki gen bezwen swen sante espesyal yo. Senior Whole Health of New York NHC (HMO D-SNP) fèt pou moun ki gen Medicare yo, epitou ki gen dwa pou jwenn èd nan men Medicaid.

Piske w ap resevwa èd nan men Medicaid ki gen pataj frè (franchiz, kopeman ak ko-asirans) Medicare Part A ak Part B, ou kapab pa peye anyen pou sèvis Medicare ou yo. Epitou, Medicaid bay lòt sèvis avantaj, lè li kouvri sèvis swen sante, an jeneral, ki pa gen kouvèti sou baz Medicare. Epitou, w ap resevwa Èd Sipleman (Extra Help) nan men Medicare pou peye frè medikaman Medicare ou yo. Senior Whole Health of New York NHC (HMO D-SNP) ap ede w jere tout avantaj sa yo, yon fason pou w kapab resevwa sèvis sante ak èd pou pèman ou gen dwa pou w jwenn yo.

Se yon konpayi prive k ap dirije Senior Whole Health of New York NHC (HMO D-SNP). Menm jan ak tout Plan Medicare Advantage yo, se Medicare ki apwouve plan 'Medicare Special Needs Plan' sa a (Plan pou Bezwen Espesyal Medicare). Epitou, plan nou an gen yon kontra avek pwogram New York Medicaid la pou kowòdone avantaj Medicaid ou yo. Nou kontan ba w kouvèti Medicare ou a, san wete kouvèti medikaman yo.

Seksyon 1.2 Enfòmasyon jiridik sou Prèw Kouvèti an

Prèw Kouvèti sa a fè pati kontra nou siyen avèk ou konsènan fason Senior Whole Health of New York NHC (HMO D-SNP) kouvri swen w lan. Lòt pati nan kontra sa a gen fòm enskripsyon w lan, Lis Medikaman ki Kouvri yo

Chapit 1: Kòmanse antanke yon manm

(Fòmilè), ak nenpòt avi ou resevwa nan men nou konsènan chanjman ki fèt nan kouvèti ou a oswa kondisyon ki afekte kouvèti ou a. Pafwa, yo rele avi sa yo amandman oswa modifikasyon.

Kontra a antre anvigè pou mwa ou enskri nan Senior Whole Health of New York NHC (HMO D-SNP) a, ant 1ye janvyè 2026 ak 31 desanm 2026.

Medicare pèmèt nou fè chanjman nan plan nou ofri yo chak ane sivil. Sa vle di nou kapab chanje frè ak avantaj Senior Whole Health of New York NHC (HMO D-SNP) a apre 31 desanm 2026. Epitou, nou kapab chwazi sispann ofri plan nou an nan zòn sèvis ou a, apre 31 desanm 2026.

Medicare (Sant pou Sèvis Medicare ak Medicaid yo) dwe apwouve Senior Whole Health of New York NHC (HMO D-SNP) chak ane. Ou ka kontinye jwenn kouvèti Medicare chak ane antanke manm plan nou an, toutotan nou chwazi kontinye ofri plan nou an epi Medicare renouvle apwobasyon li pou plan nou an.

SEKSYON 2 Egzijans pou elijibilite plan an

Seksyon 2.1 Kondisyon pou elijibilite

Ou elijib pou w se manm plan nou an puvike ou ranpli tout kondisyon sa yo:

- Ou genyen ni Medicare Part A ni Medicare Part B
- W ap viv nan zòn sèvis jewografik nou an (ki dekri nan Seksyon 2.3 ki anba a, dekri zòn sèvis nou an). Nou pa konsidere moun ki nan prizon yo kòm moun ki ap viv nan zòn sèvis jewografik la, menmsi yo ladan fizikman.
- Ou se yon sitwayen peyi Etazini oswa ou prezan nan peyi Etazini legalman
- Ou ranpli egzijans pou elijibilite espesyal ki dekri anba a.

Egzijans kalifikasyon espesyal pou plan nou an

Plan nou an fèt pou konble bezwen moun ki resevwa kèk avantaj Medicaid. (Medicaid se yon pwogram gouvènman federal la ansanm ak gouvènman eta a ki ede kèk moun ki gen revni ak resous limite kouvri depans medikal yo.) Pou w ka elijib pou plan nou an, ou dwe elijib ni pou Medicare ni pou Avantaj Medicaid Konplè yo.

Remak: Si w pèdi elijibilite w, men, yon fason rezonab, ou kapab atann pou w rejwenn elijibilite w nan espas 6 mwa, donk ou toujou elijib pou abònman. Chapit 4, Seksyon 2.1 an ba w enfòmasyon konsènan kouvèti a ak pataj frè yo pandan yon peryòd elijibilite prezime ki ap kontinye.

Seksyon 2.2 Medicaid

Medicaid se yon pwogram gouvènman federal la ansanm ak gouvènman eta a ki ede kouvri depans medikal ak swen alontèm pou kèk moun ki gen revni ak resous limite. Chak eta decide kisa ki konte kòm revni ak resous, ki moun ki elijib, ki sèvis ki kouvri, epi frè pou sèvis yo. Epitou, Eta yo kapab decide ki fason yo ap dirije pwogram yo a, toutotan yo suiv direktiv federal yo.

Epitou, Medicaid ofri pwogram pou ede moun peye depans Medicare yo, tankou prim Medicare yo. “Medicare Savings Program” sa yo ede moun ki gen revni ak resous limite yo ekonomize lajan chak ane:

Chapit 1: Kòmanse antanke yon manm

- **Avantaj Konplè pou Moun ki gen Doub Elijibilite (Full Benefit Dual Eligible, FBDE):** Yon moun ki gen dwa pou gen Medicare, pa reponn ak kritè revni oswa resous pou QMB+ oswa SLMB+ yo, men li elijib pou kouvèti Medicaid konplè a swa kategorikman, oswa atravè gwoup kouvèti opsyonèl ki baze sou estati Bezwen Medikal la, nivo revni espesyal pou moun ki enstitisyonnalize yo, oswa Egzansyon pou kay ak Egzansyon ki baze sou kominote a.
- **Benefisyè Medicare ki Kalifye (Qualified Medicare Beneficiary, QMB+):** Li ede peye prim Medicare Part A ak Part B yo, ak lòt pataj frè yo (tankou franchiz, ko-asirans, ak kopeman). Epitou, moun sa yo elijib tou pou avantaj Medicaid konplè yo.

Seksyon 2.3 Men zòn sèvis plan an pou Senior Whole Health of New York NHC (HMO D-SNP)

Senior Whole Health of New York NHC disponib sèlman pou moun ki ap viv nan zòn sèvis plan nou an. Pou w ka rete yon manm plan nou an, ou dwe kontinye abite nan zòn sèvis plan an.

Nan zòn sèvis nou an, gen konte sa yo New York: Bronx; Kings; Nassau; New York; Orange; Queens; Richmond; Rockland; Westchester.

Si w planifye pou w demenaje nan yon nouvo Eta, ou dwe kontakte biwo Medicaid ki nan Eta w la tou epi mande kijan demenajman sa a ap afekte avantaj Medicaid ou yo. Nimewo telefòn Medicaid yo nan Chapit 2, Seksyon 6 nan dokiman sa a.

Si w demenaje pou kite zòn sèvis plan nou an, ou pa kapab rete yon manm plan nou an. Rele Sèvis Manm yo (833) 671-0440 (Itilizatè TTY yo rele 711) pou konnen si nou gen yon plan nan nouvo zòn ou an. Lè w demenaje, w ap gen yon Peryòd Enskripsyon Espesyal ki ap pèmèt ou chanje pou vin nan Original Medicare oswa enskri nan yon plan sante oswa plan medikaman Medicare nan nouvo anplasman w lan.

Si w demenaje oswa ou chanje adrès postal, li enpòtan pou w rele Sekirite Sosyal tou. Rele Sekirite Sosyal nan 1-800-772-1213 (Itilizatè TTY yo, rele 1-800-325-0778).

Seksyon 2.4 Sitwayen ameriken oswa moun ki prezan legalman

Ou dwe se yon sitwayen peyi Etazini oswa ou dwe prezan legalman nan peyi Etazini pou w vin yon manm nan yon plan sante Medicare. Medicare (Sant pou Sèvis Medicare ak Medicaid) ap fè Senior Whole Health of New York NHC (HMO D-SNP) konnen si w pa elijib pou w rete yon manm nan plan nou an sou baz sa a. Senior Whole Health of New York NHC (HMO D-SNP) dwe anile enskripsyon w lan si w pa reponn ak egzijans sa a.

SEKSYON 3 Dokiman enpòtan pou abònman

Seksyon 3.1 Kat manm plan nou an

Itilize kat manm ou an chak fwa ou resevwa sèvis plan nou an ki kouvri yo, epi pou medikaman sou preskripsyon w ap achte nan famasi ki nan rezo yo. Toujou sonje montre ni kat idantifikasyon Senior Whole Health of New York NHC (HMO D-SNP) ou a ni kat idantifikasyon (ID) Medicaid ou a chak fwa ou vini pou swen. Epitou, ou ta dwe montre founisè swen sante a kat Medicaid ou a. Men yon echantyon kat manm pou nou montre w kijan pa w la ap parèt:

Chapit 1: Kòmanse antanke yon manm



PA itilize kat Medicare koulè wouj, blan ak ble ou a pou sèvis medikal ki kouvri yo pandan w se yon manm nan plan sa a. Si w itilize kat Medicare w la olye de kat manm Senior Whole Health of New York NHC (HMO D-SNP) ou a, ou gendwa oblije peye tout frè sèvis medikal ou yo. Sere kat Medicare ou a yon bon kote. Yo kapab mande w montre li si w bezwen sèvis nan lopital, sèvis ospis, oswa si w bezwen patisipe nan etid rechèch klinik Medicare apwouve yo (yo rele esè klinik tou).

Si kat manm plan w lan andomaje, pèdi oswa si yo vòlè li, rele Sèvis Manm (833) 671-0440 (Itilizatè TTY yo rele 711) san pèdi tan, epi nou ap voye yon nouvo kat pou ou.

Seksyon 3.2 Anyè Famasi/Founisè

Anyè Founisè/Anyè Famasi SWHNY.com a bay lis founisè ki nan rezo nou an aktyèlman, epi founisè ekipman medikal ki dirab yo.

Founisè swen sante ki nan rezo yo se doktè ak lòt founisè swen sante, gwoup medikal, founisè ekipman Medikal ki Dirab, lopital, ak lòt etablisman swen sante ki gen yon akò avèk nou pou aksepte pèman nou an ak nenpòt pataj frè plan kòm pèman an plen.

Ou dwe itilize founisè ki nan rezo a pou jwenn swen ak sèvis medikal ou yo. Si w ale yon lòt kote san otorizasyon apwopriye, w ap oblije peye tout. Sèl eksepsyon ki genyen se ijans, sèvis ki nesèsè annijans lè rezo a pa disponib (sa vle di, nan sitiyasyon kote li pa rezonab oswa li pa posib pou jwenn sèvis nan rezo a), sèvis dyaliz andeyò zòn nan, ak ka kote Senior Whole Health of New York NHC (HMO D-SNP) otorize yo itilize avantaj ki pa nan rezo a.

Anyè famasi SWHNY.com a bay lis famasi ki nan rezo nou an.

Famasi ki nan rezo a se famasi ki dakò ranpli preskripsyon ki kouvri yo pou manm plan nou an. Itilize *Anyè Famasi* a pou jwenn famasi ki nan rezo a ou vle itilize a. Ale nan Chapit 5, Seksyon 2.5 la, pou w jwenn enfòmasyon konsènan lè w kapab itilize famasi ki pa nan rezo plan nou an. Lis founisè swen sante, famasi ak avantaj ki pi resan an disponib sou sit entènèt nou an ki se SWHNY.com.

Si w pa gen yon *Anyè Founisè/Anyè Famasi*, ou kapab mande yon kopi (sou fòm elektwonik oswa papyè) nan Sèvis Manm (833) 671-0440 (Itilizatè TTY yo rele 711). N ap voye demann ou fè pou *Anyè Founisè* yo sou fòm papyè a, pa lapòs nan espas 3 jou travay.

Anyè famasi SWHNY.com a bay lis famasi ki nan rezo nou an. **Famasi ki nan rezo a** se famasi ki dakò ranpli preskripsyon ki kouvri yo pou manm plan nou an. Itilize *Anyè Famasi* a pou jwenn famasi ki nan rezo a ou vle

Chapit 1: Kòmanse antanke yon manm

itilize a. Ale nan Chapit 5, Seksyon 2.5 la, pou w jwenn enfòmasyon konsènan lè w kapab itilize famasi ki pa nan rezo plan nou an.

Seksyon 3.3 Lis Medikaman (fòmilè)

Plan nou an gen yon *Lis Medikaman ki Kouvri* (yo konn rele Lis Medikaman oswa fòmilè tou). Li di ki medikaman sou preskripsyon ki gen kouvèti nan kad avantaj Pati D ki nan Senior Whole Health of New York NHC (HMO D-SNP). Plan nou an chwazi medikaman ki nan lis sa a grasa èd yon seri doktè ak famasyon. Lis Medikaman an fèt pou l satisfè kondisyon Medicare yo. Nan Lis Medikaman w lan, y ap mete medikaman ki gen pri negosye selon Pwogram Negosyasyon Pri Medikaman Medicare (Medicare Drug Price Negotiation Program) la, amwenske yo retire e ranplase yo jan yo dekri l nan Chapit 5, Seksyon 6. Medicare apwouve Lis Medikaman Senior Whole Health of New York NHC (HMO D-SNP) la.

Epitou, Lis Medikaman an di w si gen nenpòt règ ki gen restriksyon sou kouvèti pou yon medikaman.

N ap ba w yon kopi Lis Medikaman an. Pou jwenn enfòmasyon ki pi konplè epi ki pi resan konsènan ki medikaman ki kouvri, ale sou sit entènèt plan an (SWHNY.com) oswa rele Sèvis Manm (833) 671-0440 (TTY 711).

SEKSYON 4 Rezime sou Pri ki Enpòtan yo

	Frè w yo pou 2026.
Prim plan mansyèl* * pèman pa mwa ou ka pi wo pase kantite lajan sa a. Ale nan Seksyon 4.1 pou detay.	\$0
Maksimòm pou Depans ak Lajan ki Soti nan Pòch yo Se plis w ap peye ak lajan ki sot nan pòch ou pou sèvis Pati A ak Pati B ki kouvri yo. (Ale nan Chapit 4, Seksyon 1, pou plis detay.)	\$9,250 Ou pa responsab pou w peye okenn frè ak lajan ki soti nan pòch ou pou atenn maksimòm lajan ki soti nan pòch ou pou sèvis Pati A ak Pati B ki kouvri yo.
Vizit nan klinik pou swen prensipal	\$0 pou chak vizit Si w elijib pou jwenn èd pataj frè nan Medicare sou baz Medicaid, w ap peye \$0 pou chak vizit.
Vizit nan klinik espesyalis	\$0 pou chak vizit Si w elijib pou jwenn èd pataj frè nan Medicare sou baz Medicaid, w ap peye \$0 pou chak vizit.
Lopital pou Pasyan ki Entène	\$0 Si w elijib pou èd ak pataj frè Medicare selon Medicaid, ou peye \$0.

Chapit 1: Kòmanse antanke yon manm

Frè w yo pou 2026.	
<p>Franchiz sou kouvéti medikaman Pati D (Ale nan Chapit 6, Seksyon 4, pou plis detay.)</p>	<p>Franchiz la se \$615. Si w ap resevwa Èd Sipleman tè (Extra Help), franchiz sa a pa aplikab pou ou. Chapit 6 la gen detay anplis sou kouvéti a ak limit yo.</p>
<p>Kouvéti Medikaman Pati D (Ale nan Seksyon 6 la pou plis detay, san wete Etap Franchiz Anyèl, Kouvéti Inisyal, ak Kouvéti kont Katastwòf la.)</p>	<p>Kopèman pandan Etap Kouvéti Inisyal la:</p> <p>Medikaman Nivo 1: \$0</p> <p>Medikaman Nivo 2: W ap peye \$0, \$1.60, oswa \$5.10 kòm kopeman pou medikaman jenerik yo (ladan gen medikaman mak komèsyal yo trete kòm jenerik) \$0, \$4.90, oswa \$12.65 kòm kopeman pou tout lòt medikaman pou chak preskripsyon.</p> <p>Medikaman Nivo 3: W ap peye \$0, \$1.60, oswa \$5.10 kòm kopeman pou medikaman jenerik yo (ladan gen medikaman mak komèsyal yo trete kòm jenerik) \$0, \$4.90, oswa \$12.65 kòm kopeman pou tout lòt medikaman pou chak preskripsyon.</p> <p>Medikaman Nivo 4: W ap peye \$0, \$1.60, oswa \$5.10 kòm kopeman pou medikaman jenerik yo (ladan gen medikaman mak komèsyal yo trete kòm jenerik) \$0, \$4.90, oswa \$12.65 kòm kopeman pou tout lòt medikaman pou chak preskripsyon.</p> <p>Medikaman Nivo 5: W ap peye \$0, \$1.60, oswa \$5.10 kòm kopeman pou medikaman jenerik yo (ladan gen medikaman mak komèsyal yo trete kòm jenerik) \$0, \$4.90, oswa \$12.65 kòm kopeman pou tout lòt medikaman pou chak preskripsyon.</p> <p>Medikaman Nivo 6: \$0</p> <p>Etap Kouvéti kont Katastwòf:</p> <p>Pandan etap pèman sa a, ou pap peye anyen pou medikaman Pati D ki kouvri yo.</p>

Frè w yo ka gen bagay sa yo ladann:

- Prim Plan an (Seksyon 4.1)
- Prim Chak Mwa pou Medicare Part B (Seksyon 4.2)
- Penalite pou Enskripsyon an Reta nan Pati D (Seksyon 4.3)
- Montan Ajiste Chak Mwa ki Lye ak Revni (Seksyon 4.4)
- Montan Medicare Prescription Payment Plan (Seksyon 4.5)

Seksyon 4.1 Prim plan an

Antanke yon manm plan nou an, ou peye yon prim plan an chak mwa. Pou 2026, prim plan chak mwa pou *Senior Whole Health Medicare Complete Care (HMO D-SNP)* a se \$17.30.

Chapit 1: Kòmanse antanke yon manm

Si w *deja* ap resevwa èd nan youn nan pwogram sa yo, **enfòmasyon konsènan prim ki nan Prèw Kouvèti sa a kapab pa aplike pou ou**. Nou voye yon dokiman separe pou ou, ki rele *Avnan Prèw Kouvèti pou Moun ki Resevwa Extra Help pou Peye Medikaman sou Preskripsyon* (yo rele tou *Avnan Sibvansyon pou Revni ki Fèb oswa LIS Rider*), ki ba w enfòmasyon sou kouvèti medikaman w yo. Si w pa gen dokiman sa a, rele Sèvis Manm yo nan (833) 671-0440 (Itilizatè TTY yo rele 711) epi mande *LIS Rider*.

Nan kèk sitiyasyon, prim plan nou an kapab pi piti.

Pwogram Èd Sipleman tè a (Extra Help) ede moun ki gen resous limite yo peye medikaman yo. Aprann plis sou pwogram sa yo nan Chapit 2, Seksyon 7. Si w kalifye, lè w enskri nan youn nan pwogram sa yo, sa kapab diminye prim plan chak mwa ou a.

Prim Medicare Part B ak Part D yo diferan pou moun ki gen revni ki diferan yo. Si w gen kesyon konsènan prim sa yo, gade kopi ti liv *Medicare & You 2026* ou a ki nan seksyon ki rele *2026 Frè Medicare yo*. Telechaje yon kopi sou sit entènèt Medicare la (www.Medicare.gov/medicare-and-you) oswa kòmande yon kopi enprime nan telefòn nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227). Itilizatè TTY yo rele 1-877-486-2048.

Seksyon 4.2 Prim chak Mwa pou Medicare Part B

Anpil manm gen obligasyon pou peye lòt prim Medicare

Apa peye pri plan an chak mwa, Gen kèk manm ki gen obligasyon pou peye lòt prim Medicare. Jan nou eksplike sa nan Seksyon 2 ki anwo a, pou w elijib pou plan nou an, ou dwe kenbe elijibilite w pou Medicaid epi w dwe gen ni Medicare Part A ni Medicare Part B. Pou pifò manm Senior Whole Health of New York NHC (HMO D-SNP), Medicaid peye pou prim Pati A ou a (si w pa kalifye pou li otomatikman) ak prim Pati B ou a.

Si Medicaid pa peye prim Medicare ou yo, ou dwe kontinye peye prim Medicare ou yo pou w rete yon manm nan plan nou an. Ladan, gen prim Pati B a. Epitou, ladan, ou kapab gen yon prim pou Pati A si w pa elijib pou resevwa prim Pati A gratis.

Seksyon 4.3 Penalite pou Enskripsyon an Reta nan Pati D

Akoz ou elijib pou toude, Penalite pou Enskripsyon An Reta a (LEP) pa aplike pou ou, toutotan ou kenbe estati doub elijibilite ou a, men si w pèdi estati doub elijibilite ou a, ou ka sibi yon LEP. Penalite pou enskripsyon an reta nan Pati D a se yon prim anplis yo dwe peye pou kouvèti Pati D a, si a nenpòt moman apre peryòd enskripsyon inisyal ou a fini an, te gen yon peryòd 63 jou oswa plis youn apre lòt kote ou pa t gen kouvèti Pati D oswa lòt kouvèti medikaman ki admisib. Kouvèti medikaman sou preskripsyon ki admisib se yon kouvèti ki reponn ak estanda minimòm Medicare yo pwiske yo atann l ap peye, an mwayèn, omwen menm kouvèti medikaman sou preskripsyon estanda Medicare la. Frè penalite pou enskripsyon an reta a depann sou kantite tan ou te pase san Pati D oswa lòt kouvèti medikaman sou preskripsyon kikredib. W ap oblije peye penalite sa a toutotan ou gen kouvèti Pati D a.

Ou **pa** oblije peye penalite pou enskripsyon an reta nan Pati D si:

- W ap resevwa Èd Sipleman tè (Extra Help) nan Medicare pou w peye frè medikaman w yo.
- Ou te pase mwens pase 63 jou youn apre lòt san kouvèti ki admisib.
- Ou te gen kouvèti medikaman ki admisib atravè yon lòt sous (tankou yon ansyen enstisyon travay, sendika, TRICARE, oswa Administrasyon Sante Veteran [VA]). Konpayi asirans ou an oswa depatman resous imèn ou an ap di w chak ane si kouvèti medikaman w lan se yon kouvèti ki admisib. Ou ka jwenn

Chapit 1: Kòmanse antanke yon manm

enfòmasyon sa a nan yon lèt oswa yon bilten enfòmasyon plan sa a voye. Byen sere enfòmasyon sa yo, paske ou ka bezwen li si w rantre nan yon plan medikaman Medicare pita.

- **Remak:** Nenpòt lèt oswa avi dwe fè konnen ou te genyen yon kouvèti medikaman sou preskripsyon ki admisib, ki ta dwe peye menm kantite lajan ak plan medikaman estanda Medicare la.
- **Remak:** Kat rabè pou medikaman sou preskripsyon, klinik gratis, ak sit entènèt ki bay rabè pou medikaman yo, pa kouvèti medikaman sou preskripsyon ki admisib.

Medicare detèmine kantite lajan pou penalite pou enskripsyon an reta nan Pati D a. Men kijan li fonksyone:

- Premyèman, konte kantite mwa konplè ou te retade pou w enskri nan yon plan medikaman Medicare, apre ou te fin elijib pou w enskri. Oswa konte kantite mwa konplè ou pa t gen kouvèti medikaman ki admisib, si peryòd poz nan kouvèti an te 63 jou oswa plis. Penalite a se 1% pou chak mwa ou pa t gen yon kouvèti ki admisib. Pa egzanp, si w pase 14 mwa san kouvèti, pousantaj penalite a ap 14%.
- Apresa, Medicare ap detèmine montan prim plan an chak mwa an mwayèn pou plan medikaman Medicare yo nan peyi a apati ane ki pase a (prim debaz nasyonal pou benefisyè a). For 2025, montan prim mwayen sa a se \$36.78. Montan sa a kapab chanje pou 2026.
- Pou kalkile penalite chak mwa ou a, miltipliye pousantaj penalite a ak mwayèn prim chak mwa a epi awondi li nan 10 santim ki pi pre a. Nan egzanp ki la a, li ta 14% fwa \$36.78, ki egal \$5.15. Sa awondi pou \$5.20. Montan sa a ap **nan prim chak mwa pou yon moun ki gen yon penalite pou enskripsyon an reta nan Pati D a.**

Gen twa (3) bagay enpòtan pou w konnen konsènan penalite pou enskripsyon an reta chak mwa nan Pati D a:

- **Penalite a kapab chanje chak ane**, paske prim debaz nasyonal pou benefisyè a kapab chanje chak ane.
- **W ap kontinye peye yon penalite** chak mwa toutotan ou enskri nan yon plan ki gen avantaj medikaman Medicare Part D, menmsi w chanje plan.
- Si w poko gen 65 lane epi w enskri nan Medicare, penalite pou enskripsyon anreta nan Pati D a ap rekòmanse lè w vin gen 65 lane. Apre laj 65 lane, penalite pou enskripsyon anreta nan Pati D ou a, ap baze sèlman sou mwa ou pa gen kouvèti yo, apre peryòd enskripsyon inisyal pou granmoun yo nan Medicare.

Si w pa dakò avèk penalite pou enskripsyon an reta nan Pati D ou a, ou menm oswa reprezantan w lan ka mande yon verifikasyon. An jeneral, ou dwe mande verifikasyon sa a **nan espas 60 jou** apati dat ki nan premye lèt ou resevwa a, ki di ou dwe peye yon penalite pou enskripsyon anreta. Sepandan, si w t ap peye yon penalite anvan w rantre nan plan nou an, ou ka pa gen lòt chans pou mande yon verifikasyon sou penalite pou enskripsyon anreta sa a.

Seksyon 4.4 Montan Ajisteman Mansyèl Ki Gen Rapò ak Revni

Si w pèdi elijibilite w pou plan sa a akòz chanjman nan revni w, kèk manm ka oblije peye yon frè anplis pou plan Medicare yo a, yo konnen li tankou Montan Ajisteman Mansyèl Ki Lye ak Revni Pati D (Pati D Income Related Monthly Adjustment Amount, IRMAA). Pou kalkile montan anplis la, yo itilize revni brit ajiste ou a ki modifiye jan li deklare nan deklarasyon taks IRS ou a depi 2 lane. Si montan sa a pi wo pase yon sèten montan, w ap peye montan prim estanda ak IRMAA anplis la. Pou plis enfòmasyon sou montan anplis ou ka oblije peye sou baz revni w, ale sou www.Medicare.gov/health-drug-plans/part-d/basics/costs.

Si w oblije peye yon IRMAA anplis, Sekirite Sosyal la, pa plan Medicare ou a, ap voye yon lèt ba ou pou di w konbyen montan anplis sa a ap ye. Y ap retire montan anplis la sou chèk avantaj Sekirite Sosyal ou, sou Konsèy

Chapit 1: Kòmanse antanke yon manm

Retrèt Chemennfè a, oswa sou Biwo pou Jesyon Pèsonèl, kèlkeswa jan w konn abitye peye prim plan w lan, sof si avantaj chak mwa ou a pa ase pou kouvri montan anplis ou dwe a. Si chèk avantaj ou a pa ase pou kouvri montan anplis la, w ap resevwa yon bòdwo nan men Medicare. **Ou dwe peye gouvènman an IRMAA ki anplis la. Ou pa ka peye li avèk prim plan chak mwa ou a. Si w pa peye IRMAA anplis la, n ap dezabone w nan plan nou an epi w ap pèdi kouvèti medikaman sou preskripsyon w yo.**

Si w pa dakò peye yon IRMAA anplis, ou ka mande Sekirite Sosyal la verifye desizyon an. Pou konn kijan pou fè sa, rele Sekirite Sosyal nan 1-800-772-1213 (Itilizatè TTY yo, rele 1-800-325-0778).

Seksyon 4.5 Montan Medicare Prescription Payment Plan

Si w ap patisipe nan Medicare Prescription Payment Plan la, chak mwa w ap peye prim plan w lan (si ou genyen youn), epi w ap resevwa yon fakti nan men plan sante oswa plan medikaman w lan pou medikaman sou preskripsyon w yo (olye ou peye famasi a). Fakti chak mwa w la depannde kantite lajan ou dwe pou preskripsyon ou resevwa yo, plis kantite lajan ou te dwe pou mwa anvan an, divize pa kantite mwa ki rete nan ane a. Chapit 2, Seksyon 7 la bay plis detay sou Medicare Prescription Payment Plan la. Si w pa dakò ak montan ki nan fakti a kòm yon pati nan opsyon pèman sa a, ou kapab suiv etap ki nan Chapit 9 la pou w depoze yon plent oswa fè yon apèl.

SEKSYON 5 Plis enfòmasyon sou prim masyèl plan w lan

Seksyon 5.1 Prim plan masyèl nou an p ap chanje pandan ane a

Nou pa gen dwa chanje montan prim masyèl plan nou an pandan ane a. Si prim plan chak mwa a chanje pou pwochen ane a, nou ap fè w konn sa nan mwa septanm, epi nouvo prim nan ap antre an vigè 1ye janvyè.

Si w vin elijib pou Èd Sipleman (Extra Help) oswa ou pèdi elijibilite w pou Èd Sipleman (Extra Help) pandan ane a, pati ou dwe peye nan prim plan nou an kapab chanje. Si w kalifye pou Èd Sipleman (Extra Help) pou depans kouvèti medikaman ou yo, Èd Sipleman (Extra Help) ap peye yon pati nan prim plan chak mwa ou a. Si w pèdi elijibilite w pou Èd Sipleman (Extra Help) pandan ane a, w ap bezwen kòmanse peye prim plan an okonplè chak mwa. Jwenn plis enfòmasyon sou Èd Sipleman (Extra Help) nan Chapit 2, Seksyon 7.

SEKSYON 6 Kenbe dosye abònman nan plan nou an ajou

Dosye abònman w lan gen enfòmasyon ki soti nan fòm enskripsyon w lan, tankou adrès ou ak nimewo telefòn ou. Li montre Kouvèti espesifik nan plan w lan, tankou Founisè Swen Prensipal ou a.

Doktè, lopital, famasyon, ak lòt founisè ki nan rezo plan nou an **itilize dosye abònman w lan pou konnen ki sèvis ak medikaman ki kouvri, ansanm ak montan pataj frè ou yo.** Akoz sa, li enpòtan anpil pou w ede nou kenbe enfòmasyon w yo ajou.

Si w gen nenpòt nan chanjman sa yo, fè nou konnen:

- Chanjman nan non, adrès, oswa nimewo telefòn ou
- Chanjman nan nenpòt lòt kouvèti asirans sante ou genyen (tankou nan enstitisyon travay ou, enstitisyon travay mari/madanm ou oswa patnè w gen nan kay, konpansasyon travayè oswa Medicaid)

Chapit 1: Kòmanse antanke yon manm

- Nenpòt reklamasyon responsablite, tankou reklamasyon pou yon aksidan machin
- Si yo te admèt ou nan yon mezon retrèt
- Si w resevwa swen nan yon lopital oswa yon sal dijans ki pa nan zòn nan oswa ki andeyò rezo a
- Si moun ou deziyen kòm responsab ou a (tankou yon moun k ap bay swen) chanje
- Si w ap patisipe nan yon etid rechèch klinik (**Remak:** Ou pa oblije mete plan w lan okouran konsènan etid rechèch klinik ou gen entansyon patisipe ladan an, men nou ankouraje w fè sa.)

Si gen nenpòt chanjman nan enfòmasyon sa a, fè nou konn sa lè w rele Sèvis Manm (833) 671-0440 (Itilizatè TTY yo rele 711). Manm yo ka kreye yon kont My Senior Whole Health anliy pou chanje doktè yo a, mete enfòmasyon pou kontakte li a ajou, mande yon nouvo kat idantifikasyon, jwenn rapèl sante sou sèvis yo bezwen yo, oswa gade istorik sèvis yo a. Ale sou <https://member.molinahealthcare.com/member/LoginNY> pou w ka kreye oswa gen aksè ak kont My Senior Whole Health ou a.

Epitou, li enpòtan pou w kontakte Sekirite Sosyal la, si w demenaje oswa ou chanje adrès postal. Rele Sekirite Sosyal nan 1-800-772-1213 (Itilizatè TTY yo, rele 1-800-325-0778).

SEKSYON 7 Fason lòt asirans fonksyone avèk plan nou an

Lòt asirans

Medicare egzije pou nou kolekte enfòmasyon sou nenpòt lòt kouvèti medikal oswa kouvèti medikaman ou genyen yon fason pou nou kapab kowòdone nenpòt lòt kouvèti ki gen avantaj ou yo nan plan nou an. Yo rele sa a **Kowòdinasyon Avantaj yo**.

Yon fwa chak ane, nou ap voye yon lèt ba ou, ki mansyone nenpòt lòt kouvèti medikal oswa kouvèti medikaman nou konnen. Li enfòmasyon sa a avèk anpil atansyon. Si li kòrèk, ou pa bezwen fè anyen. Si enfòmasyon an pa kòrèk, oswa si w gen lòt kouvèti ki pa ladan, rele Sèvis Manm (833) 671-0440 (Itilizatè TTY yo rele 711). Ou kapab bezwen bay lòt konpayi asirans ou an nimewo idantifikasyon manm plan nou an (yonfwa ou fin konfime idantite li), yon fason pou yo kapab peye bòdwo w yo kòrèkteman epi alè.

Lè w gen lòt asirans (tankou kouvèti sante an gwoup enstitisyon travay la), règ Medicare yo ap decide si se plan nou an oswa lòt asirans ou an ki ap peye an premye. Yo rele asirans ki peye an premye a, "premye peyè" epi li peye jiska limit kouvèti li an. Asirans ki peye an dezyèm nan, ("dezyèm peyè") peye sèlman si gen frè kouvèti prensipal la pa kouvri. Dezyèm peyè a ka pa peye tout frè ki pa kouvri yo. Si w gen lòt asirans, di doktè w la, lopital ou a, ak famasi w la sa.

Règ sa yo aplike pou kouvèti plan sante an gwoup pou yon anplwayè oswa yon sendika:

- Si w gen yon kouvèti pou retirete, Medicare ap peye an premye.
- Si kouvèti plan sante an gwoup ou a baze sou travay ou gen kounye a oswa sou travay yon manm fanmi w gen kounye a, moun ki peye an premye a ap depann sou laj ou, sou kantite moun konpayi w la bay travay, epi si w genyen Medicare akoz laj ou, yon andikap, oswa yon Maladi Ren ki nan Dènne Faz (End-Stage Renal Disease, ESRD):
 - Si w poko gen 65 lane epi w gen yon andikap, epi ou menm (oswa manm fanmi w) toujou ap travay, plan sante an gwoup ou a ap peye an premye si enstitisyon travay ou a gen 100 anplwaye oswa plis, oswa omwen yon enstitisyon travay nan yon plan ki gen plizyè enstitisyon travay ki gen plis pase 100 anplwaye.

Chapit 1: Kòmanse antanke yon manm

- Si w gen plis pase 65 lane epi ou menm (oswa konjwen w oswa patnè domestik ou a) toujou ap travay, plan sante an gwoup ou a ap peye an premye si enstitisyon travay ou a gen 20 anplwaye oswa plis, oswa omwen yon enstitisyon travay nan yon plan ki gen plizyè enstitisyon travay gen plis pase 20 anplwaye.
- Si w gen Medicare akòz ESRD, plan sante an gwoup ou a ap peye an premye pandan 30 premye mwa yo apre w vin elijib pou Medicare.

Anjeneral, kalite kouvèti sa yo peye an premye pou sèvis ki gen rapò ak chak kalite:

- Asirans kit ou antò kit ou pa antò (ki gen ladann asirans machin)
- Responsablite (ki gen ladann asirans machin)
- Avantaj pou antrakoz (maladi nan poumon)
- Dedomajman pou Aksidan nan Travay

Medicaid ak TRICARE pa janm peye an premye pou sèvis Medicare kouvri yo. Yo sèlman peye apre Medicare ak/oswa plan sante an gwoup enstitisyon travay la fin peye.

Chapit 2: Nimewo telefòn ak resous enpòtan**CHAPIT 2:****Nimewo telefòn ak resous enpòtan****SEKSYON 1 Kontak Senior Whole Health of New York NHC (HMO D-SNP)**

Pou w ka jwenn èd pou zafè reklamasyon, bòdwo, oswa kesyon konsènan kat manm lan, tanpri rele oswa ekri Sèvis Manm Senior Whole Health of New York NHC (HMO D-SNP) yo. N ap kontan ede w.

Sèvis Manm yo – Enfòmasyon pou Kontakte yo

Rele	(833) 671-0440 Apèl nan nimewo sa a gratis. Orè yo se 1ye oktòb - 31 mas, 8 a.m. rive 8 p.m. lè lokal, 7 jou pa semèn. Soti premye avril rive 30 septanm, Lendi - Vandredi, 8 a.m. jiska 8 p.m. lè lokal. Sèvis Manm (833) 671-0440 (Itilizatè TTY yo rele 711) gen sèvis entèprèt lang gratis tou pou moun ki pa pale Anglè yo.
TTY	711 Nimewo sa a mande ekipman telefòn espesyal epi li la sèlman pou moun ki gen difikilte pou tande oswa pou pale. Apèl nan nimewo sa a gratis. Orè yo se 1ye oktòb - 31 mas, 8 a.m. rive 8 p.m. lè lokal, 7 jou pa semèn. Soti premye avril rive 30 septanm, Lendi - Vandredi, 8 a.m. jiska 8 p.m. lè lokal.
Faks	(310) 507-6186
Ekri	Senior Whole Health of New York Attn: Member Services 200 Oceangate Ste. 100 Long Beach, CA 90802
Sit Entènèt	SWHNY.com

Fason pou mande yon desizyon sou kouvèti oswa pou fè apèl konsènan swen medikal ou

Yon desizyon sou kouvèti se yon desizyon nou pran konsènan avantaj ak kouvèti ou yo oswa konsènan kantite lajan n ap peye pou sèvis medikal ou yo oswa medikaman sou preskripsyon Pati D ou yo. Yon apèl se yon fason fòmèl pou w mande nou verifye epi chanje yon desizyon sou kouvèti. Pou plis enfòmasyon sou fason pou w mande desizyon sou kouvèti oswa fè apèl konsènan swen medikal ou oswa medikaman Pati D yo, ale nan Chapit 9.

Desizyon Kouvèti a ak Apèl la pou Swen Medikal oswa Medikaman Part D – Enfòmasyon pou Kontakte

Rele	(833) 671-0440 Apèl nan nimewo sa a gratis.
-------------	--

Chapit 2: Nimewo telefòn ak resous enpòtan**Desizyon Kouvèti a ak Apèl la pou Swen Medikal oswa Medikaman Part D – Enfòmasyon pou Kontakte**

	7 jou pa semèn, 8 a.m rive 5 p.m., lè lokal
TTY	711 Nimewo sa a mande ekipman telefòn espesyal epi li la sèlman pou moun ki gen difikilte pou tande oswa pou pale. Apèl nan nimewo sa a gratis. 7 jou pa semèn, 8 a.m rive 5 p.m., lè lokal
Faks	Imajri Avanse: (877) 731-7218; Grèf (877) 813-1206; Sante Medikal/Sante Konpòtmantal pou Pasyan ki Pa Entène yo (844) 251-1450; Pasyan ki Entène yo (844) 834-2152; RX/Kòd J (866) 290-1309
Ekri	Molina Healthcare Attn: Coverage Request 200 Oceangate, Suite 100 Long Beach, CA 90802 Medikaman sou Preskripsyon: Attn: Medicare Pharmacy Department 7050 Union Park Center, Suite 200 Midvale, UT 84047
Sit Entènèt	SWHNY.com

Fason pou depoze yon plent konsènan swen medikal ou

Ou ka pote plent kont nou oswa kont youn nan founisè ak famasi ki nan rezo nou an, tankou yon plent konsènan kalite swen w lan. Kalite plent sa a pa enplike diskisyon sou kouvèti yo oswa pèman yo. Pou plis enfòmasyon sou fason pou depoze yon plent konsènan swen medikal ou, ale nan Chapit 9.

Plents pou Swen Medikal– Enfòmasyon pou Kontakte

Rele	(833) 671-0440 Apèl nan nimewo sa a gratis. 7 jou pa semèn, 8 a.m rive 5 p.m., lè lokal
TTY	711 Nimewo sa a mande ekipman telefòn espesyal epi li la sèlman pou moun ki gen difikilte pou tande oswa pou pale. Apèl nan nimewo sa a gratis. 7 jou pa semèn, 8 a.m rive 5 p.m., lè lokal
Faks	(562) 499-0610

Chapit 2: Nimewo telefòn ak resous enpòtan**Plents pou Swen Medikal– Enfòmasyon pou Kontakte**

Ekri	Molina Healthcare Attn: Appeals & Grievances P.O. Box 22816 Long Beach, CA 90801-9977
Sit Entènèt	SWHNY.com

Fason pou mande nou peye frè pou swen medikal oswa yon medikaman ou te resevwa

Si w te resevwa yon bòdwo oswa w te peye pou sèvis (tankou bòdwo yon founisè swen sante) ou panse nou dwe peye, ou kapab bezwen mande nou ranbouse w oswa pou nou peye bòdwo founisè swen sante a. Ale nan Chapit 7 pou plis enfòmasyon.

Si w voye yon demann pou pèman ban nou epi nou refize tout pati ki nan demann ou an, ou ka fè yon apèl kont desizyon nou an. Ale nan Chapit 9 pou plis enfòmasyon.

Demann Peman – Enfòmasyon pou Kontakte

Rele	(833) 671-0440 Apèl nan nimewo sa a gratis. Lendi-vandredi, 8 a.m. pou 8 p.m., lè lokal.
TTY	711 Nimewo sa a mande ekipman telefòn espesyal epi li la sèlman pou moun ki gen difikilte pou tande oswa pou pale. Apèl nan nimewo sa a gratis. Lendi-vandredi, 8 a.m. pou 8 p.m., lè lokal.
Faks	(866) 290-1309
Ekri	Molina Healthcare Attn: Pharmacy Department 7050 Union Park Center, Suite 600 Midvale, UT 84047 Medikaman sou Preskripsyon: Attn: Medicare Pharmacy Department 7050 Union Park Center, Suite 600 Midvale, UT 84047
Sit Entènèt	SWHNY.com

SEKSYON 2 Fason pou jwenn èd nan Medicare

Medicare se pwogram asirans sante federal pou moun ki gen 65 lane oswa plis, kèk moun ki poko gen 65 lane epi ki gen andikap, ak moun ki gen Maladi Ren ki nan Faz Tèminal yo (ensifizans renal pèmanan ki bezwen dyaliz oswa yon grèf ren).

Chapit 2: Nimewo telefòn ak resous enpòtan

Ajans federal ki responsab Medicare la se Sant pou Sèvis Medicare ak Medicaid yo (Centers for Medicare & Medicaid Services, CMS). Ajans sa a siyen kontra ak òganizasyon Medicare Advantage yo, enkli plan nou an.

Medicare – Enfòmasyon pou kontakte

Rele	1-800-MEDICARE (1-800-633-4227) 24 èdtan pa jou, 7 jou pa semèn.
TTY	1-877-486-2048 Nimewo sa a mande ekipman telefòn espesyal epi li la sèlman pou moun ki gen difikilte pou tande oswa pou pale. Apèl nan nimewo sa a gratis.
Tchat an Dirèk	Tchat an dirèk sou www.Medicare.gov/talk-to-someone
Ekri	<ul style="list-style-type: none"> • Ekri Medicare nan PO Box 1270, Lawrence, KS 66044
Sit Entènèt	<p>www.Medicare.gov</p> <ul style="list-style-type: none"> • Jwenn enfòmasyon konsènan plan sante ak medikaman Medicare ki gen nan zòn ou a, san wete pri yo koute ak ki sèvis yo bay. • Jwenn doktè oswa lòt founisè swen sante ak founisè ki ap patisipe nan Medicare. • Jwenn ki sa Medicare kouvri, san wete sèvis prevantif yo (tankou depistaj yo, piki oswa vaksen yo, ak vizit “Byennèt” chak ane yo). • Jwenn enfòmasyon ak fòm konsènan apèl Medicare yo. • Jwenn enfòmasyon konsènan kalite swen yo bay nan plan yo, mezon retrèt yo, lopital yo, doktè yo, ajans ssante adomisil yo, etablisman pou dyaliz yo, sant ospis yo, etablisman pou reyabilitasyon pasyan ki entèn yo, ak lopital swen alontèm yo. • Chèche jwenn sit entènèt ak nimewo telefòn ki itil. <p>Epitou, ou kapab ale sou www.Medicare.gov pou fè Medicare konn nenpòt plent ou genyen konsènan Senior Whole Health of New York NHC (HMO D-SNP):</p> <p>Pou soumèt yon plent bay Medicare, ale sou www.Medicare.gov/my/medicare-complaint. Medicare pran plent ou yo oserye epi l ap itilize enfòmasyon sa yo pou ede amelyore kalite pwogram Medicare a.</p>

SEKSYON 3 Pwogram Asistans Asirans Sante Eta (State Health Insurance Assistance Program, SHIP)

Pwogram Asistans pou Asirans Sante Eta a (State Health Insurance Assistance Program, SHIP) se yon pwogram gouvènmantral, ki gen konseye ki resevwa fòmasyon nan chak Eta, epi ki ofri èd gratis, enfòmasyon, ak repons pou kesyon w genyen sou Medicare yo. Nan New York, yo rele SHIP la Enfòmasyon sou Asirans Sante, Konsèy, ak Pwogram Asistans (Health Insurance Information, Counseling, and Assistance Program, HIICAP).

Enfòmasyon sou Asirans Sante, Konsèy ak Pwogram Asistans (HIICAP) se yon pwogram Eta a ki endepandan (ki pa konekte ak okenn konpayi asirans oswa plan sante) ki jwenn lajan nan men gouvènman federal la pou bay moun ki gen Medicare konsèy sou asirans sante nan zòn yo gratis.

Chapit 2: Nimewo telefòn ak resous enpòtan

Konseye Enfòmasyon sou Asirans Sante, Konsèy ak Pwogram Asistans (HIICAP) ka ede w konprann dwa Medicare ou genyen yo, yo ka ede w pote plent konsènan swen medikal oswa tretman ou yo, epi rezoud pwoblèm bòdwo Medicare ou yo. Epitou, konseye Enfòmasyon sou Asirans Sante, Konsèy, ak Pwogram Asistans yo (HIICAP) kapab ede w avèk kesyon oswa pwoblèm Medicare yo, yo ka ede w konprann chwa plan Medicare ou yo epi reponn kesyon konsènan chanjman plan yo.

**Health Insurance Information, Counseling and Assistance Program (HIICAP)
(SHIP New York la) – Enfòmasyon pou Kontakte**

Rele	(800) 701-0501
Ekri	New York State Office for the Aging (NYSOFA) 2 Empire State Plaza, Agency Building #2 Albany, New York 12223-1251
Sit Entènèt	https://aging.ny.gov/health-insurance-information-counseling-and-assistance-program-hiicap

SEKSYON 4 Òganizasyon amelyorasyon kalite (Quality Improvement Organization, QIO)

Yon Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite (Quality Improvement Organization, QIO) yo deziyen, la pou sèvi moun ki gen Medicare nan chak eta. Pou New York, yo rele Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite a Livanta.

Livanta gen yon gwoup doktè ak lòt avantaj Medicare peye pou verifye epi ede amelyore kalite swen pou moun ki gen Medicare yo. Livanta se yon òganizasyon endepandan. Li pa konekte ak plan nou an.

Ou dwe kontakte Livanta nan nenpòt nan sityasyon sa yo:

- Ou gen yon plent konsènan kalite swen ou te resevwa a. Egzanp pwoblèm ki lye ak kalite swen gen ladan l resevwa yon move medikaman, egzamen oswa pwosedi ki pa nesèsè, oswa yon move dyagnostik.
- Ou panse kouvèti pou sejou nan lopital ou a ap fini twò bonè.
- Ou panse kouvèti pou swen sante adomisil, swen nan etablisman retrèt, oswa sèvis nan Etablisman Reyabilitasyon Konplè pou Pasyan ki Pa Entènè ou a (Comprehensive Outpatient Rehabilitation Facilities, CORF) ap fini twò bonè.

Livanta (Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite nan New York) – Enfòmasyon pou Kontakte

Rele	(866) 815-5440 Lendi - rive vandredi, soti 9 a.m. rive 5 p.m. lè lokal; wikenn ak jou ferye soti 10 a.m. rive 4 p.m. lè lokal.
TTY	711: Nimewo sa a mande ekipman telefòn espesyal epi li la sèlman pou moun ki gen difikilte pou tande oswa pou pale.
Ekri	Livanta BFCC-QIO Program Commence Health PO Box 2687

Chapit 2: Nimewo telefòn ak resous enpòtan**Livanta (Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite nan New York) – Enfòmasyon pou Kontakte**

	Virginia Beach, VA 23450
Sit Entènèt	https://www.livantaqio.cms.gov/

SEKSYON 5 Sekirite Sosyal

Se Sekirite Sosyal ki detèmine elijibilite pou Medicare epi ki jere enskripsyon nan Medicare .

Epitou, Sekirite Sosyal responsab pou detèmine ki moun ki dwe peye yon montan anplis pou kouvèti medikaman Pati D li a, akòz li gen yon pi gwo revni. Si w te resevwa yon lèt nan men Sekirite Sosyal, ki di ou dwe peye montan anplis la epi w gen kesyon sou kantite lajan an, oswa si revni w te diminye akòz yon evènman ki chanje lavi, ou kapab rele Sekirite Sosyal pou mande rekonsiderasyon.

Si w demenaje oswa ou chanje adrès postal, kontakte Sekirite Sosyal pou fè yo konn sa.

Sekirite Sosyal – Enfòmasyon pou Kontakte

Rele	1-800-772-1213 Apèl nan nimewo sa a gratis. Disponib 8 am pou 7 pm, lendi rive vandredi. Itilize sèvis telefòn otomatize Sekirite Sosyal la pou w jwenn enfòmasyon ki anrejistre yo, epi fè kèk operasyon 24 èdtan pa jou.
TTY	1-800-325-0778 Nimewo sa a mande ekipman telefòn espesyal epi li la sèlman pou moun ki gen difikilte pou tande oswa pou pale. Apèl nan nimewo sa a gratis. Disponib 8 am pou 7 pm, lendi rive vandredi.
Sit Entènèt	www.SSA.gov

SEKSYON 6 Medicaid

Medicaid se yon pwogram gouvènman federal la ansanm ak gouvènman Eta a ki ede kèk moun ki gen revni ak resous limite peye frè depans medikal yo. Chak Eta deside kisa konte kòm revni ak resous, moun ki elijib, ki sèvis ki kouvri, epi ki frè pou sèvis yo. Epitou, Eta yo ka deside fason pou yo dirije pwogram yo a, toutotan yo suiv direktiv federal yo.

Epitou, gen pwogram yo ofri atravè Medicaid ki ede moun ki gen Medicare peye depans Medicare yo, tankou prim Medicare yo. “Medicare Savings Program” sa yo ede moun ki gen revni ak resous limite yo ekonomize lajan chak ane:

- **Avantaj Konplè pou Moun ki gen Doub Elijibilite (Full Benefit Dual Eligible, FBDE):** Pafwa, moun yo kapab kalifye pou ni pataj frè sou kouvèti limite Medicare, ni pou avantaj konplè Medicaid.

Chapit 2: Nimewo telefòn ak resous enpòtan

- **Benefisyè Medicare ki Kalifye (Qualified Medicare Beneficiary, QMB+):** Ede peye prim Medicare Pati A ak Pati B yo ak lòt pataj frè (tankou franchiz, ko-asirans ak kopeman). Epi tou, moun sa yo elijib tou pou avantaj Medicaid konplè yo.

Pou w vin manm plan sa a, ou dwe enskri ni nan Medicare ni nan Medicaid, epi w dwe ranpli tout lòt egzijans pou elijibilite nan plan an, nan moman enskripsyon an.

Si w gen kesyon konsènan èd w ap resevwa nan Medicaid la, kontakte

Pwogram Medicaid Eta New York – Enfòmasyon pou kontakte

Rele	1-800-541-2831 Lendi rive Vandredi 8 a.m. - 8 p.m., Samdi 9 a.m.-1 p.m.
TTY	711 Nimewo sa a mande ekipman telefòn espesyal epi li la sèlman pou moun ki gen difikilte pou tande oswa pou pale.
Ekri	Human Resources Administration 505 Claremont Avenue, 7th Floor New York, NY 11238 Ou kapab ekri Depatman Sèvis Sosyal Lokal ou a (Local Department of Social Services, LDSS). Jwenn adrès pou LDSS ou a nan: https://www.health.ny.gov/health_care/medicaid/ldss.htm
Sit Entènèt	https://www.health.ny.gov/health_care/medicaid/

Manm Konte Nassau yo ka kontakte Depatman Sèvis Sosyal lokal la.

Nassau County Department of Social Services

Rele	(516) 227-7474
Ekri	Nassau County DSS 60 Charles Lindbergh Blvd. Uniondale, NY 11553-3656
Sit Entènèt	https://www.nassaucountyny.gov/agencies/dss/medicaid/index.html

Manm nan Konte Westchester yo ka kontakte Depatman Sèvis Sosyal lokal la.

Depatman Sèvis Sosyal nan Konte Westchester

Rele	(914) 995-3333
Ekri	White Plains District Office 85 Court Street White Plains, NY 10601-4201
Sit Entènèt	http://socialservices.westchestergov.com/about-us/dss-district-offices

Rezo Endepandan Defansè Konsomatè a (Independent Consumer Advocacy Network, ICAN) ede moun ki enskri nan Medicaid yo, pou sèvis oswa pwoblèm fakti. Yo kapab ede w depoze yon doleyans oswa yon apèl nan plan nou an. Medyatè sa a kapab ede moun ki enskri nan Plan Sante ak Retablisman nou an (Health and Recovery Plan, HARP), epi ki enskri nan Medicaid Managed Care (MMC) nou an, epi ki gen sèvis ak sipò alontèm.

Chapit 2: Nimewo telefòn ak resous enpòtan

Independent Consumer Advocacy Network (ICAN) – Enfòmasyon pou kontakte	
Rele	1-844-614-8800 Lendi-Vandredi 9 a.m. - 5 p.m.
TTY	711 Nimewo sa a egzije ekipman telefòn espesyal epi li la sèlman pou moun ki gen difikilte pou tande oswa pou pale.
Ekri	<i>Independent Consumer Advocacy Network (ICAN)</i> Community Service Society of New York 633 Third Ave, 10th Floor New York, NY 10017 IMÈL: ican@cssny.org
Sit Entènèt	www.icannys.org

Defansè Sante Kominotè a (Community Health Advocates, CHA) ede moun ki enskri nan Medicaid yo pou sèvis oswa pwoblèm bòdwo. Yo kapab ede w depeze yon doleyans oswa yon apèl nan plan nou an.

Defansè Sante Kominotè (Community Health Advocates, CHA) – Enfòmasyon pou Kontakte	
Rele	1-844-614-8800 Lendi-Vandredi 9 a.m. - 5 p.m.
TTY	711 Nimewo sa a mande ekipman telefòn espesyal epi li la sèlman pou moun ki gen difikilte pou tande oswa pou pale.
Ekri	Community Health Advocates (CHA) Community Service Society of New York 633 Third Ave, 10th Floor New York, NY 10017 IMÈL: cha@cssny.org
Sit Entènèt	www.communityhealthadvocates.org

Community Health Access to Addiction and Mental Healthcare Project (CHAMP) – Enfòmasyon pou Kontakte	
Rele	1-888-614-5400 Lendi-Vandredi 9 a.m. – 7 p.m., Jedi-Vandredi 9 a.m. – 4 p.m.
TTY	711 Nimewo sa a mande ekipman telefòn espesyal epi li la sèlman pou moun ki gen difikilte pou tande oswa pou pale.
Ekri	Community Health Access to Addiction and Mental Healthcare Project (CHAMP) Community Service Society of New York 633 Third Ave, 10th Floor New York, NY 10017 IMÈL: ombuds@oasas.ny.gov
Sit Entènèt	www.champny.org

Chapit 2: Nimewo telefòn ak resous enpòtan

Pwogram Medyatè Swen Alontèm Eta New York la ede moun jwenn enfòmasyon sou mezon retrèt yo epi rezoud pwoblèm ant mezon retrèt yo ak rezidan yo oswa fanmi yo.

Pwogram Medyatè Swen Alontèm New York State – Enfòmasyon pou kontakte

Rele	1-855-582-6769 lendi-vandredi 8:00 AM – 4:00 PM
Ekri	2 Empire State Plaza, 5th Floor Albany, NY 12223 IMÈL: ombudsman@aging.ny.gov
Sit Entènèt	http://www.ltombudsman.ny.gov/whois/index.cfm

SEKSYON 7 Pwogram pou ede moun peye pou medikaman sou preskripsyon

Sit entènèt Medicare la (www.Medicare.gov/basics/costs/help/drug-costs) gen enfòmasyon sou fason pou redui frè medikaman sou preskripsyon w yo. Pwogram ki anba a kapab ede moun ki gen revni limite yo.

Extra Help nan Medicare

Piske w elijib pou Medicaid, ou kalifye pou resevwa Èd Sipleman (Extra Help) nan Medicare, epi w ap resevwa li pou w peye frè plan medikaman sou preskripsyon w yo. Ou pa bezwen fè anyen anplis pou w resevwa Èd Sipleman (Extra Help) sa a.

Si w gen kesyon konsènan Extra Help, rele:

- 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227). Itilizatè TTY yo rele 1-877-486-2048;
- Biwo Sekirite Sosyal la nan 1-800-772-1213, ant 8 am ak 7 pm, lendi rive vandredi. Itilizatè TTY yo rele 1-800-325-0778; oswa
- Biwo Medicaid nan Eta kote w ye a (Gade Seksyon 6 nan chapit sa a pou jwenn enfòmasyon sou kontak la).

Si w panse w ap peye yon montan ki pa kòrèk pou preskripsyon w nan yon famasi, plan nou an gen yon pwosede ki ka ede w jwenn prèw ki montre montan kopeman w ki konvnan. Si w deja gen prèw konsènan montan egzak la, nou kapab ede w pataje prèw sa a avèk nou.

- Pi Bon Prèw Ki Disponib (BAE) sou sit entènèt la nan <https://www.cms.gov/medicare/enrollment-renewal/part-d-prescribers/best-available-evidence-bae>. Yo itilize BAE pou detèmine Sibvansyon pou Revni ki Ba pou yon manm. Depatman Sèvis Manm nou an ak depatman Famasi nou an idantifye kèk ka kote reglèman BAE a aplike. Manm yo ka voye dokiman BAE a pou detèmine elijibilite yo nan adrès Sèvis Manm yo ki mansyone anba a nan Chapit 2 a. Epitou, ou kapab kontakte Sèvis Manm yo si w gen kesyon. Fòm prèw yo aksepte yo se:
 - Lèt pou Prim SSA
 - Avi pou Prim
 - Revni Sekirite Sipleman

Lè nou resevwa prèw ki montre nivo kopeman w ki konvnan la, n ap mete sistèm nou an ajou yon fason pou w kapab peye kopeman ki kòrèk la lè w ap resevwa pwochen preskripsyon w lan. Si w peye kopeman w lan anplis, n ap ranbouse w lajan an, swa pa chèk oswa n ap ba w yon kredi sou yon kopeman alavni. Si famasi a poko kolekte kopeman w lan epi w gen yon dèt pou yo, nou kapab peye famasi a dirèkteman. Si yon Eta peye pou

Chapit 2: Nimewo telefòn ak resous enpòtan

ou, nou kapab peye eta a dirèkteman. Rele Sèvis Manm yo nan (833) 671-0440 (Itilizatè TTY yo rele 711) si w gen kesyon.

Pifò nan manm nou yo kalifye pou resevwa epi yo deja ap resevwa Èd Siplemanchè (Extra Help) nan Medicare pou peye frè plan medikaman sou preskripsyon yo. E si w ap resevwa Èd Siplemanchè (Extra Help) ak kouvèti nan yon Pwogram Asistans Famasetik nan Eta a (State Pharmaceutical Assistance Program, SPAP)?

Gen anpil Eta ki ofri èd pou peye preskripsyon, prim pou plan medikaman epi/oswa lòt frè medikaman. Si w enskri nan yon Pwogram Asistans Famasetik nan Eta a (State Pharmaceutical Assistance Program, SPAP), Èd Siplemanchè (Extra Help) Medicare yo peye anvan.

EPIC (Elderly Pharmaceutical Insurance Coverage) (Pwogram Asistans Famasetik nan Eta New York) – Enfòmasyon pou Kontakte

Rele	(800) 332-3742 Lendi - Vandredi, 8 a.m. - 5 p.m., lè lokal
Ekri	EPIC P.O. Box 15018 Albany, NY 12212-5018
Sit Entènèt	https://www.health.ny.gov/health_care/epic/

E si ou gen Extra Help ak kouvèti nan yon Pwogram Asistans pou Medikaman SIDA (AIDS Drug Assistance Program, ADAP)?

Pwogram Asistans pou Medikaman SIDA (AIDS Drug Assistance Program, ADAP) ede moun k ap viv ak VIH/SIDA yo, gen aksè a medikaman VIH ki ka sove lavi yo. Epitou, medikaman sou preskripsyon Medicare Pati D ki nan fòmilè ADAP la, kalifye pou pataj frè preskripsyon pa mwayen New York State-*presi* ADAP enfòmasyon.

Remak: Pou elijib pou ADAP k ap fonksyone nan eta w la, moun yo dwe respekte kèk kritè, tankou prèw rezidans nan eta a ak estati VIH, revni fèb (jan eta a defini sa), ak estati moun ki pa asire/pa gen ase kouvèti asirans. Si w chanje plan, fè travayè enskripsyon ADAP ki nan zòn ou an konnen sa, pou w ka kontinye resevwa èd. Pou jwenn enfòmasyon sou kritè elijibilite yo, medikaman ki kouvri yo, oswa sou fason pou enskri nan pwogram nan, rele (800) 542-2437 or 1-844-682-4058.

State Pharmaceutical Assistance Programs

Gen anpil Eta ki gen Pwogram Asistans Famasetik nan Eta a, ki ede moun yo peye medikaman sou preskripsyon yo sou baz bezwen finansye, laj, kondisyon medikal, oswa andikap. Chak Eta gen règ diferan pou bay manm li yo kouvèti medikaman.

Nan Eta New York, Pwogram Asistans Famasetik nan Eta a se *EPIC (Elderly Pharmaceutical Insurance Coverage)*.

EPIC (Elderly Pharmaceutical Insurance Coverage) (Pwogram Asistans Famasetik nan Eta New York) – Enfòmasyon pou Kontakte

Rele	(800) 332-3742 Lendi - Vandredi, 8 a.m. - 5 p.m., lè lokal
Ekri	EPIC P.O. Box 15018 Albany, NY 12212-5018

Chapit 2: Nimewo telefòn ak resous enpòtan**EPIC (Elderly Pharmaceutical Insurance Coverage) (Pwogram Asistans Famasetik nan Eta New York) – Enfòmasyon pou Kontakte**

Sit Entènèt	https://www.health.ny.gov/health_care/epic/
--------------------	---

Plan Peman Preskripsyon Medicare

Plan Peman Preskripsyon Medicare la se yon opsyon peman ki fonksyone ansanm avèk kouvèti medikaman aktyèl ou a pou ede w jere depans ki sot nan pòch ou pou medikaman plan nou an kouvri, lè li divize yo sou tout **ane sivil la** (Janvyè – Desanm). Nenpòt moun ki gen yon plan medikaman Medicare oswa yon plan sante Medicare avèk kouvèti medikaman (tankou yon plan Medicare Advantage avèk kouvèti medikaman) ka sèvi avèk opsyon peman sa a. **Opsyon peman sa a kapab ede w jere depans ou yo, men, li pa pèmèt ou ekonomize lajan w oswa diminye frè medikaman ou yo. Si w ap patisipe nan Medicare Prescription Payment Plan la epi w rete nan menm plan Pati D a, patisipasyon w lan ap renouvle otomatikman pou 2026.** Extra Help nan Medicare ak èd ki soti nan SPAP ak ADAP ou yo, pou moun ki kalifye, plis nan avantaj ou pase patisipasyon nan Medicare Prescription Payment Plan la. Pou aprann plis sou opsyon peman sa a, rele Sèvis Manm yo nan (833) 671-0440 (Itilizatè TTY yo rele 711) oswa ale sou www.Medicare.gov.

Medicare Prescription Payment Plan – Enfòmasyon pou Kontakte

Rele	(833) 671-0440 Apèl nan nimewo sa a gratis. Orè yo se 1ye oktòb - 31 mas, 8 a.m. rive 8 p.m. lè lokal, 7 jou pa semèn. Soti premye avril rive 30 septanm, Lendi - Vandredi, 8 a.m. jiska 8 p.m. lè lokal. Sèvis Manm (833) 671-0440 (Itilizatè TTY yo rele 711) gen sèvis entèprèt lang gratis tou pou moun ki pa pale Anglè yo.
TTY	711 Nimewo sa a mande ekipman telefòn espesyal epi li la sèlman pou moun ki gen difikilte pou tande oswa pou pale. Apèl nan nimewo sa a gratis. Orè yo se 1ye oktòb - 31 mas, 8 a.m. rive 8 p.m. lè lokal, 7 jou pa semèn. Soti premye avril rive 30 septanm, Lendi - Vandredi, 8 a.m. jiska 8 p.m. lè lokal.
Faks	(310) 507-6186
Ekri	Senior Whole Health of New York Attn: Member Services 200 Océangate Ste. 100 Long Beach, CA 90802
Sit Entènèt	SWHNY.com

SEKSYON 8 Railroad Retirement Board (RRB)

Konsèy Retrèt Chemennfè a (Railroad Retirement Board) se yon ajans federal endepandan ki jere pwogram avantaj konplè pou travayè chemennfè yo ak fanmi yo nan nivo nasyonal. Si w resevwa Medicare ou a atravè Konsèy Retrèt Chemennfè a (Railroad Retirement Board), fè yo konnen si w demenaje oswa si w chanje adrès

Chapit 2: Nimewo telefòn ak resous enpòtan

postal ou a. Si w gen kesyon konsènan avantaj ou jwenn nan Konsèy Retrèt Chemennfè a (Railroad Retirement Board), kontakte ajans lan.

Konsèy Retrèt Chemennfè (RRB) – Enfòmasyon pou Kontakte

Rele	1-877-772-5772 Apèl nan nimewo sa a gratis. Peze "0," pou ka pale ak yon reprezantan RRB soti 9 a.m. jiska 3:30 p.m., lendi, madi, jedi, ak vandredi, epi soti 9 a.m. jiska 12 p.m. nan mèkredi. Peze "1", pou ka gen aksè ak Lij Asistans RRB otomatize a ak enfòmasyon ki anrejistre 24 sou 24, ki gen ladann wikenn ak jou ferye.
TTY	1-312-751-4701 Nimewo sa a mande ekipman telefòn espesyal epi li la sèlman pou moun ki gen difikilte pou tande oswa pou pale. Apèl nan nimewo sa a pa gratis.
Sit Entènèt	https://RRB.gov

SEKSYON 9 Si w gen asirans an gwoup oswa lòt asirans sante nan men yon anplwayè

Si oumenm (oswa mari oswa madanm ou oswa moun ou plase avèk li a) resevwa avantaj nan men enstitisyon travay ou a (oswa pa mari oswa madanm ou an oswa pa moun ou plase avèk li a) oswa gwoup retirete ou a nan kad plan sa a, rele administratè avantaj enstitisyon travay la/sendika a oswa Sèvis Manm yo nan [insert Member Services number] (itilizatè TTY yo, rele [insert TTY number]) si w gen nenpòt kesyon. Ou kapab mande enfòmasyon sou avantaj sante enstitisyon travay oswa avantaj sante retirete, prim, oswa peryòd enskripsyon ou a (oswa pa mari oswa madanm ou an oswa pa moun ou plase avèk li a). (Nimewo telefòn pou Sèvis Manm yo enprime sou kouvèti ki dèyè dokiman sa a.) Ou ka rele 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227) epi poze kesyon sou kouvèti Medicare ou a nan kad plan sa a. Itilizatè TTY yo rele 1-877-486-2048.

Si w gen lòt kouvèti pou medikaman pa mwayen enstitisyon travay ou a (oswa enstitisyon travay konjwen w oswa patnè domestik ou a), oswa gwoup retirete ou a, kontakte **administratè avantaj gwoup sa a**. Administratè avantaj la kapab ede w konprann kijan kouvèti medikaman aktyèl ou a ap fonksyone nan plan nou an.

CHAPIT 3:

Itilize plan nou an pou sèvis medikal ou yo ak lòt sèvis ki kouvri yo

SEKSYON 1 Men kijan pou w resevwa swen medikal ou yo ak lòt sèvis yo antanke yon manm plan nou an

Chapit sa a eksplike sa w bezwen konnen sou fason pou w itilize plan nou an pou w jwenn swen medikal ou yo ak lòt sèvis ki kouvri yo. Pou w jwenn detay sou ki kalite swen medikal plan nou an kouvri, ale nan *Tablo Benefis Medikal* yo ki nan Chapit 4.

Seksyon 1.1 Founisè ki nan rezo a ak sèvis ki kouvri yo

- **Founisè yo** se doktè ak lòt pwofesyonèl swen sante eta a bay lisans pou bay sèvis medikal ak swen medikal. Epitou, tèm "founisè yo" vle di lopital ak lòt etablisman swen sante yo.
- **Founisè ki nan rezo a** se doktè ak lòt pwofesyonèl swen sante, gwoup medikal, lopital, ak lòt etablisman swen sante ki gen yon akò avèk nou pou aksepte pèman nou an kòm pèman an plen. Nou fè aranjman pou founisè sa yo bay manm plan nou an sèvis ki kouvri yo. Founisè ki nan rezo nou an voye bòdwo dirèkteman ban nou pou swen yo ba w. Lè w al kote yon founisè ki nan rezo a, ou pa peye anyen pou sèvis ki kouvri yo.
- **Sèvis ki kouvri yo** gen ladan tout swen medikal, sèvis swen sante, ekipman, founiti, ak medikaman sou preskripsyon plan nou an kouvri. Sèvis ki kouvri pou swen medikal yo ekri nan Tablo Avantaj Medikal ki nan Chapit 4 la. Yo pale konsènan sèvis ki kouvri yo pou medikaman sou preskripsyon yo nan Chapit 5 lan.

Seksyon 1.2 Règ debaz pou swen medikal ou yo ak lòt sèvis plan nou an ap kouvri

Antanke yon plan sante Medicare ak Medicaid, Senior Whole Health of New York NHC (HMO D-SNP) dwe kouvri tout sèvis ki kouvri nan Original Medicare, epi li ka ofri lòt sèvis anplis a moun ki kouvri anba Original Medicare yo.

Anjeneral, Senior Whole Health of New York NHC (HMO D-SNP) ap kouvri swen medikal ou a depi:

- **Swen w resevwa a mansyone nan Tablo Avantaj Medikal plan nou an** nan Chapit 4.
- **Yo konsidere swen ou resevwa a kòm swen ki nesèsè pou rezon medikal.** Nesèsè pou rezon medikal la vle di sèvis yo, founiti yo, ekipman oswa medikaman yo nesèsè pou prevansyon, dyagnostik oswa pou tretman kondisyon medikal ou a epi ki respekte nòm pratik medikal yo aksepte yo.
- **Ou gen yon founisè swen prensipal (yon PCP) ki nan rezo a k ap ba ou swen epi k ap sipèvize swen w lan.** Antanke yon manm plan nou an, ou dwe chwazi yon PCP ki nan rezo a (pou w ka jwenn plis enfòmasyon sou sa, ale nan Seksyon 2.1).

Chapit 3: Itilize plan nou an pou sèvis medikal ou yo ak lòt sèvis ki kouvri yo

- Nan pifò sitiyasyon, plan nou an dwe ba w apwobasyon alavans (yon referans) anvan w kapab itilize lòt founisè ki nan rezo plan nou an, tankou espesyalis, lopital, etablisman swen espesyalize, oswa ajans **swen** sante adomisil yo. Pou plis enfòmasyon, ale nan Seksyon 2.3.
- Ou pa bezwen referans nan **men** PCP ou a pou swen dijans oswa sèvis ki nesèsè annijans. Pou jwenn enfòmasyon sou lòt kalite swen ou kapab resevwa san w pa bezwen jwenn apwobasyon alavans nan men PCP ou a, ale nan Seksyon 2.2.
- **Ou oblije pran swen w nan men yon founisè ki nan rezo a** (gade Seksyon 2). Nan pifò ka, yo p ap kouvri swen ou resevwa nan men yon founisè ki pa nan rezo a (yon founisè ki pa fè pati rezo plan nou an). Sa vle di, w ap oblije peye founisè a tout montan an pou sèvis ou resevwa yo. *Men 3 eksepsyon:*
 - Plan nou an kouvri swen ijans oswa sèvis ki nesèsè annijans, sèvis ou jwenn nan men yon founisè ki pa nan rezo a. Pou plis enfòmasyon, epi pou w konn ki sèvis dijans oswa sèvis ki nesèsè annijans, ale nan Seksyon 3.
 - Si w bezwen swen medikal Medicare egzijje pou plan nou an kouvri, men, pa gen okenn espesyalis nan rezo nou an ki bay swen sa a, ou kapab resevwa swen sa a nan men yon founisè ki pa nan rezo a nan menm pataj frè ou abitye peye nan rezo a. Nan ka sa a, yon otorizasyon alavans obligatwa. Tanpri, kontakte Sèvis Manm yo pou w ka jwenn èd. Nan sitiyasyon sa a, n ap kouvri sèvis sa yo gratis pou ou. Pou enfòmasyon sou fason pou jwenn apwobasyon pou wè yon doktè ki pa nan rezo a, gade nan Seksyon 2.4.
 - Plan an kouvri sèvis dyaliz pou ren ke w jwenn nan yon etablisman dyaliz Medicare sètifye lè w andeyò zòn sèvis plan an pandan yon ti tan, oswa lè founisè sèvis sa a pa disponib oswa lè w pa kapab jwenn li pandan yon ti tan. Pataj frè ou peye plan nou an pou dyaliz, pa kapab janm depase pataj frè nan Original Medicare la. Si w andeyò zòn sèvis plan nou an epi w jwenn sèvis dyaliz nan men yon founisè ki pa nan rezo plan nou an, pataj frè ou a pa kapab pi plis pase pataj frè w ap peye nan rezo a. Sepandan, si founisè abityèl pou dyaliz ou genyen ki nan rezo a pa disponib pandan yon ti tan epi w chwazi resevwa sèvis yo nan zòn sèvis nou an nan men yon founisè ki pa nan rezo plan an, pataj frè pou dyaliz la kapab pi wo.

SEKSYON 2 Itilize founisè ki nan rezo plan nou an pou w jwenn swen medikal ou yo: ak lòt sèvis yo

Seksyon 2.1 Ou dwe chwazi yon founisè swen Prensipal (Primary Care Provider, PCP) pou bay ak sipèvize swen w lan

Kisa yon PCP ye epi kisa PCP a fè pou ou?

Lè w vin yon manm Senior Whole Health of New York NHC (HMO D-SNP), ou oblije chwazi yon founisè swen prensipal (Primary Care Provider, PCP). PCP ou a se yon founisè ki gen lisans ki reponn ak egzijans eta a epi ki resevwa fòmasyon pou l ba w swen medikal debaz yo.

PCP w la se yon doktè Medsin Familyal, Medsin Entèn, Medsin Jeryatrik, Medsin pou Granmoun oswa Medsin Familyal nan Eta New York, oswa yon Enfimyè Pratisyen Jewontolojik (pou Moun Aje). W ap resevwa swen woutin ou a oswa swen debaz ou a nan men PCP w la. Epitou, PCP w la ap kowòdone rès sèvis ki kouvri w ap resevwa kòm manm plan an. Sa gen ladann radyografi, tès laboratwa, terapi, swen espesyalis yo, antre nan lopital ak swen suivi. “Kowòdone” sèvis ou yo gen ladann tou, verifye oswa konsilte lòt founisè plan an konsènan swen w lan. Nan kèk ka, PCP w la bezwen jwenn otorizasyon alavans (apwobasyon davans) nan men plan nou an tou. Tablo Benefis ki nan Chapit 4 la montre ki sèvis ki bezwen yon otorizasyon alavans nan men plan an.

Chapit 3: Itilize plan nou an pou sèvis medikal ou yo ak lòt sèvis ki kouvri yo

PCP w la ap kontakte Senior Whole Health of New York NHC (HMO D-SNP) pou l ka jwenn otorizasyon ki nesèsè a. Piske PCP ou a ap bay epi kowòdone swen medikal ou a, ou ta dwe fè yo voye tout ansyen dosye medikal ou yo nan biwo PCP ou a.

Fason pou chwazi yon PCP

Lè w enskri nan plan nou an, n ap mande w chwazi yon PCP. PCP ou al kote l pou kounye a ka deja fè pati rezo Senior Whole Health of New York NHC (HMO D-SNP) a. Lè w aplike nan plan nou an, n ap chèche konnen si PCP ou a fè pati plan nou an. Si doktè w la pa fè pati Senior Whole Health of New York NHC (HMO D-SNP) a, w ap bezwen chwazi yon nouvo nan rezo nou an, epi fikse yon randevou pou w ka al kote doktè sa a pi vit posib.

Ou ka chwazi PCP w la nan Anyè Famasi ak Founisè Senior Whole Health of New York NHC (HMO D-SNP) a nan moman ou enskri a. Pou w ka jwenn yon lis founisè ki pi resan, itilize zouti rechèch 'Find a Provider' (Jwenn yon founisè) sou sit entènèt nou an. Epitou, ou kapab kontakte Sèvis Manm yo nan nimewo gratis ki nan do bwochi sa a. N ap verifye non PCP ki nan zòn ou an, n ap poze w kesyon konsènan lòt doktè ou al wè yo epi nan ki lopital ou ale. Y ap mande w pou mete non PCP a nan aplikasyon enskripsyon w la. Ou ka chanje PCP ou a nenpòt ki lè.

Fason pou chanje PCP ou a

Ou kapab chanje PCP ou a pou nenpòt rezon, nenpòt lè. Epitou, li posib pou PCP ou a kapab kite rezo founisè plan nou an, epi w ap bezwen chwazi yon nouvo PCP.

Senior Whole Health of New York NHC (HMO D-SNP) gen yon Politik pou Kontinye Swen (Continuity-of-Care, COC) ki pèmèt ou kontinye gen aksè ak yon seri pratisyen ki pa sou kontra, nan sityasyon ki vin apre yo:

Si w se yon nouvo manm, ou kapab kontinye resevwa tretman rive jis 90 jou:

- Si w ap resevwa yon tretman yon fason ki aktif nan men yon pratisyen ki pa sou kontra nan moman enskripsyon an.
- Si w gen ekipman DME aktyèlman- Senior Whole Health of New York NHC (HMO D-SNP) ap asire li ou kontinye gen aksè nan DME ak reparasyon ki nesèsè yo, nan men founisè ki pa sou kontra yo.
- Si w ansent, w ap kontinye resevwa swen jiskaske sèvis apre akouchman w lan fini oswa pou yon peryòd tan ki pi long, si sa nesèsè pou fè yon transfè sekirize pou ale jwenn yon lòt founisè.

Si deja yon manm ou kapab kontinye resevwa swen rive jis yon lane pou sèvis ki ap kontinye rive jis lè yo kanpe yon kontra ant Senior Whole Health of New York NHC (HMO D-SNP) ak pratisyen oswa etablisman w lan, akondisyon rezèv ki vin apre yo:

- Sèvis yo fè pati avantaj ou yo.
- Founisè a pa t sispann akòz pwoblèm kalite swen an.
- founisè a te dakò pou kontinye konsilte w.
- founisè Swen Sante a te dakò aksepte nivo règleman ki obligatwa a.

Manm pèsònèl Senior Whole Health of New York NHC (HMO D-SNP) a ap travay avèk pratisyen ou an ki pa sou kontra pou fè li antre nan rezo Senior Whole Health of New York NHC (HMO D-SNP) a, antanke yon founisè ki sou kontra, oswa yo ap travay avèk ou epi ak founisè a pou fè tranzisyon swen w yo bay yon pratisyen ki nan rezo a, pandan peryòd 90 jou ou kontinye ap resevwa swen an. W ap kontinye resevwa swen yo selon limit avantaj ou yo.

Eksepsyon nan Politik la:

Chapit 3: Itilize plan nou an pou sèvis medikal ou yo ak lòt sèvis ki kouvri yo

1. Manm pèsònèl Senior Whole Health of New York NHC (HMO D-SNP) a kapab pwolonje peryòd 90 jou a toutotan sa nesesè pou konble nenpòt bezwen ki pa abityèl ou kapab genyen.
2. Senior Whole Health of New York NHC (HMO D-SNP) p ap apwouve pou w kontinye resevwa swen nan men yon founisè ki p ap patisipe si:
 - Ou sèlman bezwen siveyans pou yon pwoblèm kwonik.
 - Kontra ki kanpe avèk pratisyen an baze sou yon aksyon konsènan verifikasyon pwofesyonèl pou enkonpetans oswa konduit ki pa apwopriye, epi kapab gen menas pou byennèt ou.

Seksyon 2.2 Swen medikal ak lòt sèvis ou ka jwenn san referans Founisè Swen Prensipal (PCP)

Ou kapab jwenn sèvis ki site anba a san w pa jwenn apwobasyon alavans nan men PCP ou a.

- Swen sante pa woutin pou fi, ki gen egzamen tete, tè depistaj mamogram (radyografi tete a), Pap tè, ak egzamen anba ti vant.
- Vaksen kont grip, vaksen kont COVID-19, vaksen kont Epatit B, ak vaksen kont nemoni.
- Sèvis ijans nan men founisè ki nan rezo a oswa Founisè ki pa nan rezo a.
- Sèvis plan kouvri ki nesesè dijans se sèvis ki mande atansyon medikal imedyatman (men se pa yon ijans) si ou swa tanporèman andeyò zòn sèvis plan nou an bay sèvis, oswa si sa pa rezonab poutèt tan w, kote w ye a ak sikonstans yo pou jwenn sèvis sa a nan men founisè ki nan rezo a. Kòm egzanp pou sèvis ki nesesè annijans, gen maladi ak blesi medikal, oswa maladi ki egziste ki parèt sanzatan. Nou pa konsidere vizit pa woutin lakay yon founisè epi ki nesesè nan domèn medikal yo (tankou egzamen chak ane yo) kòm bezwen ki ijan, menmsi w twouve w andeyò zòn sèvis plan nou an oswa rezo plan nou an pa disponib tanporèman.
- Sèvis dyaliz pou ren ou jwenn nan yon etablisman dyaliz Medicare sètifye, lè w andeyò zòn sèvis plan nou an tanporèman. Si posib, rele Sèvis Manm yo nan (833) 671-0440 (Itilizatè TTY yo rele 711) anvan w kite zòn sèvis la, pou nou kapab ede w fè aranjman pou fè yon dyaliz antretyen pandan w lwen an.

Seksyon 2.3 Fason pou jwenn swen nan men espesyalis ak lòt founisè ki nan rezo a

Yon espesyalis se yon doktè ki bay sèvis swen sante pou yon maladi espesifik oswa pou yon pati nan kò a. Gen plizyè kalite espesyalis. Pa egzanp:

- Onkològ yo pran swen pasyan ki gen kansè
- Kadyològ yo pran swen pasyan ki gen maladi kè
- Òtopedis yo pran swen pasyan ki gen kèk maladi zo, jwenti, oswa misk

Founisè swen prensipal ou a (Primary Care Provider, PCP) responsab pou kowòdone sèvis yo, tankou voye w bay espesyalis yo ak lòt founisè ki nan rezo a jan sa apwopriye a. Pa gen okenn egzijans apwobasyon davans pou vizit biwo yon moun fè kot espesyalis ki nan rezo a. Si w bezwen yon pwosedi oswa yon sèvis ki mande yon otorizasyon alavans nan men plan an, PCP w la oswa espesyalis ou a ap kontakte nou pou l ka jwenn otorizasyon alavans ki nesesè a. Yo idantifye sèvis ki bezwen otorizasyon alavans nan men plan an nan Chapit 4, Seksyon 2.1 etan nan dokiman sa a. Men kèk egzanp sèvis ki bezwen otorizasyon alavans nan men plan an, se swen lopital pou pasyan ki entène ochwa (swen pou sitiyasyon ki pa ijans)e, se lè yo pran w nan yon etablisman swen espesyalize, ak swen sante adomisil.

Chapit 3: Itilize plan nou an pou sèvis medikal ou yo ak lòt sèvis ki kouvri yo

Si w bezwen swen apre lè travay nòmal yo, tanpri rele PCP w la. Enfòmasyon sa yo ekri sou kat idantifikasyon abònman Senior Whole Health of New York NHC (HMO D-SNP). Si w panse se yon ijans, chèche jwenn swen medikal imedyatman. Pou w jwenn plis enfòmasyon, al gade nan Seksyon 3 a, (Fason pou w jwenn sèvis ki kouvri yo lè w genyen yon ijans oswa yon bezwen swen ki ijan).

Lè yon espesyalis oswa yon lòt founisè rezo a kite plan nou an

Nou kapab fè chanjman nan lopital, doktè, ak espesyalis (founisè) ki nan rezo plan nou an, pandan ane a. Sidoktè w oswa espesyalis ou a kite plan nou an, ou gen dwa ak pwoteksyon sa yo:

- Menmsi rezo founisè nou an ka chanje pandan ane a, Medicare egzije pou w kontinye jwenn doktè ak espesyalis ki kalifye yo san kanpe.
- N ap fè w konnen founisè w la ap kite plan nou an, yon fason pou w gen tan pou chwazi yon nouvo founisè.
 - Si founisè swen prensipal oswa founisè sante konpòtmantal ou a kite plan nou an, n ap fè w konnen si w te wè founisè sa a nan 3 dènye ane ki pase yo.
 - Si nenpòt nan lòt founisè w yo kite plan nou an, nou ap fè w konnen si yo asiyen w bay founisè a, si w ap resevwa swen nan men li aktyèlman, oswa si w te vizite li nan 3 mwa ki pase yo.
- Nou ap ede w chwazi yon nouvo founisè kalifye ki nan rezo a pou w kontinye resevwa swen.
- Si w ap suiv yon tretman medikal oswa w ap fè terapi nan men founisè aktyèl ou a, ou gen dwa pou mande kontinye jwenn tretman oswa terapi ki nesèsè nan domèn medikal yo. N ap travay avèk ou defason pou kontinye jwenn swen.
- N ap ba w enfòmasyon sou diferan peryòd enskripsyon ki disponib pou ou ak opsyon ou ka genyen pou chanje plan.
- Lè yon founisè rezo a oswa yon avantaj nan rezo a pa disponib oswa pa apwopriye pou konble bezwen medikal ou yo, n ap fè aranjman pou ba w nenpòt avantaj ki kouvri epi ki nesèsè nan domèn medikal andeyò founisè rezo nou an ak nan pataj frè ki nan rezo a. Li kapab obligatwa pou gen otorizasyon alavans.
- Si w aprann doktè w la oswa espesyalis ou a ap kite plan nou an, kontakte nou pou nou ka ede w chwazi yon nouvo founisè pou jere swen w.
- Si w kwè nou pa t ba ou yon founisè ki kalifye pou ranplase founisè w te gen anvan an oswa si yo pa t jere swen w lan yon fason ki apwopriye, ou gen dwa pou w depoze yon plent konsènan kalite swen an nan QIO, yon doleyans sou kalite swen an nan plan nou an, oswa toulede (ale nan Chapit 9).

Seksyon 2.4 Fason pou jwenn swen nan men founisè ki pa nan rezo a

Si w bezwen swen medikal espesyalize ke Medicare oswa Medicaid mande pou plan nou an kouvri, men pa gen okenn founisè swen sante nan rezo nou an ki ka bay swen sa a, ou ka jwenn swen an nan men yon founisè swen sante ki pa nan rezo a. Ladan, gen sèvis yon founisè ki inikman kalifye pou bay sèvis patikilye ou bezwen an, ansanm ak sèvis yo bay nan yon sant espesyalize oswa yon sant ekselans (pa egzanzp, sèvis ESRD). Pa gen okenn lòt restriksyon avantaj ki aplike andeyò rezo nou an oswa andeyò zòn sèvis nou an.

Swa ou menm oswa PCP ou a dwe kontakte plan nou an pou jwenn otorizasyon alavans anvan w chèche swen nan men founisè ki pa nan rezo a. Rele Sèvis Manm yo pou jwenn èd. Si nou ba w otorizasyon alavans pou w jwenn swen nan men yon founisè ki pa nan rezo a, n ap kouvri sèvis sa yo kòm si w te resevwa swen an nan men yon founisè ki nan rezo a.

Chapit 3: Itilize plan nou an pou sèvis medikal ou yo ak lòt sèvis ki kouvri yo

Li enpòtan anpil pou w jwenn yon otorizasyon alavans nan men plan nou an anvan w al wè nenpòt founisè ki pa nan rezo a. Si w pa jwenn apwobasyon plan an, plan nou an ka pa kouvri sèvis sa yo. Si founisè a vle w tounen pou w jwenn plis swen, verifye anvan pou w asire apwobasyon plan nou an kouvri plis pase yon vizit kay founisè ki pa nan rezo a.

Remak: manm yo gen dwa pou resevwa sèvis nan men founisè ki pa nan rezo a pou sèvis ijans oswa sèvis ki nesèsè annijans yo. Epitou, plan yo dwe kouvri sèvis dyaliz pou manm ESRD ki te wwayaje andeyò zòn sèvis plan *nou* an epi ki *pa* kapab gen aksè ak founisè ESRD ki sou kontra yo.

SEKSYON 3 Men kijan pou jwenn sèvis nan ka dijans, dezaz oswa lè w bezwen swen rapid

Seksyon 3.1 Fason pou jwenn swen si w gen yon ijans medikal

Yon **ijans medikal** se lè ou menm, oswa nenpòt lòt moun ki pridan epi ki gen yon konesans mwayen nan kesyon sante ak medsin, kwè ou gen yon seri sentòm medikal ki mande pou w jwenn èd medikal san pèdi tan pou anpeche w pèdi lavi w (epi, si w se yon fi ansent, pou w pa pèdi yon timoun ki poko fèt), pou pa pèdi yon manm ou, oswa pou w pa pèdi fonksyon yon manm ou, oswa pèdi oswa yon alterasyon grav nan fonksyon kòporèl la. Sentòm medikal yo kapab se yon maladi, yon blesi, gwo doulè, oswa yon kondisyon medikal ki vin pi mal nan yon ti kras tan.

Si w gen yon ijans medikal:

- **Jwenn èd pi vit posib.** Rele 911 pou èd oswa ale nan sal ijans ki pi pre a oswa lopital ki pi pre a. Rele yon anbilans si w bezwen l. Ou pa bezwen jwenn apwobasyon oswa yon referans anvan nan men PCP ou a. Ou pa bezwen itilize yon doktè ki nan rezo a. Ou kapab jwenn swen medikal dijans ki kouvri chak fwa ou bezwen li, nenpòt kote nan peyi Etazini oswa nan teritwa li yo, epi nan men nenpòt founisè ki gen yon lisans ki apwopriye nan Eta a, menmsi li pa fè pati rezo nou an.
- **Kou sa posib, asire w ou fè plan nou an konnen ijans ou genyen an.** Nou bezwen suiv swen ijans ou an. Ou menm oswa yon lòt moun dwe rele nou konsènan swen ijans ou yo, anjeneral nan espas 48 èdtan. Tanpri, rele Sèvis Manm yo nan nimewo *telefòn* nan *epi nan jou ak lò fonksyònman yo*, oswa *eksplike ki kote pou jwenn nimewo a (pa egzanp, nan do kat manm nou an)*.

Sèvis ki kouvri nan ka yon ijans medikal

Plan nou an kouvri sèvis anbilans yo nan sitiyasyon kote si yo transpòte w nan sal ijans lan nenpòt lòt fason, sa ka mete sante w an danje. Epitou, nou kouvri sèvis medikal yo pandannijans lan.

Doktè k ap ba w swen ijans lan ap deside lè kondisyon w estab ak lè ijans medikal la fini.

Kou ijans lan fini, ou gen dwa pou jwenn swen pou suivi, yon fason pou asire w kondisyon w kontinye rete estab. Doktè w yo ap kontinye trete w jiskaske doktè w yo kontakte nou epi fè plan pou ba w plis swen. Plan nou an ap kouvri swen suivi w la.

Si se founisè ki pa nan rezo a ki ba w swen ijans lan, n ap eseye fè aranjman pou founisè ki nan rezo yo pran swen w kou kondisyon medikal ou ak sikonstans yo pèmèt sa.

Chapit 3: Itilize plan nou an pou sèvis medikal ou yo ak lòt sèvis ki kouvri yo

Kisa k ap pase si se pa t yon ijans medikal?

Pafwa, li kapab difisil pou konnen si w genyen yon ijans medikal. Pa egzanp, ou ka konsilte pou swen ijans—ou panse sante w nan gwo danje – epi apre tout sa, doktè a ka di se pa t yon ijans medikal. Si sa rive kote se pa t yon ijans, toutotan ou panse, yon fason rezonab, sante w te vrèman an danje, n ap kouvri swen w lan.

Sepandan, apre doktè a fin di se pa t yon ijans, nou ap kouvri swen anplis yo *sèlman* si w resevwa swen anplis yo nan youn nan 2 fason sa yo:

- Ou ale kot yon founisè ki nan rezo a pou w jwenn lòt swen an.
- Yo konsidere swen anplis ou resevwa yo kòm sèvis ki nesèsè annijans epi w suiv règ pou jwenn swen rapid sila anba a.

Seksyon 3.2 Fason pou jwenn swen lè w gen yon bezwen rapid pou sèvis yo

Yon sèvis ki egzije swen medikal san pèdi tan (men ki pa yon ijans), se yon sèvis ki nesèsè an ijans si w twouve w andeyò zòn sèvis plan nou an yon fason tanporè, oswa si li pa rezonab, lè nou konsidere tan, anplasman, ak sikonstans yo pou w jwenn sèvis sa a nan men founisè ki nan rezo a. Kòm egzanp pou sèvis ki nesèsè annijans, gen maladi ak blesi medikal sanzatan, oswa maladi ki egziste ki parèt sanzatan. Sepandan, vizit founisè pa woutin ki nesèsè pou rezon medikal, tankou konsiltayon chak ane, yo pa konsidere yo kòm bagay ki nesèsè ann ijans menmsi w twouve andeyò zòn sèvis plan an, oswa rezo plan pa disponib yon fason tanporè.

Lè founisè ki nan rezo yo pa disponib oswa lè yo pa kapab jwenn yo pandan yon ti tan, ou ka jwenn swen rapid nan nenpòt sant swen rapid ki disponib. Epitou, ou kapab rele Liy Asistans Telefonik pou Konsèy sou Sante (Nurse Advice Line) a nan (844) 658-8544. Itilizatè TTY yo dwe rele 711.

Plan nou an kouvri sèvis swen ijans toupatou nan monn lan, andeyo peyi Etazini nan kad sikonstans ki vin apre yo:

- Ou gen yon limit \$10,000 pou kouvèti ijans toupatou nan monn nan, chak ane sivil pou swen dijans ak swen apre estabilizasyon.
- Avantaj sa a limite a sèlman sèvis yo t ap klase kòm swen ijans si yo te bay swen an nan peyi Etazini.
- Si w resevwa swen ijans andeyò peyi Etazini epi w bezwen swen pou pasyan ki entènè apre ijans medikal ou a fin estab, ou dwe retounen nan yon lopital ki nan rezo a yon fason pou swen yo ap ba w la kontinye gkouvri OSWA ou dwe resevwa swen w ap resevwa pou pasyan ki entènè a nan lopital ki pa nan rezo a, men, ki gen otorizasyon plan an. Depans ou an se pataj frè w ap gen pou peye nan yon lopital ki nan rezo a. Maksimòm plan an ap aplike.
- Ou ka bezwen peye pou sèvis yo avèk lajan ki soti nan pòch ou epi depoze yon reklamasyon pou ranbousman.
- Nou pa kouvri taks ak frè aletranje (enkli, men san se pa sa sèlman, frè pou chanje lajan oswa frè tranzaksyon yo). Nou pa kouvri transpò soti nan yon lòt peyi pou w retounen Etazini.
- Nou pa kouvri swen pa woutin ak pwosedi ki pwograme alavans oswa pwosedi ki ochwa yo.

Si w gen kesyon pou konnen si n ap peye pou nenpòt sèvis, ou gen dwa mande nou si n ap kouvri li anvan ou jwenn li. Epitou, ou gen dwa pou mande sa alekri. Si nou di nou p ap kouvri sèvis la (yo), ou gen dwa pou fè apèl kont desizyon nou pran pou pa kouvri oswa ranbouse swen w yo.

Chapit 3: Itilize plan nou an pou sèvis medikal ou yo ak lòt sèvis ki kouvri yo

Seksyon 3.3 Fason pou jwenn swen pandan gen yon katastwòf

Si Gouvènè nan eta w la, Sekretè Sante ak Sèvis Sosyal Etazini an, oswa Prezidan Etazini an deklare yon katastwòf oswa yon ijans nan zòn jewografik kote w ye a, ou toujou gen dwa pou resevwa swen nan plan nou an.

Ale nan SWHNY.com pou w ka jwenn enfòmasyon sou fason pou w jwenn swen ki nesèsè pandan yon katastwòf.

Si w pa kapab itilize yon founisè ki nan rezo a pandan yon katastwòf, plan nou an ap pèmèt ou jwenn swen nan men founisè ki pa nan rezo yo nan pataj frè ki nan rezo a. Si w pa kapab itilize yon famasi ki nan rezo a pandan yon katastwòf, ou ka anmezi pou w ranpli medikaman sou preskripsyon w yo nan yon famasi ki pa nan rezo a. Ale nan Chapit 5, Seksyon 2.5.

SEKSYON 4 E si yo faktire w dirèkteman pou tout frè pou sèvis ki kouvri yo?

Si w peye pou sèvis ki kouvri yo, oswa si w resevwa yon bòdwo pou sèvis medikal ki kouvri yo, ou kapab mande *nou peye* pataj frè pa nou an pou sèvis ki kouvri yo. Ale nan Chapit 7 pou plis enfòmasyon sou kisa pou fè.

Seksyon 4.1 Si plan nou an pa kouvri sèvis yo

Senior Whole Health of New York NHC (HMO D-SNP) kouvri tout sèvis ki nesèsè pou rezon medikal yo, jan sa ekri nan Tablo Benefis Medikal yo nan Chapit 4 la. Si w resevwa sèvis plan nou an pa kouvri, oswa sèvis ou jwenn andeyò rezo a epi ki pa t otorize, ou responsab pou w peye tout frè sèvis yo.

Pou sèvis ki kouvri epi ki gen yon limit sou avantaj yo, w ap peye pri total la tou, pou nenpòt sèvis ou resevwa apre w fin itilize avantaj ou yo pou kalite sèvis sa a ki kouvri a. Si w peye frè yo yon fwa ou fin atenn limit avantaj la, frè sa yo p ap konte nan maksimòm lajan ki soti nan pòch ou.

SEKSYON 5 Sèvis medikal nan yon etid rechèch klinik

Seksyon 5.1 Kisa yon etid rechèch klinik ye

Yon etid rechèch klinik (ki rele li tou yon *esè klinik*) se yon fason pou doktè ak syantifik yo teste nouvo kalite swen medikal, tankou jis nan ki pwèn yon nouvo medikaman pou kansè fonksyone byen. Gen kèk etid rechèch klinik Medicare apwouve. Nòmalman, etid rechèch klinik Medicare apwouve yo, mande pou gen volontè ki ap patisipe nan etid la. Lè w nan yon etid rechèch klinik, ou kapab rete enskri nan plan nou an epi kontinye resevwa rès swen w lan (swen ki pa gen rapò ak etid la) atravè plan nou an.

Lè Medicare fin apwouve etid la, epi ou montre w enterese pou w patisipe ladann, gen yon moun k ap travay nan etid la k ap gen pou kontakte w pou l ka eksplike w plis bagay konsènan etid la, epi gade si w reponn ak egzijans syantifik k ap dirije etid la tabli yo. Ou ka patisipe nan etid la depi w reponn ak egzijans ki gen pou etid la *epi* ou byen konprann epi ou dakò ak tout sa ki gen ladan l si w patisipe nan etid la.

Si w ap patisipe nan yon etid Medicare apwouve, Original Medicare ap peye pifò nan frè pou sèvis ki kouvri ou resevwa nan kad etid la. Si w di nou ou nan yon esè klinik ki kalifye, w ap sèlman responsab pou peye pataj frè ki nan rezo a pou sèvis ou jwenn nan esè sa a. Si w te peye plis—pa egzanp, si w te deja peye montan pataj

Chapit 3: Itilize plan nou an pou sèvis medikal ou yo ak lòt sèvis ki kouvri yo

frè Original Medicare la—n ap ranbouse w diferans ki genyen ant sa w te peye a ak pataj frè ki nan rezo a. W ap bezwen bay dokiman pou montre nou konbyen ou te peye.

Si w vle patisipe nan nenpòt etid rechèch klinik Medicare apwouve, ou pa bezwen di nou sa oswa ou pa bezwen jwenn apwobasyon nan men nou oswa nan men PCP ou a. Founisè ki ba w swen nan kad etid rechèch klinik la pa bezwen fè pati rezo founisè plan nou an. (Sa pa aplike pou avantaj ki kouvri epi ki egzijye yon esè klinik oswa yon rejis pou evalye avantaj la, san wete kèk avantaj ki egzijye yon kouvèti avèk devlopman prèw [NCDs-CED] ansanm ak etid pou bay egzansyon sou aparèy ekperimantal yo (IDE). Epitou, avantaj sa yo kapab soumèt anba yon otorizasyon alavans ak lòt règ nan plan an.)

Malgre ou pa bezwen jwenn pèmisyon nan men plan nou an pou w ka patisipe nan yon etid rechèch klinik, nou ankouraje w pou w fè nou konnen alavans lè w chwazi patisipe nan esè klinik Medicare kalifye a.

Si w ap patisipe nan yon etid Medicare pa apwouve, *w ap responsab pou peye tout frè pou patisipasyon w nan etid la.*

Seksyon 5.2 Kiyès ki peye pou sèvis yo nan yon etid rechèch klinik

Yonfwa ou fin antre nan yon etid rechèch klinik Medicare apwouve, Original Medicare ap kouvri pifò atik ak sèvis pa woutin ou resevwa nan kad etid la, tankou:

- Chanm ak repa pandan yon sejou nan lopital Medicare ap peye menmsi w pa t nan yon etid.
- Yon operasyon oswa yon lòt pwosedi medikal, si li fè pati etid rechèch la.
- Tretman efè segondè ak konplikasyon nan nouvo swen an.

Lè w nan yon etid rechèch klinik, **ni Medicare ni plan nou an p ap peye pou okenn nan bagay ki vin apre yo:**

- An jeneral, Medicare p ap peye pou nouvo atik oswa sèvis etid la ap teste yo, sof si Medicare t ap kouvri atik oswa sèvis la menmsi w pa t nan yon etid.
- Atik oswa sèvis yo bay sèlman pou kolekte done, epi yo pa itilize nan swen sante dirèk ou a. Pa egzansyon, Medicare p ap peye pou eskanè CT yo fè chak mwa nan kad yon etid si kondisyon medikal ou mande nòmalman pou yo fè yon sèl eskanè CT.
- Atik ak sèvis esponsò rechèch la bay gratis pou moun ki enskri nan esè a.

Jwenn plis enfòmasyon sou fason pou w patisipe nan yon etid rechèch klinik

Jwenn plis enfòmasyon sou fason pou w patisipe nan yon etid rechèch klinik, nan piblikasyon Medicare ki rele *Medicare and Clinical Research Studies*, ki disponib sou www.Medicare.gov/sites/default/files/2019-09/02226-medicare-and-clinical-research-studies.pdf. Epitou, ou kapab rele 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227). Itilizatè TTY yo rele 1-877-486-2048.

SEKSYON 6 Règ pou jwenn swen nan yon enstitisyon swen sante relijye ki pa medikal

Seksyon 6.1 Yon enstitisyon swen sante relijye ki pa medikal

Yon enstitisyon relijye ki bay swen sante ki pa medikal se yon etablisman ki bay swen pou yon maladi yo ta ka nòmalman trete nan yon lopital oswa nan yon etablisman swen espesyalize . Si jwenn swen nan yon lopital oswa nan yon etablisman swen espesyalize se yon bagay ki kont kwayans relijye yon manm, n ap ba li

Chapit 3: Itilize plan nou an pou sèvis medikal ou yo ak lòt sèvis ki kouvri yo

depreferans yon kouvèti pou swen nan yon enstitisyon relijye ki bay swen sante ki pa medikal. Yo bay avantaj sa a sèlman pou sèvis pasyan ki entène pou Pati A (sèvis swen sante ki pa medikal).

Seksyon 6.2 Ki fason pou jwenn swen nan yon enstitisyon swen sante relijye ki pa medikal

Pou w resevwa swen nan yon enstitisyon swen sante relijye ki pa medikal, ou dwe siyen yon dokiman jiridik ki di ou pa dakò, ak tout konsyans ou, pou resevwa tretman medikal ki **pa eskli**.

- Swen medikal oswa tretman **ki pa eskli**, se nenpòt swen medikal oswa tretman ki *volontè* epi ki *pa obligatwa* selon okenn lwa federal, eta oswa lokal.
- Tretman medikal ki **eskli** yo se swen medikal oswa tretman ou resevwa ki *pa volontè* oswa ki *obligatwa* selon lwa federal, eta oswa lokal yo.

Pou plan nou an kouvri swen an, swen w ap resevwa nan yon enstitisyon relijye ki bay swen sante ki pa medikal, dwe respekte kondisyon ki vin apre yo:

- Medicare dwe sètifye etablisman ki bay swen an.
- Plan nou an sèlman kouvri aspè swen ki *pa relijye* yo.
- Si w resevwa sèvis yo bay nan enstitisyon sa a nan yon etablisman, kondisyon ki vin apre yo aplike
 - Ou dwe gen yon kondisyon medikal k ap pèmèt ou resevwa sèvis ki kouvri pou swen lopital pou pasyan ki entène oswa swen nan etablisman espesyalize.
 - – *epi* – ou dwe jwenn apwobasyon alavans nan men plan nou an anvan w entène nan etablisman an, sinon sejou w la p ap kouvri.
 - Yo *aplike limit kouvèti Medicare pou Lopital pou Pasyan ki Entène*

Epitou, ou dwe kontakte Sèvis Manm yo oswa biwo Medicaid Eta ou a (Enfòmasyon pou kontakte yo ekri nan Chapit 2, Seksyon 6) pou plis enfòmasyon sou sèvis ki kouvri yo nan Medicaid, pou w konprann tout opsyon kouvèti ou yo.

SEKSYON 7 Règ pou w se pwopriyetè Ekipman Medikal ki Dirab yo

Seksyon 7.1 Ekipman medikal ki dirab la p ap vin pou ou apre w fin fè yon kantite peman anba plan nou an

Ekipman Medikal ki Dirab yo (Durable Medical Equipment, DME) gen ladann atik tankou ekipman ak founiti pou oksijèn, chèz woulant, wòkè, sistèm matla elektrik, beki, ekipman pou moun ki gen dyabèt, aparèy ki jenere mesaj vokal, ponp enfizyon nan venn (IV), nebilizè, ak kabann lopital yon founisè kòmande pou manm yo itilize lakay yo. Manm lan toujou posede kèk atik DME, tankou pwotèz. Men lòt kalite DME ou dwe lwe:

Nan Original Medicare, moun ki lwe kèk kalite DME vin posede ekipman an apre yo fin peye kopeman pou atik la pandan 13 mwa. Sepandan, antanke yon manm Senior Whole Health of New York NHC (HMO D-SNP), an jeneral ou **p ap vin** pwopriyetè atik DME ou lwe yo, kèlkeswa kantite kopeman ou fè pou atik la pandan w se yon manm nan plan nou an. Ou p ap gen dwa pwopriyetè, menmsi w te fè jiska 12 peman konsekitif pou atik DME a nan kad Original Medicare anvan ou antre nan plan nou an. Nan kèk sikonstans limite, nou ap transfere tit pwopriyetè atik DME a ba ou. Rele Sèvis Manm yo nan (833) 671-0440 (Itilizatè TTY yo rele 711) pou plis enfòmasyon.

Chapit 3: Itilize plan nou an pou sèvis medikal ou yo ak lòt sèvis ki kouvri yo

Kisa k ap pase ak pèman ou te fè pou ekipman medikal ki dirab la, si w chanje plan an epi ou pran Original Medicare?

Si w pa t gen dwa pou atik DME a vin pou w pandan w te nan plan nou an, w ap oblije fè 13 nouvo pèman youn apre lòt apre w fin chanje plan an epi ou pran Original Medicare pou atik DME a kapab vin pou ou. Pèman ou fè pandan w enskri nan plan nou an pa konte pami 13 pèman sa yo.

Exzanp 1: Ou te fè 12 pèman youn apre lòt oswa mwens pou atik la nan Original Medicare epi ou te rantre nan plan nou an. Pèman ou te fè nan Original Medicare yo pa konte. W ap oblije fè 13 pèman nan plan nou an anvan atik la vin pou ou.

Exzanp 2: Ou te fè 12 pèman youn apre lòt oswa mwens pou atik la nan Original Medicare epi ou te rantre nan plan nou an. Ou pa t vin mèt atik la etan w te nan plan nou an. Apresa, ou tounen nan Original Medicare. W ap oblije fè 13 nouvo pèman youn apre lòt pou atik la kapab vin pou ou lè w fin antre nan Original Medicare ankò. Nenpòt pèman ou deja fè (kit se nan plan nou an oswa nan Original Medicare) pa konte.

Seksyon 7.2 Règ pou ekipman oksijèn, founiti, ak antretyen

Si w kalifye pou kouvèti asirans ekipman oksijèn Medicare la, Senior Whole Health of New York NHC (HMO D-SNP) ap kouvri:

- Lokasyon ekipman oksijèn lan
- Livrezon oksijèn lan ak kontni oksijèn nan
- Tib ak akseswa oksijèn ki gen rapò yo pou livrezon oksijèn lan ak kontni oksijèn nan
- Antretyen ak reparasyon ekipman oksijèn nan

Si w kite Senior Whole Health of New York NHC (HMO D-SNP) oswa si w pa gen bezwen ekipman oksijèn lan pou rezon medikal ankò, kidonk, yo dwe voye ekipman oksijèn lan tounen ban nou.

Kisa k ap pase si w kite plan nou an epi ou retounen nan Original Medicare?

Original Medicare mande pou yon founisè oksijèn ba w sèvis yo pandan 5 lane. Pandan premye 36 mwa yo, ou lwe ekipman an. Pou rè 24 mwa yo, founisè a bay ekipman an epi li fè antretyen ladann (ou toujou responsab pou w bay kopeman pou oksijèn lan). Apre 5 lane, ou kapab chwazi rete nan menm konpayi a oswa ale nan yon lòt konpayi. Nan pwent sa a, sik 5 lane a ap rekòmanse, menmsi w rete nan menm konpayi a, epi w gen obligasyon ankò pou peye kopeman yo pandan premye 36 mwa yo. Si w rantre nan plan nou an oswa si w kite l, sik 5 lane a ap rekòmanse.

Chapit 4: Tablo Avantaj Medikal yo (sa ki kouvri yo)

CHAPIT 4:**Tablo Avantaj Medikal yo (sa ki kouvri yo)****SEKSYON 1 Konprann sèvis ki kouvri yo**

Tablo Avantaj Medikal ki bay lis sèvis ki kouvri w yo antanke yon manm Senior Whole Health of New York NHC (HMO D-SNP). Epitou seksyon sa a bay enfòmasyon sou sèvis medikal ki pa kouvri epi l eksplike limit ki genyen nan sèten sèvis.

Seksyon 1.1 Ou pa peye anyen pou sèvis ki kouvri yo

Akoz ou jwenn èd nan men Medicaid, ou pa peye anyen pou sèvis ou yo ki kouvri toutotan ou suiv règ plan an tabli pou w ka jwenn swen w yo. (Al Gade nan Chapit 3 a pou w ka jwenn plis enfòmasyon sou règ plan an tabli pou w ka jwenn swen w yo.)

Seksyon 1.2 Ki plis lajan w ap peye pou sèvis medikal Medicare Part A ak Part B ki kouvri yo?

Remak: Piske manm nou yo jwenn èd nan men Medicaid tou, se sèlman kèk nan manm yo ki rive atenn maksimòm lajan ki soti nan pòch sa a. Ou pa responsab pou w peye okenn frè ak lajan ki ap sot nan pòch ou pou atenn maksimòm ki ap sot nan pòch ou pou sèvis Pati A ak Pati B ki kouvri yo.

Plan Medicare Advantage yo gen yon limit sou kantite lajan ou dwe peye chak ane ak lajan ki soti nan pòch ou pou sèvis medikal ki kouvri anba Medicare Part A ak Part B. Yo rele limit sa a maksimòm lajan ki soti nan pòch ou (Maximum Out-Of-Pocket, MOOP) pou sèvis medikal yo. **Pou ane sivil 2026 la, montan MOOP la se \$9,250.**

Montan ou peye pou sèvis ki kouvri yo konte nan maksimòm montan sa a ki soti nan pòch ou. Montan ou peye pou prim plan an ak medikaman Pati D yo pa konte nan montan maksimòm ki sot nan pòch ou a. Epitou, montan ou peye pou kèk sèvis pa konte nan montan maksimòm ki sot nan pòch ou a. Yo make sèvis sa yo avèk yon asterisk (*) nan Tablo Avantaj Medikal la. Si w atenn montan maksimòm ki ap sot nan pòch ou a ki se \$9,250, ou p ap oblije peye okenn frè ki sot nan pòch ou pou rès ane a, pou sèvis Pati A ak Pati B ki kouvri yo. Sepandan, ou dwen kontinye peye prim Medicare Part B a (sof si Medicaid oswa yon lòt moun te peye prim Pati B ou yo pou ou).

SEKSYON 2 Tablo Avantaj Medikal yo montre benefis medikal ou yo ak pri yo

Tablo Benefis Medikal ki nan pwochen paj yo bay lis sèvis Senior Whole Health of New York NHC (HMO D-SNP) kouvri yo (kouvèti medikaman Pati a se nan Chapit 5). Yo kouvri sèvis ki mansyone nan Tablo Avantaj Medikal yo sèlman lè yo reponn ak kondisyon Kouvèti sa yo:

- Yo dwe bay sèvis Medicare ki kouvri yo an konfòmite ak liy direktiv kouvèti Medicare yo.

Chapit 4: Tablo Avantaj Medikal yo (sa ki kouvri yo)

- Sèvis ou yo (tankou swen medikal, sèvis, founiti, ekipman, ak medikaman Pati B yo) *dwe* nesesè pou rezon medikal. Nesesè nan domèn medikal vle di sèvis, founiti, oswa medikaman yo nesesè pou fè prevansyon, dyagnostik oswa pou trete kondisyon medikal ou a, epi pou respekte estanda ki akseptab nan domèn pratik medikal.
- Pou moun ki fèk enskri yo, plan swen kowòdone MA ou a dwe prevwa yon peryòd tranzisyon ki se minimòm 90 jou, kote, pandan moman sa a, nouvo plan MA a kapab egzije pou jwenn otorizasyon alavans pou okenn tretman aktif, menmsi tretman an se pou yon sèvis ki te kòmanse avèk yon founisè ki pa nan rezo a.
- Ou resevwa swen w lan nan men yon founisè ki nan rezo a. Nan pifò ka, yo p ap kouvri swen ou resevwa nan men yon founisè ki pa nan rezo a, sof si se swen ijans oswa swen rapid oswa sof si plan w lan oswa yon founisè ki nan rezo te ba ou yon referans. Sa vle di, ou peye founisè a okonplè pou sèvis ou resevwa yo.
- Ou gen yon founisè swen prensipal (yon PCP) ki ap ba w swen epi sipèvizè swen w.
- Kèk nan sèvis ki ekri nan Tablo Benefis Medikal la gen kouvèti *sèlman* si doktè w oswa lòt founisè ki nan rezo a jwenn apwobasyon alavans nan men nou (pafwa ki rele otorizasyon alavans). Sèvis ki kouvri ki bezwen apwobasyon alavans yo make nan Tablo Avantaj Medikal la an karaktè **gra**.
- Si plan swen kowòdone ou a apwouve yon demann otorizasyon alavans pou yon tretman, apwobasyon an dwe valid toutotan li nesesè epi li rezonab nan domèn medikal, pou evite gen entèripsyon nan swen w lan, an konfòmite ak kritè Kouvèti ki aplikab la, antesedan medikal ou, epi rekòmandasyon founisè k ap fè tretman an.

Lòt bagay enpòtan ou dwe konnen sou kouvèti asirans nou an:

- Ou gen kouvèti ni nan Medicare ni nan Medicaid. Medicare kouvri swen sante ak medikaman sou preskripsyon yo. Medicaid Kouvri pataj frè ou an pou sèvis Medicare yo, ki gen ladann sèvis nan lopital pou pasyan ki entène yo ak sèvis nan lopital pou pasyan ki pa entène yo. Epitou, Medicaid kouvri sèvis Medicare pa kouvri yo, tankou sèvis planing famiyal, swen alontèm, medikaman san preskripsyon, sèvis adomisil epi kominotè, oswa lòt sèvis Medicaid sèlman.
- Menm jan ak tout plan sante Medicare yo, nou kouvri tout bagay Original Medicare kouvri yo. (Si w vle aprann plis sou kouvèti an ak frè pou Original Medicare la, gade nan ti liv *Medicare & You 2026* ou an. Gade li anliy sou www.Medicare.gov oswa rele 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227) pou mande yon kopi. Itilizatè TTY yo rele 1-877-486-2048.)
- Pou sèvis prevantif ki kouvri gratis nan kad Original Medicare la, nou kouvri sèvis sa yo gratis pou ou tou.
- Si Medicare ajoute kouvèti pou nenpòt nouvo sèvis pandan ane 2026 lan, swa Medicare oswa plan nou an ap kouvri sèvis sa yo.
- Akoz ou jwenn èd nan men Medicaid, ou pa peye anyen pou sèvis ki kouvri yo toutotan ou suiv règ plan an tabli pou w ka jwenn swen w yo. Sa vle di, pou sèvis ki kouvri yo, ou p ap gen pou w peye okenn pataj frè (pa gen kopeman oswa franchiz). Antanke yon manm Senior Whole Health of New York NHC (HMO D-SNP), nou kowòdone sèvis Medicare ou genyen ki kouvri yo ak sèvis Medicaid ou yo, paske plan nou an kouvri toulede. Enfòmasyon sou benefis yo ki anba gen ladan sèvis Medicare ak Medicaid ki kouvri yo.
- Si w nan peryòd 6 mwa plan nou an (180 jou) kote nou konsidere w toujou elijib, nou ap kontinye bay tout avantaj Medicare plan Medicare Advantage la kouvri yo. Sepandan, pandan peryòd sa a, nou p ap kontinye kouvri avantaj Medicaid ki ajoute nan kad Plan Medicaid Eta ki aplikab la, ni nou p ap peye prim Medicare yo oswa pataj frè Eta a ap gen responsablite pou peye a si w pa pèdi elijibilite w pou Medicaid. Montan ou peye pou sèvis Medicare ki kouvri yo kapab ogmante pandan peryòd sa a.

Chapit 4: Tablo Avantaj Medikal yo (sa ki kouvri yo)

Si w elijib pou jwenn èd pou pataj frè Medicare nan kad Medicaid, ou p ap peye anyen pou sèvis ki site nan Tablo Benefis Medikal yo, toutotan ou respekte egzijans ki ekri anwo a konsènan kouvèti a.

Enfòmasyon Enpòtan sou Benefis yo pou Moun ki Enskri ki gen Maladi Kwonik

- Si yo fè dyagnostik ki montre w gen nenpòt pwoblèm kwonik ki site anba yo epi w ranpli sèten kritè, ou kapab elijib pou avantaj anplis espesyal pou maladi kwonik la.
 - Twoub itilizasyon alkòl kwonik ak lòt twoub itilizasyon sibstans (SUD)
 - Twoub otoiminitè
 - Kansè
 - Twoub kadyovaskilè
 - Ensifizans kadyak kwonik
 - Demans
 - Dyabèt sikre
 - Twòp pwa, obezite, ak sendwòm metabolik
 - Maladi gastwoentestinal kwonik
 - Maladi ren kwonik (CKD)
 - Twoub ematolojik grav
 - VIH/SIDA
 - Twoub poumon kwonik
 - Kondisyon sante mantal kwonik ak andikapan
 - Twoub newolojik
 - Estwok
 - Apre transplantasyon ògàn
 - Twoub iminodefisyans ak twoub iminosipresif
 - Kondisyon ki asosye ak andikap koyitif
 - Kondisyon ki gen difikilte fonksyonèl
 - Kondisyon kwonik ki afekte vizyon, tande (soud), gou, manyen, ak sant
 - Kondisyon ki mande sèvis terapi kontinyèl pou moun yo ka kenbe oswa kontinye fonksyone

N ap ede w gen aksè nan avantaj sa yo. Ou kapab rele Sèvis Manm yo oswa Kowòdonatè Swen w lan pou kòmanse demann ou an oswa pou jwenn plis enfòmasyon.


Remak: Lè w mande avantaj sa a, w ap bay reprezantan Senior Whole Health of New York NHC yo otorizasyon pou kontakte w nan telefòn, nan kourye lapòs oswa nan nenpòt lòt metòd kominikasyon jan sa mansyone nan aplikasyon w lan.

- Pou plis detay, ale nan ranje *Avantaj Anplis Espesyal pou Moun ki Gen yo nan Maladi Kwonik* ki nan Tablo Benefis Medikal ki anba a.
- Kontakte nou pou w konnen egzakteman ki avantaj ou kapab elijib pou jwenn.


Chapit 4: Tablo Avantaj Medikal yo (sa ki kouvri yo)

Pòm sa a montre sèvis prevantif ki nan Tablo Avantaj Medicare yo.




Tablo Avantaj Medikal yo

	Sèvis ki kouvri	Sa w peye
	<p>Tès depistaj anevris awòtik nan vant*</p> <p>Yon tès depistaj ekografi yo fè yon sèl fwa pou moun ki gen risk yo. Plan nou an kouvri tès depistaj sa a sèlman si w gen kèk faktè risk epi si w gen yon rekòmandasyon pou se doktè, asistan doktè, enfimyè pratisyèn, oswa enfimyè klinisyen espesyalize ou a ki voye li.</p>	<p>Pa gen ko-asirans, kopeman, oswa franchiz pou manm ki elijib pou tès depistaj pou prevansyon sa a.</p>
	<p>Akiponkti pou doulè kwonik nan anba do</p> <p>Nan sèvis ki kouvri yo gen:</p> <p>Yo kouvri jiska 12 vizit nan 90 jou nan sikonstans sa yo:</p> <p>Nan objektif avantaj sa a, yo defini doulè kwonik anba do a kòm yon doulè:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Dire 12 semèn oswa plis; • ki pa espesifik, nan sans sa a li pa gen okenn kòz sistemik yo ka idantifye (sa vle di, li pa gen rapò ak maladi metastatik, maladi enflamatwa, maladi enfektye, elatriye); • ki pa gen rapò ak operasyon; epi • ki pa gen rapò ak gwosès. <p>Nou ap kouvri 8 sesyon anplis pou pasyan ki demontre yon amelyorasyon. Yo pa ka bay plis pase 20 tretman akiponkti pa ane.</p> <p>Yo dwe sispann tretman an si pasyan an pa amelyore oswa si l ap vin pi mal.</p> <p>Egzijans Founisè a:</p> <p>Doktè yo (jan sa defini nan seksyon 1861(r)(1) Lwa sou Sekirite Sosyal la [Lwa a]) ka bay sèvis akiponkti dapre egzijans eta a genyen ki aplikab yo.</p> <p>Asistan doktè yo (PAs), enfimyè pratisyèn yo (NPs)/espesyalis enfimyè klinik yo (CNSs) (jan yo idantifye sa nan 1861[aa] [5] nan Lwa a), ak pèsònèl oksilyè a ka bay sèvis akiponkti si yo reponn ak tout egzijans eta a genyen ki aplikab yo epi si yo genyen:</p> <ul style="list-style-type: none"> • yon diplòm nivo metrize oswa doktora nan akiponkti oswa Medsin Oryantal nan yon lekòl Komisyon Akreditasyon nan Akiponkti ak Medsin Oryantal la (Accreditation Commission on Acupuncture and Oriental Medicine, ACAOM) akredite; epi, 	<p>Pa gen ko-asirans oswa kopeman pou sèvis akiponkti ke Medicare kouvri yo.</p> <p>Li kapab obligatwa pou gen otorizasyon alavans.</p>




Chapit 4: Tablo Avantaj Medikal yo (sa ki kouvri yo)

	Sèvis ki kouvri	Sa w peye
	<p>Akiponkti pou doule kwonik nan anba do (Kontinye)</p> <ul style="list-style-type: none"> yon lisans ajou, konplè, aktif, epi ki san restriksyon pou pratike akiponkti nan yon Eta, nan yon Teritwa, oswa Eta Endepandan (Commonwealth) (sètadi Pòtoriko) nan Etazini, oswa District of Columbia. <p>Manm pèsònèl oksilyè k ap bay sèvis akiponkti yo dwe aji anba nivo sipèvizyon ki apwopriye yon doktè, PA, oswa NP/CNS règleman nou yo egzije nan 42 CFR §§ 410.26 ak 410.27.</p>	
	<p>Sèvis Akiponkti (Siplemantè)*</p> <p>Planifye omaksimòm jiska 30 vizit ki nesèsè pou rezon medikal chak ane sivil pou sèvis akiponkti.</p> <p>Yo kouvri sèvis akiponkti siplemantè yo lè yo detèmine yo kòm estanda swen yo aksepte pou rezon medikal pou:</p> <ul style="list-style-type: none"> Tèt fè mal; doule nan jwenti ranch oswa jenou ki gen rapò ak atwoz (OA); oswa lòt doule nan jwenti ekstremite yo lè li kwonik epi lè swen medikal estanda yo pa fè anyen pou li; sendwòm doule ki gen rapò ak jwenti yo ak tisi mou ki asosye yo; doule nan sistèm miskilè ak nan sistèm eskèlèt ki nan kou ak nan do a; kè plen ki gen rapò ak chimyoterapi; kè plen apre yon operasyon; epi kè plen ki gen rapò ak gwosès Sèvis akiponkti ki kouvri yo, pa gen sèvis pou tretman opresyon oswa adiksyon (tankou san limite, sispans fimen) 	Pa gen ko-asirans, kopeman, oswa dediktib pou sèvis sa yo.
	<p>Sèvis anbilans</p> <p>Nan sèvis anbilans ki kouvri yo, kit se pou yon sitiyasyon ki ijans oswa ki pa ijans, gen sèvis anbilans abaz zèl fiks, zèl ki ap vire, epi atè, pou ale nan etablisman apwopriye ki pi pre a epi ki kapab bay swen si yo ap bay li</p> <p>pou yon manm eta sante li yon jan opwen lòt mwayen transpò yo kapab mete sante moun nan an danje, oswa plan nou an otorize sa. Si sèvis anbilans ki kouvri yo pa pou yon sitiyasyon ijans, yo dwe ekri pou fè konnen nan eta kondisyon sante manm lan ye a, si yo itilize lòt mwayen transpò, sa kapab mete sante moun nan an danje epi transpò nan anbilans lan nesèsè pou rezon medikal.</p>	Pa gen ko-asirans oswa kopeman pou sèvis anbilans Medicare kouvri yo. Otorizasyon alavans obligatwa pou anbilans ki pa ijans sèlman.
	<p>Vizit byennèt anyèl</p> <p>Si w te gen Pati B pou plis pase 12 mwa, ou ka gen yon vizit woutin pa ane pou w devlope oswa mete ajou plan prevansyon pèsònèl ou sou baz eta sante kounye a ak risk ou ka genyen. Yo gen kouvèti yon fwa chak 12 mwa.</p>	Pa gen ko-asirans, kopeman oswa franchiz pou vizit byennèt anyèl la.

Chapit 4: Tablo Avantaj Medikal yo (sa ki kouvri yo)

	Sèvis ki kouvri	Sa w peye
	<p>Vizit byennèt anyèl (Kontinye)</p> <p>Remak: Premye vizit byennèt anyèl ou a pa ka fèt nan espas 12 mwa apre vizit prevantif Byenveni nan Medicare ou a. Sepandan, ou pa bezwen te gen yon vizit Byenveni nan Medicare pou yo kouvri w pou vizit byennèt chak ane yo apre ou fin fè Pati B a pandan 12 mwa.</p>	
	<p>Mezi mas zo</p> <p>Pou moun ki kalifye yo (an jeneral, sa vle di moun ki gen risk pou pèdi mas zo yo oswa ki gen risk osteyopowoz), sèvis ki vin apre yo kouvri chak 24 mwa oswa pi souvan si yo nesèsè pou rezon medikal: pwosedi pou idantifye mas zo, detekte pèt zo, oswa detèmine kalite zo, san wete entèpretasyon rezilta yo grasa yon medsen.</p>	Pa gen okenn ko-asirans, kopeman oswa franchiz pou mezi mas zo Medicare kouvri a.
	<p>Tès depistaj kansè nan tete (mamogram)*</p> <p>Nan sèvis ki kouvri yo gen:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Yon mamogram debaz ant 35 lane a 39 lane • Yon tès depistaj mamogram chak 12 mwa pou fi ki gen 40 lane oswa plis yo • Egzamen tete klinik yon fwa chak 24 mwa <p>Yo itilize yon mamografi tès depistaj pou deteksyon bonè kansè nan tete a. Yon fwa yo fin etabli yon antesedan kansè nan tete, epi jiskaske pa gen okenn siy oswa sentòm kansè nan tete ankò, yo konsidere mamogram ki ankou yo kòm dyagnostik epi yo mamogram sa yo kouvri sou baz “Tès dyagnostik pou pasyan ki pa entèn ak sèvis epi founiti terapeetik” ki nan tablo sa a. Avantaj anyèl mamografi tès depistaj la pa disponib pou manm ki gen siy oswa sentòm kansè nan tete yo.</p>	Pa gen ko-asirans, kopeman oswa franchiz pou tès depistaj mamogram ki kouvri yo.
	<p>Sèvis reyabilitasyon kadyak</p> <p>Pwogram konplè pou sèvis reyabilitasyon kadyak ki gen ladan egzèsis, edikasyon, ak konsèy yo kouvri pou manm ki reponn ak kèk kondisyon ansanm ak òdonans yon doktè.</p> <p>Epitou, plan nou an kouvri pwogram reyabilitasyon kadyak entansif yo, an jeneral ki pi di oswa pi entans pase pwogram reyabilitasyon kadyak yo.</p>	Pa gen ko-asirans, kopeman, oswa franchiz pou sèvis sa yo. Li kapab obligatwa pou gen otorizasyon alavans.
	<p>Vizit pou rediksyon risk pou maladi kadyo-vaskilè (terapi pou maladi kadyo-vaskilè)*</p> <p>Nou kouvri yon vizit chak ane lakay founisè swen prensipal ou an, pou ede w diminye risk pou w gen maladi kadyo-vaskilè. Pandan vizit sa a, doktè ou ka pale sou itilizasyon aspirin (si sa apwopriye), kontwòl tansyon w, epi ba ou konsèy pou asire w ap manje byen.</p>	Pa gen ko-asirans, kopeman oswa franchiz pou Pa gen okenn koassirans, kopeman oswa franchiz pou avantaj prevantif maladi kadyo-vaskilè pou terapi konpòtmantal entansif.



Chapit 4: Tablo Avantaj Medikal yo (sa ki kouvri yo)

	Sèvis ki kouvri	Sa w peye
	<p>Tès depistaj pou maladi kadyo-vaskilè</p> <p>Tès san pou deteksyon maladi kadyo-vaskilè (oswa anomali ki gen rapò ak yon gwo risk pou maladi kadyo-vaskilè) yon fwa chak 5 lane (60 mwa).</p>	Pa gen ko-asirans, kopeman oswa franchiz pou tès maladi kadyo-vaskilè ki kouvri yon fwa chak 5 lane.
	<p>Tès depistaj kansè nan kòl matris ak nan vajen</p> <p>Nan sèvis ki kouvri yo gen:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Pou tout fi: Yo kouvri Pap tès ak egzamen anba ti vant yon fwa chak 24 mwa • Si gen gwo risk pou w gen kansè nan kòl matris oswa kansè nan vajen, oswa ou gen laj pou fè timoun epi w te fè yon Pap tès ki pa nòmal nan 3 lane ki pase yo: yon Pap tès chak 12 mwa. 	Pa gen ko-asirans, kopeman oswa franchiz pou egzamen prevantif Pap tès ak egzamen pèlvyen Medicare kouvri yo.
	<p>Sèvis kiwopraktik (Medicare kouvri)</p> <p>Nan sèvis ki kouvri yo gen:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Manipilasyon manyèl nan kolòn vètebral la pou korije yon debwatman 	Pa gen ko-asirans, kopeman, oswa franchiz pou sèvis sa yo.
	<p>Jesyon doulè kwonik ak sèvis tretman</p> <p>Chak mwa li kouvri sèvis pou moun k ap viv ak doulè kwonik (doulè pèsistan oswa k ap pede retounen e ki dire plis pase 3 mwa). Nan sèvis yo, kapab gen evalyasyon doulè, jesyon medikaman, ak kowòdinasyon epi planifikasyon swen.</p>	Pa gen ko-asirans, kopeman, oswa franchiz pou sèvis sa yo.
	<p>Tès depistaj kansè kolon*</p> <p>Yo kouvri tès depistaj ki annapre yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Pa gen limit laj minimòm oswa maksimòm pou koloskopi, epi li kouvri yon fwa chak 120 mwa (10 lane) pou pasyan ki pa gen gwo risk, oswa 48 mwa apre yon sigmoidoskopi fleksib anvan sa pou pasyan ki pa gen gwo risk pou kansè kolorektal, epi yon fwa chak 24 mwa pou pasyan ki gen gwo risk apre yon tès depistaj pou koloskopi anvan sa. • Eskanè CT pou kolon (gwo entesten) pou pasyan ki gen 45 lane oswa plis e ki pa gen gwo risk pou kansè kolorektal, e li kouvri lè gen omwen 59 mwa fin pase apre mwa kote yo te fè dènye depistaj eskanè CT pou kolon, oswa gen 47 mwa ki pase apre mwa kote yo te fè dènye tès depistaj sigmoidoskopi fleksib oswa tès depistaj kolonoskopi a. Pou pasyan ki gen gwo risk pou gen kansè kolorektal yo, pèman an kapab fèt pou yon depistaj koloskopi vityèl grasa eskanè CT pou kolon ki fèt apre omwen 23 mwa fin pase apre mwa kote yo te fè dènye depistaj koloskopi vityèl grasa tomodansitometri a oswa dènye depistaj koloskopi ki te fèt la. 	<p>Pa gen ko-asirans, kopeman oswa franchiz pou yon egzamen tès depistaj kansè kolon Medicare kouvri. Si doktè w jwenn epi retire yon polip oswa yon lòt tisi pandan koloskopi oswa sigmoidoskopi fleksib la, egzamen depistaj la vin tounen yon egzamen dyagnostik.</p> <p>Franchiz Pati B a pa aplikab.</p> <p>Si yo dekouvri yon bagay ki pa nòmal pandan yon tès depistaj epi founisè a pran mezi pou sa nan moman an, lè sa a, yo ap konsidere</p>


Chapit 4: Tablo Avantaj Medikal yo (sa ki kouvri yo)

	Sèvis ki kouvri	Sa w peye
	<p>Tès depistaj kansè kolorektal* (kontinye)</p> <ul style="list-style-type: none"> • Sigmoyidoskopi fleksib pou pasyan ki gen 45 lane ak plis. Yon fwa chak 120 mwa pou pasyan ki pa gen risk elve apre pasyan an fin fè yon tès depistaj pou koloskopi. Yon fwa chak 48 mwa pou pasyan ki gen risk elve apre dènye sigmoyidoskopi fleksib la oswa eskanè CT pou kolon. • Tès depistaj san nan pou pou pou pasyan ki gen 45 lane ak plis. Yon fwa chak 12 mwa. • ADN nan pou pou pou plizyè sib pou pasyan ki gen 45 lane a 85 lane epi ki pa reponn ak kritè gwo risk yo. Yon fwa chak 3 lane. • Tès Byomakè ki baze sou san pou pasyan ki gen 45 lane a 85 lane epi ki pa reponn ak kritè gwo risk yo. Yon fwa chak 3 lane. • Nan tès depistaj pou kansè kolorektal yo gen yon tès koloskopi pou suivi apre yon tès depistaj kansè kolorektal ki pa envazif epi ki baze sou pou pou Medicare kouvri, bay yon rezilta pozitif. • Tès depistaj kansè kolorektal yo gen yon tès depistaj pou sigmoyidoskopi fleksib oswa yon tès depistaj koloskopi planifye ki enplike prelevman tisi oswa lòt matyè, oswa lòt pwosedi yo bay an koneksyon ak, akoz, epi nan menm konsiltasyon klinik ak tès depistaj la. 	<p>sèvis li bay anplis yo (biyopsi oswa lòt entèvansyon an) kòm yon egzamen dyagnostik.</p>
	<p>Sèvis dantè (Medicare kouvri yo)</p> <p>An jeneral, Original Medicare pa kouvri sèvis swen dantè prevantif yo (tankou netwayaj, egzamen swen dantè pa woutin, ak radyografi dantè). Sepandan, Medicare peye pou sèvis dantè yo nan yon kantite sikonstans limite, espesyalman lè sèvis sa a se yon pati enpòtan nan tretman espesifik pou premye kondisyon medikal yon benefisyè. Kòm egzanzp, gen rekonstriksyon machwè a apre yon frakti oswa yon blesi, rache dan pou prepare yon tretman avèk radyasyon pou yon kansè ki gen rapò ak machwè a, oswa egzamen bouch ki fèt anvan yon transplantasyon ògàn.</p> <p>*Lis sa a pa yon garanti pou kouvèti.</p> <p>*Gen kèk pwosedi ki kapab mande otorizasyon alavans. Dantis ou a ap soumèt kèk dokiman tankou radyografi yo ak yon eksplikasyon detaye pou sipòte pwosedi ki nesèsè pou rezon medikal yo epi ki reponn ak direktiv klinik yo aksepte yo.</p>	<p>Pa gen ko-asirans, kopeman, oswa franchiz pou manm ki elijib pou sèvis sa yo.</p> <p>Li kapab obligatwa pou gen otorizasyon alavans pou swen dantè konplè.</p>

Chapit 4: Tablo Avantaj Medikal yo (sa ki kouvri yo)

	Sèvis ki kouvri	Sa w peye
	<p>Sèvis dantè (Siplemantè)*</p> <p>Nou tabli yon patenarya avèk yon vandè pou bay kouvèti pou swen dantè konplè ki sou menm liy avèk sèvis New York State Medicaid ofri yo. Sèvis yo ap kouvri lèw resevwa yo nan men yon founisè ki afilye atravè rezon vandè nou yo.</p> <p>Nan avantaj dantè ou yo, gen Sèvis Dyagnostik, Swen Prevantiv, Sèvis Reparasyon, Andodonsi, Pawodonsi, Pwostodonsi (ki kapab retire), Pwostodonsi (fiks), Pwotèz Maksilo-fasyal, Sèvis Enplan Dantè, Chiriji nan Bouch ak Maksilo-fasyal, ansanm ak Sèvis Oksilyè Jeneral.</p> <p>Pou jwenn yon lis sèvi konplè, tanpri, ale sou www.health.ny.gov/health_care/medicaid/program/dental/provider/index.htm epi chwazi Pwogram Frè ki Ajou</p> <p>Asosyasyon Dantis Ameriken yo (ADA) kapab mete kòd ki ekri nan lyen pwogram avantaj ki anwo a ajou. Si w gen yon kesyon sou yon kòd dantè ADA, tanpri, rele Sèvis Manm yo. Ou kapab jwenn nimewo yo nan do kat idantifikasyon plan manm ou an. Gen kèk sèvis dantè ki kapab egzije otorizasyon alavans epi ki dwe nesèsè pou rezon medikal. founisè w la ap jere pou ou, nenpòt otorizasyon pou plan w lan epi ki obligatwa.</p> <p>Remak: Kouvéti ki anwo a se pou Benefis Swen Dantè Siplemantè Medicare. Epitou se Senior Whole Health of New York NHC (HMO D-SNP) ou a k ap jere Benefis Swen Dantè New York Medicaid ou a. Tanpri, kontakte Plan an si w gen nenpòt kesyon sou benefis Medicaid sa a.</p>	<p>Pa gen okenn ko-asirans oswa kopeman.</p> <p>Se pa tout pwosedi swen dantè yon dantis rekòmande ki kapab kouvri. Fè dantis la di w kisa plan an ap peye epi kisa w ap peye ak lajan ki soti nan pòch ou.</p> <p>Ou kapab responsab pou peye frè yo si yo pa kouvri yon sèvis oswa si w depase alokasyon maksimòm ou an. Yo kapab aplike yon seri limit ak esklizyon.</p>
	<p>Tès depistaj pou depresyon</p> <p>Nou kouvri yon tès depistaj pou depresyon chak ane. Tès depistaj la dwe fèt nan yon anviwònman swen prensipal ki ka bay tretman suivi ak/oswa referans.</p>	<p>Pa gen ko-asirans, kopeman oswa franchiz pou vizit tès depistaj depresyon chak ane.</p>
	<p>Tès depistaj pou dyabèt</p> <p>Nou kouvri tès depistaj sa a (san wete tès rapid pou glikoz yo), si w gen nenpòt nan faktè risk sa yo: tansyon wo (ipètansyon), antesedan nivo kolestewòl ak triglisemi ki pa nòmal (dislipidemi), obezite, oswa yon antesedan nivo sik ki wo (glikoz). Epitou, kapab gen kouvèti pou tès yo si w ranpli lòt kondisyon yo, tankou si w twò gwo epi si w te gen moun nan fanmi w ki te soufri dyabèt deja.</p> <p>Ou kapab elijib pou jiska 2 tès depistaj pou dyabèt chak 12 mwa, apati dat ou te fè tès depistaj pou dyabèt ki pi resan an.</p>	<p>Pa gen ko-asirans, kopeman oswa franchiz pou tès depistaj pou dyabèt ke Medicare kouvri.</p>


Chapit 4: Tablo Avantaj Medikal yo (sa ki kouvri yo)

	Sèvis ki kouvri	Sa w peye
	<p>Fòmasyon pou jere dyabèt poukont ou, sèvis ak akseswa pou dyabèt</p> <p>Pou tout moun ki gen dyabèt yo (moun k ap itilize ensilin ak moun ki p ap itilize ensilin). Nan sèvis ki kouvri yo gen:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Founiti pou siveye glikoz nan san w: glikomèt, bandlèt reyaktiv, otopikè ak lansèt, ansanm ak solisyon kontwòl glikoz la pou verifye presizyon bandlèt reyaktif yo ak glikomèt yo. <ul style="list-style-type: none"> ◦ Glikomèt yo (aparèy pou kontwole nivo sik) <ul style="list-style-type: none"> ◦ Kouvri lè doktè w preskri yo pou w itilize lakay ou. ◦ Glikomèt mak prefere yo pa bezwen yon otorizasyon alavans. ◦ Bandlèt pou tès glikoz (sik) <ul style="list-style-type: none"> ◦ Bandlèt mak prefere pou tès glikoz yo pa bezwen yon otorizasyon alavans ◦ Yo kapab limite pou yon pwovizyon 30-jou pou chak ranplisaj. ◦ True Metrix se fabrikan nou prefere pou founiti dyabetik yo. Tanpri gade fòmilè plan nou an pou jwenn plis enfòmasyon oswa rele Sèvis Manm yo pou jwenn plis enfòmasyon. ◦ Solisyon kontwòl glikoz pou verifye presizyon bandlèt yo ak glikomèt yo. ◦ Pou moun ki gen dyabèt epi ki souffri maladi sik nan pye ki grav. Yon pè soulye terapetik pèsonalize ki fèt sou yon fòm presi chak ane sivil (ki gen ladann semèl yo bay avèk soulye sa yo) ak de lòt pè semèl, oswa yon pè soulye pwofondè ak twa pè semèl (ki pa gen ladann semèl detachab ki pa pèsonalize yo bay ak soulye sa yo). Kouvèti enkli ajisteman. • Kouvri fòmasyon pou jere dyabèt la poukont ou an nan kèk kondisyon. • Sèvis pou dyabetik ke Medicare kouvri yo, enkli: <ul style="list-style-type: none"> ◦ Egzamen je ak tès glokòm chak ane ◦ Egzamen pou pye ◦ Sèvis terapi nitrisyonèl medikal (Medical Nutrition Therapy, MNT) 	<p>Pa gen ko-asirans, kopeman oswa franchiz pou avantaj sa a.</p> <p>Gen kouvèti pou ekipman yo lè w gen yon preskripsyon epi lè w ranpli li nan yon famasi ki vann an detay nan rezo a oswa atravè pwogram Sèvis Famasi pa Lapòs la.</p> <p>Gade “Swen pou je” nan tablo sa a, pou jwenn sèvis doktè a si w bezwen yon egzamen je pou kesyon dyabèt retinopati oswa yon tès depistaj glokòm.</p> <p>Gade “Sèvis podoloji” nan tablo sa a, si w gen dyabèt epi w bezwen wè yon doktè pou yon egzamen pye.</p> <p>Gade “Terapi nitrisyonèl medikal” nan tablo sa a, si w gen dyabèt epi w bezwen sèvis terapi nitrisyonèl medikal (MNT).</p> <p>Li kapab obligatwa pou gen otorizasyon alavans pou ekipman pou moun ki gen dyabèt, soulye dyabetik, ak semèl.</p> <p>Li pa obligatwa pou gen otorizasyon alavans pou fabrikan prefere.</p> <p>Li pa obligatwa pou gen otorizasyon alavans pou fòmasyon pou oto jere dyabèt ke Medicare kouvri.</p>

Chapit 4: Tablo Avantaj Medikal yo (sa ki kouvri yo)

Sèvis ki kouvri	Sa w peye
<p>Ekipman medikal ki dirab (DME) ak founiti ki lye ak yo</p> <p>(Pou jwenn yon definisyon pou ekipman medikal ki dirab, ale nan Chapit 12 ak Chapit 3 a)</p> <p>Nan atik ki kouvri yo gen, men se pa sa sèlman ki genyen: chèz woulant, beki, sistèm matla elektrik, ekipman pou moun ki gen dyabèt, kabann lopital yon founisè kòmande pou itilize nan kay la, ponp enfizyon nan venn (IV), aparèy ki jenere mesaj vokal, ekipman oksijèn, nebilizè, ak wòkè.</p> <p>Nou kouvri tout DME Original Medicare kouvri epi ki nesèsè pou rezon medikal. Si founisè nou gen nan zòn ou an pa pote yon mak oswa yon fabrikan an patikilye, ou kapab mande si li kapab fè yon kòmman espesyal pou ou. Lis founisè ki pi resan an disponib sou sit entènèt nou an nan SWHNY.com.</p> <p>An jeneral, Senior Whole Health of New York NHC (HMO D-SNP) kouvri nenpòt DME Original Medicare kouvri apati mak ak fabrikan ki nan lis sa a. Nou p ap kouvri lòt mak ak lòt fabrikan yo sof si doktè w oswa lòt founisè a di nou mak la apwopriye pou bezwen medikal ou yo. Si w nouvo nan Senior Whole Health of New York NHC (HMO D-SNP) epi w ap itilize yon mak DME ki pa nan lis nou an, nou ap kontinye kouvri mak sa a pou ou rive jis nan 90 jou. Pandan tan sa a, ou dwe pale avèk doktè w pou deside ki mak ki apwopriye pou ou nan domèn medikal, apre peryòd 90 jou sa a. (Si w pa dakò ak doktè w la, ou kapab mande li ba w referans pou jwenn yon dezyèm opinyon.)</p> <p>Si ou menm (oswa founisè w la) pa dakò ak desizyon plan nou an pran sou kouvéti a, ou menm oswa founisè w la kapab fè yon apèl. Epitou, ou kapab depoze yon apèl si w pa dakò ak desizyon founisè w la konsènan ki pwodui oswa mak ki apwopriye pou kondisyon medikal ou a. (Pou plis enfòmasyon konsènan apèl yo, ale nan Chapit 9)</p>	<p>Pa gen ko-asirans, kopeman oswa franchiz pou avantaj sa a.</p> <p>Li kapab obligatwa pou gen otorizasyon alavans.</p>
<p>Swen ijans</p> <p>Swen ijans fè referans ak sèvis:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Yon founisè ki kalifye bay pou li bay sèvis dijans, epi • Ki nesèsè pou evalye oswa estabilize yon kondisyon medikal dijans. <p>Yon ijans medikal se lè ou menm, oswa nenpòt lòt moun ki pridan epi ki gen yon konesans mwayen nan kesyon sante ak medsin, kwè ou gen yon seri sentòm medikal ki mande pou w jwenn èd medikal san pèdi tan pou anpeche w pèdi lavi w (epi, si w se yon fi ansent, pou w pa pèdi yon timoun ki poko fèt), pou pa pèdi yon manm ou, oswa pou w pa pèdi fonksyon yon manm ou. Sentòm medikal yo kapab se yon maladi, yon blesi, gwo doulè, oswa yon kondisyon medikal ki vin pi mal nan yon ti kras tan.</p>	<p>Pa gen ko-asirans, kopeman, oswa franchiz pou sèvis sa yo.</p> <p>Si w entène nan yon lopital, w ap peye pataj frè a jan sa dekri nan “Swen lopital pou pasyan ki entène” nan tablo sa a.</p> <p>Pataj frè ou an se menm pou sèvis dijans ki nan rezo a oswa ki pa nan rezo a.</p>

Chapit 4: Tablo Avantaj Medikal yo (sa ki kouvri yo)

	Sèvis ki kouvri	Sa w peye
	<p>Swen ijans (Kontinye)</p> <p>Pataj frè pou sèvis ijans nesèsè yo ba w andeyò rezo a se menm pou sèvis yo ba w nan rezo yo.</p> <p>Yo ka kouvri swen ijans yo bay andeyò Etazini (U.S.) yo anba kouvèti avantaj ijan atravè lemond. Nou ofri jiska \$10,000 pou kouvèti dijans chak ane sivil toupatou nan monn nan, pou swen ijans, ak swen apre moun nan fin estab. Ale nan “Kouvèti swen ijans toupatou nan monn lan” nan tablo sa a, pou w aprann plis.</p>	<p>Si w resevwa swen ijans nan yon lopital ki pa nan rezo a epi w bezwen swen pou pasyan ki entène apre ijans medikal ou a fin estab, ou dwe ale nan yon lopital ki nan rezo a pou yo kapab kontinye kouvri swen w yo OSWA ou dwe resevwa swen pou pasyan ki entène a nan yon lopital ki pa nan rezo a plan nou an otorize, epi depans ou an se pataj frè ki pi wo ou pral peye nan yon lopital ki nan rezo a.</p>
	<p>Avantaj pou sante fizik (Siplemanè)*</p> <p>Ou jwenn yon abònman nan yon sant espò pou w ka patisipe nan sant espò yo. Si w pa kapab vizite yon sant espò oswa si w prefere fè egzèsis lakay ou, ou kapab chwazi yon kit 'Home Fitness' (Fè Egzèsis Fizik Lakay Ou). Kit la ap ede w rete aktif pandan ou byen alèz lakay ou. Nan opsyon pou sante fizik adomisil yo gen chwa trasè sante fizik, kit pou ranfòsman misk oswa yoga.</p> <p>Si w chwazi fè egzèsis nan yon sant espò, ou kapab ale sou sit entènèt la epi chwazi yon lokal k ap patisipe, oswa ou kapab ale dirèkteman nan yon sant espò k ap patisipe pou w kòmanse. Etablisman k ap patisipe yo ak chèn sant espò yo kapab varye selon anplasan yo epi yo kapab chanje. Yo kapab chanje kit yo.</p>	<p>Pa gen ko-asirans, kopeman oswa franchiz pou avantaj sa a.</p> <p>Toujou pale ak doktè w la anvan w kòmanse oswa anvan w chanje woutin egzèsis ou yo.</p>
	<p>Pwogram edikasyon pou sante ak byennèt</p> <ul style="list-style-type: none"> • Nou gen pwogram ki disponib pou ede w jere yon pwoblèm sante yo dyagnostike. Nan pwogram yo gen jesyon Opresyon • Jesyon depresyon • Jesyon dyabèt • Jesyon tansyon wo • Jesyon Maladi Kadyo-vaskilè (Cardiovascular Disease, CVD) • Jesyon Maladi Poumon Bouche ki Kwonik (Chronic Obstructive Pulmonary Disease, COPD). <p>Materyèl aprantisaj ak konsèy sou swen yo disponib. Epitou, nou ka ede w travay ansanm ak founisè w la.</p>	<p>Pa gen ko-asirans, kopeman, oswa franchiz pou sèvis sa yo.</p>


Chapit 4: Tablo Avantaj Medikal yo (sa ki kouvri yo)

Sèvis ki kouvri	Sa w peye
<p>Pwogram edikasyon pou sante ak byennèt (Kontinye)</p> <p>Enskripsyon nan Pwogram Jesyon Sante a:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Ou otomatikman enskri nan pwogram ki pi byen reponn ak bezwen w yo dapre done reklamasyon medikal oswa done famasi yo. • Epitou, ou ka enskri atravè founisè w la oswa kote ou refere tèt ou a. <p>Gen kèk kondisyon ou dwe ranpli pou w ka enskri.</p> <p>Anilasyon Enskripsyon nan Pwogram Jesyon Sante a:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Pwogram sa yo pa obligatwa, epi ou ka chwazi pou yo retire w nan yon pwogram nenpòt ki lè. <p>Ou ka jwenn plis enfòmasyon oswa enskri nan nenpòt nan pwogram ki anwo yo, pou fè sa, rele Depatman Jesyon Sante nou an nan nimewo (866) 891-2320 (TTY: 711), lendi jiska vandredi, soti 8 a.m. pou rive 8 p.m. (Lè Estanda nan Lès).</p> <p>Pwogram Pwomosyon Sante</p> <p>Gen lòt pwogram ki fèt pou anrichi sante w ak mòdvi ou ki disponib tou, tankou:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Yon pwogram pou sispann fimen. • Yon pwogram pou kontwòl pwa. <p>Pou ka jwenn enfòmasyon ak/oswa materyèl pou sispann fimen oswa pou kontwòl pwa, rele nan nimewo (866) 472-9483 (TTY/TDD: 711), lendi jiska vandredi, soti 8 a.m. pou rive 8 p.m. (Lè Estanda nan Lès).</p> <p>Liy Asistans Telefonik pou Konsèy sou Sante (Nurse Advice Line)</p> <p>Kit ou gen yon pwoblèm sante imedyat, kit ou gen kesyon sou yon kondisyon medikal, oswa ou ta renmen jwenn enfòmasyon jeneral konsènan resous sante ki disponib yo, liy asistans telefonik pou konsèy sou sante a disponib 24 sou 24, 7 jou sou 7.</p> <p>Yon enfimyè otorize ap ede w detèmine si w ka jere swen ou lakay ou oswa si w bezwen èd yon founisèmedikal.</p> <p>Nimewo telefòn gratis pou Liy Asistans Telefonik pou Konsèy sou Sante (Nurse Advice Line) a se: (844) 658-8544, (TTY/TDD: 711)</p> <p>Rele nenpòt lè, lajounen kou lannwit, pou pale ak yon enfimyè otorize konsènan kèk maladi oswa chòk.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Pa gen okenn referans oswa otorizasyon alavans ki nesèsè <p>Yo pa fè sèvis sa a pou ijans. Nan ka gen yon ijans, rele 911 imedyatman.</p>	

Chapit 4: Tablo Avantaj Medikal yo (sa ki kouvri yo)

Sèvis ki kouvri	Sa w peye
<p>Kat Healthy You</p> <p>Kat Healthy You plan an ba w yon alokasyon \$285 pou depans konbine chak mwa, pou kèk avantaj plan siplemantè, tankou:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Pwodui yo vann san preskripsyon (OTC) • Pwotèz Oditif OTC yo • Aliman ak Pwodui* • Transpò pou Nenpòt Kote ki Lye ak Sante • Transpò pou Bezwen ki Pa Medikal • Sèvis Piblik <p>Kat debi ki deja gen lajan sou li a pa yon kat kredi. Ou pa ka konvèti kat la an lajan kach oswa prete lòt moun li. Pa kouvri pou pwosedi kosmetik yo anba kat avantaj sa. Yo mete fon an sou kat la chak mwa. Nan fen chak mwa, yo p ap ajoute okenn lajan ki pa t itilize sou mwa ki vin apre a oswa sou plan ane ki vin apre a. Si w kite plan an, nenpòt lajan ki pa t itilize ap retounen nan plan an espesyalman nan dat anilasyon enskripsyon w lan antre anvigè a.</p> <p>Pou plis enfòmasyon sou fason pou kalifye nan Benefis Siplemantè Espesyal pou avantaj Aliman ak Pwodui pou Maladi Kwonik, tanpri, rele Sèvis Manm Senior Whole Health of New York NHC (HMO D-SNP) yo. Pou manm yo jwenn alokasyon pou SSBCI yo a, yo dwe gen yon maladi kwonik ki pèmèt yo kalifye; epi yo dwe bay apwobasyon doktè a ansanm ak Jesyon Dosye Senior Whole Health of New York NHC (HMO D-SNP) a. Pou jwenn plis enfòmasyon, gade nan “Benefis Siplemantè Espesyal pou Moun ki gen Maladi Kwonik” yo nan tablo sa a.</p>	<p>Pa gen ko-asirans, kopeman oswa franchiz pou kat Healthy You ou a.</p>
<p>Sèvis oditif</p> <p>Evalyasyon dyagnostik oditif ak ekilib ke founisè w la fè pou detèmine si w bezwen tretman medikal yo, kouvri antanke swen pou pasyan ki pa entènè lè w resevwa yo nan men yondoktè, yon odyolojis, oswa yon lòt founisè ki kalifye.</p> <p>Egzamen dyagnostik oditif ak ekilib Medicare kouvri yo pèmèt yo detèmine si w bezwen tretman medikal oswa si w pa bezwen.</p> <p>Egzamen an baze sou yon bezwen medikal sèlman, tankou lè yon moun pèdi nan kapasite pou li tande akòz yon maladi, yon chòk oswa yon operasyon.</p> <p>Sèvis Oditif (Siplemantè) *</p> <p>Anplis sèvis oditif Medicare kouvri yo, ou kapab resevwa yon tès oditif pa woutin yon fwa chak ane sivil. Apre tès oditif pa woutin nan, ou kapab resevwa yon aparèy oditif. Pou jwenn yon founisèswen oditif nan rezo a epi ki toupre w, ou kapab:</p>	<p>Pa gen ko-asirans, kopeman, oswa franchiz pou sèvis sa yo.</p> <p>Li kapab obligatwa pou gen otorizasyon alavans.</p>


Chapit 4: Tablo Avantaj Medikal yo (sa ki kouvri yo)

	Sèvis ki kouvri	Sa w peye
	<p>Sèvis oditif (Kontinye)</p> <ol style="list-style-type: none"> 1. Rele Depatman Sèvis Manm nou an, oswa 2. Cchèche anliy – sèvi ak zouti pou fè rechèch anliy nou an pou jwenn founisèswen oditif sipleman tè nou an nan MolinaHealthcare.com/Medicare. <p>Adaptasyon / evalyasyon pou aparèy oditif yo kapab fèt yon fwa chak ane sivil.</p> <p>Si yo di w ou bezwen aparèy oditif, ou kapab resevwa jiska 2 aparèy oditif yo te deja chwazi, nan men yon founisè plan an apwouve, chak 2 lane pou toude zòrèy yo ansanm.</p>	
	<p>Tès depistaj HIV</p> <p>Pou moun ki mande yon tès depistaj VIH oswa ki gen gwo risk pou gen enfeksyon VIH, nou kouvri:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Yon egzamen pou depistaj chak 12 mwa. <p>Si w ansent, nou kouvri:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Jiska 3 egzamen tès depistaj pandan yon gwosès. 	<p>Pa gen ko-asirans, kopeman, oswa franchiz pou manm ki elijib pou tès depistaj pou prevansyon VIH Medicare kouvri.</p>
	<p>Swen ajans swen sante adomisil</p> <p>Anvan w resevwa sèvis swen sante adomisil, yon medsen dwe sètifye ou bezwen sèvis swen sante adomisil la epi li ap bay lòd pou yon ajan swen sante adomisil bay sèvis swen sante adomisil la. Ou dwe rete lakay ou, sa ki vle di, lè pou w kite lakay ou sa mande w anpil efò.</p> <p>Nan sèvis ki kouvri yo gen, san se pa sa sèlman:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Sèvis swen enfimyè kalifye ak sèvis èd pou sante adomisil a tan pasyèl oswa entèmitansn (pou kouvri anab avantaj swen sante adomisil la, sèvis swen enfimyè kalifye ak sèvis èd pou sante adomisil la konbine dwe totalize mwens pase 8 èdtan chak jou epi 35 èdtan pa semèn) • Terapi fizik, terapi okipasyonèl, ak terapi lapawòl • Sèvis medikal ak sosyal • Ekipman ak Founiti Medikal 	<p>Pa gen ko-asirans, kopeman, oswa franchiz pou sèvis sa yo.</p> <p>Li kapab obligatwa pou gen otorizasyon alavans.</p>
	<p>Terapi enfizyon adomisil</p> <p>Nan terapi enfizyon adomisil la gen bay yon moun medikaman oswa pwodui biyolojik nan venn oswa anba po pandan li lakay li. Konpozan ki nesèsè pou fè enfizyon adomisil gen ladan medikaman an (pa egzanp, antiviral, imino-globilin), ekipman (pa egzanp, yon ponp) ak founiti (pa egzanp, tib ak katetè).</p>	<p>Pa gen ko-asirans, kopeman, oswa franchiz pou sèvis sa yo.</p> <p>Li kapab obligatwa pou gen otorizasyon alavans.</p>

Chapit 4: Tablo Avantaj Medikal yo (sa ki kouvri yo)

Sèvis ki kouvri	Sa w peye
<p>Terapi enfizyon adomisil (Kontinye)</p> <p>Nan sèvis ki kouvri yo gen, san se pa sa sèlman:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Sèvis pwofesyonèl, san wete sèvis enfimyè, yo bay an konfòmite ak plan swen nou an • Fòmasyon ak edikasyon pasyan yo pa kouvri nan kad avantaj ekipman medikal ki dirab la • Siveyans adistans • Sèvis siveyans pou bay terapi enfizyon nan kay ak medikaman enfizyon nan kay, yon founisè ki kalifye bay pou terapi enfizyon nan kay 	
<p>Swen ospis</p> <p>Ou elijib pou avantaj ospis la, lè doktè w la ak direktè medikal ospis la ba ou yon pronostik tèminal ki sètifye ou se yon moun ki gen yon maladi ki nan faz tèminal epi ou gen 6 mwa oswa mwens tan pou viv, si maladi w la suiv pakou nòmal li a. Ou kapab resevwa swen nan nenpòt pwogram ospis Medicare sètifye. Plan w lan oblije ede w jwenn pwogram ospis Medicare sètifye nan zòn sèvis plan an, ki gen ladan òganizasyon nou posede, kontwole, oswa ki gen yon enterè finansye ladan yo. Doktè ospis ou a kapab yon founisè ki nan rezo a oswa yon founisè ki pa nan rezo a.</p> <p>Nan sèvis ki kouvri yo gen:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Medikaman pou kontwole sentòm ak soulajman doulè • Swen apezman akoutèm • Swen adomisil <p>Lè yo admèt ou nan yon ospis, ou gen dwa rete nan plan nou an; men si w rete nan plan nou an, ou dwe kontinye peye prim plan an.</p> <p><u>pou sèvis ospis ak sèvis ki kouvri nan Medicare Part A oswa B epi ki gen rapò ak pronostik tèminal ou a:</u> Original Medicare (olye plan nou an) ap peye founisè ospis ou a pou sèvis ospis yo ak nenpòt sèvis Pati A ak Pati B ki gen rapò ak pwonostik tèminal ou a. Pandan w nan pwogram ospis la, founisè ospis ou a ap faktire Original Medicare pou sèvis Original Medicare peye yo. W ap resevwa yon bòdwo pou pataj frè Original Medicare.</p> <p><u>Pou sèvis Medicare Part A oswa B kouvri epi ki gen rapò ak pronostik tèminal ou a:</u> Si w bezwen sèvis ki pa ijan, ki pa nesèsè annijans ki kouvri nan kad Medicare Part A oswa B epi ki pa gen rapò ak pronostik tèminal ou, pri w ap peye pou sèvis sa yo depann sou si w itilize yon founisè nan rezo plan nou an epi w suiv règ plan yo (tankou si gen yon egzijans pou w jwenn otorizasyon alavans).</p>	<p>Lè w enskri nan yon pwogram ospis Medicare sètifye, se Original Medicare ki ap peye sèvis ospis ou yo ak sèvis Pati A epi Pati B ki gen rapò ak pwonostik tèminal ou yo, se pa Senior Whole Health of New York NHC (HMO D-SNP).</p>

Chapit 4: Tablo Avantaj Medikal yo (sa ki kouvri yo)

	Sèvis ki kouvri	Sa w peye
	<p>Swen Ospis (Kontinye)</p> <ul style="list-style-type: none"> • Si w resevwa sèvis ki kouvri yo nan men yon pwofesyonèl swen sante ki nan rezo a epi w suiv règ plan an pou w jwenn sèvis yo, w ap peye sèlman pataj frè plan nou an pou sèvis ki nan rezo a • Si w resevwa sèvis ki kouvri yo nan men yon founisè ki pa nan rezo a, w ap peye pataj frè a nan kad Original Medicare <p><u>Pou sèvis Senior Whole Health of New York NHC (HMO D-SNP) kouvri, men Medicare Part A oswa B pa kouvri:</u> Senior Whole Health of New York NHC ap kontinye kouvri sèvis plan an kouvri yo epi ki pa kouvri nan kad Pati A oswa B, kit yo gen rapò oswa pa gen rapò ak pwonostik tèminal ou a. W ap peye montan pataj frè plan nou an pou sèvis sa yo.</p> <p><u>Pou medikaman avantaj Pati D plan nou an kapab kouvri yo:</u> Si medikaman sa yo pa gen rapò ak kondisyon final swen ospis ou a, w ap peye pataj frè a. Si yo gen rapò ak kondisyon tèminal swen ospis ou a, w ap peye pataj frè Original Medicare a. Ospis ak plan nou an pa janm kouvri medikaman yo anmenmtan. Pou plis detay, ale nan Chapit 5, Seksyon 9.4).</p> <p>Remak: Si w bezwen swen ki pa swen ospis (swen ki pa gen rapò ak pronostik tèminal ou a), kontakte nou pou nou fè aranjman pou sèvis yo.</p> <p>Plan nou an kouvri sèvis konsiltasyon ospis yo (yon fwa sèlman) pou yon moun ki gen yon maladi ki nan faz tèminal epi ki pa t chwazi benefis ospis la.</p>	
	<p>Vaksinasyon</p> <p>Nan sèvis Medicare Part B kouvri yo gen:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Vaksen kont nemoni • Piki pou grip (oswa vaksen), yon fwa chak sezon grip nan sezon otòn ak sezon ivè, ansanm ak lòt piki pou grip (oswa vaksen) si sa nesèsè pou rezon medikal • Vaksen kont Epatit B si gen gwo risk oswa risk mwayen pou w gen Epatit B • Vaksen kont COVID-19 • Lòt vaksen si w gen risk epi si yo respekte règleman kouvèti Medicare Part B yo <p>Epitou, nou kouvri pifò lòt vaksen pou granmoun yo nan kad avantaj medikaman Pati D nou an. Ale nan Chapit 6, Seksyon 8 la pou plis enfòmasyon.</p>	<p>Pa gen ko-asirans, kopeman oswa franchiz pou vaksen kont nemoni, grip, Epatit B ak COVID-19.</p>

Chapit 4: Tablo Avantaj Medikal yo (sa ki kouvri yo)

Sèvis ki kouvri	Sa w peye
<p>Swen lopital pou pasyan ki entène</p> <p>Ladan gen pasyan grav ki entène, Reyabilitasyon pou pasyan ki entène, lopital swen alontèm ak lòt kalite sèvis nan lopital pou pasyan ki entène. Swen lopital pou pasyan ki entène an kòmanse jou yo entène w fòmèlman nan lopital la sou lòd yon doktè. Jou anvan yo egzeyate w la se dènye jou w antanke pasyan ki entène.</p> <p>Nan sèvis ki kouvri yo gen, men, san se pa sa sèlman:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Chanm ki pa fin prive nèt (oswa yon chanm prive si sa nesèsè pou rezon medikal) • Repa ki gen ladann rejim alimantè espesyal • Sèvis swen enfimyè regilye • Frè pou inite swen espesyal yo (tankou inite swen entansif oswa inite swen kowonè) • Dwòg ak medikaman • Tès laboratwa • radyografi ak lòt sèvis radyoloji • Founiti medikal ak chirijikal ki nesèsè yo • Itilizasyon aparèy, tankou chèz woulant • Frè pou sal operasyon ak sal retablisman • Terapi fizik, okipasyonèl epi terapi langaj ak lapawòl • Sèvis pou twoub itilizasyon sibstans pou pasyan ki entène 	<p>Ou peye \$0 pou jou 1 a 90 sejou nan lopital pou chak peryòd benefis.</p> <p>Plan nou an kouvri 60 “jou rezèv pou tout lavi”. Yo se jou “anplis” nou kouvri. Si sejou nan lopital ou a plis pase 90 jou pou chak peryòd benefis, ou kapab itilize 60 jou anplis sa yo, kouvèti, lopital pou pasyan ki entène ou a ap limite nan 90 jou pou chak peryòd benefis.</p> <p>Kapab kouvri kèk lòt sèvis an konfòmite ak liy direktiv epi avantaj Medicaid ou yo.</p> <p>Si w te resevwa swen otorize pou pasyan ki entène nan yon lopital ki pa nan rezo a apre kondisyon ijans medikal ou a fin estabilize, depans ou a se</p>



Chapit 4: Tablo Avantaj Medikal yo (sa ki kouvri yo)

Sèvis ki kouvri	Sa w peye
<p>Swen lopital pou pasyan ki entène (Kontinye)</p> <ul style="list-style-type: none"> Nan kèk sikonstans, kalite transplantasyon ki vin apre yo kouvri: transplantasyon pou kòne, ren, ren ak pankreya, kè, fwa, poumon, kè/poumon, mwèl zo, selil souch, ak trip/miltiviseral. Si w bezwen yon transplantasyon, n ap fè aranjman pou yon sant transplantasyon Medicare apwouve, verifye dosye w la epi sant sa a ap decide si w se yon kandida pou yon transplantasyon. founisè k ap fè transplantasyon yo kapab lokal oswa andeyò zòn sèvis la. Si sèvis transplantasyon ki nan rezo nou an pa nan modèl swen kominotè a, ou kapab chwazi ale nan sa ki nan lokalite a toutotan founisè k ap fè transplantasyon lokal yo dakò aksepte Original Medicare. Si Senior Whole Health of New York NHC (HMO D-SNP) bay sèvis transplantasyon yo yon kote ki andeyò modèl swen pou transplantasyon nan kominote w la epi w chwazi jwenn yon sèvis transplantasyon kote ki byen lwen sa a, nou ap fè aranjman oswa peye pou lojman ki apwopriye ak frè transpò pou ou menm ak moun ki akonpaye w la. Senior Whole Health of New York NHC (HMO D-SNP) swen medikal <i>byen presi</i> ki lye ak transplantasyon an, avèk yon maksimòm jiska \$150 chak jou. Epitou, yo kapab mande ranbousman milyaj pou yon montan ki ekivalan an to milyaj estanda pou kontribyab yo jan Sèvis Revni Entèn nan (IRS) dekri sa, ki ajiste epi ki fè pati yon avi ki pibliye piblikman. Montan maksimòm y ap peye pou tout ranbousman pou vwayaj, lojman, repa, ak milyaj se senk mil dola (\$5,000) pou chak transplantasyon an konfòmite ak liy direktif plan an. San - enkli estokaj ak administrasyon. Kouvèti pou san konplè ak globil wouj konsantre kòmanse sèlman apati katriyèm demi-lit san ou bezwen an. Ou dwe swa peye frè pou premye 3 demi-lit san w resevwa nan yon ane sivil oswa oumenm oswa yon lòt moun fè yo ba w san an kom don. Tout lòt konpozan san yo kouvri, depi nan premye demi-lit san yo te itilize a. Sèvis doktè <p>Remak: Pou w se yon pasyan ki entène, founisè w la dwe ekri yon òdonans pou pran w fòmèlman kòm yon pasyan ki entène nan lopital la. Menmsi w pase tout nuit lan nan lopital la, yo kapab toujou konsidere w kòm yon pasyan ki pa entène. Si w pa sèten konsènan si w se yon pasyan ki entène oswa yon pasyan ki pa entène, ou dwe mande manm pèsònèl lopital la.</p> <p>Jwenn plis enfòmasyon nan fich enfòmasyon Medicare pou <i>Avantaj Lopital Medicare</i> la. Fich enfòmasyon sa a disponib sou www.Medicare.gov/publications/11435-Medicare-Hospital-Benefits.pdf oswa lè w rele 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227). Itilizatè TTY yo rele 1-877-486-2048. Ou kapab rele nimewo sa yo gratis, 24 èdtan pa jou, 7 jou pa semèn.</p>	<p>pataj frè w ap gen pou peye nan yon lopital ki nan rezo a.</p> <p>Li kapab obligatwa pou gen otorizasyon alavans.</p>

Chapit 4: Tablo Avantaj Medikal yo (sa ki kouvri yo)

Sèvis ki kouvri	Sa w peye
<p>Sèvis pou pasyan ki entène nan yon lopital sikyatrik</p> <p>Nan sèvis ki kouvri yo gen sèvis swen sante mantal ki mande sejou nan lopital.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Ou kapab jwenn sèvis sa yo swa nan yon lopital jeneral oswa nan yon lopital sikyatrik ki sèlman pran swen moun ki gen pwoblèm sante mantal. • Si w nan yon lopital sikyatrik (olye de yon lopital jeneral), Medicare peye sèlman jiska 190 jou pou sèvis nan lopital sikyatrik pou ou antanke pasyan ki entène pandan tout lavi w. • Si w te itilize yon pati nan limit 190 jou ou genyen pou tout lavi w la anvan w te enskri nan plan nou an, kidonk, kantite jou lopital pou tout lavi w ou genyen ki kouvri a ap redwi pa kantite jou pasyan ki entène pou tretman swen sante mantal Medicare deja kouvri nan yon lopital sikyatrik. • Limit 190 jou a pa aplike pou sèvis sante mantal yo bay nan yon inite sikyatrik etan nan yon lopital jeneral. • Pa gen limit nan kantite peryòd benefis ou ka genyen lè w resevwa swen sante mantal nan yon lopital jeneral. Epiou, ou kapab gen plizyè peryòd benefis lè w resevwa swen nan yon lopital sikyatrik, men, gen yon limit pou tout lavi ki se 190 jou. • Medicaid kouvri sejou pasyan ki entène yo apre limit 190 jou a fini. Pa gen okenn peryòd benefis oswa limit pou tout lavi. • Ou dwe itilize founisè sante konpòtmantal ki gen kontra yo. Tanpri, kontakte Sèvis Manm yo oswa jwenn yon lis founisè sante konpòtmantal ki nan rezo a. <p>Medicare pa kouvri:</p> <ul style="list-style-type: none"> ◦ Swen enfimye prive ◦ Yon telefòn oswa yon televizyon nan chanm ou an <p>Yon chanm prive (sof si sa nesèsè pou rezon medikal)</p>	<p>Ou peye \$0 pou yon sejou nan lopital ki dire 1 jiska 90 jou pou chak peryòd benefis.</p> <p>Epiou, plan nou an kouvri 60 “jou rezèv pou tout lavi”. Yo se jou “anplis” nou kouvri. Si sejou nan lopital la pi long pase 90 jou pou chak peryòd benefis, ou kapab itilize jou anplis sa yo. Men, depi w fin itilize 60 jou anplis sa yo, kouvéti lopital pou pasyan ki entène ou a ap limite a 90 jou pou chak peryòd benefis.</p> <p>Si w te resevwa swen otorize pou pasyan ki entène nan yon lopital ki pa nan rezo a apre kondisyon ijans medikal ou a fin estabilize, depans ou a se pataj frè w ap gen pou peye nan yon lopital ki nan rezo a.</p> <p>Li kapab obligatwa pou gen otorizasyon alavans. Eksepte nan yon ka ijans, doktè w la dwe di nou ou pral entene nan lopital la.</p>
<p>Tan pase antanke pasyan ki entène: Sèvis ki kouvri ou resevwa nan yon lopital oswa SNF pandan yon sejou lopital pou pasyan ki entène ki pa kouvri</p> <p>Si w fin itilize avantaj pou pasyan ki entène ou yo, oswa si sejou nan lopital pou pasyan ki entène a pa rezonab epi li pa nesèsè, nou p ap kouvri sejou nan lopital pou pasyan ki entène ou a. Sepandan, nan kèk ka, n ap kouvri kèk sèvis ou resevwa pandan w nan lopital la oswa nan etablisman swen espesyalize a (SNF). Nan sèvis ki kouvri yo gen, san se pa sa sèlman:</p>	<p>Pa gen ko-asirans, kopeman, oswa franchiz pou avantaj.</p> <p>Li kapab obligatwa pou gen otorizasyon alavans.</p>

Chapit 4: Tablo Avantaj Medikal yo (sa ki kouvri yo)

	Sèvis ki kouvri	Sa w peye
	<p>Tan pase antanke pasyan ki entèn: Sèvis ki kouvri ou resevwa nan yon lopital oswa SNF pandan yon sejou nan lopital pou pasyan ki entèn ki pa kouvri (Kontinye)</p> <ul style="list-style-type: none"> • Sèvis doktè • Tès dyagnostik (tankou tès laboratwa) • Radyografi, radyòm, ak terapi izotòp ki gen ladann materyèl ak sèvis teknisyen • Pansman chirijikal • Atèl, plat ak lòt aparèy yo itilize pou diminye frakti ak dejwentman yo • Aparèy pwotèz ak òtèz (ki pa pou dan) ki ranplase tout oswa yon pati nan yon ògàn entèn kò a (ki gen ladann tisi ki kole), oswa tout oswa yon pati nan fonksyon yon ògàn entèn kò a ki pa fonksyone nèt ale oswa ki pa fonksyone byen, tankou ranplasman oswa reparasyon aparèy sa yo. • Aparèy sipò pou janm, bra, do, ak kou; bandaj ènyè (trusses); ak janm atifisyèl, bra atifisyèl, ak je atifisyèl ki gen ladann ajisteman, reparasyon, ak ranplasman ki nesèsè si li kase, si li ize, si li pèdi, oswa si gen yon chanjman nan eta fizik pasyan an. <p>Terapi fizik, terapi lapawòl, ak terapi ègoterapi</p>	
	<p>Terapi nitrisyon medikal</p> <p>Avantaj sa a se pou moun ki gen dyabèt, maladi ren (men ki pa sou dyaliz), oswa apre yon grèf ren lè doktè w la bay lòd la.</p> <p>Nou kouvri 3 èdtan sèvis konsèy endividyèl pandan premye ane ou resevwa sèvis terapi nitrisyon medikal la nan kad Medicare (ladan gen plan nou an, nenpòt lòt plan Medicare Advantage, oswa Original Medicare), epi 2 èdtan chak ane apres. Si kondisyon, tretman, oswa dyagnostik ou a chanje, ou kapab anmezi pou jwenn plis èdtan tretman sou òdonans yon doktè. Yon doktè dwe preskri sèvis sa yo epi renouvle òdonans li a chak ane, si w bezwen tretman w lan nan pwochen ane sivil la.</p>	<p>Pa gen ko-asirans, kopeman oswa franchiz pou manm ki elijib pou sèvis terapi nitrisyon medikal Medicare kouvri yo.</p>
	<p>Pwogram Prevansyon Dyabèt Medicare (Medicare Diabetes Prevention Program, MDPP)</p> <p>Y ap kouvri sèvis MDPP yo pou moun ki elijib anba tout plan sante Medicare yo.</p> <p>MDPP se yon entèvansyon estriktire pou chanjman konpòtman nan kad sante, ki bay yon fòmasyon pratik sou chanjman alontèm nan rejim alimantè, ogmantasyon aktivite fizik, ak estrateji pou rezoud pwoblèm pou simonte defi ki lye ak kesyon kontinye pèdi pwa epi yon mòd lavi ki an sante.</p>	<p>Pa gen ko-asirans, kopeman oswa franchiz pou avantaj MDPP a.</p>


Chapit 4: Tablo Avantaj Medikal yo (sa ki kouvri yo)

Sèvis ki kouvri	Sa w peye
<p>Medikaman Medicare Part B</p> <p>Medikaman sa yo kouvri anba Pati B Original Medicare. Manm plan nou an resevwa kouvèti pou medikaman sa yo pa mwayen plan nou an. Nan medikaman ki kouvri yo gen:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Medikaman pasyan an pa pran poukont li yo epi medikaman yo enjekte oswa foure nan ou pandan w ap resevwa sèvis doktè yo, sèvis nan lopital pou pasyan ki pa entène yo oswa sèvis sant chirijikal anbilatwa yo • Ensilin yo bay nan yon atik ekipman medikal ki dirab (tankou yon ponp ensilin ki nesèsè pou rezon medikal) • Lòt medikaman ou pran lè w itilize ekipman medikal ki dirab (tankou nebilizè) plan nou an te otorize • Medikaman pou Alzheimer, Leqembi® (non jenerik lecanemab), yon medikaman yo bay nan venn. Anplis depans pou medikaman yo, ou kapab bezwen fè lòt egzamen ak tè anvan epi/oswa pandan tretman an ki kapab ajoute sou depans ou yo anjeneral. Pale ak doktè w pou konnen ki eskanè ak tè ou kapab bezwen nan kad tretman w lan. • Faktè kowagilasyon ou bay tèt ou pa mwayen enjeksyon, si w gen emofili • Transplantasyon/medikaman iminosipresif: Medicare kouvri medikaman transplantasyon pou terapi si Medicare peye pou transplantasyon ògàn ou a. Ou dwe gen Pati A nan moman transplatasyon ki kouvri a, epi pou dwe gen Pati B nan moman w ap resevwa medikaman iminosipresif la. Kouvèti medikaman Medicare Part D a kouvri medikaman iminosipresif yo, si Pati B a pa kouvri yo • Medikaman osteyopowoz sou fòm piki, si w rete lakay ou, si w gen yon frakti nan zo yon doktè sètifye ki te gen rapò ak osteyopowoz la apre menopoz, epi ou pa kapab pran medikaman an poukont ou • Kèk antijèn: Medicare kouvri antijèn yo si yon doktè prepare yo epi yon moun ki jwenn enstriksyon yon fason ki apwopriye (ki kapab la avèk ou, pasyan an) ba ou yo anba sipèvizyon ki apwopriye 	<p>Pa gen ko-asirans, kopeman oswa franchiz pou avantaj sa a.</p> <p>Kapab gen terapi pa etap pou medikaman Pati B.</p> <p>Li kapab obligatwa pou gen otorizasyon alavans.</p>

Chapit 4: Tablo Avantaj Medikal yo (sa ki kouvri yo)

Sèvis ki kouvri	Sa w peye
<p>Medikaman sou preskripsyon Medicare Part B (Kontinye)</p> <ul style="list-style-type: none"> • Kèk medikaman kont kansè, pou pran nan bouch: Medicare kouvri kèk medikaman kont kansè ou pran nan bouch, si menm medikaman an disponib sou fòm enjektab, oswa medikaman an se yon pwo-medikaman (yon fòm medikaman moun pran nan bouch, lè yo vale li, ki vin dekonpoze nan menm sibstans aktif avèk sa ki genyen nan medikaman enjektab la) nan medikaman enjektab la. Tank nouvo mediman kont kansè, pou pran nan bouch yo, ap vin disponib, Pati B kapab kouvri yo. Si Pati B a pa kouvri yo, Pati D ap fè sa. • Medikaman oral kont kè plen: Medicare kouvri medikaman kont kè plen ou pran nan bouch nan kad yon tretman chimiyoterapi kont kansè, si yo bay li anvan, nan, oswa nan espas 48 èdtan chimiyoterapi, oswa si yo itilize li antanke yon ranplasman terapetik konplè pou yon medikaman kont kè plen yo bay nan venn • Gen kèk medikaman nan bouch pou Maladi Ren ki nan faz tèminal (End-Stage Renal Disease, ESRD) ki gen kouvèti nan kad Medicare Part B • Medikaman kalsimimetik ak chelatè fosfat nan kad sistèm pèman ESRD a, san wete Parsabiv® yo bay nan venn, ak medikamn Sensipar® pou vale • Kèk medikaman pou fè dyaliz adomisil, tankou heparin, antidòt pou heparin, lè sa nesesè pou rezon medikal, ak anastezik topikal • Ajan estimilan eritwopoyetin: Medicare kouvri eritwopoyetin pa mwayen enjeksyon, si w gen Maladi Ren ki nan Faz Tèminal (ESRD), oswa si w bezwen medikaman sa a pou trete anemi ki gen rapò ak kèk lòt pwoblèm sante (tankou Retacrit®, Aranesp®) • Imino-globilin nan venn pou tretman adomisil nan kad maladi defisyans iminitè prensipal yo • Nitrisyon paranteral epi anteral (bay manje nan venn epi nan tib) <p>Nan kèk ka, nou mande pou w eseye dabò kèk medikaman pou trete kondisyon medikal ou a anvan nou kouvri yon lòt medikaman pou pwoblèm sa a. Pa egzanp, si ni Medikaman A ak Medikaman B a trete maladi a, men Medikaman A a koute mwens kòb, ou ka gen bezwen eseye Medikaman A anvan. Si Medikaman A pa fonksyone pou ou, lè sa a, n ap kouvri Medikaman B a. Ou kapab aprann plis sou fason nou decide si etap terapi a nesesè, lè w ale sou SWHNY.com.</p> <p>Epitou, nou kouvri kèk vaksen nan kad Pati B ak pifò vaksen pou granmoun yo nan kad avantaj medikaman Pati D nou an.</p>	

Chapit 4: Tablo Avantaj Medikal yo (sa ki kouvri yo)

	Sèvis ki kouvri	Sa w peye
	<p>Medikaman sou preskripsyon Medicare Part B (Kontinye)</p> <p>Chapit 5 lan eksplike avantaj medikaman sou preskripsyon Pati D a, ki gen ladan règ ou dwe suiv pou yo kouvri preskripsyon yo. Yo byen eksplike nan Chapit 6 la sa w peye pou medikaman sou preskripsyon Pati D ou yo atravè plan nou an.</p>	
	<p>Tès depistaj pou kesyon obèz ak terapi pou ankouraje moun kontinye pèdi pwa</p> <p>Si w gen yon endis mas kòporèl 30 oswa plis, nou kouvri konsèy entansif pou ede ou pèdi pwa. Konsèy sa a kouvri si w jwenn li nan yon anviwònman swen prensipal, kote yo ka kowòdone l ansanm ak plan prevansyon konplè w la. Pale ak founisè swen prensipal ou a pou w ka jwenn plis enfòmasyon.</p>	Pa gen ko-asirans, kopeman oswa franchiz pou tès depistaj ak tretman prevantif pou obezite.
	<p>Sèvis pwogram tretman opyoyid</p> <p>Manm plan nou an ki gen twoub ki lye ak itilizasyon opyoyid (OUD) kapab resevwa kouvèti pou sèvis ki trete OUD atravè yon Pwogram Tretman Opyoyid (OTP) ki gen ladan sèvis sa yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Tretman pou opyoyid ki fèt ak medikaman (MAT) Administrasyon Manje ak Medikaman Etazini an (FDA) apwouve, ki gen ladann agonis ak antagonis opyoyid. • Distribye epi administre medikaman MAT yo (si sa aplikab) • Konsèy sou itilizasyon sibstans • Terapi endividyèl ak an gwoup • Tès toksikoloji • Aktivite konsomasyon • Evalyasyon regilye 	Pa gen ko-asirans, kopeman oswa franchiz pou sèvis pwogram tretman opyoyid pou pasyan ki pa entènè Medicare kouvri yo. Li pa obligatwa pou gen otorizasyon alavans pou sèvis pwogram tretman opyoyid pou pasyan ki pa entènè Medicare kouvri yo, men li ka nesèsè si w bezwen medikaman pou tretman opyoyid.
	<p>Tès dyagnostik pou pasyan ki entènè ak sèvis epi founiti terapetik</p> <p>Nan sèvis ki kouvri yo gen, san se pa sa sèlman:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Radyografi • Terapi radyasyon (radyòm ak izotòp) ki gen ladann materyèl teknisyen ak founiti yo • Founiti chirijikal, tankou pansman • Atèl, plat ak lòt aparèy yo itilize pou diminye frakti ak dejwentman yo • Tès laboratwa 	Pa gen ko-asirans, kopeman oswa franchiz pou avantaj sa a. Li kapab obligatwa pou gen otorizasyon alavans.

Chapit 4: Tablo Avantaj Medikal yo (sa ki kouvri yo)

Sèvis ki kouvri	Sa w peye
<p>Tès dyagnostik pou pasyan ki entène ak sèvis epi founiti terapetik (Kontinye)</p> <ul style="list-style-type: none"> • San - enkli estokaj ak administrasyon. Kouvéti asirans pou san konplè a ak globil wouj ki anbale yo, kòmanse sèlman nan katriyèm demi-lit san ou te bezwen an - ou dwe swa peye frè pou 3 premye demi-lit san ou resevwa nan yon ane sivil oswa se ou menm oswa yon lòt moun ki dwe bay san an. Tout lòt konpozan san yo kouvri, depi nan premye demi-lit san yo te itilize a • Lòt tès dyagnostik pou pasyan ki pa entène – sèvis dyagnostik ki pa radyolojik tankou elektwokadyogram yo (EKGs), elektwo-ansfalogram yo (EEGs), tès fonksyon pilmonè, etid sou somèy, ak tès estrès sou yon tapi. • Sèvis dyagnostik radyolojik (toulede konplèks epi ki pa konplèks) tankou analiz espesyalize, CT, SPECT, PET, MRI, MRA, syans nikleyè, ekografi, mamogram dyagnostik ak pwosedi radyolojik entèvansyonèl (myelogram, sistogram, anjyogram, ak etid baryòm). • Li pa obligatwa pou gen otorizasyon pou sèvis laboratwa pou pasyan ki pa entène yo epi pou sèvis radyografi pou pasyan ki pa entène. 	
<p>Obsèvasyon lopital pou pasyan ki pa entène</p> <p>Sèvis obsèvasyon yo se sèvis nan lopital yo bay pou pasyan ki pa entène, pou detèmine si yo bezwen entène w antanke yon pasyan ki pa entène oswa si yo ka egzeyate w.</p> <p>Pou yo kouvri sèvis obsèvasyon lopital pou pasyan ki pa entène yo, sèvis yo dwe reponn ak kritè Medicare yo epi yo dwe konsidere yo kòm sèvis ki rezonab epi ki nesèsè. Yo kouvri sèvis obsèvasyon yo sèlman lè yo bay yo sou lòd yondoktè oswa yon lòt moun ki otorize dapre lwa sou lisans eta a ak règleman entèn manm pèsonèl lopital yo, pou admèt pasyan yo nan lopital la oswa pou mande tès pou pasyan ki pa entène yo.</p> <p>Remak: Sof si founisè a ekri yon òdonans pou admèt ou kòm yon pasyan ki entène nan lopital la, ou se yon pasyan ki pa entène epi peye montan pou pataj frè ki pou sèvis nan lopital pou pasyan ki pa entène. Menmsi w pase tout nuit lan nan lopital la, yo kapab toujou konsidere w kòm yon pasyan ki pa entène. Si w pa sèten konsènan si w se yon pasyan ki pa entène, mande pèsonèl lopital la.</p>	<p>Pa gen ko-asirans, kopeman , oswa franchiz pou sèvis sa yo.</p> <p>Li kapab obligatwa pou gen otorizasyon alavans.</p>

Chapit 4: Tablo Avantaj Medikal yo (sa ki kouvri yo)

Sèvis ki kouvri	Sa w peye
<p>Obsèvasyon lopital pou pasyan ki pa entène (Kontinye)</p> <p>Jwenn plis enfòmasyon nan fich enfòmasyon Medicare pou <i>Avantaj Lopital Medicare la</i>. Fich enfòmasyon sa a disponib sou www.Medicare.gov/publications/11435-Medicare-Hospital-Benefits.pdf oswa lè w rele 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227). Itilizatè TTY yo rele 1-877-486-2048. Ou kapab rele nimewo sa yo gratis, 24 èdtan pa jou, 7 jou pa semèn.</p>	
<p>sèvis nan lopital pou pasyan ki pa entène</p> <p>Nou kouvri sèvis medikal ki nesèsè pou rezon medikal ou jwenn nan depatman pou pasyan ki pa entène nan yon lopital pou dyagnostik oswa tretman yon maladi oswa yon blesi.</p> <p>Nan sèvis ki kouvri yo gen, san se pa sa sèlman:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Sèvis nan yon depatmannijans oswa klinik pou pasyan ki pa entène, tankou sèvis obsèvasyon oswa operasyon pou pasyan ki pa entène • Tès laboratwa ak dyagnostik lopital la faktire • Swen sante mantal, ki gen ladann swen nan yon pwogram ospitalizasyon pasyèl, si yon doktè sètifye tretman pasyan ki pa entène a ta nesèsè san li • radyografi ak lòt sèvis radyoloji lopital la bay bòdwo • Founiti medikal tankou atèl ak plak • Kèk medikaman ak pwodui biyolojik ou pa ka bay tèt ou <p>Remak: Sof si founisè a ekri yon òdonans pou admèt ou kòm yon pasyan ki entène nan lopital la, ou se yon pasyan ki pa entène epi peye montan pou pataj frè ki pou sèvis nan lopital pou pasyan ki pa entène. Menmsi w pase tout nuit lan nan lopital la, yo kapab toujou konsidere w kòm yon pasyan ki pa entène. Si w pa sèten konsènan si w se yon pasyan ki pa entène, mande pèsònèl lopital la.</p> <p>Epitou, ou kapab jwenn plis enfòmasyon nan yon fich enfòmasyon Medicare ki rele <i>Èske w se yon Pasyan ki Entène oswa yon Pasyan ki Pa Entène Lopital? Si w gen Medicare – Mandè!</i> Fich enfòmasyon sa a disponib sou entènèt nan https://es.medicare.gov/publications/11435-Medicare-Hospital-Benefits.pdf oswa lè w rele 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227). Itilizatè TTY yo rele 1-877-486-2048. Ou kapab rele nimewo sa yo gratis, 24 èdtan pa jou, 7 jou pa semèn.</p>	<p>Pa gen ko-asirans, kopeman, oswa franchiz pou sèvis sa yo.</p> <p>Sèvis nan lopital pou pasyan ki pa entène yo gen kouvèti sou baz lòt avantaj ki nan tablo sa a. Gade yo ak lòt avantaj ki genyen lè yo bay swen an nan yon lopital pou pasyan ki pa entène:</p> <p>“Swen ijans”</p> <p>“Kouvèti dijans/ijans toupatou nan monn nan”</p> <p>“Tès dyagnostik pou pasyan ki entène ak sèvis epi founiti terapetik”</p> <p>“Operasyon pou pasyan ki pa entène yo bay nan etablisman lopital pou pasyan ki pa entène epi sant chiriji anbilatwa”</p> <p>“Entène yon fason pasyèl”</p> <p>Li kapab obligatwa pou gen otorizasyon alavans.</p>

Chapit 4: Tablo Avantaj Medikal yo (sa ki kouvri yo)

Sèvis ki kouvri	Sa w peye
<p>Swen sante mantal pou pasyan ki pa entènè</p> <p>Nan sèvis ki kouvri yo gen:</p> <p>Sèvis sante mantal yon sikyat oswa doktè ki gen lisans leta, sikològ klinik, travayè sosyal klinik, espesyalis enfimyè klinik, konseye founisèki gen lisans (LPC), terapet maryaj ak fanmi ki gen lisans (LMFT), enfimyè pratisyen (NP), asistan doktè (PA), oswa lòt founisè swen sante mantal Medicare kalifye selon lwa eta ki anvigè yo pèmèt sa.</p> <p>Kouvèti Medicare pou swen sante mantal pou pasyan ki pa entènè ou a gen:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Yon tès depistaj pou depresyon chak ane sivil. Tès depistaj la dwe fèt nan klinik yon doktè swen prensipal oswa nan yon klinik premye swen ki kapab fè suivi pou tretman ak referans. • Sikoterapi endividyèl ak gwoup ki gen doktè oswa kèk founisèki gen lisans eta a otorize, kote ou jwenn sèvis sa yo. • Konsèy fanmi, si objektif prensipal la se ede avèk tretman w lan. • Tès pou wè si w ap resevwa sèvis ou bezwen yo epi si tretman ou gen kounye a ap ede w. • Evalyasyon sikyatrik. • Jesyon medikaman. 	<p>Pa gen ko-asirans, kopeman oswa franchiz pou avantaj sa a.</p> <p>Al gade “Tès depistaj depresyon” nan tablo sa a pou tès depistaj depresyon ou fè chak ane a.</p> <p>Gade “Ospitalizasyon pasyèl” nan tablo sa a si w bezwen tretman swen sante mantal sa a pou pasyan ki pa entènè, ke Medicare kouvri.</p> <p>Li kapab obligatwa pou gen otorizasyon alavans.</p>
<p>Sèvis reyabilitasyon pou pasyan ki pa entènè</p> <p>Nan sèvis ki kouvri yo gen: terapi fizik, ègoterapi, ak terapi langaj ak lapawòl.</p> <p>Yo bay Sèvis reyabilitasyon pou pasyan ki pa entènè yo nan divès etablisman pou pasyan ki pa entènè, tankou sèvis pou pasyan ki pa entènè nan lopital, biwo terapet endepandan, ak Etablisman Reyabilitasyon Konplè pou Pasyan ki Pa Entènè yo (Comprehensive Outpatient Rehabilitation Facilities, CORF).</p>	<p>Pa gen okenn ko-asirans, kopeman, pou avantaj sa a.</p> <p>Li kapab obligatwa pou gen otorizasyon alavans.</p>
<p>Sèvis pou twoub itilizasyon sibstans pou pasyan ki pa entènè</p> <p>Nan sèvis ki kouvri yo gen:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Sèvis abi sibstans pou pasyan ki pa entènè Medicare kouvri. • Mete sou sa, Medicaid kouvri vizit pou terapi endividyèl ak terapi an gwoup. Moun ki enskri a dwe ka refere tèt li pou yon evalyasyon nan men yon founisè ki nan rezo a nan yon peryòd douz (12) mwa. <p>Ou dwe itilize yon founisè sante konpòtmantal Senior Whole Health Healthcare.</p> <p>Tanpri, kontakte Sèvis Manm yo pou w ka jwenn plis enfòmasyon.</p>	<p>Pa gen okenn ko-asirans, kopeman, pou avantaj sa a.</p> <p>Li kapab obligatwa pou gen otorizasyon alavans.</p>

Chapit 4: Tablo Avantaj Medikal yo (sa ki kouvri yo)

Sèvis ki kouvri	Sa w peye
<p>Operasyon pou pasyan ki pa entène, enkli sèvis yo bay nan etablisman lopital pou pasyan ki pa entène ak sant chiriji anbilatwa yo</p> <p>Remak: Si w ap gen pou w opere nan yon etablisman lopital, ou ta dwe verifye bò kote founisè w la pou w ka konnen si w ap yon pasyan ki entène oswa yon pasyan ki pa entène. Sof si founisè a ekri yon òdonans pou admèt ou kòm yon pasyan ki entène nan lopital la, ou se yon pasyan ki pa entène epi peye montan pou pataj frè pou operasyon pou pasyan ki pa entène. Menmsi w pase tout nuit lan nan lopital la, yo kapab toujou konsidere w kòm yon pasyan ki pa entène.</p>	<p>Pa gen okenn ko-asirans, kopeman, pou avantaj sa a.</p> <p>Li kapab obligatwa pou gen otorizasyon alavans.</p>
<p>Atik yo vann san preskripsyon (OTC) (Siplemantè)*</p> <p>W ap resevwa \$285 alokasyon konbine chak mwa pou depanse pou atik, pwodui ak medikaman OTC plan an apwouve yo, avèk kat Healthy You ou a. Alokasyon chak mwa sa a pataje avèk alokasyon pou Aliman ak Pwodui (SSBCI)*, Transpò pou ale nan Anplasan Plan an Apwouve, Èd Oditif OTC yo, Transpò pou sèvis ki pa ijans (SSBCI)*, ak Sèvis Piblik (SSBCI)*. Ou kapab itilize alokasyon sa a pou atik OTC yo, Aliman ak Pwodui (SSBCI)*, Transpò pou Anplasan Plan an Apwouve, Èd Oditif OTC yo, Transpò pou sèvis ki pa ijans (Siplemantè), oswa èd pou Sèvis Piblik (Elektrisite, Gaz Natirèl, ak Dlo). Si w pa itilize tout montan alokasyon chak mwa ou a, balans ki rete a ap ekspire epi nou p ap transfere li sou pwochen mwa a.</p> <p>Nan kouvèti asirans ou an gen atik sante ak byennèt OTC ki pa sou preskripsyon tankou vitamin, krèm kont solèy, bagay pou soulaje doulè, medikaman pou tous ak grip, ak pansman.</p> <p>Ou kapab fè kòmman:</p> <p>Anliy – ale sou NationsOTC.com/Molina</p> <p>Nan telefòn – 877-208-9243 pou pale avèk yon Konseye ki gen Eksperyans epi ki se Manm NationsOTC nan (TTY 711), 24 èdtan pa jou, sèt jou pa semèn, 365 jou pa ane.</p> <p>Nan Kourye Lapòs – Ranpli epi voye fòm kòmman nan tounen nan katalòg pwodui a.</p> <p>Nan anplasan pwen lavant k ap patisipe.</p> <p>Ale nan Katalòg Pwodui OTC 2026 ou a pou jwenn yon lis konplè konsènan atik OTC plan an apwouve yo, oswa rele yon manm pèsònèl sipò OTC pou plis enfòmasyon. W ap jwenn enfòmasyon enpòtan (liy direktiv pou kòmman) nan Katalòg Pwodui OTC 2026 la.</p> <p>Pou w jwenn plis enfòmasyon, kontakte Sèvis Manm yo.</p> <p>*Kondisyon pou Elijibilite pou Maladi Kwonik</p>	<p>Pa gen ko-asirans, kopeman, oswa franchiz si w ap itilize kat Healthy You w la.</p> <p>Ou kapab gen responsablite pou peye frè yo si w depase alokasyon maksimòm chak mwa a.</p> <p>Yo kapab aplike yon seri limit ak esklizyon.</p>



Chapit 4: Tablo Avantaj Medikal yo (sa ki kouvri yo)

Sèvis ki kouvri	Sa w peye
<p>Sèvis ospitalizasyon pasyèl ak sèvis entansif pou pasyan ki pa entènè</p> <p><i>Ospitalizasyon pasyèl</i> se yon pwogram estriktire pou tretman sikyatrik aktif, yo bay sou fòm sèvis pou pasyan ki pa entènè oswa nan yon sant sante mantal kominotè, ki pi entans pase swen ou jwenn nan men doktè w, terapet ou, terapet ki gen lisans pou kesyon maryaj ak lavi fanmi (LMFT), oswa nan biwo yon konseye pwofesyonèl ki gen lisans, epi ki se yon altènatif pou ospitalizasyon pasyan ki entènè.</p> <p><i>Sèvis entansif pou pasyan ki pa entènè</i> se yon pwogram tretman estriktire pou terapi sante konpòtmantal (mantal) aktif yo bay nan yon sèvis lopital pou pasyan ki pa entènè, yon sant sante mantal kominotè, yon sant sante kalifye nan nivo federal, oswa yon klinik sante riral, ki pi entans pase swen ou resevwa lakaydoktè w, terapet ou, terapet ki gen lisans pou kesyon maryaj ak fanmi (LMFT), oswa nan biwo yon konseye pwofesyonèl ki gen lisans, men ki mwens entans pase ospitalizasyon pasyèl.</p>	<p>Pa gen ko-asirans, kopeman, oswa franchiz pou sèvis ospitalizasyon pasyèl Medicare kouvri yo.</p> <p>Li kapab obligatwa pou gen otorizasyon alavans.</p>
<p>Sèvis Doktè/Pratisyen, enkli vizit nan klinik doktè a</p> <p>Nan sèvis ki kouvri yo gen:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Swen medikal oswa sèvis operasyon ki nesèsè pou rezon medikal yo bay nan klinik yon doktè, yon sant chiriji anbilatwa ki sètifye, sèvis nan lopital pou pasyan ki pa entènè, oswa nenpòt lòt kote. Li kapab obligatwa pou gen otorizasyon alavans. • Konsiltasyon, dyagnostik, ak tretman yon espesyalis fè • Egzamen oditif ak ekilib debaz PCP ou a fè, si doktè w bay òdonans pou li wè si w bezwen tretman medikal la. • Kèk sèvis telesante, tankou: sèvis swen prensipal yo <ul style="list-style-type: none"> ◦ Ou gen opsyon pou w resevwa sèvis sa yo pa mwayen yon vizit an pèsòn oswa grasa telesante. Si w chwazi jwenn youn nan sèvis sa yo grasa telesante, ou dwe itilize yon founisè ki nan rezo a epi ki ofri sèvis la grasa telesante. Si w chwazi jwenn youn nan sèvis sa yo grasa telesante, ou dwe itilize yon founisè ki nan rezo a epi ki ofri sèvis la grasa telesante. Pou jwenn yon founisè ki nan rezo a, ale sou sit entènèt nou an nan SWHNY.com. ◦ Vizit medikal vityèl yo se vizit medikal founisè vityèl yo ofri andeyò etablisman medikal yo, kote yo itilize teknoloji anliy ak kapasite odyo/vidyo an dirèk. ◦ Remak: Se pa tout kondisyon medikal yo ki kapab trete pa mwayen vizit vityèl. Doktè nan vizit vityèl la ap idantifye si w bezwen wè yon doktè an pèsòn pou tretman an. 	<p>Pa gen ko-asirans, kopeman, oswa franchiz pou sèvis sa yo.</p>



Chapit 4: Tablo Avantaj Medikal yo (sa ki kouvri yo)

Sèvis ki kouvri	Sa w peye
<p>Sèvis Doktè/Pratisyen, enkli vizit nan klinik doktè a (Kontinye)</p> <ul style="list-style-type: none"> • Sèvis telesante pou vizit chak mwa ki gen rapò ak maladi ren ki nan dènye faz pou manm ki sou dyaliz etan lakay yo, nan yon sant dyaliz ren ki baze nan yon lopital oswa nan yon lopital aksè difisil, yon etablisman pou dyaliz ren, oswa lakay manm lan. Li kapab obligatwa pou gen otorizasyon alavans. • Sèvis telesante pou fè dyagnostik, evalye, oswa trete sentòm yon estwok, kèlkeswa kote w ye a yon otorizasyon alavans ka nesèsè. • Sèvis telesante pou manm ki gen yon twoub itilizasyon sibstans ak alkòl oswa yon twoub sante mantal ki egziste an menm tan, kèlkeswa kote li ye. Li kapab obligatwa pou gen otorizasyon alavans. • Sèvis telesante pou dyagnostik, evalyasyon, ak tretman maladi sante mantal si: <ul style="list-style-type: none"> ◦ Ou gen yon vizit an pèsòn nan espas 6 mwa anvan premye vizit telesante w la ◦ Ou gen yon vizit an pèsòn chak 12 mwa pandan w ap resevwa sèvis telesante sa yo ◦ Yo ka fè eksepsyon nan sa ki anwo a pou kèk sikonstans • Sèvis telesante pou vizit sante mantal nan Klinik Sante Riral yo ak Sant Sante ki Kalifye pou Jwenn Èd Gouvènman Federal • Konsiltasyon vityèl (pa egzanp, nan telefòn oswa nan tchat videyo) avèk doktè w pandan 5-10 minit si: <ul style="list-style-type: none"> ◦ Ou pa yon nouvo pasyan epi ◦ Konsiltasyon an pa gen rapò ak yon vizit nan klinik nan 7 jou ki sot pase yo epi ◦ Konsiltasyon an pa mennen nan yon vizit nan klinik nan espas 24 èdtan oswa nan randevou disponib ki pi pre a • Evalyasyon videyo ak/oswa imaj ou voye bay doktè w, epi entèpretasyon ak suivi doktè w fè nan espas 24 èdtan si: <ul style="list-style-type: none"> ◦ Ou pa yon nouvo pasyan epi ◦ Evalyasyon an pa gen rapò ak yon vizit biwo nan 7 jou ki sot pase yo epi ◦ Evalyasyon an pa mennen nan yon vizit nan klinik nan espas 24 èdtan oswa nan randevou disponib ki pi pre a • Konsiltasyon doktè w fè avèk lòt doktè nan telefòn, sou entènèt, oswa nan dosye sante elektwonik • Dezyèm opinyon yon lòt founisè ki nan rezo a bay anvan operasyon an 	



Chapit 4: Tablo Avantaj Medikal yo (sa ki kouvri yo)

	Sèvis ki kouvri	Sa w peye
	<p>Sèvis Doktè/Pratisyen, enkli vizit nan klinik doktè a (Kontinye)</p> <ul style="list-style-type: none"> • Swen dantè ki pa fèt pa woutin (sèvis ki kouvri yo limite nan operasyon nan machwè oswa nan estrikti ki gen rapò avèk li, diminye frakti nan machwè oswa zo nan figi, rache dan pou prepare machwè a pou tretman maladi kansè neyoplastik ki fèt abaz radyasyon, oswa sèvis k ap kouvri lè se yon doktè ki bay li). Li kapab obligatwa pou gen otorizasyon alavans. • Sèvis siveyans nan klinik yon doktè oswa nan yon anviwònman lopital pou pasyan ki pa entène si w ap pran medikaman ki anpeche san kowagile, tankou Coumadin, Heparin, oswa Warfarin. 	
	<p>Sèvis podyatri (Medicare kouvri yo)</p> <p>Nan sèvis ki kouvri yo gen:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Dyagnostik ak tretman medikal oswa tretman chirijikal pou chòk ak maladi nan pye yo (tankou zòtèy mato oswa talon pye ki anfle ki fè mal) • Swen pye pa woutin pou manm ki gen kèk kondisyon medikal ki afekte manm enferyè yo 	<p>Pa gen okenn ko-asirans, oswa kopeman pou avantaj sa a.</p> <p>Li kapab obligatwa pou gen otorizasyon alavans.</p>
	<p>Pwofilaksi pre-ekspozisyon (PrEP) pou prevansyon VIH</p> <p>Si w pa gen VIH, men doktè w oswa lòt pratisyen swen sante detèmine ou gen gwo risk pou gen VIH, nou kouvri medikaman pre-ekspozisyon pwofilaksi (PrEP) ak sèvis ki lye ak sa.</p> <p>Si w kalifye, nan sèvis ki kouvri yo gen:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Medikaman PrEP oral oswa enjektab ki pawouve pa FDA. Si w ap pran yon medikaman enjektab, nou kouvri frè pou enjekte medikaman an tou. • Jiska 8 seyans konsèy endividyèl (san wete evalyasyon risk pou VIH, rediksyon risk VIH, ak suivi pou tretman) chak 12 mwa. • Jiska 8 tè depistaj VIH chak 12 mwa. <p>Yon tè depistaj viris epatit B yon sèl fwa.</p>	<p>Pa gen okenn ko-asirans, kopeman, oswa franchiz pou avantaj PrEP la.</p>
	<p>Egzamen tè depistaj kansè nan pwostat</p> <p>Pou gason ki gen 50 lane oswa plis, nan sèvis ki kouvri gen sa ki vin apre a yon fwa chak 12 mwa:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Egzamen rektal dijital • Tè antijèn espesifik pou pwostat (PSA) 	<p>Pa gen ko-asirans, kopeman oswa franchiz pou yon tè PSA anyèl.</p>

Chapit 4: Tablo Avantaj Medikal yo (sa ki kouvri yo)

	Sèvis ki kouvri	Sa w peye
	<p>Aparèy pwotèz ak òtèz epi founiti ki lye ak yo</p> <p>Yon seri aparèy (ki pa pou swen dantè) ki ranplase tout oswa yon pati nan kò a oswa yon fonksyon nan kò a. Ladan yo gen, men san se pa sa sèlman, yon seri tès, adaptasyon, oswa fòmasyon pou aprann itilize aparèy pwotèz ak òtèz yo; ansanm ak yon seri sak kolostomi ak founiti ki gen rapò dirèk ak swen kolostomi, estimilatè kadyak, aparèy òtopedik, sipò, soulye pwotèz, manm atifisyèl, epi pwotèz pou tete (enkli yon soutyen chirijikal apre yon masektomi). Ladan gen kèk founiti ki gen rapò ak aparèy pwotèz ak òtèz yo, ak reparasyon epi/oswa ranplasman aparèy pwotèz ak òtèz yo. Epiou, ladan gen kèk kouvèti apre yo fin retire katarat oswa apre yo fin fè operasyon katarat – ale nan <i>Swen pou Je</i> pi devan nan tablo sa a pou plis detay.</p>	<p>Pa gen ko-asirans, kopeman, oswa franchiz pou sèvis sa yo.</p> <p>Li kapab obligatwa pou gen otorizasyon alavans.</p>
	<p>Sèvis reyabilitasyon pilmonè</p> <p>Yo kouvri pwogram konplè pou reyadaptasyon pilmonè yo pou manm ki gen maladi poumon bouche ki kwonik (COPD), soti nan modere rive nan grav anpil, epi ki gen yon òdonans pou reyadaptasyon pilmonè doktè k ap trete maladi respiratwa kwonik la voye.</p>	<p>Pa gen okenn ko-asirans, oswa kopeman pou avantaj sa a.</p> <p>Li kapab obligatwa pou gen otorizasyon alavans.</p>
	<p>Tès depistaj ak konsèy pou diminye move itilizasyon alkòl</p> <p>Nou kouvri yon tès depistaj pou move itilizasyon alkòl pou granmoun ki gen Medicare (enkli fanm ansent) ki mal itilize alkòl, men, ki pa sou depandans alkòl.</p> <p>Si w teste pozitif pou move itilizasyon alkòl, ou kapab jwenn jiska 4 seyans konsèy fasafas tou kout chak ane (si w konpetan ak vijilan pandan konsèy la) ou jwenn nan men yon founisè swen prensipal oswa yon pratisyen swen prensipal ki kalifye nan yon anviwònman swen prensipal.</p>	<p>Pa gen ko-asirans, kotizasyon, oswa franchiz pou tès depistaj ak konsèy Medicare kouvri pou diminye avantaj prevantif pou move itilizasyon alkòl.</p>
	<p>Tès Depistaj Kansè nan poumon grasa tomodansitometri pa ti dòz (Low Dose Computed Tomography, LDCT)</p> <p>Pou moun ki kalifye yo, gen kouvèti pou yon LDCT chak 12 mwa.</p> <p>Manm ki elijib yo se moun ki gen 50 – 77 lane ki pa gen okenn siy oswa sentòm kansè nan poumon, men ki gen yon antesedan nan fimèn pwodui abaz tabak ki se omwen 20 pake chak ane, epi ki ap fimèn aktyèlman oswa ki sispann fimèn nan dènye 15 lane yo, ki resevwa yon preskripsyon alekri pou LDCT pandan yon vizit konsèy pou tès depistaj kansè nan poumon ak vizit pou pran desizyon pataje ki respekte kritè Medicare pou vizit sa yo, epi yon doktè oswa yon pratisyen kalifye ki pa doktè, otorize bay.</p>	<p>Pa gen okenn ko-asirans, kopeman, oswa franchiz pou vizit konsèy ak pou priz desizyon pataje Medicare kouvri yo oswa pou LDCT a.</p>


Chapit 4: Tablo Avantaj Medikal yo (sa ki kouvri yo)

	Sèvis ki kouvri	Sa w peye
	<p>Tès Depistaj pou kansè nan poumon grasa tomodansitometri pa ti dòz (Low Dose Computed Tomography, LDCT) (kontinye)</p> <p><i>Pou tès depistaj kansè nan poumon LDCT apre premye tès depistaj LDCT a: manm nan dwe resevwa yon òdonans pou tès depistaj kansè nan poumon LDCT, yo ka ba li pandan nenpòt vizit apwopriye li fè kay yon doktè oswa yon pratisyen ki pa doktè men ki kalifye. Si yon doktè oswa yon pratisyen ki pa doktè men ki kalifye chwazi pou bay konsèy pou tès depistaj kansè nan poumon, epi li pataje yon vizit pou pran desizyon pou tès depistaj kansè nan poumon ki vin apre avèk LDCT, vizit la dwe respekte kritè Medicare pou vizit sa yo.</i></p>	
	<p>Tès Depistaj pou enfeksyon Viris Epatit C</p> <p>Nou kouvri yon depistaj pou Epatit C si medsen swen prensipal ou a oswa yon lòt founisè swen sante kalifye preskri w youn, epi si w ranpli youn nan kondisyon sa yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Ou gen gwo risk paske w ap pran oswa te pran dwòg ilisit pa enjeksyon. • Ou te fè yon transfizyon san anvan 1992. • Ou te fèt ant 1945-1965. <p>Si w te fèt ant 1945-1965 epi yo pa konsidere w kòm moun ki gen yon gwo risk, nou ap peye pou yon depistaj yon sèl fwa. Si w gen yon gwo risk (pa egzanp, si w te kontinye pran dwòg ilisit pa enjeksyon depi dènye depistaj negatif pou Epatit C ou a) nou ap kouvri depistaj chak ane yo.</p>	<p>Pa gen ko-asirans, kopeman, oswa franchiz pou tès depistaj Viris Epatit C ke Medicare kouvri.</p>
	<p>Tès depistaj pou enfeksyon moun pran nan fè sèks (Sexually Transmitted Infections, STI) ak konsèy pou evite STI</p> <p>Nou kouvri tès depistaj enfeksyon moun pran nan fè sèks (STI) pou klamidya, gonore, sifilis, ak Epatit B. Nou kouvri tès sa yo pou fanm ansent ak pou kèk moun ki gen plis risk pou trape yon STI lè yon founisè swen prensipal mande tès yo. Nou kouvri tès sa yo yon fwa chak 12 mwa oswa nan yon moman kèlkonk pandan gwosès la.</p> <p>Epitou, nou kouvri jiska 2 sesyon konsèy endividyèl pandan 20 a 30 minit sou konpòtman fas-a-fas chak ane pou granmoun ki aktif seksyèlman, ki prezante yon gwo risk pou trape maladi ki transmèt nan sèks (STI). Nou sèlman kouvri seyans konsèy sa yo antanke yon sèvis prevantif, si se yon pwofesyonèl swen sante prensipal ki bay yo, epi yo fèt nan yon anviwònman swen prensipal, tankou klinik yon medsen.</p>	<p>Pa gen okenn ko-asirans, kotizayon, oswa franchiz pou tès depistaj pou STI yo Medicare kouvri ak konsèy pou avantaj prevantif STI yo.</p>

Chapit 4: Tablo Avantaj Medikal yo (sa ki kouvri yo)

Sèvis ki kouvri	Sa w peye
<p>Sèvis pou trete maladi ren</p> <p>Nan sèvis ki kouvri yo gen:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Sèvis edikasyon maladi ren pou anseye manm yo fason pou yo pran swen ren epi ede manm yo pran desizyon eklere konsènan swen yo. Pou manm ki gen maladi ren kwonik ki nan faz IV, lè se doktè yo ki refere yo, nou kouvri jiska 6 sesyon sèvis edikasyon sou maladi ren pou lavi. • Tretman dyaliz pou pasyan ki pa entènè yo (ki gen ladann tretman dyaliz lè yo pa nan zòn sèvis la pandan yon ti tan, jan yo eksplike sa nan Chapit 3 a, oswa lè founisè pou sèvis sa a pa disponib oswa yo pa ka jwenn li pandan yon ti tan) • Tretman dyaliz pou pasyan ki entènè yo (si yo pran w antanke yon pasyan ki entènè nan yon lopital pou swen espesyal) • Fòmasyon pou fè dyaliz la poukont ou (ki gen ladann fòmasyon pou oumenm ak nenpòt moun k ap ede w avèk tretman dyaliz etan lakay ou a) • Ekipman ak founiti pou dyaliz etan lakay • Kèk sèvis sipò nan kay (tankou, lè sa nesèsè, vizit travayè dyaliz ki resevwa fòmasyon pou verifye kòman dyaliz etan lakay ou an ye, pou ede w nan ka ijans, epi verifye ekipman dyaliz ou yo ak rezèv dlo w la) <p>Gen kèk medikaman pou dyaliz ki kouvri sou baz Medicare Part B. Pou enfòmasyon sou kouvèti pou Medikaman Pati B yo, ale nan medikaman Medicare Part B yo nan tablo sa a.</p>	<p>Pa gen ko-asirans, kopeman, oswa franchiz pou sèvis sa yo.</p> <p>Tretman Dyaliz pou Pasyan Ki Entènè</p> <ul style="list-style-type: none"> • Al gade “Swen lopital pou pasyan ki entènè” nan tablo sa a. <p>Ekipman ak Founiti pou Dyaliz Etan Lakay</p> <ul style="list-style-type: none"> • Al gade “Ekipman Medikal ki Dirab ak founiti ki gen rapò” nan tablo sa a. <p>Sèvis Sipò nan Kay</p> <ul style="list-style-type: none"> • Al gade “Swen ajans sante bay adomisil” nan tablo sa a. <p>Medikaman Dyaliz nan Medicare Part B</p> <ul style="list-style-type: none"> • Al gade “Medikaman sou preskripsyon Medicare Part B yo” nan tablo sa a.
<p>Swen nan etablisman swen etablisman swen espesyalize (SNF)</p> <p>(Pou jwenn yon definisyon pou swen nan etablisman swen espesyalize, ale nan Chapit 12. Pafwa, yo rele etablisman swen etablisman swen espesyalize yo SNF.)</p> <p>Nan sèvis ki kouvri yo gen san se pa sa sèlman:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Chanm ki pa fin prive nèt (oswa yon chanm prive si sa nesèsè pou rezon medikal) • Repa, ki gen ladann rejim alimantè espesyal • Sèvis swen espesyalize • Terapi fizik, ègoterapi ak terapi lapawòl • Medikaman yo ba w nan kad plan swen w lan (ladan gen sibstans ki prezan natirèlman nan kò a, tankou faktè ti boul san.) 	<p>Pa gen okenn ko-asirans, oswa kopeman pou avantaj sa a.</p> <p>Li kapab obligatwa pou gen otorizasyon alavans.</p> <p>Eksepte nan yon ijans, doktè w la dwe fè plan an konnen yo pral entènè w nan SNF la. Li pa obligatwa pou te fè sejou nan lopital anvan sa.</p>

Chapit 4: Tablo Avantaj Medikal yo (sa ki kouvri yo)

	Sèvis ki kouvri	Sa w peye
	<p>Swen nan etablisman swen espesyalize (SNF) (Kontinye)</p> <ul style="list-style-type: none"> • San - enkli estokaj ak administrasyon. Kouvèti asirans pou san konplè a ak globil wouj ki anbale yo, kòmanse sèlman nan katyèm demi-lit san ou te bezwen an - ou dwe swa peye frè pou 3 premye demi-lit san ou resevwa nan yon ane sivil oswa se ou menm oswa yon lòt moun ki dwe bay san an. Tout lòt konpozan san yo kouvri, depi nan premye demi-lit san yo te itilize a • Nan tan nòmal, se SNF yo ki bay founiti medikal ak founiti chirijikal yo • Nan tan nòmal, se SNF yo ki bay tès laboratwa yo • Nan tan nòmal, se SNF yo ki bay radyografi ak lòt sèvis radyoloji yo • Nan tan nòmal, se SNF yo ki bay itilizasyon aparèy tankou chèz woulant yo • Sèvis Doktè/Pratisyen an <p>Anjeneral, w ap jwenn swen SNF la nan etablisman ki nan rezo a. Nan kad kèk kondisyon ki site anba a, ou kapab anmezi pou peye pataj frè nan rezo a pou yon etablisman ki pa yon pwofesyonèl swen sante rezo a, si etablisman an aksepte montan plan nou an pou pèman an.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Yon mezon retrèt oswa yon kominote retrèt ki bay swen pèmanan kote ou t ap viv anvan ou te ale nan lopital la (toutotan li bay swen nan etablisman swen espesyalize) • Yon SNF kote mari oswa madanm ou oswa moun ou plase avèk li a ap viv nan moman ou kite lopital la 	
	<p>Sispann fimen epi sispann itilize tabak (konsèy pou sispann fimen oswa itilize tabak)</p> <p>Nou kouvri sesyon konsèy pou pasyan ki pa entène ak pasyan ki entène lopital sispann fimen ak itilize tabak depi yo satisfè kritè sa yo</p> <ul style="list-style-type: none"> • Itilize pwodui tabak, kit li gen siy oswa sentòm maladi ki lye ak tabak, kit li pa genyen yo • Yo konpetan epi veyatif pandan konsiltasyon yo • Se yon doktè kalifye oswa yon lòt pratisyen Medicare rekonèt k ap bay konsèy yo <p>Nou kouvri 2 tantativ pou sispann fimen pa ane (chak tantativ ka gen omaksimòm 4 sesyon entèmedyè oswa entansif, epi pasyan an ka jwenn jiska 8 sesyon pa ane.)</p>	<p>Pa gen ko-asirans, kotizasyon, oswa franchiz pou avantaj prevantif pou sispann fimen epi sispann itilize tabak ke Medicare kouvri.</p>

Chapit 4: Tablo Avantaj Medikal yo (sa ki kouvri yo)

Sèvis ki kouvri	Sa w peye
<p>Sèvis pou sispann fimèn epi sispann itilize tabak (Siplemantè)*</p> <p>Si w vle kite fimèn ou ta dwe pale ak Medsen Swen Prensipal ou a oswa rele Depatman Edikasyon Sante nou an.</p> <p>Anplis kouvèti yo ofri nan avantaj prevantif pou sispann fimèn ak itilize tabak ke Medicare kouvri, plan an kouvri 8 sèvis konsèy anplis chak ane sivil pou ede w sispann fimèn oswa itilize pwodui ki fèt avèk tabak</p> <p>Ou dwe fin itilize avantaj pou sispann itilize tabak Medicare kouvri a, anvan pou plan an peye kouvèti ki anba avantaj sa a.</p>	<p>Pa gen ko-asirans, kopeman, oswa franchiz pou sèvis sa yo.</p>
<p>Benefis Siplemantè Espesyal pou Moun ki Gen yon Maladi Kwonik</p> <p>Si yo fè dyagnostik ou gen nenpòt nan maladi kwonik ki idantifye anba a, epi w ranpli kèk kritè, ou kapab elijib pou avantaj anplis espesyal pou moun ki gen maladi kwonik yo.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Maladi oto-imin; • Twoub kadyovaskilè • Ensifizans kadyak kwonik • Demans • Dyabèt sikre • Twoub poumon kwonik • Maladi ren kwonik (CKD) • Twoub itilizasyon alkòl kwonik ak lòt twoub itilizasyon sibstans (SUD) • Kansè • Twòp pwa, obezite, ak sendwòm metabolik • Maladi gastwoentestinal kwonik • Twoub ematolojik grav • VIH/SIDA • Kondisyon sante mantal kwonik ak andikapan • Twoub newolojik • Estwok • Apre transplantasyon ògàn • Twoub iminodefisyans ak twoub iminosipresif • Kondisyon ki asosye ak andikap koyitif • Kondisyon ki gen difikilte fonksyonèl • Kondisyon kwonik ki afekte vizyon, tande (soud), gou, manyen, ak sant • Kondisyon ki mande sèvis terapi kontinyèl pou moun yo ka kenbe oswa kontinye fonksyone 	<p>Pa gen ko-asirans oswa kopeman si w ap itilize kat Healthy You ou a.</p> <p>Li kapab obligatwa pou patisipe nan yon pwogram jesyon swen. Epitou, manm yo dwe jwenn akò yon doktè pou fè tès la akòz enfòmasyon sou antesedan medikal yo ki manke yo.</p> <p>Li kapab obligatwa pou gen otorizasyon alavans.</p>


Chapit 4: Tablo Avantaj Medikal yo (sa ki kouvri yo)

Sèvis ki kouvri	Sa w peye
<p>Benefis Sipleman tè Espesyal pou Moun ki Gen yon Maladi Kwonik (Kontinye)</p> <p>N ap ede w gen aksè nan avantaj sa yo. Ou kapab rele Sèvis Manm yo oswa rele Kowòdonatè Swen w lan pou kòmanse demann ou an oswa pou jwenn plis enfòmasyon.</p> <p>Remak: Lè w mande avantaj sa a, sa vle di, w ap otorize reprezantan Senior Whole Health of New York NHC (HMO D-SNP) yo pou yo kontakte w pa telefòn, pa lapòs oswa pa nenpòt lòt metòd kominikasyon jan sa mansyone nan aplikasyon w lan.</p> <p>Aprè apwobasyon, kat Healthy You pre-chaje ou a ap resevwa jiska \$285 alokasyon konbine chak mwa otomatikman, pou itilize pou avantaj SSBCI yo. Yo p ap ajoute okenn lajan ki pa itilize nan fen chak mwa, sou mwa ki vin apre a.</p> <p>Aliman ak Pwodui*</p> <p>Epitou benefisyè ki gen yon maladi kwonik ki endike pi wo a kalifye pou avantaj manje ak fwi ak legim fre atravè kat Healthy You a. Yo ap mete yon maksimòm \$285 chak mwa sou Kat Healthy You ou a, konbine ak aktik yo vann san preskripsyon (Over-The-Counter, OTC), Èd Oditif OTC yo, Transpò nan Anplasan Sante Plan an Apwouve, Transpò pou Bezwen ki Pa Medikal, ak Sèvis Piblik* (Eletrisite ak Gaz Natirèl, Dlo).</p> <p>Ou kapab itilize alokasyon ki sou kat Healthy You ou a pou achte yon pakèt pwodui alimantè ki gen mak ak jenerik nan magazen lokal ki ap patisipe epi ki pi pre w la, oswa anliy grasa sèvis livrezon adomisil san okenn frè anplis nan SWHMA.com.</p> <p>Yo p ap ajoute okenn lajan ki pa itilize nan fen chak mwa, sou mwa ki vin apre a.</p> <p>Transpò pou Bezwen ki Pa Medikal</p> <p>Ou kapab itilize kat Healthy You ou a pou achte trajè pou bezwen ki pa medikal pou ale nan anplasan ki apwouve yo, tankou sant remiz anfòm, depo alimantè, magazen alimantè, famasi pou achte pwodui OTC yo, sèvis relijye, ak sant pou granmoun. Pou plis enfòmasyon, tanpri, ale nan seksyon kat Healthy You prepeye a.</p> <p>Sèvis Piblik*</p> <p>Manm yo dwe patisipe nan yon evalyasyon pou detèmine elijibilite yo pou avantaj èd pou Sèvis Piblik (Elektrisite ak Gaz Natirèl ak Dlo).</p>	


Chapit 4: Tablo Avantaj Medikal yo (sa ki kouvri yo)

Sèvis ki kouvri	Sa w peye
<p>Benefis Siplemanchè Espesyal pou Moun ki Gen yon Maladi Kwonik (Kontinye)</p> <p>Yo ap mete yon maksimòm \$285 chak mwa sou Kat Healthy You ou a, konbine ak aktik yo vann san preskripsyon (Over-The-Counter, OTC), Èd Oditif OTC yo, Aliman ak Pwodui*, Transpò nan Anplasan Sante Plan an Apwouve, ak Transpò pou Bezwen ki Pa Medikal.</p> <p>*Kondisyon pou Elijibilite pou Maladi Kwonik</p>	
<p>Terapi avèk Egzèsis Sipèvizè (Supervised Exercise Therapy, SET)</p> <p>Yo kouvri SET la pou manm ki gen sentòm maladi atè periferik yo (PAD). Yo kouvri jiska 36 sesyon sou yon peryòd 12 semèn si egzijans pwogram SET yo respekte.</p> <p>Pwogram SET la dwe:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Genyen sesyon ki dire 30 a 60 minit, ki gen ladann yon pwogram antrènman ak egzèsis terapeitik pou PAD kay pasyan ki gen feblès nan janm yo (klodikasyon) • Fèt nan yon etablisman lopital pou pasyan ki pa entène oswa nan biwo yon doktè • Fèt grasak pèsònèl oksilyè kalifye ki nesèsè pou asire avantaj yo depase domaj yo, epi ki resevwa fòmasyon nan terapi egzèsis pou PAD. • Anba sipèvizyon dirèk yon doktè, yon asistan doktè, oswa yon enfimyè pratisyen/espesyalis enfimyè klinik ki dwe resevwa fòmasyon nan teknik sipò vital debaz ak avanse. <p>Yo kapab kouvri SET pou plis pase 36 sesyon sou yon peryòd 12 semèn pou yon lòt 36 sesyon sou yon peryòd tan pwolonje, si yon founisè swen sante jije li nesèsè pou rezon medikal.</p>	<p>Pa gen okenn ko-asirans, oswa kopeman pou manm ki elijib pou avantaj sa a.</p> <p>Li kapab obligatwa pou gen otorizasyon alavans.</p>
<p>Transpò-sitiyasyon ki pa ijans (Siplemanchè)</p> <p>Ou gen \$285 kòm alokasyon konbine chak mwa pou depanse jan w vle pou kesyon Transpò pou ale nan yon anplasan sante, sou kat Healthy You ou a. Montan sa a pa koresponn ak yon kantite “trajè” ki fikse, men, ou kapab itilize li pou achte transpò pou sitiyasyon ki pa ijans nan limit avantaj la. Montan sa a konbine avèk Atik yo vann san preskripsyon (Over-the-Counter OTC) yo, Èd Oditif OTC yo, Aliman ak Pwodwi*, Transpò nan Anplasan Sante ki Apwouve, ak alokasyon pou Sèvis Piblik chak mwa. Si w pa itilize tout montan avantaj chak mwa ou a, balans ki rete a ap ekspire epi nou p ap transfere li sou pwochen mwa a.</p>	<p>Pa gen ko-asirans oswa kopeman pou sèvis sa yo, si w ap itilize kat Healthy Youe ou a.</p> <p>Ou kapab gen responsablite pou peye frè yo si w depase alokasyon maksimòm chak ane a.</p> <p>Yo kapab aplike yon seri limit ak esklizyon. Si w bezwen swen ijans, rele 911 epi mande yon anbilans.</p>

Chapit 4: Tablo Avantaj Medikal yo (sa ki kouvri yo)

	Sèvis ki kouvri	Sa w peye
	<p>Transpò-sitiyasyon ki pa ijans (Siplemantè) (Kontinye)</p> <p>Ou kapab itilize lajan ki deja sou kat Healthy You ou a pou achte trajè sou aplikasyon transpò an komen yo, sou sèvis taksi, oswa pou lòt fòm transpò pou sitiyasyon ki pa ijans, tankou kat bis, kat pou tren, oswa lòt fòm transpò piblik. Nou ankouraje manm yo pou yo ogmante kantite trajè ki disponib pa mwayen alokasyon sa a. Pou destinasyon yo mande pi souvan yo, tankou nan sant dyaliz oswa etablisman terapi fizik, kontakte etblisman ki konsène a dirèkteman pou konnen si gen yon mwayen transpò ki pi ekonomik, anvan w pwograme yon sèvis transpò piblik oswa yon sèvis transpò detay.</p> <p>*Kondisyon pou Elijibilite pou Maladi Kwonik</p>	<p>Gade nan “Sèvis anbilans” nan tablo sa a pou aprann plis sou transpò an ijans yo.</p>
	<p>Sèvis ki nesèsè annijans</p> <p>Yon sèvis plan an kouvri ki nesèsite swen medikal san pèdi tan, men ki pa yon ijans, se yon sèvis ki nesèsè annijans si w twouve w andeyò zòn sèvis plan nou an yon fason tanporè, oswa, menmsi w nan zòn sèvis plan nou an, li pa rezonab, lè w konsidere moman an, anplasman, ak sikonstans yo pou w jwenn sèvis sa a nan men pwofesyonèl swen sante ki nan rezo a. Plan nou an kouvri sèvis ki nesèsè annijans yo epi li sèlman fè w peye pataj frè ki nan rezo a. Kòm egzanp pou sèvis ki nesèsè annijans, gen maladi ak blesi medikal sanzatan, oswa maladi ki egziste ki parèt sanzatan. Nou pa konsidere vizit pa woutin lakay pwofesyonèl swen sante yo, ki nesèsè nan domèn medikal, (tankou egzamen chak ane yo), kòm vizit ki nesèsè annijans, menmsi w twouve w andeyò zòn sèvis plan nou an, oswa si rezo plan nou an pa disponib tanporèman.</p>	<p>Pa gen ko-asirans, kopeman, oswa franchiz pou sèvis sa yo.</p>
	<p>Swen pou je (Medicare kouvri)</p> <p>Nan sèvis ki kouvri yo gen:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Sèvis doktè pou pasyan ki pa entène yo pou dyagnostik ak tretman maladi ak chòk nan je, ki gen ladann tretman pou dejeneresans makilè ki gen rapò ak laj. Original Medicare pa kouvri egzamen je pa woutin (refraksyon je) pou linèt/vè kontak. • Pou moun ki gen gwo risk pou gen glokòm, n ap kouvri yon tès depistaj glokòm chak ane. Moun ki gen gwo risk pou gen glokòm yo se moun ki gen yon antesedan famiyal nan kesyon glokòm, moun ki gen dyabèt, Afriken Ameriken ki gen 50 lane oswa plis, ak Ameriken Ispanik ki gen 65 lane oswa plis. • Pou moun ki gen dyabèt, kouvri tès depistaj retinopati dyabetik yon fwa chak ane 	<p>Pa gen ko-asirans oswa kopeman pou manm ki elijib pou avantaj sa a.</p> <p>Yo gendwa mande otorizasyon alavans pou linèt oswa vè kontak.</p>

Chapit 4: Tablo Avantaj Medikal yo (sa ki kouvri yo)

	Sèvis ki kouvri	Sa w peye
	<p>Swen pou je (Medicare kouvri) (Kontinye)</p> <ul style="list-style-type: none"> • Yon pè linèt oswa lantiy kontak apre chak operasyon pou katarat, ki gen ladan ensèsyon yon lantiy entra-okilè. Si w fè 2 operasyon separe pou katarat, ou pa kapab rezève avantaj la apre premye operasyon an epi pou w achte 2 linèt apre dezyèm operasyon an. <p>Swen pou je (Siplemantè)</p> <ul style="list-style-type: none"> • Yon egzamen je woutin chak ane • Linèt oswa vè kontak, jiska \$350 limit chak ane <p>Nan sèvis Medicaid kouvri yo gen:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Sèvis Optometris, Oftalmològ ak Optisyen Oftalmik ki gen ladann linèt, vè kontak ki nesèsè pou rezon medikal ak vè an polikabonat, je atifisyèl (ki nan estòk oswa ki fèt sou mezi), èd pou moun ki pa wè byen ak sèvis pou moun ki pa wè byen. Kouvèti a gen reparasyon oswa ranplasman pyès yo. <p>Egzamen pou dyagnostik ak tretman pou defo vizyèl ak/oswa maladi je. Egzamen pou refraksyon yo limite pou chak 2 lane, sof si sa nesèsè pou rezon medikal. Ou dwe itilize yon founisè ki nan rezo a. Al gade Anyè Famasi a oswa rele Sèvis Manm yo pou w ka jwenn yon lis.</p>	
	<p>Byenvini nan vizit prevantif Medicare</p> <p>Plan nou an kouvri vizit prevantif <i>Byenveni nan Medicare</i> la yon sèl fwa. Vizit la gen ladann yon verifikasyon sou eta sante w, ansanm ak edikasyon ak konsèy konsènan sèvis prevantif ou bezwen yo (ki gen ladann kèk tès depistaj ak vaksen), ak referans pou lòt swen si sa nesèsè.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Enpòtan: Nou kouvri vizit prevantif pou <i>Byenveni nan Medicare</i> la sèlman nan premye 12 premye mwa ou genyen Medicare Part B a. Lè w pran randevou w la, fè klinik doktè w la konnen ou vle pwograme vizit prevantif pou <i>Byenveni nan Medicare</i> ou a. 	<p>Pa gen ko-asirans, kopeman oswa franchiz pou <i>Byenvini nan vizit prevantif Medicare</i> la.</p>
	<p>Kouvèti pou ijans toupatou nan monn nan (Siplemantè)*</p> <p>Antanke yon avantaj yo ajoute, kouvèti w lan gen jiska \$10,000 chak ane sivil pou swen ijans toupatou nan monn nan andeyò peyi Etazini (U.S.)</p> <p>Avantaj sa a limite sèlman pou sèvis yo ap klase kòm swen ijans si yo bay swen an nan peyi Etazini. Kouvèti pou toupatou nan monn nan gen swen ijans, ak swen apre ou fin estab.</p> <p>Lè sitiyasyon sa yo rive, nou mande pou ou menm oswa yon moun k ap pran swen w lan rele nou. N ap eseye fè aranjman pou founisè ki nan rezo yo pran swen w kou kondisyon medikal ou a ak sikonstans ou yo pèmèt sa.</p>	<p>Pa gen ko-asirans, kopeman oswa franchiz pou avantaj sa a.</p> <p>Si w resevwa swen ijans andeyò peyi Etazini epi w bezwen swen pou pasyan ki entène apre ijans medikal ou a fin estab, ou dwe retounen nan yon lopital ki nan rezo a yon fason pou swen yo ap ba w la kontinye gkouvri OSWA ou dwe</p>

Chapit 4: Tablo Avantaj Medikal yo (sa ki kouvri yo)

	Sèvis ki kouvri	Sa w peye
	<p>Kouvèti pou ijans toupatou nan monn nan (Siplemantè)* (Kontinye)</p> <p>Nou pa kouvri transpò soti nan yon lòt peyi pou w retounen Etazini. Nou pa kouvri swen pa woutin ak pwosedi ki pwograme alavans oswa pwosedi ki ochwa yo.</p> <p>Nou pa kouvri taks ak frè aletranje (enkli, men san se pa sa sèlman, frè pou chanje lajan oswa frè tranzaksyon yo).</p> <p>Etazini vle di 50 eta, District of Columbia, Pòtoriko (Puerto Rico), Zile Vyèj yo (Virgin Islands), Gam (Guam), Nò Zile Maryàn lan (Northern Mariana Island), ak Samowa Ameriken (American Samoa).</p>	<p>resevwa swen w ap resevwa pou pasyan ki entène a nan lopital ki pa nan rezo a, men, ki gen otorizasyon plan an.</p> <p>Depans ou an se pataj frè w ap gen pou peye nan yon lopital ki nan rezo a. Maksimòm plan an ap aplike.</p> <p>Ou kapab bezwen depoze yon reklamasyon pou ranbousman swen ijans/ swen rapid ou te resevwa andeyò peyi Etazini.</p> <p>Maksimòm plan an ki se \$10,000 chak ane sivil, aplikab pou avantaj sa a.</p>

SEKSYON 3 Sèvis ki kouvri andeyò Senior Whole Health of New York NHC (HMO D-SNP)

Senior Whole Health Medicare Complete Care (HMO-D-SNP) pa kouvri sèvis ki vin apre yo, men, yo disponib pa mwayen Medicaid:

- Sèvis Planing Familyal ki pa nan rezo a anba dispozisyon aksè dirèk yo,
- Avantaj Famasi Medicaid jan Lwa Eta a pèmèt sa (chwazi kategori medikaman ki pa nan avantaj Medicare Part D a),
- Pwogram Tretman Antretyen avèk Metadòn,
- Sèvis Reyabilitasyon yo Bay Rezidan nan Rezidans Kominotè ki gen Lisans OMH yo (CR) ak Pwogram Tretman Ki Baze sou Fanmi yo,
- Sèvis Biwo pou Moun ki gen Andikap Devlopmanal,
- Jesyon Dosye Medicaid Konplè,
- Terapi sou Obsèvasyon Dirèk (DOT) pou Maladi Tibèkiloz,

SEKSYON 4 Sèvis Senior Whole Health of New York NHC (HMO D-SNP) OSWA Medicaid pa kouvri yo

Seksyon sa a fè w konnen ki sèvis ki ekskli.

Chapit 4: Tablo Avantaj Medikal yo (sa ki kouvri yo)

Tablo ki anba a bay lis sèvis ak atik plan nou an oswa Medicaid pa kouvri nan okenn sikonstans oswa sa Medicaid kouvri sèlman nan kèk sikonstans byen presi.

Si w resewva sèvis yo retire (ki pa kouvri), ou dwe peye yo poukont ou, eksepte nan sikonstans espesifik ki mansyone anba a. Menmsi w jwenn sèvis ki ekskli yo nan yon etablisman ijans, sèvis ki ekskli yo toujou pa kouvri, epi plan nou an p ap peye pou yo. Sèl eksepsyon ki genyen se si yo fè apèl kont sèvis la epi yo pran yon desizyon sou li: pou apèl la, se yon sèvis medikal nou ta dwe peye oswa kouvri akòz sitiyasyon espesifik ou a. (Pou enfòmasyon sou fason pou fè yon apèl kont yon desizyon nou te pran pou nou pa kouvri yon sèvis medikal, ale nan Chapit 9, Seksyon 6.3.)

Sèvis Medicare pa kouvri yo	Yo kouvri sèlman nan kèk sikonstans espesifik
Akiponkti	Disponib pou moun ki gen doulè kwonik nan do nan kad kèk sikonstans.
Pwosedì oswa chiriji estetik	Yo kouvri nan ka yon blesi pa aksidan oswa pou amelyore fonksyonman yon manm nan kò a ki malfòmè Yo kouvri pou tout etap rekonstriksyon yon tete apre yon mastektomi, ansanm ak tete ki pa afekte a pou pwodui yon aparans simetrik.
Swen sou siveyans Swen pou siveyans se swen pèsònèl ki pa bezwen atansyon pèmanan yon pèsònèl medikal oswa yon pèsònèl paramedikal ki gen fòmasyon, tankou swen ki ede w jere aktivite ou fè chak jou nan lavi w, tankou benyen oswa abiye.	Yo pa kouvri nan okenn sikonstans
Pwosedì medikal ak chirijikal, ekipman ak medikaman ki nan faz eksperimental Pwosedì ak atik eksperimental yo se atik ak pwosedì Original Medicare detèmine pou kominote medikal la pa aksepte an jeneral.	Original Medicare kapab kouvri nan kad yon etid rechèch klinik Medicare apwouve, oswa pa plan nou an (Ale nan Chapit 3, Seksyon 5 pou plis enfòmasyon sou etid rechèch klinik yo)
Frè fanmi pwòch ou oswa moun lakay ou mande pou swen an	Yo pa kouvri nan okenn sikonstans
Swen enfimye aplentan adomisil	Yo pa kouvri nan okenn sikonstans
Livrezon repa adomisil	Yo pa kouvri nan okenn sikonstans
Sèvis èd menajè, san wete èd debaz adomisil, tankou travay nan kay ki lejè oswa preparasyon repa ki lejè.	Yo pa kouvri nan okenn sikonstans
Sèvis natiwopat yo (ki itilize tretman natirèl oswa lòt kalite tretman)	Yo pa kouvri nan okenn sikonstans

Chapit 4: Tablo Avantaj Medikal yo (sa ki kouvri yo)

Sèvis Medicare pa kouvri yo	Yo kouvri sèlman nan kèk sikonstans espesifik
Soulye òtopedik oswa aparèy sipò pou pye yo	Soulye ki fè pati yon sipò pou janm epi yo tou mete l nan pri sipò a. Soulye òtopedik oswa terapetik pou moun ki gen maladi dyabèt nan pye. Soulye òtopedik yo kapab kouvri nan kad Medicaid
Atik pèsònèl nan chanm ou nan yon lopital oswa nan yon etablisman swen espesyalize, tankou yon telefòn oswa yon televizyon.	Yo pa kouvri nan okenn sikonstans
Chanm prive nan yon lopital	Yo kouvri sèlman lè sa nesesè nan domèn medikal
Pwosedi pou defèt esterilizasyon ak/oswa founiti kontraseptif ki pa sou preskripsyon	Yo pa kouvri nan okenn sikonstans
Swen kiwopraktik pa woutin	Yo kouvri manipilasyon manyèl nan kolòn vètebral pou korije yon debwatman
Swen dan pa woutin, tankou netwayaj, plonbij oswa mete fo dan	Yo pa kouvri nan okenn sikonstans Gade tablo Benefis Medikal yo anvan pou plis enfòmasyon.
Egzamen je pa woutin, linèt, keratomi radyal, operasyon LASIK, ak lòt èd pou moun ki pa wè byen	Yo pa kouvri nan okenn sikonstans Gade tablo Benefis Medikal yo anvan pou plis enfòmasyon.
Swen woutin pou pye	Gen kèk kouvèti limite yo bay dapre direktiv Medicare yo (pa egzanzp, si w gen dyabèt) Gade tablo Benefis Medikal yo anvan pou plis enfòmasyon.
Egzamen woutin pou zòrèy, aparèy pou ede tande, oswa egzamen pou ajiste aparèy pou ede tande a	Medicaid kouvri tès ak egzamen yo, preskripsyon ak evalyasyon pou èd oditif (ki nesesè pou rezon medikal). Gade tablo Benefis Medikal yo anvan pou plis enfòmasyon.
Sèvis yo konsidere ki pa rezonab e ki pa nesesè, selon estanda Original Medicare yo	Yo pa kouvri nan okenn sikonstans

CHAPIT 5:

Fason pou itilize kouvèti plan an pou medikaman Pati D yo

Kijan w kapab jwenn enfòmasyon sou frè medikaman w yo?

Piske w elijib pou Medicaid, ou kalifye pou Èd Sipleman (Extra Help), epi w ap resevwa li nan Medicare pou peye frè plan medikaman sou preskripsyon plan w lan. Piske w nan pwogram Èd Sipleman (Extra Help) la, **gen kèk enfòmasyon nan Prèw Kouvèti sa a konsènan frè pou medikaman sou preskripsyon Pati D yo ki kapab pa aplike pou ou.** Nou voye yon ensèsyon separe ba ou, ki rele *Avnan Prèw Kouvèti pou Moun ki Resevwa Extra Help pou Peye Medikaman sou Preskripsyon* (yo rele tou *Avnan Sibvansyon pou Revni Fèb* oswa *LIS Rider*), ki ba w enfòmasyon w sou kouvèti medikaman w yo. Si w pa gen ensèsyon sa a, rele Sèvis Manm yo nan (833) 671-0440 (Itilizatè TTY yo rele 711) epi mande pou *LIS Rider*.

(Nimewo telefòn pou Sèvis Manm yo enprime nan do kouvèti dokiman sa a.)

SEKSYON 1 Règ debaz pou kouvèti medikaman Pati D plan an

Al gade nan Tablo Avantaj Medikal ki nan Chapit 4 la pou avantaj medikaman Medicare Part B yo ak avantaj medikaman ospis yo.

Anplis medikaman Medicare kouvri yo, gen kèk medikaman sou preskripsyon ki kouvri nan kad avantaj Medicaid ou yo.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou kouvèti medikaman Medicaid la, ou dwe kontakte biwo Medicaid nan Eta w la (Enfòmasyon pou kontakte yo ekri nan Chapit 2, Seksyon 6).

An jeneral, plan nou an ap kouvri medikaman w yo toutotan ou suiv règ sa yo:

- Ou dwe fè yon founisè (doktè, dantis, oswa lòt moun k ap fè preskripsyon) ekri preskripsyon w lan, ki dwe valab selon lwa ki aplikab la.
- Moun k ap fè preskripsyon w lan pa dwe sou Lis Eksklizyon oswa Enklizyon Medicare.
- An jeneral, ou dwe itilize yon famasi ki nan rezo a pou ranpli preskripsyon w lan (Ale nan Seksyon 2), ou kapab ranpli preskripsyon w lan pa mwayen sèvis kòmman pa lapòs plan nou an.
- Medikaman w lan dwe nan Lis Medikaman plan nou an (Ale nan Seksyon 3).
- Ou dwe itilize medikaman w lan pou yon endikasyon medikal yo aksepte. Yon “endikasyon medikal yo aksepte” se lè yo itilize yon medikaman Administrasyon Manje ak Medikaman (FDA) an apwouve oswa gen kèk referans ki kore li. (Ale nan Seksyon 3 a pou plis enfòmasyon sou yon endikasyon medikal yo aksepte.)
- Medikaman w lan kapab bezwen jwenn apwobasyon plan nou an sou baz sèten kritè anvan nou dakò bay kouvèti pou li. (Al gade nan Seksyon 4 pou jwenn plis enfòmasyon)

Chapit 5: Fason pou itilize kouvèti plan an pou medikaman Pati D yo

SEKSYON 2 Ranpli preskripsyon w yo nan yon famasi ki nan rezo a oswa atravè sèvis kòmman pa lapòs plan nou an

Nan pifò ka, yo kouvri preskripsyon w yo sèlman si yo ranpli yo nan famasi ki nan rezo plan nou an. (Gade Seksyon 2.5 lan pou w jwenn enfòmasyon sou kilè nou bay kouvèti pou preskripsyon ki ranpli nan famasi ki pa nan rezo a.)

Yon famasi ki nan rezo a, se yon famasi ki gen yon kontra avèk plan nou an pou bay medikaman ki kouvri yo. Tèm "medikaman ki kouvri yo" vle di tout medikaman sou preskripsyon Pati D yo ki nan Lis Medikaman plan nou an.

Seksyon 2.1 Famasi ki nan rezo yo

Jwenn yon famasi ki nan rezo a, nan zòn ou an

Pou jwenn yon famasi ki nan rezo a, ale nan *Anyè Founisè/Anyè Famasiou a*, ale sou sit entènèt nou an (SWHNY.com), epi/oswa rele Sèvis Manm yo nan (833) 671-0440 (Itilizatè TTY yo rele 711).

Ou kapab ale nan nenpòt famasi ki nan rezo nou yo.

Si famasi w la kite rezo a

Si famasi ou te konn itilize a kite rezo plan nou an, w ap oblije jwenn yon nouvo famasi nan rezo a. Pou jwenn yon lòt famasi nan zòn ou a, jwenn èd nan Sèvis Manm yo nan (833) 671-0440 (Itilizatè TTY yo rele 711) oswa itilize *Anyè Founisè/Anyè Famasi a*. Epitou, ou kapab jwenn enfòmasyon sou sit entènèt nou an nan SWHNY.com.

Famasi espesyalize yo

Gen kèk preskripsyon ki dwe ranpli nan yon famasi espesyalize. Famasi espesyalize yo se:

- Famasi ki bay medikaman pou terapi enfizyon nan kay.
- Famasi ki bay medikaman pou rezidan ki nan yon etablisman swen alontèm (LTC). Anjeneral, yon etablisman LTC (tankou yon mezon retrèt) gen pwòp famasi li. Si w gen difikilte pou jwenn medikaman Pati D ou yo nan yon etablisman LTC, rele Sèvis Manm yo nan (833) 671-0440 (Itilizatè TTY yo rele 711).
- Famasi ki sèvi Indian Health Service /Pwogram Sante pou Tribi / Urban Indian Health Program (li pa disponib nan Puerto Rico). Eksepte nan ka ijans, sèlman Ameriken Natifnatal yo oswa Natifnatal Alaska yo ki gen aksè nan famasi sa yo ki nan rezo nou an.
- Famasi ki bay medikaman FDA mete restriksyon sou yo nan kèk zòn yo oswa ki mande yon jesyon espesyal, kowòdinasyon pwofesyonèl swen sante, oswa fòmasyon sou fason pou itilize yo. Pou jwenn yon famasi espesyalize, ale nan *Anyè Founisè/Anyè Famasi* SWHNY.com ou a, oswa rele Sèvis Manm yo nan (833) 671-0440 (Itilizatè TTY yo rele 711).

Seksyon 2.2 Sèvis kòmman pa lapòs plan nou an

Pou kèk kalite medikaman, ou kapab itilize sèvis kòmman pa lapòs rezo plan nou an. An jeneral, medikaman yo bay sou kòmman pa lapòs yo se medikaman ou pran regilyèman pou yon kondisyon medikal kwonik oswa ki alontèm. Medikaman ki pa disponib pa mwayen sèvis kòmman pa lapòs plan nou an, make kòm "NM" pou Pa nan Kòmman pa Lapòs nan Lis Medikaman nou an.

Chapit 5: Fason pou itilize kouvèti plan an pou medikaman Pati D yo

Sèvis kòmman pa lapòs plan nou an pèmèt ou kòmande pou **jiska 100 jou pwovizyon**.

Pou jwenn fòm kòmman yo ak enfòmasyon sou fason pou ranpli preskripsyon w yo pa lapòs, tanpri rele Sèvis Manm yo oswa ale sou sit entènèt nou an nan SWHNY.com.

Anjeneral, yon famasi ap fè livrezyon yon kòmman pa lapòs ba ou nan pa plis pase 14 jou. Si gen yon bezwen ijan oswa si lè sa a an reta, tanpri rele Sèvis Manm yo pou w ka jwenn èd pou resevwa yon kantite tanporè pou preskripsyon w lan.

Nouvo preskripsyon famasi a resevwa dirèkteman nan klinikdòktè w la.

Aprè famasi a fin resevwa yon preskripsyon nan men yon founisè swen sante, li ap kontakte w pou wè si w vle ranpli medikaman an imedyatman oswa nan yon tan apre. Li enpòtan pou w reponn chak fwa famasi a kontakte w, pou fè yo konnen si pou yo voye, retade, oswa sispann nouvo preskripsyon an.

Renouvle preskripsyon nan kòmman pa lapòs. Pou renouvle medikaman w yo, ou gen opsyon pou enskri nan yon pwogram renouvèlman otomatik. Nan kad pwogram sa a, nou ap kòmanse trete pwochen renouvèlman ou an otomatikman lè dosye nou yo montre ou dwe prèske fini medikaman w lan. Famasi a ap kontakte w anvan li voye chak renouvèlman pou asire li ou bezwen plis medikaman, epi w kapab anile renouvèlman ki pwograme yo, si w gen ase medikaman oswa medikaman an chanje.

Si w chwazi pa itilize pwogram renouvèlman otomatik nou an, men, ou toujou vle famasi kòmman pa lapòs la voye preskripsyon w lan pou ou, kontakte famasi w la 14 jou anvan preskripsyon ou gen kounye a fini. Sa ap fè nou gen asirans yo voye kòmman ou an atan.

Pou kite pwogram nou an ki prepare renouvèlman kòmman pa lapòs yo otomatikman, tanpri rele Sèvis Manm yo oswa ale sou sit entènèt nou an nan SWHNY.com.

Si w resevwa yon renouvèlman otomatik nan kourye lapòs san w pa t vle, ou kapab elijib pou yon ranbousman.

Seksyon 2.3 Fason pou jwenn yon pwovizyon medikaman alontèm

Plan nou an ofri 2 fason pou jwenn yon pwovizyon alontèm (ki rele pwovizyon pwolonje tou) pou medikaman antretyen ki sou Lis Medikaman plan nou an. (Medikaman antretyen se yon seri medikaman ou pran regilyèman, pou yon kondisyon medikal kwonik oswa alontèm.)

1. Kèk famasi an detay nan rezo nou an pèmèt ou resevwa yon pwovizyon alontèm nan medikaman antretyen yo. *Anyè Famasi/Founisè* SWHNY.com ou a di w ki famasi nan rezo nou an ki kapab ba w yon pwovizyon alontèm nan medikaman pou antretyen yo. Epitou, ou kapab rele Sèvis Manm (833) 671-0440 (Itilizatè TTY yo rele 711) pou plis enfòmasyon
2. Ou kapab resevwa medikaman antretyen yo atravè pwogram kòmman pa lapòs nou an tou. Ale nan Seksyon 2.3 a pou jwenn plis enfòmasyon

Seksyon 2.4 Itilize yon famasi ki pa nan rezo plan nou an

Anjeneral, nou kouvri medikaman ki ranpli nan yon famasi ki pa nan rezo a *sèlman* lè w pa kapab itilize yon famasi ki nan rezo a. Epitou, nou gen yon rezo famasi ki andeyò zòn sèvis nou an, kote ou kapab ranpli preskripsyon ou yo antanke manm plan nou an. **Toudabò, verifye ak Sèvis Manm yo nan (833) 671-0440 (Itilizatè TTY yo rele 711)** pou konnen si gen yon famasi ki nan rezo a toupre w.

Nou kouvri preskripsyon ki ranpli nan famasi ki pa nan rezo a sèlman nan sikonstans sa yo:

Chapit 5: Fason pou itilize kouvèti plan an pou medikaman Pati D yo

- Si preskripsyon an gen rapò ak swen rapid ki nesèsè
- Si preskripsyon sa yo gen rapò ak swen pou yon ijans medikal
- Kouvèti an ap limite pou yon pwovizyon 31 jou, sof si preskripsyon an ekri pou mwens.

Si w dwe itilize yon famasi ki pa nan rezo a, an jeneral, w ap oblije peye tout frè a (olye pataj frè nòmal ou a) nan moman w ap ranpli preskripsyon w lan. Ou kapab mande nou ranbouse w pataj frè nou an. (Ale nan chapit 7, Seksyon 2 an pou jwenn enfòmasyon sou fason pou mande plan nou an ranbouse w.) Ou kapab gen obligasyon pou peye diferans ant sa w peye pou medikaman nan famasi ki pa nan rezo a ak frè nou ta ka kouvri nan yon famasi ki nan rezo a.

SEKSYON 3 Medikaman w yo dwe nan Lis Medikaman plan nou an

Seksyon 3.1 Lis Medikaman an di ki medikaman Pati D ki kouvri

Plan nou an gen yon *Lis Medikaman ki Kouvri yo* (fòmilè). Nan *Prèw Kouvèti sa a*, **nou rele li Lis Medikaman**.

Plan nou an chwazi medikaman ki nan lis sa a avèk èd yon ekip doktè ak famasyon. Lis la respekte egzijans Medicare yo epi se Medicare ki te apwouve l.

Lis Medikaman an sèlman montre medikaman ki gen kouvèti nan kad Medicare Part D yo. Anplis medikaman Medicare kouvri yo, gen kèk medikaman sou preskripsyon ki kouvri nan kad avantaj Medicaid ou yo. Pou plis enfòmasyon sou kouvèti medikaman Medicaid la, ou dwe kontakte biwo Medicaid nan Eta ou a (enfòmasyon pou kontakte yo a ekri nan Chapit 2, Seksyon 6).

An jeneral, nou kouvri yon medikaman nan Lis Medikaman plan nou an toutotan ou suiv lòt règ kouvèti yo eksplike nan chapit sa a epi toutotan ou itilize medikaman an pou yon endikasyon ki aksepte sou plan medikal. Yon endikasyon yo aksepte pou rezon medikal se itilizasyon medikaman an ki *swa*:

- Jwenn apwobasyon FDA pou dyagnostik oswa maladi yo ap bay preskripsyon pou li a, oswa
- Jwenn sipò kèk referans, tankou Enfòmasyon sou Medikaman nan Sèvis Lis Medikaman Lopital Ameriken an ansanm ak Sistèm Enfòmasyon DRUGDEX.

Nan Lis Medikaman an, gen dwòg gwo mak, medikaman jenerik, ak pwodui biyolojik (ki kapab gen biyosimilè yo).

Yon medikaman mak komèsyal se yon medikaman sou preskripsyon yo vann sou yon non mak komèsyal fabrikasyon medikaman an posede. Pwodui biyolojik yo se medikaman ki pi konplike pase medikaman nòmal yo. Nan Lis Medikaman an, lè nou pale konsènan medikaman, sa kapab vle di yon medikaman oswa yon pwodui biyolojik.

Yon medikaman jenerik se yon medikaman sou preskripsyon ki gen menm engredyan aktif avèk medikaman mak komèsyal. Pwodui biyolojik yo gen lòt altènatif ki rele biyosimilè. Anjeneral, jenerik ak biyosimilè yo fonksyone menm jan ak pwodi mak komèsyal oswa pwodwi biyolojik orijinal la, epi yo koute mwens chè. Gen medikaman jenerik ranplasan ki disponib pou anpil medikaman mak komèsyal ak pwodui biyolojik altènatif yo pou kèk pwodwi biyolojik orijinal. Gen kèk biyosimilè ki se biyosimilè entèchanjab epi, selon lwa Eta a, yo kapab ranplase pwodui biyolojik orijinal la nan famasi a san yo pa bezwen yon nouvo preskripsyon, menm jan medikaman jenerik yo kapab ranplase medikaman mak komèsyal yo.

Ale nan Chapit 12 pou jwenn definisyon pou kalite medikaman ki kapab nan Lis Medikaman an.

Medikaman yo Vann san Preskripsyon

Chapit 5: Fason pou itilize kouvèti plan an pou medikaman Pati D yo

Plan nou an kouvri kèk medikaman san preskripsyon tou. Gen kèk medikaman san preskripsyon ki mwen chè pase medikaman sou preskripsyon yo, epi yo fonksyone menm jan an. Pou plis enfòmasyon, rele Sèvis Manm yo nan (833) 671-0440 (Itilizatè TTY yo rele 711).

Medikaman ki pa nan Lis Medikaman an

Plan nou an pa kouvri tout medikaman sou preskripsyon yo.

- Nan kèk ka, lalwa pa pèmèt okenn plan Medicare kouvri kèk kalite medikaman. (Pou plis enfòmasyon, ale nan Seksyon 7.)
- Nan lòt ka, nou deside pa mete yon medikaman an patikilye nan Lis Medikaman an.
- Nan kèk ka, ou kapab anmezi pou jwenn yon medikaman ki pa nan Lis Medikaman an. (Pou plis enfòmasyon, ale nan Chapit 9.)

Seksyon 3.2 Sis (6) Nivo pataj frè pou medikaman nan Lis Medikaman an

Chak medikaman ki nan Lis Medikaman plan nou an nan youn nan sis (6) nivo pataj frè yo. An jeneral, plis nivo a wo, se plis pataj pa w pou medikaman an ap wo:

- Nivo 1 - Jenerik Prefere
- Nivo 2 - Jenerik
- Nivo 3 - Mak Prefere
- Nivo 4 - Medikaman ki Pa Prefere
- Nivo 5 - Nivo Espesyalite
- Nivo 6 - Medikaman Select Care

Pou w konnen nan ki nivo pataj frè medikaman w lan ye, gade nan Lis Medikaman plan nou an. Montan w ap peye pou medikaman yo nan chak nivo pataj frè afiche nan Chapit 6 la.

Seksyon 3.3 Men kijan w kapab konnen si yon medikaman espesifik nan Lis Medikaman an

Pou konnen si yon medikaman nan Lis Medikaman nou an, ou gen opsyon sa yo:

- Verifye Lis Medikaman ki pi resan nou te bay sou fòm elektwonik lan.
- Ale sou sit entènèt plan an (SWHNY.com). Lis Medikaman ki sou sit entènèt la toujou pi resan.
- Rele Sèvis Manm (833) 671-0440 (TTY users call 711) pou konnen si gen yon medikaman an patikilye nan Lis Medikaman plan nou an oswa pou mande yon kopi lis la.
- Itilize “Real-Time Benefit Tool” plan nou an (Caremark.com oswa lè w rele Sèvis Manm yo). Chèche medikaman nan Lis Medikaman an pou jwenn yon estimasyon konsènan montan w dwe peye a, epi pou w konnen si gen lòt medikaman nan Lis Medikaman an ki kapab trete menm maladi a. Epitou, ou kapab rele Sèvis Manm yo nan (833) 671-0440 (Itilizatè TTY yo rele 711).

Chapit 5: Fason pou itilize kouvèti plan an pou medikaman Pati D yo

SEKSYON 4 Medikaman ki gen restriksyon sou kouvèti

Seksyon 4.1 Poukisa kèk medikaman gen restriksyon sou yo

Pou kèk medikaman sou preskripsyon, gen règ espesyal ki limite fason ak lè plan nou an kouvri yo. Yon ekip doktè ak famasyon te devlope règ sa yo pou ankouraje ou menm ak founisè w la itilize medikaman yo yon fason ki pi efikas. Pou konnen si nenpòt nan restriksyon sa yo aplike pou yon medikaman w ap pran oswa ou vle pran, verifye Lis Medikaman an.

Si yon medikaman san danje epi koute mwens kòb efikas medikalman menm jan ak yon medikaman ki koute pi chè, règ plan nou an fèt pou ankouraje oumenm ak founisè w la itilize opsyon ki koute mwens kòb la.

Sonje pafwa yon medikaman ka parèt plis pase yon fwa nan Lis Medikaman nou an. Se paske menm medikaman yo kapab diferan selon fòs, kantite, oswa fòm medikaman founisè swen sante w la preskri a, epi gen diferan restriksyon oswa pataj frè ki ka aplike sou diferan vèsyon medikaman an (pa egzanp, 10 mg kont 100 mg; youn chak jou kont 2 chak jou; konprime kont likid).

Seksyon 4.2 Tip restriksyon

Si gen yon restriksyon pou medikaman w lan, anjeneral sa vle di ou menm oswa founisè w la dwe pran lòt mezi pou nou kouvri medikaman an. Rele Sèvis Manm yo nan (833) 671-0440 (Itilizatè TTY yo rele 711) pou konnen kisa ou menm oswa founisè w la kapab fè pou jwenn kouvèti pou medikaman an. **Si w vle nou anile restriksyon an pou ou, w ap bezwen itilize pwosesis desizyon sou kouvèti an epi mande nou fè yon eksepsyon.** Nou ka dakò oswa nou ka pa dakò pou nou anile restriksyon an pou ou. (Ale nan Chapit 9.)

Jwenn apwobasyon alavans

Pou kèk medikaman, ou menm oswa pwofesyonèl swen sante w la bezwen jwenn apwobasyon plan nou an sou baz yon kritè byen presi, anvan nou dakò pou kouvri medikaman an pou ou. Yo rele sa **otorizasyon alavans**. Sa a mete an plas pou asire sekirite medikaman a epi ede moun byen itilize kèk medikaman. Si w pa jwenn apwobasyon sa a, plan nou an ka pa kouvri medikaman w lan. Ou kapab jwenn kritè otorizasyon alavans plan nou an lè w rele Sèvis Manm yo nan (833) 671-0440 (Itilizatè TTY yo rele 711) oswa sou sit entènèt nou an SWHNY.com.

Eseye yon medikaman diferan anvan

Kondisyon sa a ankouraje w eseye medikaman ki koute mwens kòb, men an jeneral ki gen menm efikasite ak medikaman yo, anvan plan nou an kouvri yon lòt medikaman. Pa egzanp, si Medikaman A ak Medikaman B trete menm kondisyon medikal la, epi Medikaman A a mwens chè, plan nou an kapab mande w eseye Medikaman A anvan. Si Medikaman A pa fonksyone pou ou, lè sa a, plan nou an ap kouvri Medikaman B a. Egzijans sa a pou eseye yon medikaman diferan anvan, yo rele l **terapi pa etap**. Ou kapab jwenn kritè pou etap terapi plan nou an lè w rele Sèvis Manm yo nan (833) 671-0440 (Itilizatè TTY yo rele 711) oswa sou sit entènèt nou an SWHNY.com.

Chapit 5: Fason pou itilize kouvèti plan an pou medikaman Pati D yo

Kantite limite

Pou kèk medikaman, nou limite kantite nan yon medikaman ou ka jwenn chak fwa ou ranpli preskripsyon w lan. Pa egzanp, si nòmalman yo konsidere li san danje pou w pran yon sèl konprime pa jou pou yon medikaman kèlkonk, nou ka limite kouvèti pou preskripsyon w lan pou pa plis pase yon konprime chak jou.

SEKSYON 5 Men kisa w ka fè si yo pa kouvri youn nan medikaman w yo nan fason w vle a

Gen sitiyasyon kote yon medikaman sou preskripsyon w ap pran, oswa ou menm ak founisè w la panse ou dwe pran, kapab pa sou Lis Medikaman nou an oswa sou restriksyon. Pa egzanp:

- Medikaman an kapab pa kouvri ditou. Oswa yon vèsyon jenerik nan medikaman an kapab kouvri, men vèsyon gwo mak ou vle pran an pa kouvri.
- Medikaman an gen kouvèti, men, gen règ oswa restriksyon anplis sou kouvèti pou medikaman sa a.

Si medikaman w lan nan yon nivo pataj frè ki lakoz ou peye plis pase sa w panse li dwe ye a, ale nan Seksyon 5.1 an pou konn sa w kapab fè.

Si medikaman w lan pa nan Lis Medikaman an oswa li sou restriksyon, men opsyon sou sa w kapab fè:

- Ou ka anmezi pou jwenn yon kantite tanporè medikaman an.
- Ou ka chanje epi pran yon lòt medikaman.
- Ou kapab mande yon eksepsyon epi mande plan nou an kouvri medikaman an oswa retire restriksyon ki sou medikaman an.

Ou ka anmezi pou jwenn yon kantite tanporè

Nan kèk sikonstans, plan nou an dwe bay yon kantite tanporè pou yon medikaman w ap pran deja. Kantite tanporè sa a ap ba w tan pou w pale ak founisè w konsènan chanjman an.

Pou w elijib pou yon kantite tanporè, medikaman w ap pran an **pa dwe nan Lis Medikaman plan nou an ankò OSWA li dwe sijè a sèten restriksyon kounye a.**

- **Si w se yon nouvo manm**, nou ap kouvri yon kantite tanporè nan medikaman w lan pandan premye **90 jou** abònman w nan plan nou an.
- **Si w te nan plan nou an ane pase a**, nou ap kouvri yon kantite tanporè nan medikaman w lan pandan premye 90 jou nan ane sivil la.
- Kantite tanporè sa a ap pou yon kantite maksimòm 31 jou. Si yo ekri preskripsyon w lan pou mwens jou, nou ap otorize w ranpli medikaman yo plizyè fwa pou bay jiska yon maksimòm 31 jou pwovizyon medikaman. Ou dwe ranpli preskripsyon an nan yon famasi ki nan rezo a. (Sonje byen, yon famasi swen alontèm ka bay medikaman an nan ti kantite a chak fwa pou evite gaspiyaj.)
- **Pou manm ki te nan plan nou an pandan plis pase 90 jou epi ki ap viv nan yon etablisman swen alontèm epi ki bezwen yon pwovizyon san pèdi tan:** Nou ap kouvri yon pwovizyon dijans pou 31 jou nan yon medikaman an patikilye, oswa mwens si yo ekri preskripsyon w lan pou mwens jou. Se yon adisyon pou kantite tanporè ki anwo a.

Chapit 5: Fason pou itilize kouvèti plan an pou medikaman Pati D yo

- Si w se yon nouvo rezidan nan yon etablisman LTC epi w te enskri nan plan nou an pandan plis pase 90 jou epi w bezwen yon medikaman ki pa nan fòmilè nou an oswa ki kapab anba lòt restriksyon, tankou terapi pa etap oswa limit kantite (limit dòz), n ap kouvri yon kantite pou ijans tanporè pandan 31 jou pou medikaman sa a (sof si preskripsyon an fèt pou mwens jou) pandan manm nan ap chèche yon eksepsyon nan fòmilè a. Gen eksepsyon ki disponib nan sityasyon kote ou gen yon chanjman nan nivo swen w ap resevwa a, epitou ki mande w pou w fè tranzisyon soti nan yon etablisman oswa nan yon sant tretman pou ale nan yon lòt. Nan sikonstans sa yo, ou ta elijib pou yon eksepsyon tanporè ki ka ranpli yon sèl fwa, menm si w pa nan premye 90 jou yo antanke manm plan an. Tanpri, sonje règleman tranzisyon nou an aplike sèlman pou medikaman ki se “Pati D” yo epi yo achte yo nan yon famasi ki nan rezo a. Yo pa ka itilize règleman tranzisyon an pou achte yon medikaman ki pa nan Pati D a oswa pou achte yon medikaman yon kote ki pa nan rezo a, sof si ou kalifye pou aksè andeyò rezo a.

Pou kesyon konsènan yon kantite tanporè, rele Sèvis Manm yo nan (833) 671-0440 (Itilizatè TTY yo rele 711).

Pandan tan w ap itilize yon kantite tanporè nan yon medikaman, ou dwe pale ak founisè w la pou decide kisa pou w fè lè pwovizyon tanporè w la fini. Ou gen 2 opsyon:

Opsyon 1. Ou ka chanje epi pran yon lòt medikaman

Pale ak pwofesyonèl swen sante w la pou konnen si gen yon lòt medikaman plan nou an kouvri, ki kapab fonksyone menm jan an pou ou. Rele Sèvis Manm yo nan (833) 671-0440 (Itilizatè TTY yo rele 711) pou mande pou yon lis medikaman ki kouvri yo ki trete menm kondisyon medikal la. Lis sa a ka ede founisè w la jwenn yon medikaman ki kouvri ki ka travay pou ou.

Opsyon 2. Ou ka mande yon eksepsyon

Ou menm ak founisè w la kapab mande plan nou an yon eksepsyon epi pou li kouvri medikaman jan ou ta vle li kouvri a. Si founisè w la di ou gen kèk rezon medikal ki jistifye ke w ap mande nou pou yon eksepsyon, founisè w la ka ede w mande pou yon eksepsyon. Pa egzanp, ou kapab mande plan nou an kouvri yon medikaman menmsi li pa nan Lis Medikaman plan nou an. Oswa ou kapab mande plan nou an fè yon eksepsyon epi kouvri medikaman an san restriksyon.

Si w se yon manm aktyèlman epi yo pral retire yon medikaman w ap pran nan fòmilè a oswa yo mete restriksyon sou li nan kèk fason pou pwochen ane, n ap fè w konnen nenpòt chanjman anvan nouvo ane a. Ou kapab mande yon eksepsyon anvan ane pwochèn, epi n ap ba w yon repons nan espas 72 èdtan apre nou jwenn demann ou an (oswa deklarasyon sipò moun ki fè preskripsyon w lan). Si nou apwouve demann ou an, nou ap otorize kouvèti pou medikaman an anvan chanjman an antre an vigè.

Si ou menm ak founisè w la vle mande yon eksepsyon, ale nan Chapit 8, Seksyon 7,4 pou konnen sa pou w fè. Li eksplike pwosedi ak dat limit Medicare fikse pou asire yo ap jere demann ou an rapid epi san patipri.

Seksyon 5.1 Kisa w kapab fè si medikaman w lan nan yon nivo pataj frè ou panse ki twò wo?

Si medikaman w lan nan yon nivo pataj frè ou panse ki twò wo, men kèk bagay ou kapab fè:

Ou ka chanje epi pran yon lòt medikaman

Si medikaman w lan nan yon nivo pataj frè ou panse ki twò wo, pale avèk founisè w la. Kapab gen yon medikaman diferan ki nan yon nivo pataj frè ki pi ba epi ki kapab fonksyone egzakteman menm jan an pou ou. Rele Sèvis Manm yo nan (833) 671-0440 (Itilizatè TTY yo rele 711) pou mande pou yon lis medikaman ki

Chapit 5: Fason pou itilize kouvèti plan an pou medikaman Pati D yo

kouvri yo epi ki trete menm pwoblèm sante medikal. Lis sa a ka ede founisè w la jwenn yon medikaman ki kouvri ki ka travay pou ou.

Ou ka mande yon eksepsyon

Ou menm ak founisè w la kapab mande plan nou an fè yon eksepsyon nan nivo pataj frè a pou medikaman an, yon fason pou w peye mwens pou li. Si founisè w la di ou gen rezon medikal ki jistifye rezon ki fè w mande nou yon eksepsyon, founisè w la kapab ede w mande yon eksepsyon pou règ la.

Si ou menm ak founisè w la vle mande yon eksepsyon, ale nan Chapit 9, Seksyon 7 la pou w konn sa pou w fè. Li eksplike pwosedi ak dat limit Medicare fikse pou gen asirans yo ap jere demann ou an rapid epi san patipri.

Medikaman ki nan Nivo 5 Espesyalite nou an pa elijib pou kalite eksepsyon sa a. Nou pa diminye montan pataj frè a pou medikaman ki nan nivo sa a.

SEKSYON 6 Lis Medikaman nou an kapab chanje pandan ane a

Pifò chanjman nan kouvèti medikaman w fèt nan kòmansman chak ane (1ye janvyè). Sepandan, pandan ane a, plan nou an kapab fè kèk chanjman nan Lis Medikaman an. Pa egzanp, plan nou an kapab:

- **Ajoute oswa retire medikaman nan Lis Medikaman an.**
- **Ajoute oswa retire yon restriksyon sou kouvèti pou yon medikaman.**
- **Mete vèsyon jenerik yon medikaman nan plas yon dwòg gwo mak.**
- **Ranplase yon pwodwi biyolojik orijinal avèk yon vèsyon biyosimilè ki entèchanjab ak pwodwi biyolojik la.**

Nou dwe suiv egzijans Medicare yo anvan nou chanje Lis Medikaman plan nou an.

Enfòmasyon sou chanjman nan kouvèti medikaman

Lè gen chanjman nan Lis Medikaman an, nou afiche enfòmasyon sou sit entènèt nou an konsènan chanjman sa yo. Epitou, nou mete Lis Medikaman anliy nou an ajou regilyèman. Pafwa, w ap resevwa yon avi dirèk si gen chanjman ki fèt nan yon medikaman w ap pran.

Chanjman nan kouvèti medikaman ki afekte w pandan ane plan sa a

- **Ajoute nouvo medikaman nan Lis Medikaman an, epi san pèdi tan, retire oswa chanje yon medikaman menm jan ki nan Lis Medikaman an.**
 - Nou kapab retire yon medikaman menm jan an san pèdi tan nan Lis Medikaman an, deplase medikaman menm jan an epi mete li nan yon nivo pataj frè diferan, ajoute nouvo restriksyon, oswa toulede. Nouvo vèsyon medikaman an ap nan menm nivo oswa nan yon nivo pataj frè ki pi ba, epi li ap gen menm oswa mwens restriksyon.
 - Nou ap fè chanjman imedya sa yo sèlman si nou ajoute yon nouvo vèsyon jenerik nan yon medikaman mak komèsyal oswa si nou ajoute yon sèten nouvo vèsyon biyosimilè nan yon pwodwi biyolojik orijinal ki te deja nan Lis Medikaman an.
 - Nou kapab fè chanjman sa yo san pèdi tan epi di w sa annapre, menmsi w ap pran medikaman nou ap retire oswa chanje a. Si w ap pran medikaman menm jan an nan moman nou fè chanjman an, nou ap fè w konnen nenpòt chanjman byen presi nou fè.
- **Ajoute medikaman nan Lis Medikaman an epi retire oswa fè chanjman nan yon medikaman menm jan an ki nan Lis Medikaman an avèk avi alavans.**

Chapit 5: Fason pou itilize kouvèti plan an pou medikaman Pati D yo

- Lè nou ajoute yon lòt vèsyon nan yon medikaman sou Lis Medikaman an, nou kapab retire yon medikaman menm jan an nan Lis Medikaman an, deplase li epi mete li nan yon nivo pataj frè diferan, epi ajoute nouvo restriksyon, oswa toulede. Vèsyon medikaman n ap ajoute a ap nan menm nivo oswa nan yon nivo pataj frè ki pi ba, epi li ap gen menm oswa mwens restriksyon.
- N ap fè chanjman sa yo sèlman si n ap ajoute yon nouvo vèsyon jenerik nan yon medikaman mak komèsyal oswa ajoute sèten nouvo vèsyon biyosimilè nan yon pwodui biyolojik orijinal ki te deja nan Lis Medikaman an.
- N ap di w sa omwen 30 jou anvan nou fè chanjman an, oswa fè w konn chanjman an epi kouvri yon pwovizyon pou 31 jou pou vèsyon medikaman w ap pran an.
- **Retire medikaman ki danjere ak lòt medikaman ki nan Lis Medikaman an yo retire sou mache a.**
 - Pafwa yo kapab jije yon medikaman danjere oswa yo kapab retire li sou mache a pou yon lòt rezon. Si sa rive, nou kapab retire medikaman an nan Lis Medikaman an san pèdi tan. Si w ap pran medikaman sa a, n ap fè w konnen apre nou fin fè chanjman an.
- **Fè lòt chanjman nan medikaman ki nan Lis Medikaman an**
 - Yon fwa ane a fin kòmanse, nou kapab fè lòt chanjman k ap afekte medikaman w ap pran yo. Epi tou, nou kapab fè chanjman selon bwat avètisman FDA a oswa nouvo liy direktiv klinik Medicare rekonèt la.
 - N ap di w sa omwen 30 jou anvan nou fè chanjman sa yo, oswa fè w konn chanjman an epi kouvri yon lòt pwovizyon pou 31 jou nan medikaman w ap pran an.

Si nou fè nenpòt nan chanjman sa yo nan nenpòt medikaman w ap pran, pale avèk moun k ap ekri preskripsyon w lan konsènan opsyon ki kapab pi byen fonksyone pou ou, sa enkli chanjman pou pran yon medikaman diferan pou trete pwoblèm ou a, oswa mande yon desizyon sou kouvèti ki respekte nenpòt nouvo restriksyon sou medikaman w ap pran an. Ou menm oswa moun k ap fè preskripsyon w lan kapab mande nou yon eksepsyon pou kontinye jwenn kouvèti pou medikaman an oswa pou vèsyon nan medikaman w ap pran an. Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason pou mande yon desizyon sou kouvèti, ki enkli yon eksepsyon, ale nan Chapit 9.

Chanjman nan Lis Medikaman an ki pa afekte w pandan ane plan sa a

Nou ka fè kèk chanjman nan Lis Medikaman an ki pa dekri anwo a. Nan ka sa yo, chanjman an p ap aplike pou ou si w ap pran medikaman an lè chanjman an fèt; sepandan, li posib pou chanjman sa yo afekte w apati 1ye janvyè nan pwochen ane plan an si w rete nan menm plan an.

Anjeneral, chanjman ki p ap afekte w pandan ane plan aktyèl la se:

- Nou deplase medikaman w lan mete nan yon nivo pataj frè ki pi wo.
- Nou mete yon nouvo restriksyon sou itilizasyon medikaman w lan.
- Nou retire medikaman w lan nan Lis Medikaman an.

Si nou fè nenpòt nan chanjman sa yo pou yon medikaman w ap pran (eksepte sa yo retire sou mache a, yon medikaman jenerik ki ranplase yon medikaman mak komèsyal, oswa lòt chanjman ki site nan seksyon anwo yo), chanjman an p ap afekte fason w ap itilize li oswa sa w peye kòm pataj depan lan rive jis 1ye janvyè nan pwochen ane a.

Nou p ap fè w konnen kalite chanjman sa yo dirèkteman pandan ane plan aktyèl la. W ap dwe verifye Lis Medikaman an pou pwochen ane plan an (lè lis la disponib pandan peryòd enskripsyon lib la) pou wè si gen nenpòt chanjman nan medikaman w pran yo k ap afekte w pandan pwochen ane plan an.

Chapit 5: Fason pou itilize kouvèti plan an pou medikaman Pati D yo

SEKSYON 7 Kalite medikaman nou pa kouvri yo

Gen kèk medikaman sou preskripsyon ki ekskli. Sa vle di Medicare pa peye pou medikaman sa yo.

Si w fè apèl epi yo jwenn medikaman ou mande a pa ekskli anba Pati D, n ap peye pou li oswa n ap kouvri li. (Pou enfòmasyon sou fason pou fè apèl kont yon desizyon, ale nan Chapit 9.) Si medikaman plan nou an retire a se yon medikaman Medicaid retire tou, ou dwe peye li poukont ou.

Men 3 règ jeneral sou medikaman plan medikaman Medicare p ap kouvri anba Pati D:

- Kouvèti medikaman Pati D plan nou an pa kapab kouvri yon medikaman ki ta dwe kouvri anba Medicare Part A oswa Part B.
- Plan nou an pa kapab kouvri yon medikaman yo te achte andeyò Etazini oswa teritwa li yo.
- Plan nou an pa kapab kouvri itilizasyon yon medikaman *ki pa akseptablè* pa gen kèk referans ki soutni itilizasyon sa a, tankou Enfòmasyon sou Medikaman American Hospital Formulary Service la epi sistèm Enfòmasyon Micromedex DRUGDEX la. Itilizasyon ki *pa akseptab* yo se nenpòt fason yo itilize medikaman an ki pa ki ekri sou etikèt medikaman an, jan FDA apwouve li a.

Epitou, dapre lalwa, Medicare pa kouvri kategori medikaman sa yo ki site anba yo. Sepandan, gen kèk nan medikaman sa yo ki ka kouvri pou ou anba kouvèti medikaman Medicaid ou a. Pou jwenn plis enfòmasyon sou kouvèti medikaman Medicaid la, ou dwe kontakte Sèvis Manm yo oswa biwo Medicaid nan Eta w la (Enfòmasyon sou Kontak late yo a ekri nan Chapit 2, Seksyon 6).

- Medikaman ki pa gen preskripsyon yo (epitou yo rele yo, medikaman san preskripsyon)
 - Medikaman yo itilize pou ankouraje fètinite
 - Medikaman yo itilize pou soulaje sentòm tous oswa rim
 - Medikaman yo itilize pou rezon kosmetik oswa pou fè cheve pouse
 - Preskripsyon vitamin ak pwodwi mineral, eksepte vitamin anvan akouchman ak preparasyon fliyò
 - Medikaman yo itilize pou trete pwoblèm ki gen rapò ak seksyalite oswa pou trete pwoblèm bann
 - Medikaman yo itilize pou tretman anoreksi, pèdi pwa, oswa pran pwa
 - Medikaman pou pasyan ki pa entène kote fabrikan an egzijè pou yo achte tès oswa sèvis siveyans ki asosye yo sèlman nan men fabrikan an kòm yon kondisyon pou achte medikaman

Si w ap resevwa Èd Sipleman (Extra Help) pou peye preskripsyon w yo, Extra Help p ap peye pou medikaman nòmalman ki gen kouvèti yo. Si w gen kouvèti medikaman pa mwayen Medicaid, pwogram Medicaid nan Eta kote w ye kapab kouvri kèk medikaman sou preskripsyon nòmalman ki pa gen kouvèti nan yon plan medikaman Medicare. Kontakte pwogram Medicaid nan Eta kote w ye a pou konnen ki kouvèti medikaman ki kapab disponib pou ou. (Jwenn nimewo telefòn ak enfòmasyon pou kontakte Medicaid nan Chapit 2, Seksyon 6.)

SEKSYON 8 Fason pou ranpli yon preskripsyon

Pou ranpli preskripsyon w lan, bay enfòmasyon sou abònman plan nou an (ke wu ka jwenn sou kat manm ou an, nan famasi ki nan rezo ou chwazi a. Famasi ki nan rezo a ap voye fakti bay plan nou an otomatikman pou pataj frè pa nou pou medikaman ou yo. W ap bezwen peye famasi a pataj frè pa w la lè w al chèche preskripsyon w lan.

Chapit 5: Fason pou itilize kouvèti plan an pou medikaman Pati D yo

Si w pa gen enfòmasyon sou abònman w nan plan nou an, ou menm oswa famasi a kapab rele plan nou an pou jwenn enfòmasyon yo, oswa ou kapab mande famasi a chèche enfòmasyon sou enskripsyon w nan plan nou an.

Si famasi a pa anmezi pou jwenn enfòmasyon ki nesèsè yo, **ou kapab oblije peye tout frè preskripsyon an lè w pase pran l.** Apresa, ou kapab **mande nou ranbouse w** pataj pa nou an. Ale nan Chapit 7, Seksyon 2 a pou jwenn enfòmasyon sou fason pou mande plan nou an pou li ranbouse w.

SEKSYON 9 Kouvèti medikaman Pati D nan sitiyasyon espesyal

Seksyon 9.1 Si w nan yon lopital oswa nan yon etablisman swen espesyalize pou yon sejou plan nou an kouvri

Si yo entène w nan yon lopital oswa nan yon etablisman swen espesyalize pou yon sejou plan nou an kouvri, anjeneral n ap kouvri frè medikaman sou preskripsyon w yo pandan sejou ou fè a. Yon fwa ou fin kite lopital la oswa etablisman swen espesyalize a, plan nou an ap kouvri medikaman sou preskripsyon w yo toutotan medikaman yo reponn ak tout règ nou gen pou kouvèti a, ke yo dekri nan chapit sa a.

Seksyon 9.2 Antanke yon rezidan nan yon etablisman swen alontèm (Long-Term Care, LTC)

Anjeneral, yon etablisman swen alontèm (LTC) (tankou yon mezon retrèt), gen pwòp famasi li oswa li itilize yon famasi ki bay medikaman pou tout rezidan li yo. Si w se rezidan nan yon etablisman LTC, ou kapab jwenn medikaman sou preskripsyon w yo nan famasi etablisman an oswa nan famasi li itilize a, toutotan li fè pati rezo nou an.

Verifye *Anyè Founisè/Famasi* SWHNY.com ou a pou konnen si famasi etablisman LTC w la oswa famasi li itilize a fè pati rezo nou an. Si se pa sa, oswa si w bezwen plis enfòmasyon oswa èd, rele Sèvis Manm yo nan (833) 671-0440 (Itilizatè TTY yo rele 711). Si w nan yon etablisman LTC, nou dwe asire ou kapab regilyèman resevwa avantaj Pati D ou yo atravè rezo famasi LTC nou an.

Si w se yon rezidan nan yon etablisman LTC e ou bezwen yon medikaman ki pa sou Lis Medikaman nou an oswa ki gen yon restriksyon kèlkonk, ale nan Seksyon 5 pou jwenn enfòmasyon sou fason pou jwenn yon pwovizyon tanporè oswa pwovizyon ijans.

Seksyon 9.3 Si w ap resevwa kouvèti medikaman tou apati plan yon anplwayè oswa yon gwoup retirete

Si w gen lòt kouvèti pou medikaman pa mwayen enstitisyon travay ou a (oswa enstitisyon travay konjwen w oswa patnè domestik ou a), oswa gwoup retirete ou a, kontakte **administratè avantaj gwoup sa a**. Yo kapab ede w konprann fason kouvèti medikaman aktyèl ou a ap fonksyone nan plan nou an.

Anjeneral, si w gen kouvèti antanke anplwaye oswa nan gwoup retirete, kouvèti medikaman ou resevwa nan men nou an ap *segondè* pou kouvèti gwoup ou a. Sa vle di kouvèti an gwoup ou a ap peye anvan.

Chapit 5: Fason pou itilize kouvèti plan an pou medikaman Pati D yo

Nòt espesyal konsènan kouvèti ki kredib:

Chak ane, enstityon travay oswa gwoup retirete ou a dwe voye yon avi ba ou pou di w si kouvèti medikaman w yo pou pwochen ane sivil la ki kredib.

Si kouvèti ki soti nan plan gwoup la admisib, sa vle di plan nou an gen kouvèti medikaman yo espere peye, an mwayèn, omwen menm kantite lajan ak kouvèti medikaman estanda Medicare yo.

Konsève nenpòt avi konsènan kouvèti ki admisib yo paske w kapab bezwen avi sa yo pi devan pou w montre ou te kenbe yon kouvèti ki admisib. Si w pa resevwa yon avi sou kouvèti ki admisib, mande yon kopi nan men administratè avantaj anplwayè w la oswa plan retrèt ou a oswa anplwayè w la oswa sendika a.

Seksyon 9.4 Si w nan ospis Medicare sètifye

Ospis la ak plan nou an pa kouvri menm medikaman an, an menm tan. Si w enskri nan ospis Medicare epi w bezwen kèk medikaman (pa egzanp, medikaman kont kè plen, laksatif, medikaman pou doule oswa medikaman kont boulvès) ospis ou a pa kouvri paske li pa gen rapò ak maladi ou genyen ki nan faz tèminal la ak pwoblèm ki gen rapò yo, plan nou an dwe resevwa notifikasyon swa nan men moun ki ba ou preskripsyon an oswa nan men founisè ospis ou a ki di medikaman an pa gen rapò anvan pou plan nou an ka kouvri medikaman an. Pou evite reta nan resevwa medikaman plan nou an ta dwe kouvri yo, mande founisè ospis ou a oswa moun ki ba ou preskripsyon an pou li bay yon notifikasyon anvan preskripsyon w lan ranpli.

Nan ka kote ou anile chwa ospis ou a oswa si ospis la egzeye w, plan nou an ta dwe kouvri medikaman w yo jan yo eksplike sa nan dokiman sa a. Pou anpeche nenpòt reta nan yon famasi lè avantaj ospis Medicare w la fini, pote dokiman yo nan famasi a pou li ka verifye anilasyon w lan oswa egzeye ou a.

SEKSYON 10 Pwogram sou sekirite medikaman ak jesyon medikaman

Nou fè verifikasyon konsènan itilizasyon medikaman pou ede asire manm nou yo jwenn swen ki san danje epi swen ki apwopriye.

Nou fè yon verifikasyon chak fwa ou ranpli yon preskripsyon. Epitou, nou verifye dosye nou yo regilyèman. Pandan verifikasyon sa yo, nou gade si gen pwoblèm potansyèl tankou:

- Erè medikaman ki posib
- Medikaman ki ka pa nesèsè paske w ap pran yon lòt medikaman similè pou trete menm pwoblèm lan
- Medikaman ki ka pa bon oswa ki ka pa apwopriye akòz laj ou oswa sèks ou
- Kèk konbinezon medikaman ki ka fè w mal si w pran yo an menm tan
- Preskripsyon pou medikaman ki gen engredyan ou alèji avèk yo
- Erè ki posib nan kantite (dòz) nan yon medikaman w ap pran
- Kantite medikaman oyoyid pou doule ki danjere

Si nou wè yon pwoblèm ki kapab rive nan fason w itilize medikaman yo, n ap travay ak founisè w la pou korije pwoblèm nan.

Chapit 5: Fason pou itilize kouvèti plan an pou medikaman Pati D yo

Seksyon 10.1 Pwogram Jesyon Medikaman (Drug Management Program, DMP) pou ede manm yo itilize medikaman opyoyid yo san danje

Nou gen yon pwogram ki ede nou gen asirans manm yo byen itilize preskripsyon opyoyid yo ak lòt medikaman yo souvan abize yo. Yo rele pwogram sa a yon Pwogram Jesyon Medikaman (Drug Management Program, DMP). Si w itilize medikaman opyoyid ou jwenn nan men plizyè moun k ap fè preskripsyon oswa famasi, oswa si w te fèk fè yon ovèdoz opyoyid, nou kapab pale ak moun k ap fè preskripsyon w lan pou gen asirans jan ou itilize medikaman opyoyid yo apwopriye epi li nesèsè pou rezon medikal. Pandan n ap travay ak moun k ap fè preskripsyon w lan, si nou deside fason ou itilize preskripsyon opyoyid oswa medikaman benzodiazepine yo kapab pa sekirize, nou kapab limite fason ou ka jwenn medikaman sa yo. Si nou mete w nan Pwogram Jesyon Medikaman nou an (DMP), limit yo ka:

- Egzije pou w jwenn tout preskripsyon pou medikaman opyoyid oswa benzodiazepine ou yo nan yon famasi kèlkonk
- Egzije pou w jwenn tout preskripsyon pou medikaman opyoyid oswa benzodiazepine ou yo nan men yon sèten moun (yo) k ap fè preskripsyon
- Limite kantite medikaman opyoyid oswa benzodiazepine n ap kouvri pou ou

Si nou planifye pou nou limite fason ou jwenn medikaman sa yo oswa konbyen ou ka jwenn ladan yo, n ap voye yon lèt ba ou alavans. Lèt la ap di w si nou limite kouvèti pou medikaman sa yo pou ou, oswa si w ap gen obligasyon pou resevwa preskripsyon pou medikaman sa o sèlman nan men yon moun espesifik k ap fè preskripsyon. W ap gen posibilite pou di nou ki moun k ap ekri preskripsyon yo oswa ki famasi ou pito itilize, ak nenpòt lòt enfòmasyon ou panse ki enpòtan pou nou konnen. Apre w fin gen posibilite pou w reponn, si nou deside limite kouvèti w la pou medikaman sa yo, n ap voye ba ou yon lèt lèt ki konfime limit la. Si w panse nou te fè yon erè oswa ou pa dakò ak desizyon oswa limit nou an, ou menm ak moun k ap fè preskripsyon an gen dwa pou fè apèl. Si w fè apèl, nou pral revize ka w la epi n ap ba w yon nouvo desizyon. Si nou kontinye refize nenpòt pati nan demann ou an ki gen rapò ak limit ki aplike pou aksè ou gen nan medikaman yo, n ap voye dosye w la otomatikman bay yon evalyatè endepandan ki pa nan plan nou an. Ale nan Chapit 9 pou jwenn enfòmasyon sou fason pou mande yon apèl.

Nou p ap mete w nan DMP nou an si w gen kèk kondisyon medikal, tankou doulè ki gen rapò ak kansè oswa maladi anemi falsifòm, si w ap resevwa swen ospis, swen palyatif, oswa swen nan fen lavi, oswa si w ap viv nan yon etablisman swen alontèm.

Seksyon 10.2 Pwogram Jesyon Terapi abaz Medikaman (Medication Therapy Management, MTM) pou ede manm yo jere medikaman yo

Nou gen yon pwogram ki ka ede manm nou yo pou bezwen sante ki konplike yo. Pwogram nou an rele yon pwogram pou Jesyon Terapi Ki Fèt ak Medikaman (Medication Therapy Management, MTM). Pwogram sa a pa obligatwa epi li gratis. Yon ekip famasyon ak doktè te devlope pwogram nan pou ede nou asire ke manm nou yo jwenn plis avantaj posib nan medikaman y ap pran yo.

Kèk manm ki gen sèten maladi kwonik epi ki ap pran medikaman ki depase yon montan byen presi pou frè medikaman, oswa ki nan yon DMP pou ede yo itilize opyoyid yo san danje, kapab jwenn sèvis yo pa mwayen yon pwogram MTM. Si w kalifye pou pwogram nan, yon famasyon oswa yon lòt founisèsante ap ba w yon verifikasyon konplè sou tout medikaman w yo. Pandan verifikasyon an, ou ka pale de medikaman w yo, depans ou yo, ak nenpòt pwoblèm oswa kesyon ou genyen sou preskripsyon w lan ak medikaman san preskripsyon yo. W ap jwenn yon rezime alekri ki gen yon lis bagay nou rekòmande pou fè, ki gen ladan etap ou ta dwe pran

Chapit 5: Fason pou itilize kouvèti plan an pou medikaman Pati D yo

pou jwenn pi bon rezilta nan medikaman w yo. Epitou, w ap resevwa yon lis medikaman ki ap gen tout medikaman w ap pran yo, ki kantite w ap pran, epi apres, pouki rezon w ap pran yo. Anplis de sa, manm nan pwogram MTM nan ap resevwa enfòmasyon sou fason pou jete medikaman sou preskripsyon ki se sibstans ki kontwole, san danje.

Se yon bon lide pou w pale ak doktè w la konsènan lis bagay nou rekòmande pou fè yo ak lis medikaman an. Vini ak rezime a nan moman vizit ou a oswa nenpòt lè ou pale ak doktè w yo, famasyen w yo, epi lòt founisè swen sante w yo. Kenbe lis medikaman w lan ajou epi kenbe li sou ou (pa egzansp, avèk kat idantite w) nan ka kote w ale lopital oswa nan sal dijans.

Si nou gen yon pwogram ki adapte ak bezwen w yo, n ap enskri w otomatikman nan pwogram nan epi n ap voye enfòmasyon ba ou. Si w deside pa patisipe, fè nou konnen sa epi n ap retire w ladan. Pou kesyon konsènan pwogram sa a, rele Sèvis Manm yo nan (833) 671-0440 (itilizatè TTY yo rele 711).

Chapit 6: Sa w peye pou medikaman Pati D yo

CHAPIT 6:**Sa w peye pou medikaman Pati D yo****SEKSYON 1 Sa w peye pou medikaman Pati D yo**

Nou itilize mo “medikaman” an nan chapit sa a pou pale konsènan medikaman sou preskripsyon Pati D. Se pa tout medikaman yo ki se medikaman Pati D. Gen kèk medikaman ki pa nan kouvèti Pati D a, selon lalwa. Kèk nan medikaman ki pa nan kouvèti Pati D yo kouvri anba Medicare Part A osa Part B.

Pou konprann enfòmasyon sou pèman an, ou bezwen konnen ki medikaman ki kouvri, kote pou ranpli preskripsyon w yo, epi ki règ pou w suiv lè w ap resevwa medikaman ki kouvri. Chapit 5 lan eksplike règ sa yo. Lè w itilize “Real-Time Benefit Tool” plan nou an pou chèche kouvèti medikaman (SWHNY.com), pri ou wè a montre yon estimasyon konsènan frè yo atann pou w peye ak lajan ki sot nan pòch ou. Epitou, ou kapab jwenn enfòmasyon yo bay nan “Real-Time Benefit Tool”, lè w rele Sèvis Manm yo nan (833) 671-0440 (Itilizatè TTY yo rele 711).

Kijan w kapab jwenn enfòmasyon sou frè medikaman ou yo si w ap resevwa Èd Sipleman (Extra Help) pou frè medikaman sou preskripsyon Pati D ou yo?

Piske w elijib pou Medicaid, ou kalifye pou Èd Sipleman (Extra Help), epi w ap resevwa li nan Medicare pou peye frè plan medikaman sou preskripsyon plan w lan. Piske w ap resevwa Èd Sipleman (Extra Help), **gen kèk enfòmasyon nan Prèw Kouvèti sa a konsènan pri medikaman sou preskripsyon Pati D yo ki kapab pa aplike pou ou.** Nou voye yon ensèsyon separe pou ou, ki rele *Avnan Prèw Kouvèti pou Moun ki Resevwa Extra Help pou Peye Medikaman sou Preskripsyon* (yo rele tou *Avnan Sibvansyon pou Revni ki Fèb* oswa *LIS Rider*), ki ba w enfòmasyon sou kouvèti medikaman w yo. Si w pa gen ensèsyon sa a, rele Sèvis Manm yo nan (833) 671-0440 (Itilizatè TTY yo rele 711) epi mande *LIS Rider*.

Seksyon 1.1 Kalite depans ki sot nan pòch ou kapab peye pou medikaman ki kouvri

Gen 3 diferan kalite depans ki ap sot nan pòch ou, yo kapab mande pou w peye pou medikaman Pati D yo:

- **Franchiz** se montan ou peye pou medikaman yo anvan plan nou an kòmanse peye pataj nou an.
- **Kopeman** se yon montan fiks ou peye chak fwa ou ranpli yon preskripsyon.
- **Ko-asirans** se pousantaj nan frè total ou peye chak fwa ou ranpli yon preskripsyon.

Seksyon 1.2 Fason Medicare kalkile depans ki sot nan pòch ou

Medicare gen règ konsènan sa ki konte ak sa ki pa konte kòm depans ki ap sot nan pòch ou.

Men règ nou dwe respekte pou asire suiv depans k ap sot nan pòch ou a.

Chapit 6: Sa w peye pou medikaman Pati D yo

Pèman sa yo antre nan depans ki sot nan pòch ou

Nan depans ki ap sot nan pòch ou yo, **gen** pèman ki ekri anba a (toutotan yo pou medikaman ki kouvri nan Pati D, epi w respekte règ pou kouvèti medikaman nou eksplike nan Chapit 5 lan):

- Montan ou peye pou medikaman yo lè w nan etap pèman medikaman ki vin apre yo:
 - Etap Franchiz la
 - Etap Kouvéti Inisyal la
- Nenpòt pèman ou fè pandan ane sivil sa a antanke yon manm nan yon diferan plan medikaman sou preskripsyon Medicare anvan ou antre nan plan nou an.
- Nenpòt pèman fanmi w oswa zanmi w fè pou medikaman w yo
- Nenpòt pèman Extra Help fè pou medikaman w yo apati Medicare, plan sante anplwayè oswa sendika, Indian Health Service, pwogram asistans pou medikaman kont SIDA, Pwogram Asistans Famasetik Eta a (State Pharmaceutical Assistance Programs, SPAPs), ak pifò zèv karitatif yo

Pase nan Etap Kouvéti kont Katastwòf la:

Lè ou menm (oswa moun ki peye nan non w yo) te depanse yon total \$2,100 nan depans ki sot nan pòch ou pandan ane sivil la, w ap kite Etap Kouvéti Inisyal la pou vin nan Etap Kouvéti kont Katastwòf la.

Pèman sa yo pa antre nan depans ki ap sot nan pòch ou

Depans ki sot nan pòch ou yo **pa antre** nan okenn nan kalite pèman sa yo:

- Medikaman ou achte andeyò peyi Etazini ak tèritwa li yo
- Medikaman plan nou an pa kouvri yo.
- Medikaman ou resewva nan yon famasi ki pa nan rezo a epi ki pa respekte egzijans plan nou an pou kouvèti ki pa nan rezo a.
- Medikaman ki pa nan Pati D yo, enkli medikaman sou preskripsyon Pati A oswa Pati B kouvri yo, ak lòt medikaman Medicare retire sou kouvèti
- Medikaman sou preskripsyon Pati A oswa Pati B
- Pèman ou fè pou medikaman ki gen kouvèti sou baz kouvèti anplis nou an, men, nòmalman ki pa kouvri nan yon Plan Medikaman Medicare
- Pèman ou fè pou medikaman nòmalman ki pa kouvri nan yon Plan Medikaman Medicare
- Pèman kèk plan asirans ak pwogram sante gouvènman an ap finanse, tankou TRICARE ak Veteran's Health Administration (VA), fè pou medikaman w yo.
- Pèman yon moun ki gen obligasyon legal pou peye frè preskripsyon w yo (pa egzanzp Konpansasyon Travayè), fè pou medikaman w yo
- Pèman fabrikan medikaman yo fè anba Pwogram Rabè Fabrikan yo

Sonje sa: Si nenpòt lòt òganizasyon tankou sa ki site anwo a peye yon pati oswa tout depans ki sot nan pòch ou pou medikaman yo, ou gen obligasyon pou di plan nou an sa lè w rele Sèvis Manm yo nan (833) 671-0440 (Itilizatè TTY yo rele 711).

Chapit 6: Sa w peye pou medikaman Pati D yo

Suivi pou depans total ki ap sot nan pòch ou

- Nan Eksplikasyon sou Avantaj Pati D (Explanation of Benefits, EOB) ou resevwa a gen total aktyèl pou depans ki sot nan pòch ou yo. Lè montan sa a atenn \$2,100, EOB Pati D a ap fè w konnen ou kite Etap Kouvéti Inisyal la epi w vin nan Etap Kouvéti kont Katastwòf la.
- **Asire nou gen enfòmasyon nou bezwen an.** Ale nan Seksyon 3.1 an pou aprann sa w kapab fè pou asire w dosye nou genyen konsènan sa w te depanse yo konplè epi ajou.

SEKSYON 2 Etap pèman medikaman pou manm Senior Whole Health of New York NHC (HMO D-SNP) yo

Gen **3 etap pèman medikaman** pou kouvèti medikaman w lan nan kad Senior Whole Health of New York NHC (HMO D-SNP). Kantite lajan ou peye pou chak preskripsyon depann sou nan ki etap ou ye lè w resevwa yon preskripsyon ki te ranpli oswa ki renouvle. Nou eksplike detay sou chak etap nan chapit sa a. Men etap yo:

- **Etap 1: Etap Franchiz chak Ane**
- **Etap 2: Etap Kouvéti Inisyal**
- **Etap 3: Etap pwoteksyon kont katastwòf**

SEKSYON 3 Eksplikasyon pou Avantaj Pati D ou a eksplike nan ki etap pèman ou ye

- Plan nou an asire suivi pou frè medikaman sou preskripsyon w yo, ak peman ou fè lè w resevwa preskripsyon yo nan famasi a. Konsa, nou kapab fè w konnen kilè w te kite yon etap peman medikaman pou vin nan pwochen etap la. Nou fè suivi pou 2 kalite depans:
- **Depans ki ap sot nan pòch ou:** se kantite lajan ou peye. Ladan, gen sa w te peye lè w te resevwa yon medikaman Pati D ki kouvri, nenpòt pèman fanmi w oswa zanmi w fè pou medikaman w yo, ak nenpòt pèman Medicare, plan sante enstitisyon travay oswa sendika yo, Sèvis Sante Endyen, pwogram èd pou medikaman pou SIDA (AIDS Drug Assistance Program, ADAP), òganizasyon karitatif, ak pifò Pwogram Asistans Famasetik nan Eta a (State Pharmaceutical Assistance Programs, SPAP) fè nan kad Èd Sipleman (Extra Help).
- **Total Frè Medikaman yo:** se total tout pèman ki fèt pou medikaman Pati D ou yo ki kouvri. Ladan gen sa plan nou an te peye, sa w te peye, epi sa lòt pwogram ak òganizasyon te peye pou medikaman Pati D ou yo ki kouvri.

Si w te ranpli youn oswa plizyè preskripsyon pa mwayen plan nou an pandan mwa anvan an, nou ap voye yon EOB Pati D pou ou. EOB Pati D a gen ladann:

- **Enfòmasyon pou mwa sa a.** Rapò sa a bay detay sou peman konsènan preskripsyon ou te ranpli pandan mwa anvan an. Li montre depans total pou medikaman yo, sa plan nou an te peye a, ak sa ou menm ak lòt moun te peye nan non w.
- **Total pou ane a depi 1ye janvyè.** Li montre total frè medikaman yo ak peman total pou medikaman w yo depi lè ane a kòmanse.
- **Enfòmasyon sou pri medikaman an.** Li montre pri total medikaman an, ak enfòmasyon konsènan ki fèt nan pri a apati premye ranplisaj la pou chak reklamasyon preskripsyon nan menm kantite a.
- **Lòt preskripsyon ki disponib pou yon pri ki pi ba.** Li montre enfòmasyon sou lòt medikaman disponib epi ki gen yon pataj frè ki pi ba pou chak reklamasyon preskripsyon, si yo aplikab.

Chapit 6: Sa w peye pou medikaman Pati D yo

Seksyon 3.1 Ede nou kenbe enfòmasyon sou pèman medikaman ou yo ajou

Pou gen kontwòl depans pou medikaman w yo ak pèman ou fè pou medikaman yo, nou itilize dosye nou jwenn nan famasi yo. Men ki fason ou ka ede nou kenbe enfòmasyon ou yo kòrèk epi ajou:

- **Montre kat manm ou an chak fwa ou fè ranpli yon preskripsyon.** Sa ede nou gen asirans nou gen enfòmasyon sou preskripsyon w ranpli a ak sa w ap peye a.
- **Asire nou gen enfòmasyon nou bezwen an.** Gen kèk fwa kote ou ka peye tout frè yon medikaman sou preskripsyon koute. Nan ka sa yo, nou p ap jwenn enfòmasyon nou bezwen yo otomatikman, pou nou gen kontwòl depans ki ap sot nan pòch ou yo. Pou ede nou gen kontwòl depans ki sot nan pòch ou yo, ban nou kopi resi ou yo. **Men kèk egzanp** sou kilè w dwe ban nou kopi resi medikaman w yo:
 - Lè w achte yon medikaman ki kouvri nan yon famasi ki nan rezo a nan yon pri espesyal oswa lè w itilize yon kat rabè ki pa fè pati avantaj plan nou an.
 - Lè w peye yon kopeman pou medikaman yo bay nan kad yon pwogram asistans fabrikasyon medikaman ki ap ede pasyan yo
 - Nenpòt lè w te achte medikaman ki kouvri nan famasi ki pa nan rezo a oswa lè w te peye pri konplè pou yon medikaman ki kouvri nan kad kèk sikonstans espesyal.

Si w te resevwa fakti pou yon medikaman ki gen kouvèti, ou kapab mande plan nou an peye pataj frè nou an. Pou jwenn enstriksyon sou fason pou fè sa, ale nan Chapit 7, Seksyon 2.

- **Voye enfòmasyon ban nou konsènan pèman lòt moun te fè pou ou.** Pèman kèk lòt moun ak òganizasyon fè, konte nan depans ki soti nan pòch ou tou. Pa egzanp, pèman yon Pwogram Asistans Famasetik nan Eta a (State Pharmaceutical Assistance Program), yon Pwogram asistans pou medikaman pou SIDA (AIDS Drug Assistance Program, ADAP), Sèvis Sante Endyen, epi òganizasyon karitatif yo fè yo, konte nan depans ki ap sot nan pòch ou yo. Kenbe yon dosye sou pèman sa yo epi voye yo ban nou pou nou ka suiv depans ou yo.
- **Verifye rapò alekri nou voye ba ou a.** Lè w resevwa EOB Pati D a, gade li byen pou asire w enfòmasyon an konplè epi li kòrèk. Si w panse gen yon bagay ki manke oswa ou gen kesyon, rele Sèvis Manm yo nan (833) 671-0440 (Itilizatè TTY yo rele 711). Manm plan yo ka gen aksè nan EOB yo a anliy sou sit entènèt Caremark.com. Asire ou kenbe rapò sa yo.

SEKSYON 4 Etap Franchiz la

Piske pifò nan manm nou yo gen Èd Sipleman (Extra Help) pou frè medikaman sou preskripsyon yo a, Etap Franchiz la pa aplike pou pifò manm yo. Si w resevwa Èd Sipleman (Extra Help), etap pèman sa a pa aplikab pou ou.

Si w pa resevwa Extra Help, Etap Franchiz la se premye etap pèman pou kouvèti medikaman w lan. Etap sa a kòmanse lè w ranpli premye preskripsyon w nan ane a. Lè w nan etap pèman sa a, **ou dwe peye tout frè medikaman w yo** jiskaske w atenn montan franchiz plan nou an, ki se \$615 pou 2026. Franchiz la pa aplikab pou pwodwi ensilin ki kouvri yo ak pifò vaksen Pati D pou granmoun yo, tankou vaksen kont zona, tetanòs, ak vaksen pou vwayaj. W ap peye yon franchiz anyèl \$615 nan Nivo 2-5 medikaman yo. **Ou dwe peye tout frè \$615 a nan Nivo 2-5 medikaman yo** jiskaske w atenn montan franchiz plan nou an. Pou lòt medikaman yo, ou p ap gen pou peye okenn franchiz. An jeneral, **frè total** la pi ba pase pri total nòmal pou medikaman an, piske plan nou an te negosye frè ki pi ba pou pifò medikaman yo nan famasi ki nan rezo a. Depans total la pa

Chapit 6: Sa w peye pou medikaman Pati D yo

kapab depase pri maksimòm ki jis ki majore a pou frè medikaman yo te negosye pri yo nan kad Pwogram Negosyasyon Pri Medikaman Medicare la.

Yonfwa ou fin peye \$615 nan Nivo 2-5 medikaman yo, w ap kite Etap Franchiz la epi w prale nan Etap Kouvèti Inisyal la.

SEKSYON 5 Etap Kouvèti Inisyal la

Seksyon 5.1 Sa w peye pou yon medikaman depann selon medikaman an ak kote ou ranpli preskripsyon w lan

Pandan Etap Kouvèti Inisyal la, plan nou an peye pataj frè pa li a pou frè medikaman ki kouvri ou genyen yo, epi w peye pataj pa w la (montan kopeman *oswa* ko-asirans ou an). Pataj frè ou an ap varye selon medikaman an ansanm ak kote ou ranpli preskripsyon w lan.

Plan nou an gen sis (6) nivo pataj frè

Chak medikaman ki nan Lis Medikaman plan nou an nan youn nan sis (6) nivo pataj frè yo. An jeneral, plis nivo pataj frè a pi wo, se plis pri medikaman an ap pi wo:

- *Nivo 1 - Jenerik Prefere*
- *Nivo 2 - Jenerik*
- *Nivo 3 - Mak Prefere*
- *Nivo 4 - Medikaman ki pa Prefere*
- *Nivo 5 - Nivo Espesyalite*
- *Nivo 6 - Medikaman Select Care*

Pou w konnen nan ki nivo pataj frè medikaman w lan ye, gade nan Lis Medikaman plan nou an.

Chwa famasi ou yo

Kantite w ap peye pou yon medikaman depann sou si w resevwa medikaman an nan:

- Yon famasi an detay ki nan rezo a
- Yon famasi ki pa nan rezo plan an. Nou kouvri preskripsyon ki ranpli nan famasi ki pa nan rezo a sèlman nan yon seri sitiyasyon limite. (Gade Chapit 5 Seksyon 2.5 lan pou w jwenn enfòmasyon sou kilè nou bay kouvèti pou preskripsyon ap ki ranpli nan famasi ki pa nan rezo a.)
- Famasi kòmman pa lapòs nan plan nou an.

Pou plis enfòmasyon sou chwa famasi sa yo epi pou ranpli preskripsyon w yo, ale nan Chapit 5 lan epi nan *Anyè Famasi* plan nou an.

Seksyon 5.2 Pri w ap peye pou yon mwa pwovizyon nan yon medikaman ki kouvri

Pandan Etap Kouvèti Inisyal la, pataj frè ou pou yon medikaman ki kouvri ap swa yon kopeman *oswa* yon ko-asirans.

Pafwa, pri medikaman an konn pi piti pase kopeman w lan. Nan ka sa yo, w ap peye pri ki pi piti a pou medikaman an olye kopeman an.

Chapit 6: Sa w peye pou medikaman Pati D yo**Pri w ap peye pou yon mwa pwovizyon nan yon medikaman Pati D ki kouvri**

Nivo	Pataj frè estanda nan-rezo an detay la (jiska 31-jou pwovizyon)	Pataj frè pou kòmann pa lapòs (jiska 31-jou pwovizyon)	Pataj frè pou swen alontèm (Long Term Care, LTC) (jiska 31-jou pwovizyon)	Pataj frè andeyò rezo a (Kouvèti a limite pou kèk sitiyasyon; ale nan Chapit 5 lan pou jwenn detay.) (jiska 31-jou pwovizyon)
Pataj Frè Nivo 1 (Jenerik Prefere)	\$0 kòm patisipasyon pèman	\$0 kòm patisipasyon pèman	\$0 kòm patisipasyon pèman	\$0 kòm patisipasyon pèman
Pataj Frè Nivo 2 (Jenerik)	W ap peye \$0, \$1.60, oswa \$5.10 kòm kopeman pou medikaman jenerik yo (ladan gen medikaman mak komèsyal yo trete kòm jenerik) \$0, \$4.90, oswa \$12.65 kòm kopeman pou tout lòt medikaman pou chak preskripsyon	W ap peye \$0, \$1.60, oswa \$5.10 kòm kopeman pou medikaman jenerik yo (ladan gen medikaman mak komèsyal yo trete kòm jenerik) \$0, \$4.90, oswa \$12.65 kòm kopeman pou tout lòt medikaman pou chak preskripsyon	W ap peye \$0, \$1.60, oswa \$5.10 kòm kopeman pou medikaman jenerik yo (ladan gen medikaman mak komèsyal yo trete kòm jenerik) \$0, \$4.90, oswa \$12.65 kòm kopeman pou tout lòt medikaman pou chak preskripsyon	W ap peye \$0, \$1.60, oswa \$5.10 kòm kopeman pou medikaman jenerik yo (ladan gen medikaman mak komèsyal yo trete kòm jenerik) \$0, \$4.90, oswa \$12.65 kòm kopeman pou tout lòt medikaman pou chak preskripsyon
Pataj Frè Nivo 3 (Mak Prefere)	W ap peye \$0, \$1.60, oswa \$5.10 kòm kopeman pou medikaman jenerik yo (ladan gen medikaman mak komèsyal yo trete kòm jenerik) \$0, \$4.90, oswa \$12.65 kòm kopeman pou tout lòt medikaman pou chak preskripsyon	W ap peye \$0, \$1.60, oswa \$5.10 kòm kopeman pou medikaman jenerik yo (ladan gen medikaman mak komèsyal yo trete kòm jenerik) \$0, \$4.90, oswa \$12.65 kòm kopeman pou tout lòt medikaman pou chak preskripsyon	W ap peye \$0, \$1.60, oswa \$5.10 kòm kopeman pou medikaman jenerik yo (ladan gen medikaman mak komèsyal yo trete kòm jenerik) \$0, \$4.90, oswa \$12.65 kòm kopeman pou tout lòt medikaman pou chak preskripsyon	W ap peye \$0, \$1.60, oswa \$5.10 kòm kopeman pou medikaman jenerik yo (ladan gen medikaman mak komèsyal yo trete kòm jenerik) \$0, \$4.90, oswa \$12.65 kòm kopeman pou tout lòt medikaman pou chak preskripsyon

Chapit 6: Sa w peye pou medikaman Pati D yo

Nivo	Pataj frè estanda nan-rezo an detay la (jiska 31-jou pwovizyon)	Pataj frè pou kòmann pa lapòs (jiska 31-jou pwovizyon)	Pataj frè pou swen alontèm (Long Term Care, LTC) (jiska 31-jou pwovizyon)	Pataj frè andeyò rezo a (Kouvèti a limite pou kèk sitiasyon; ale nan Chapit 5 lan pou jwenn detay.) (jiska 31-jou pwovizyon)
Pataj Frè Nivo 4 (Medikaman ki pa Prefere)	W ap peye \$0, \$1.60, oswa \$5.10 kòm kopeman pou medikaman jenerik yo (ladan gen medikaman mak komèsyal yo trete kòm jenerik) \$0, \$4.90, oswa \$12.65 kòm kopeman pou tout lòt medikaman pou chak preskripsyon	W ap peye \$0, \$1.60, oswa \$5.10 kòm kopeman pou medikaman jenerik yo (ladan gen medikaman mak komèsyal yo trete kòm jenerik) \$0, \$4.90, oswa \$12.65 kòm kopeman pou tout lòt medikaman pou chak preskripsyon	W ap peye \$0, \$1.60, oswa \$5.10 kòm kopeman pou medikaman jenerik yo (ladan gen medikaman mak komèsyal yo trete kòm jenerik) \$0, \$4.90, oswa \$12.65 kòm kopeman pou tout lòt medikaman pou chak preskripsyon	W ap peye \$0, \$1.60, oswa \$5.10 kòm kopeman pou medikaman jenerik yo (ladan gen medikaman mak komèsyal yo trete kòm jenerik) \$0, \$4.90, oswa \$12.65 kòm kopeman pou tout lòt medikaman pou chak preskripsyon
Pataj Frè Nivo 5 (Espesyalite)	W ap peye \$0, \$1.60, oswa \$5.10 kòm kopeman pou medikaman jenerik yo (ladan gen medikaman mak komèsyal yo trete kòm jenerik) \$0, \$4.90, oswa \$12.65 kòm kopeman pou tout lòt medikaman pou chak preskripsyon	W ap peye \$0, \$1.60, oswa \$5.10 kòm kopeman pou medikaman jenerik yo (ladan gen medikaman mak komèsyal yo trete kòm jenerik) \$0, \$4.90, oswa \$12.65 kòm kopeman pou tout lòt medikaman pou chak preskripsyon	W ap peye \$0, \$1.60, oswa \$5.10 kòm kopeman pou medikaman jenerik yo (ladan gen medikaman mak komèsyal yo trete kòm jenerik) \$0, \$4.90, oswa \$12.65 kòm kopeman pou tout lòt medikaman pou chak preskripsyon	W ap peye \$0, \$1.60, oswa \$5.10 kòm kopeman pou medikaman jenerik yo (ladan gen medikaman mak komèsyal yo trete kòm jenerik) \$0, \$4.90, oswa \$12.65 kòm kopeman pou tout lòt medikaman pou chak preskripsyon
Pataj Frè Nivo 6 (Medikaman Select Care)	\$0 kòm patisipasyon pèman	\$0 kòm patisipasyon pèman	\$0 kòm patisipasyon pèman	\$0 kòm patisipasyon pèman

Ale nan Seksyon 8 pou jwenn plis enfòmasyon sou pataj frè pou vaksen Pati D yo.

Chapit 6: Sa w peye pou medikaman Pati D yo**Seksyon 5.3 Si doktè w preskri w mwen pase yon mwa pwovizyon konplè, ou kapab pa oblije peye depans pou mwa pwovizyon an okonplè**

An jeneral, montan ou peye pou yon medikaman kouvri yon mwa pwovizyon konplè. Kapab gen kèk fwa kote ou menm oswa doktè w la ap vle gen yon kantite pwovizyon medikaman ki pi piti nan yon mwa (pa egzanp, lè w ap eseye yon medikaman pou premye fwa). Epitou, ou kapab mande doktè w preskri w, epi mande famasyon w lan bay, mwens pase yon pwovizyon pou yon mwa konplè si sa ap ede w pi byen planifye dat renouvèlman w yo.

Si w resevwa mwens pase yon mwa pwovizyon konplè nan kèk medikaman, ou p ap oblije peye pou mwa pwovizyon konplè a.

- Si w responsab pou ko-asirans, w ap peye yon *pousantaj* nan depans total pou medikaman an. Piske ko-asirans lan baze sou depans total pou medikaman an, depans ou an ap mwens etandone depans total pou medikaman an ap mwens.
- Si w responsab pou peye yon kopeman pou medikaman an, w ap sèlman peye pou kantite jou medikaman ou te resevwa a, olye yon mwa antye. Nou ap kalkile montan w peye chak jou pou medikaman w lan (to pataj frè chak jou a) epi nou ap miltipliye li pa kantite jou medikaman ou resevwa a.

Seksyon 5.4 Pri w ap peye pou yon pwovizyon alontèm (jiska 100-jou) pou yon medikaman Pati D ki kouvri

Pou kèk medikaman, ou kapab jwenn yon pwovizyon alontèm (yo rele yon pwovizyon pwolonje tou). Yon pwovizyon alontèm se jiska 100-jou pwovizyon.

Depans ou pou yon pwovizyon alontèm nan yon medikaman Pati D ki kouvri

Nivo	Pataj frè estanda an detay (nan rezo) (jiska 100-jou pwovizyon)	Pataj frè pou kòmman pa lapòs (Jiska 100 jou pwovizyon)
Pataj Frè Nivo 1 (Jenerik Prefere)	\$0 kòm patisipasyon pèman	\$0 kòm patisipasyon pèman
Pataj Frè Nivo 2 (Jenerik)	W ap peye \$0, \$1.60, oswa \$5.10 kòm kopeman pou medikaman jenerik yo (ladan gen medikaman mak komèsyal yo trete kòm jenerik) \$0, \$4.90, oswa \$12.65 kòm kopeman pou tout lòt medikaman pou chak preskripsyon	W ap peye \$0, \$1.60, oswa \$5.10 kòm kopeman pou medikaman jenerik yo (ladan gen medikaman mak komèsyal yo trete kòm jenerik) \$0, \$4.90, oswa \$12.65 kòm kopeman pou tout lòt medikaman pou chak preskripsyon

Chapit 6: Sa w peye pou medikaman Pati D yo

Nivo	Pataj frè estanda an detay (nan rezo) (jiska 100-jou pwovizyon)	Pataj frè pou kòmman pa lapòs (Jiska 100 jou pwovizyon)
Pataj Frè Nivo 3 (Mak Prefere)	W ap peye \$0, \$1.60, oswa \$5.10 kòm kopeman pou medikaman jenerik yo (ladan gen medikaman mak komèsyal yo trete kòm jenerik) \$0, \$4.90, oswa \$12.65 kòm kopeman pou tout lòt medikaman pou chak preskripsyon	W ap peye \$0, \$1.60, oswa \$5.10 kòm kopeman pou medikaman jenerik yo (ladan gen medikaman mak komèsyal yo trete kòm jenerik) \$0, \$4.90, oswa \$12.65 kòm kopeman pou tout lòt medikaman pou chak preskripsyon
Pataj Frè Nivo 4 (Medikaman ki Pa Prefere)	W ap peye \$0, \$1.60, oswa \$5.10 kòm kopeman pou medikaman jenerik yo (ladan gen medikaman mak komèsyal yo trete kòm jenerik) \$0, \$4.90, oswa \$12.65 kòm kopeman pou tout lòt medikaman pou chak preskripsyon	W ap peye \$0, \$1.60, oswa \$5.10 kòm kopeman pou medikaman jenerik yo (ladan gen medikaman mak komèsyal yo trete kòm jenerik) \$0, \$4.90, oswa \$12.65 kòm kopeman pou tout lòt medikaman pou chak preskripsyon
Pataj Frè Nivo 5 (Espesyalite)	Yon pwovizyon alontèm pa disponib pou medikaman ki nan Nivo senk (5) yo.	Yon pwovizyon alontèm pa disponib pou medikaman ki nan Nivo senk (5) yo.
Pataj Frè Nivo 6 (Medikaman Select Care)	\$0 kòm patisipasyon pèman	\$0 kòm patisipasyon pèman

Seksyon 5.5 Ou rete nan Etap Kouvèti Inisyal la jiskaske depans ki sot nan pòch ou pou ane a atenn \$2,100

Ou rete nan Etap Kouvèti Inisyal la jiskaske depans total ki ap sot nan pòch ou a atenn \$2,100. Lè sa a, ou prale nan Etap Kouvèti kont Katastwòf la.

EOB Pati D ou resevwa a ap ede w kontinye suiv ki kantite depans ou menm, plan nou an, ak nenpòt lòt moun te fè pou ou pandan ane a. Se pa tout manm yo ki ap atenn limit \$2,100 ki ap sot nan pòch yo nan yon lane.

Nou ap fè w konnen si w atenn montan sa a. Ale nan Seksyon 1.3 a pou plis enfòmasyon sou fsaon Medicare kalkile depans k ap sot nan pòch ou yo.

SEKSYON 6 Etap pou Kouvèti kont Katastwòf

Nan Etap Kouvèti kont Katastwòf la, ou p ap peye anyen pou medikaman Pati D ki kouvri yo. Ou antre nan Etap Kouvèti kont Katastwòf la, lè depans ki ap sot nan pòch ou yo atenn \$2,100 limit pou ane sivil la. Yon fwa ou nan Etap Kouvèti kont Katastwòf la, w ap rete nan etap pèman sa a rive jis nan fen ane sivil la.

Pandan etap pèman sa a, ou pap peye anyen pou medikaman Pati D ki kouvri yo.

Chapit 6: Sa w peye pou medikaman Pati D yo

SEKSYON 7 Sa w peye pou vaksen Pati D yo

Mesaj enpòtan sou sa ou peye pou vaksen yo – Yo konsidere kèk vaksen kòm avantaj medikal epi yo kouvri nan kad Pati B. Yo konsidere kèk lòt vaksen kòm medikaman Pati D. Ou kapab jwenn lis vaksen sa yo nan Lis Medikaman nou plan. Plan nou an kouvri pifò vaksen Pati D pou granmoun yo san w pa peye anyen. Ale nan Lis Medikaman plan nou an, oswa rele Sèvis Manm yo nan (833) 671-0440 (TTY users call 711) pou jwenn detay sou kouvéti ak pataj frè konsènan vaksen presi yo.

Gen 2 pati nan kouvéti vaksinasyon Pati D nou yo:

- Premye pati a se depans pou **vaksen an li menm**.
- Dezyèm pati a se pou depans **pou ba w vaksen an**. (Pafwa yo konn rele sa administre vaksen an.)

Frè w ap peye pou yon vaksinasyon Pati D depann sou 3 bagay:

1. Si yon òganizasyon ki rele Komite Konsiltatif sou Pratik Vaksinasyon (Advisory Committee on Immunization Practices, ACIP) rekòmande vaksen an pou granmoun.

- ACIP rekòmande pifò vaksen Pati D pou granmoun yo epi yo p ap koute w anyen.

2. Kote pou w jwenn vaksen an.

- Ou kapab jwenn vaksen an li menm nan yon famasi, oswa yo kapab ba w li nan klinik doktè w la.

3. Moun k ap ba w vaksen an.

- Yon famasyon oswa yon lòt founisè kapab ba w vaksen an nan famasi. Oswa, yon founisè kapab ba w li nan klinikdoktè an.

Sa w peye nan moman ou resevwa vaksen Pati D a kapab varye selon sikonstans yo epi selon nan ki **etap peman medikman** ou ye.

- Lè w resevwa yon vaksen, ou kapab oblije peye tout depans lan alafwa pou vaksen an li menm epi depans pou founisè ki ba w vaksen an. Ou kapab mande plan nou an ranbouse w pou pataj frè nou an. Pou pifò vaksen Pati D pou granmoun, sa vle di yo ap ranbouse w tout depans ou te peye a.
- Gen lòt fwa, lè w resevwa yon vaksen, w ap peye sèlman pataj frè w la nan kad avantaj Pati D ou a. Pou pifò vaksen Pati D pou granmoun yo, ou p ap peye anyen.

Anba a, gen 3 egzanp sou fason ou kapab resevwa yon vaksen Pati D.

Sitiyasyon 1: Ou resevwa vaksen Pati D a nan famasi ki nan rezo a. (Pou w gen chwa sa a, sa depann kote w ap viv la. Gen kèk Eta ki pa pèmèt famasi yo bay yon seri vaksen.)

- Pou pifò vaksen Pati D pou granmoun yo, ou p ap peye anyen.
- Pou lòt vaksen Pati D yo, w ap peye famasi a ko-asirans OSWA kopeman ou an pou vaksen an li menm, ki gen ladan frè pou yo ba w vaksen an.
- Plan nou an ap peye frè ki rete a.

Sitiyasyon 2 Ou resevwa vaksen Pati D a nan klinikdoktè w.

- Lè w resevwa vaksen an, ou kapab oblije peye tout depans lan pou vaksen an li menm ansanm ak frè pou founisè ki ba w vaksen an.
- Apresa, ou kapab mande plan nou an peye pataj frè pa nou an pou frè a lè w itilize pwosedi ki dekri nan Chapit 7 yo.

Chapit 6: Sa w peye pou medikaman Pati D yo

- Pou pifò vaksen Pati D pou granmoun, yo ap ranbouse w tout montan ou te peye a. Pou lòt vaksen Pati D, yo ap ranbouse w montan ou te peye a mwens nenpòt ko-asirans OSWA kopeman pou vaksen an (san wete pou ba w li a), epi mwens nenpòt diferans ant montan doktè an faktire w la ak sa nou peye nòmalman an. (Si w ap resevwa Èd Sipleman tè [Extra Help], nou ap ranbouse w diferans lan).

Sitiyasyon 3: Ou achte vaksen Pati D a li menm nan famasi ki nan rezo a, epi apres a, ou pote li nan klinik doktè w lan kote yo ba w vaksen an.

- Pou pifò vaksen Pati D pou granmoun yo, ou p ap peye anyen pou vaksen an li menm.
- Pou lòt vaksen Pati D yo, w ap peye famasi a ko-asirans OSWA kopeman ou a pou vaksen an li menm.
- Lè doktè w la ba w vaksen an, ou kapab oblije peye tout depans pou sèvis sa a.
- Apres a, ou kapab mande plan nou an peye pataj frè pa nou an pou depans lan lè w itilize pwosedi ki nan Chapit 7 yo.
- Pou pifò vaksen Pati D pou granmoun, yo ap ranbouse w tout montan ou te peye a. Pou lòt vaksen Pati D, yo ap ranbouse w montan ou te peye a mwens nenpòt ko-asirans pou yo ba w vaksen an, epi mwens nenpòt diferans ant montan doktè a faktire w la ak sa nou peye nòmalman an. (Si w ap resevwa Èd Sipleman tè [Extra Help], nou ap ranbouse w diferans lan.)

Chapit 7: Mande nou peye fakti pou pataj pa nou nan yon fakti pou medikaman oswa sèvis medikal ki kouvri yo

CHAPIT 7:

Mande nou peye fakti pou pataj pa nou nan yon fakti pou medikaman oswa sèvis medikal ki kouvri yo

SEKSYON 1 Sityasyon kote ou dwe mande nou peye pati pa nou pou medikaman oswa sèvis ki kouvri yo

Founisè ki nan rezo nou an voye fakti bay plan nou an dirèkteman pou sèvis ak medikaman ki kouvri yo. Si w resevwa yon bòdwo pou depans konplè pou swen medikal oswa medikaman ou te resevwa yo, voye bòdwo sa a ban nou pou nou kapab peye li. Lè w voye bòdwo a ban nou, n ap gade bòdwo a epi n ap deside si nou ta dwe kouvri sèvis ak medikaman yo. Si nou deside yo dwe kouvri, nou ap peye pwofesyonèl swen sante a dirèkteman.

Si w deja peye pou yon sèvis oswa yon atik Medicare plan nou an kouvri, ou kapab mande plan nou an remèt ou lajan w (yo souvan di **ranbouse** w lè yo remèt ou lajan). Ou gen dwa pou plan nou an ranbouse w chak fwa ou te peye plis pase pataj frè ou a pou sèvis medikal oswa medikaman plan nou an kouvri yo. Kapab gen dat limit ou dwe respekte pou yo ka ranbouse w. Ale gade nan Seksyon 2 nan chapit sa a. Lè w voye yon bòdwo ou deja peye ban nou, n ap gade bòdwo a epi n ap deside si nou dwe kouvri sèvis oswa medikaman yo. Si nou deside yo dwe kouvri, nou ap ranbouse w pou sèvis oswa medikaman an.

Epitou, kapab gen lè ou resevwa yon bòdwo nan men yon founisè pou tout frè swen medikal ou te resevwa yo oswa petèt pou plis pase pataj frè ou. Premyèman, eseye rezoud bòdwo a avèk pwofesyonèl swen sante a. Si sa pa mache, voye bòdwo a ban nou olye w peye li. N ap gade bòdwo a epi n ap deside si nou dwe kouvri sèvis yo. Si nou deside yo dwe kouvri, nou ap peye pwofesyonèl swen sante a dirèkteman. Si nou deside pou n pa peye li, n ap fè founisè a konnen sa. Ou pa ta dwe janm peye plis pase montan pataj frè plan an otorize a. Si yo gen yon kontra avèk founisè sa a, ou toujou gen dwa pou resevwa tretman.

Men kèk egzanp sityasyon kote ou ka bezwen mande plan nou an pou li ranbouse w oswa peye yon bòdwo ou te resevwa:

1. Lè w te resevwa swen medikal dijans oswa swen medikal ki nesèsè annijans nan men yon pwofesyonèl swen sante ki pa nan rezo plan nou an

Ou ka resevwa sèvis ki nesèsè annijans nan men nenpòt founisè, kit founisè a fè pati rezo nou an oswa kit li pa fè pati rezo nou an. Nan ka sa yo, mande pwofesyonèl swen sante a voye bòdwo a bay plan nou an.

- Si w peye tout montan an poukont ou nan moman w ap resevwa swen an, mande nou ranbouse w pou pataj frè nou an. Voye bòdwo a ban nou, ansanm ak dokiman pou nenpòt pèman ou te fè.
- Ou kapab resevwa yon bòdwo nan men founisè a ki mande pou w peye yon montan ou panse w pa dwe. Voye bòdwo a ban nou, ansanm ak dokiman ki montre nenpòt pèman ou te fè.
 - Si w dwe founisè a lajan, n ap peye founisè a dirèkteman.
 - Si w deja peye plis pase pataj frè pa w la pou sèvis la, nou ap deside ki kantite ou te dwe epi nou ap ranbouse w pou pataj frè nou an.

2. Lè yon founisè ki nan rezo a voye yon bòdwo ba ou epi w panse ou pa ta dwe peye l

Chapit 7: Mande nou peye fakti pou pataj pa nou nan yon fakti pou medikaman oswa sèvis medikal ki kouvri yo

Pwofesyonèl swen sante rezo a dwe toujou voye bòdwo yo dirèkteman bay plan nou an. Men, pafwa, yo konn fè erè epi mande w peye pou sèvis ou yo OSWA mande w peye plis pase pataj frè ou a.

- Ou sèlman gen pou peye montan pataj frè ou an lè w resevwa sèvis ki kouvri yo. Nou pa otorize founisè yo ajoute lòt frè apa, ki rele faktirasyon balans. Pwoteksyon sa a (ou p ap janm peye plis pase montan pataj frè ou an) aplikab menmsi nou peye founisè a mwens pase frè founisè a pou yon sèvis, epi menmsi gen yon diskisyon epi nou pa peye kèk nan frè founisè a. Nou pa otorize founisè yo ba w fakti pou sèvis ki kouvri yo. Nou peye founisè nou yo dirèkteman, epi nou pwoteje w kont nenpòt frè. Se laverite, menmsi nou peye founisè a mwens pase frè founisè a pou yon sèvis. Si w resevwa yon fakti nan men yon founisè ki nan rezo a ou panse ki plis pase sa w dwe peye a, voye fakti a ban nou. Nou ap kontakte founisè a dirèkteman epi nou ap rezoud pwoblèm fakti a.
- Si w te deja peye yon founisè ki nan rezo a yon fakti, men, ou panse w te peye twòp, voye fakti a ban nou ansanm ak dokiman pou nenpòt pèman ou te fè. Mande nou ranbouse w pou sèvis ki kouvri pou ou yo OSWA pou diferans ant montan ou peye a ak montan ou dwe nan kad plan nou an.

3. Si w enskri nan plan nou an yon fason retwo-aktif

Pafwa enskripsyon yon moun nan plan nou an konn retwo-aktif. (Sa vle di, premye jou enskripsyon li a pase deja. Dat enskripsyon an ka menm te fèt ane ki sot pase a.)

Si w te enskri nan plan nou an yon fason retwo-aktif epi w te peye ak lajan ki sot nan pòch ou pou nenpòt sèvis oswa medikaman ki kouvri yo apre dat enskripsyon w lan, ou kapab mande nou ranbouse w pou pataj frè nou an. W ap bezwen soumèt dokiman tankou resi ak bòdwo yo pou nou kapab jere ranbousman an.

4. Lè w itilize yon famasi ki pa nan rezo a pou ranpli yon preskripsyon

Si w ale nan yon famasi ki pa nan rezo a, famasi a ka pa anmezi pou soumèt reklamasyon an dirèkteman ban nou. Lè sa rive, w ap oblije peye tout frè preskripsyon w lan.

Konsève resi w la epi voye yon kopi ban nou lè w ap mande nou ranbouse w pou pataj frè nou an. Sonje nou kouvri sèlman famasi ki pa nan rezo a nan kèk sikonstans limite. Ale nan Chapit 5, Seksyon 2.5 pou aprann plis sou sikonstans sa yo. Nou kapab pa ranbouse w diferans ant sa w te peye pou medikaman nan famasi ki pa nan rezo a ak montan nou ap peye nan yon famasi ki nan rezo a.

5. Lè w peye tout frè pou yon preskripsyon paske w pa t gen kat abònman w nan plan nou an sou ou

Si w pa gen kat abònman w nan plan nou an sou ou, ou kapab mande famasi a rele plan nou an oswa chèche enfòmasyon sou enskripsyon w nan plan nou an. Si famasi a pa ka jwenn enfòmasyon sou enskripsyon li bezwen tousuit yo, ou ka oblije peye pri total preskripsyon an oumenm.

Konsève resi w la epi voye yon kopi ban nou lè w ap mande nou ranbouse w pou pataj frè nou an. Nou kapab pa ranbouse w tout frè ou te peye yo si pri an kach ou te peye a pi wo pase pri nou te negosye pou preskripsyon an.

6. Lè w peye tout frè pou yon preskripsyon nan lòt sitiyasyon

Ou kapab peye tout frè preskripsyon an paske ou konstate medikaman an pa kouvri pou kèk rezon.

- Pa egzanp, medikaman an ka pa nan Lis Medikaman plan an oswa li ka gen yon kondisyon oswa yon restriksyon ou pa t konnen oswa ou pa panse li ta dwe aplike pou ou. Si w deside pran medikaman an imedyatman, ou ka bezwen peye tout frè li a.

Chapit 7: Mande nou peye fakti pou pataj pa nou nan yon fakti pou medikaman oswa sèvis medikal ki kouvri yo

- Konsève resi w la epi voye yon kopi ban nou lè w mande nou ranbouse w. Nan kèk sitiyasyon, nou kapab bezwen jwenn plis enfòmasyon nan men doktè w yon fason pou nou ranbouse w pataj frè nou an pou medikaman an. Nou kapab pa ranbouse w tout frè ou te peye yo si pri an kach ou te peye a pi wo pase pri nou te negosye pou preskripsyon an.

Lè w voye yon demann pou peman ban nou, n ap verifye demann ou an epi n ap deside si sèvis oswa medikaman an dwe kouvri. Yo rele sa pran yon **desizyon sou kouvèti**. Si nou deside li dwe gen kouvèti, nou ap peye pataj frè pa nou an pou sèvis oswa medikaman an. Si nou refize demann ou fè pou pèman an, ou kapab fè apèl kont desizyon nou an. Chapit 9 la gen enfòmasyon sou fason pou fè yon apèl.

SEKSYON 2 Fason pou mande nou ranbouse w oswa peye yon bòdwo ou te resevwa

Ou kapab mande nou ranbouse w lè voye yon demann alekri ban nou. Si w voye yon demann alekri, voye bòdwo w la ak dokiman pou nenpòt peman ou te fè. Se yon bon ide pou fè yon kopi bòdwo ak resi w yo pou konsève. **Ou dwe soumèt reklamasyon w lan ban nou nan espas yon (1) ane sivil** apati dat ou te resevwa sèvis ak/oswa atik la, oswa nan espas 36 mwa apati dat ou te resevwa medikaman an.

Pou asire w ap ban nou tout enfòmasyon nou bezwen pou nou pran yon desizyon, ou ka ranpli fòm reklamasyon nou an pou fè demann peman w lan.

- Ou pa oblije itilize fòm nan, men l ap ede nou trete enfòmasyon yo pi rapid.
- Telechaje yon kopi nan fòm nan sou sit entènèt nou an (SWHNY.com) oswa rele Sèvis Manm yo nan (833) 671-0440 (Itilizatè TTY yo rele 711) epi mande fòm nan.

Voye demann pèman w lan pa lapòs ansanm ak nenpòt bòdwo oswa resi pèman ban nou nan adrès sa a:

Medical Services reimbursements:

Senior Whole Health of New York
 Attn: Medicare Member Services
 200 Oceangate, Suite 100 Long Beach, CA 90802
 Oswa voye faks nan nimewo (310) 507-6186

Ranbousman medikaman sou preskripsyon :

Molina Healthcare
 Attn: Pharmacy Department
 7050 Union Park Center, Suite 600
 Midvale, UT 84047

SEKSYON 3 Nou pral konsidere demann ou fè pou peman an epi n ap di wi oswa non

Lè nou resevwa demann ou fè pou peman an, n ap fè w konnen si nou bezwen nenpòt lòt enfòmasyon nan men w. Sinon, nou pral konsidere demann ou an epi n ap pran yon desizyon sou kouvèti.

Chapit 7: Mande nou peye fakti pou pataj pa nou nan yon fakti pou medikaman oswa sèvis medikal ki kouvri yo

- Si nou deside bay kouvèti pou swen medikal oswa medikaman an, epi w te suiv tout règ yo, nou ap peye pataj frè pa nou an pou sèvis oswa medikaman an. Si w gentan peye pou sèvis oswa medikaman an, nou ap voye ranbousman pou pataj frè pa nou an ba ou nan kourye lapòs. Si w te peye tout frè a pou yon medikaman, ou kapab pa jwenn ranbousman pou tout montan ou te peye a (pa egzanp, si w te resevwa yon medikaman nan yon famasi ki pa nan rezo a oswa si lajan kach ou te peye pou yon medikaman pi plis pase pri nou te negosye a). Si w poko peye pou sèvis la oswa medikaman an, nou ap voye pèman an nan kourye lapòs dirèkteman bay founisè a.
- Si nou deside pa bay kouvèti pou swen medikal oswa medikaman an, oswa ou pa t suiv tout règ yo, nou p ap peye pataj frè nou an pou swen oswa medikaman an. Nou ap voye yon lèt ba ou ki eksplike rezon ki fè nou pa voye pèman an, ak dwa ou genyen pou w fè apèl kont desizyon sa a.

Seksyon 3.1 Si nou di w nou p ap peye pou swen medikal la oswa pou medikaman an, ou ka fè yon apèl

Si w panse nou fè yon erè lefètke nou rejte demann ou fè pou pèman an oswa konsènan kantite lajan nou ap peye a, ou kapab fè yon apèl. Si w fè yon apèl, sa vle di w ap mande nou pou nou chanje desizyon nou te pran lè nou te rejte demann ou fè pou pèman an. pwosesis pou apèl yo se yon pwosesis fòmèl ki gen pwosedi byen detaye ak dat limit ki enpòtan. Pou jwenn detay sou fason pou fè apèl sa a, ale nan Chapit 9.

Chapit 8: Dwa ak responsabilite ou yo**CHAPIT 8:****Dwa ak responsabilite ou yo****SEKSYON 1 Plan nou an dwe respekte dwa w yo ak sansibilite kiltirèl ou yo****Seksyon 1.1 Nou dwe bay enfòmasyon yo yon fason ki bon pou ou epi ki konfòm ak sansibilite kiltirèl ou (nan lang ki pa Anglè, an bray, gwo karaktè, oswa lòt fòm altènatif, elatriye)**

Plan nou an gen obligasyon pou asire tout sèvis sa yo, ni sèvis klinik ni sèvis ki pa klinik, pou li bay yo yon fason ki konpetan nan domèn kiltirèl epi ki aksesib pou tout moun ki enskri yo, enkli moun ki limite nan lang Anglè, ki limite nan kapasite pou fè lekti, ki gen difikilte pou tande, oswa ki soti nan divès kalite kilti ak orijin etnik yo. Kòm egzanp sou fason plan nou an kapab respekte egzijans aksesibilite sa yo gen, men san se pa sa sèlman, bay sèvis tradiksyon, sèvis entèprèt, tele-enprimè, oswa koneksyon TTY (telefòn tèks oswa tele-enprimè).

Plan nou an gen sèvis entèprèt ki disponib gratis pou reponn kesyon manm ki pa pale Anglè yo. Epitou, nou kapab ba w enfòmasyon an bray, gwo karaktè, oswa nan lòt fòm gratis, si w bezwen sa. Nou oblije ba w enfòmasyon sou avantaj plan nou an nan yon fòm ki aksesib epi ki apwopriye pou ou. Pou jwenn enfòmasyon nan men nou yon fason ki bon pou ou, rele Sèvis Manm yo nan (833) 671-0440 (Itilizatè TTY yo rele 711).

Plan nou gen obligasyon pou bay fi ki enskri yo opsyon pou gen aksè dirèk avèk yon espesyalis sante pou fi ki nan rezo a, pou sèvis swen sante pa woutin yo ak swen prevantif pou fi yo.

Si pwofesyonèl swen sante rezo plan nou an pou yon branch espesyalize pa disponib, se responsabilite plan nou an pou lokalize pwofesyonèl swen sante espesyalize andeyò rezo a ki ap ba w swen ki nesèsè yo. Nan ka sa a, w ap peye sèlman pataj frè ki nan rezo a. Si w twouve w nan yon sitiyasyon kote pa gen okenn espesyalis nan rezo plan nou an ki kouvri yon sèvis ou bezwen, rele plan nou an pou w jwenn enfòmasyon konsènan kote pou w ale pou jwenn sèvis sa a baze sou pataj frè ki nan rezo a.

Si w gen nenpòt pwoblèm pou jwenn enfòmasyon nan plan nou an nan yon fòm ki aksesib epi ki apwopriye pou ou, pou al kay yon espesyalis nan sante pou fi oswa pou jwenn yon espesyalis ki nan rezo a, rele pou w depoze yon doleyans nan Sèvis Manm yo, lè w rele (833) 671-0440, lendi-vandredi, 8 a.m. – 8 p.m., lè lokal. Itilizatè TTY yo, tanpri rele 711. Epitou, ou kapab depoze yon plent nan Medicare, lè w rele 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227) oswa dirèkteman nan Biwo pou Dwa Sivil (Office for Civil Rights) la nan 1-800-368-1019 oswa TTY 1-800-537-7697.

Sección 1.1 Debemos brindar información de una manera que sea apropiada para usted y coherente con su identidad cultural (en otros idiomas además del inglés, en Braille, en letra grande o en formatos alternativos, etc.)

Su plan tiene la obligación de garantizar que todos los servicios, tanto clínicos como no clínicos, se brinden de una manera culturalmente competente y sean accesibles para todas las personas inscritas, incluidas aquellas con poco dominio del inglés, destrezas de lectura limitadas, incapacidad auditiva o aquellas con diversos orígenes culturales y étnicos. Algunos ejemplos de cómo un plan puede cumplir con estos requisitos

Chapit 8: Dwa ak responsabilite ou yo

de accesibilidad incluyen, entre otros, la prestación de servicios de un traductor, los servicios de intérprete, los teleescritores o la conexión TTY (teléfono de texto o teléfono de teleescritores).

Nuestro plan cuenta con servicios de intérprete gratuitos disponibles para responder a preguntas de miembros que no hablan inglés. También podemos brindarle información en sistema braille, en letras grandes o en formatos alternativos de forma gratuita si lo requiere. Tenemos la obligación de proporcionarle información sobre los beneficios del plan en un formato que sea accesible y adecuado para usted. Para que le brindemos información de un modo adecuado para usted, llame a Servicios para Miembros.

Nuestro plan está obligado a ofrecer a las mujeres inscritas la opción de acceso directo a un especialista en salud de la mujer dentro de la red para los servicios de atención médica preventiva y de rutina para la mujer.

Si los proveedores de la red del plan para una especialidad no están disponibles, es responsabilidad del plan encontrar proveedores especializados fuera de la red que le proporcionen la atención necesaria. En este caso, usted solo pagará el costo compartido dentro de la red. Si se encuentra en la situación en que no hay especialistas disponibles en la red del plan que cubran el servicio que usted necesita, llame al plan para obtener información respecto a dónde acudir a fin de obtener el servicio con un costo compartido dentro de la red.

Si tiene algún problema para obtener información de nuestro plan en un formato que sea accesible y apropiado para usted, llame a Servicios para Miembros para presentar un reclamo al (833) 671-0440, de lunes a viernes, de 8 a. m. a 8 p. m., hora local. Los usuarios de TTY deben llamar al 711. También puede presentar una queja ante Medicare llamando al 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227) o puede presentarla directamente a la Oficina de Derechos Civiles llamando al 1-800-368-1019 o TTY 1-800-537-7697.

節 1.1	我們必須以適用於您且依據您文化敏感度的方式向您提供資訊 (非英語版本、點字、大字體版本或其他替代格式等)
--------------	---

您的計劃必須確保所有臨床和非臨床服務均以符合文化習慣且無障礙的方式提供給所有保戶，包括英語能力有限、閱讀能力有限、聽力不足或文化和種族背景多元的人士。一項計劃如何符合這些無障礙要求的範例包括但不限於提供翻譯服務、口譯服務、TTY (文字電話或電傳打字機電話) 連線。

本計劃提供免費的口譯服務，為不說英語的會員回答問題。我們也可以根據您的需求，免費提供點字、大字體版本或其他替代格式資訊。我們必須以無障礙和適用於您的格式提供本計劃福利相關資訊。若要向我們索取適用於您的資訊版本，請致電會員服務部。

本計劃必須可讓女性保戶選擇，是否要直接透過網絡內的婦女健康專科醫師取得例行性和預防性健康照護服務。

如果無法提供本計劃網絡內某專科服務提供者，則本計劃有責任尋找網絡外專科服務提供者，為您提供必要的照護。在這種情況下，您只需支付網絡內分攤費用。如果您發現本計劃網絡中沒有自己所需給付服務的專科醫師，請致電本計劃，瞭解可前往何處以網絡內分攤費用的方式獲得此服務。

如果您遇到任何問題而無法以無障礙和適用於您的格式向本計劃取得資訊，請致電會員服務部提出申訴，電話號碼為 (833) 671-0440，當地時間週一至週五上午 8 點至晚上 8 點為您提供服務。TTY 使用者請撥打 711。您也可以致電 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227) 向 Medicare 提出投訴，或直接致電民權辦公室，電話號碼為 1-800-368-1019 或 TTY 1-800-537-7697。

القسم 1-1	يجب أن نقدم معلومات بطريقة تناسبك وتتسق مع حساسياتك الثقافية (بلغات غير الإنجليزية، أو بطريقة برايل أو بخط كبير، أو بتسقيقات بديلة أخرى، إلخ).
------------------	---

في خطتك يجب التأكد من أن جميع الخدمات، السريرية وغير السريرية، يتم تقديمها بطريقة مناسبة ثقافياً ويمكن الوصول إليها لجميع المسجلين، بما في ذلك أولئك الذين لديهم إتقان محدود للغة الإنجليزية، أو مهارات قراءة محدودة، أو إعاقة

Chapit 8: Dwa ak responsabilite ou yo

سمعية، أو أولئك الذين لديهم ثقافات وخلفيات عرقية متنوعة. تتضمن الأمثلة على كيفية تلبية الخطة لمتطلبات إمكانية الوصول هذه، على سبيل المثال لا الحصر، توفير خدمات المترجم أو خدمات الترجمة الفورية أو الآلات الكاتبة أو اتصال TTY (الهاتف النصي أو هاتف الآلة الكاتبة).

وتوفر خطتنا خدمات ترجمة مجانية للإجابة عن الأسئلة بلغات مختلفة. يمكننا أيضًا أن نقدم لك معلومات بطريقة برايل، أو بخط كبير، أو بتسقيقات بديلة أخرى دون أي تكلفة إذا كنت في حاجة إليها. نحن مطالبون بتزويدك بمعلومات حول مزايا الخطة بتنسيق يسهل عليك الوصول إليه ومناسب لك. يمكن الحصول على المعلومات بطريقة تستطيع استيعابها والاتصال بقسم خدمات الأعضاء.

مطلوب منا منح المسجلات خيار الوصول المباشر إلى أخصائي صحة المرأة داخل الشبكة للحصول على خدمات الرعاية الصحية الروتينية والوقائية للمرأة.

إذا لم يكن مقدمو الخدمة في شبكة الخطة متاحين لأحد التخصصات، تقع على عاتق الخطة مسؤولية تحديد مقدمي الخدمات المتخصصين خارج الشبكة الذين سيقدمون لك الرعاية اللازمة. في هذه الحالة، ستدفع فقط تكاليف المشاركة داخل الشبكة. إذا وجدت نفسك في موقف لا يوجد فيه متخصصون في شبكة الخطة يغطون الخدمة التي تحتاجها، فاتصل بالخطة للحصول على معلومات حول المكان الذي يمكنك الذهاب إليه للحصول على هذه الخدمة من خلال مشاركة التكلفة داخل الشبكة.

إذا كانت لديك أي مشكلة في الحصول على معلومات من خطتنا بتنسيق يمكن الوصول إليه ومناسب لك، فيرجى الاتصال لتقديم شكوى إلى خدمات الأعضاء عن طريق الاتصال على 671-0440 (833)، من الإثنين إلى الجمعة، من الساعة 8 صباحاً إلى 8 مساءً، بالتوقيت المحلي. TTY، يرجى الاتصال على الرقم 711. يمكنك أيضًا تقديم شكوى إلى Medicare عن طريق الاتصال بالرقم (1-800-633-4227) 1-800-MEDICARE أو مباشرة مع مكتب الحقوق المدنية 1-800-368-1019 أو TTY 1-800-537-7697.

섹션 1.1 당사는 귀하에게 적합하고 귀하의 문화적 민감성과 일치하는 방식으로 정보를 제공해야 합니다(영어 이외의 언어, 점자, 큰 활자 또는 기타 대체 형식 등으로).

귀하의 플랜은 임상 및 비임상 서비스를 모두 문화적으로 유능한 방식으로 제공하고 제한된 영어 능력, 제한된 읽기 능력, 청력 장애 또는 다양한 문화적 및 민족적 배경을 가진 사람들을 포함하여 모든 등록자가 액세스 할 수 있도록 보장해야 합니다. 플랜이 이러한 접근성 요구 사항을 충족할 수 있는 방법의 예로는 번역가 서비스, 통역 서비스, 전신 타자기 또는 TTY(문자 전화 또는 전신 타자기 전화) 연결 제공 등이 있습니다(단, 이에 국한되지 않음).

본 플랜은 여러 가지 언어로 질문에 답해 드릴 수 있는 무료 통역 서비스를 제공합니다. 또한 필요한 경우 점자, 큰 활자 또는 기타 대체 형식으로 정보를 무료로 제공할 수 있습니다. 플랜의 혜택에 대한 정보를 귀하에게 접근 가능하고 적합한 형식으로 제공해야 합니다. 귀하에게 적합한 방식으로 정보를 얻으려면 가입자 서비스부에 전화하십시오.

당사의 플랜은 여성 등록자에게 여성의 일상 및 예방 건강 관리 서비스를 위해 네트워크 내에서 여성 건강 전문가에게 직접 액세스할 수 있는 옵션을 제공해야 합니다.

플랜 네트워크에 속한 전문의를 이용할 수 없는 경우, 플랜은 네트워크 외부에서 전문의를 지정하여 필요한 진료를 받을 수 있도록 해드려야 합니다. 이 경우 네트워크 내 비용 부담만 지불하면 됩니다. 필요한 서비스를 제공하는 플랜 네트워크에 전문의가 없는 경우, 네트워크 내 비용 부담으로 해당 서비스를 제공하는 의료 제공자의 정보를 플랜에 문의하십시오.

당사 플랜에서 귀하에게 접근할 수 있고 적합한 형식으로 정보를 얻는 데 문제가 있는 경우, 현지 시간으로 월요일부터 금요일까지, 오전 8시부터 오후 8시 사이에 (833) 671-0440로 전화하여 가입자 서비스부에 불만을 제기하십시오. TTY 사용자의 경우 711로 전화하십시오. 또한 1-800-MEDICARE(1-800-633-4227)로 전화하거나 1-800-368-1019 또는 TTY 1-800-537-7697로 직접 민권 사무소에 불만을 제기할 수 있습니다.

Chapit 8: Dwa ak responsabilite ou yo

accessibile e appropriato per Lei. Per ottenere informazioni da noi in un modo che funzioni per Lei, chiami il Servizio Soci.

Il nostro piano è necessario per dare alle donne iscritte la possibilità di accedere direttamente a uno specialista della salute delle donne all'interno della rete per i servizi di assistenza sanitaria di routine e preventiva delle donne.

Se i fornitori nella rete del piano per una specialità non sono disponibili, è responsabilità del piano individuare i fornitori di specialità al di fuori della rete che forniranno le cure necessarie. In questo caso, pagherà solo la condivisione dei costi in rete. Se si trova in una situazione in cui non ci sono specialisti nella rete del piano che coprono un servizio di cui ha bisogno, chiami il piano per informazioni su dove andare per ottenere questo servizio con la condivisione dei costi in rete.

Se ha problemi a ottenere informazioni dal nostro piano in un formato accessibile e appropriato per Lei, chiami per presentare un reclamo al Servizio Soci chiamando il numero (833) 671-0440, dal lunedì al venerdì, dalle 8 a.m. alle 8 p.m. Gli utenti TTY sono pregati di chiamare il 711. Può anche presentare un reclamo a Medicare chiamando il numero 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227) o direttamente all'Ufficio per i diritti civili 1-800-368-1019 o TTY 1-800-537-7697.

Section 1.1	Nous sommes tenus de fournir des renseignements d'une manière qui vous convienne et soit respectueuse de vos sensibilités culturelles (dans d'autres langues que l'anglais, en braille, en gros caractères ou dans d'autres formats de substitution, etc.)
--------------------	---

Votre régime est tenu de veiller à ce que tous les services, tant cliniques que non cliniques, soient fournis d'une manière culturellement compétente et soient accessibles à tous les affiliés, y compris ceux qui ont une maîtrise limitée de l'anglais, des capacités de lecture limitées, une incapacité auditive, ou ceux qui ont des origines culturelles et ethniques diverses. Un régime peut, par exemple, satisfaire à ces exigences d'accessibilité en fournissant des services de traduction et d'interprétation, des télécopieurs ou une connexion ATS (téléphone textuel ou télécopieur), mais cette liste n'est pas exhaustive.

Notre régime dispose de services d'interprétation gratuits pour répondre aux questions des affiliés non anglophones. Nous pouvons également vous fournir gratuitement des informations en braille, en gros caractères ou dans d'autres formats si nécessaire. Nous sommes tenus de vous fournir des informations sur les prestations du régime dans un format accessible et adapté à vos besoins. Pour obtenir des informations dans un format qui vous convienne, veuillez appeler les services aux membres.

Notre régime est tenu d'offrir aux femmes affiliées la possibilité d'accéder directement à un spécialiste de la santé des femmes au sein du réseau pour les soins de santé courants et préventifs.

Si le réseau du régime ne dispose pas de prestataires pour certains services spécialisés, il incombe au régime de trouver des prestataires de services spécialisés en dehors du réseau qui vous fourniront les soins nécessaires. Dans ce cas, vous ne paierez que la participation aux coûts au sein du réseau. Si vous vous trouvez dans une situation où aucun spécialiste du réseau du régime ne couvre un service dont vous avez besoin, appelez le régime pour savoir où vous adresser pour obtenir ce service avec une participation aux coûts au sein du réseau.

Si vous avez des difficultés à obtenir des informations de notre régime dans un format accessible et adapté à vos besoins, veuillez déposer un grief auprès des services aux membres en appelant le (833) 671-0440, du lundi au vendredi entre 8 h et 20 h, heure locale. Pour les utilisateurs du système TTY, veuillez appeler le 711. Vous pouvez également déposer une plainte auprès de Medicare en appelant le 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227) ou directement auprès de l'Office for Civil Rights 1-800-368-1019 ou TTY 1-800-537-7697.

Chapit 8: Dwa ak responsabilite ou yo**seksyon 1.1 Nou dwe bay enfòmasyon yo yon fason ki travay pou ou epi ki annamoni avèk sansiblité kiltirèl ou (nan lang ki pa Anglè, an bray, an gwo lèt, oswa yon lòt kalite fòm, elatriye.)**

Plan w lan dwe kouvri tout sèvis yo, kit sèvis klinik ak sèvis ki pa sèvis klinik yo, pou li bay yo yon fason ki konpetan nan domèn kiltirèl epi yo aksesib pou tout moun ki enskri yo (asire yo), ki gen ladann moun ki pa pale Anglè byen, moun ki pa ka li byen, moun ki gen difikilte pou tandè, oswa moun ki gen divès kalite kilti ak orijin etnik yo. Men kèk egzanp sou fason yon plan ka reponn ak kondisyon aksesiblité sa yo (aksè pou moun ki gen yon andikap), li gen ladann bagay sa yo men se pa sa sèlman, bay sèvis tradiktè, sèvis entèprèt, telefòn tèks, oswa koneksyon TTY (telefòn tèks).

Plan nou an genyen sèvis entèprèt ki disponib gratis pou reponn kesyon manm ki pa pale Anglè yo. Epiou, nou kapab ba w enfòmasyon an bray, an gwo karaktè, oswa an lòt fòm gratis si w bezwen li. Nou oblije ba w enfòmasyon sou avantaj plan an nan yon fòm ki aksesib epi ki apwopriye pou ou. Pou jwenn enfòmasyon nan men nou yon fason ki bon pou ou, tanpri rele Sèvis Manm yo.

Plan nou an oblije bay fanm ki enskri yo yon opsyon aksè dirèk a yon espesyalis sante pou fanm ki nan rezo a, pou sèvis swen sante woutin yo ak swen prevansyon pou fanm yo.

Si founisè ki nan rezo plan an pou yon espesyalite pa disponib, se responsablité plan an pou li jwenn founisè espesyalize andeyò rezo a k ap gen pou ba w swen ki nesè yo. Nan ka sa a, w ap peye sèlman pataj frè ki nan rezo a. Si w twouve w nan yon sitiasyon kote pa gen espesyalis nan rezo plan an ki kouvri yon sèvis ou bezwen, rele plan an pou w ka jwenn enfòmasyon konsènan kote pou w ale pou w ka jwenn sèvis sa a nan pataj frè ki nan rezo a.

Si ou gen pwoblèm pou jwenn enfòmasyon nan plan nou an nan yon fòm ki aksesib epi ki apwopriye pou ou, tanpri rele pou depoze yon doleyans nan Sèvis Manm yo, depi ou rele nimewo, (833)6710440, Lendi-Vandredi, 8a.m - 8p.m. lè lokal. . Itilizatè TTY yo, tanpri rele nan nimewo 711. Epiou, ou ka depoze yon plent nan Medicare, pou fè sa, rele nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227) oswa dirèkteman nan Biwo pou Dwa kalandriye a nan nimewo 1-800-368-1019 oswa itilizatè TTY yo rele nan nimewo 1-800-537-7697.

1.1 סעקציע מיט דיין קולטור סענסיטיוויטי (אין אנדערע שפראכן ווי ענגליש, אין בראַיל, אין גרויס דרוק, אָדער אנדערע אַלטערנאַטיוו פֿאַרמאָטירונגען, אאז"ו.)

אייער פֿלאַן איז פֿאַרלאַנגט צו ענשור אַז אַלע סערוויסעס, ביידע קליניש און ניט-קליניש, זענען צוגעשטעלט אין אַ קולטורלי קאַמפֿעטענט שטייבייטן און זענען צוטריטלעך פֿאַר אַלע ענראַ וואָ, אריינגענומען יענע מיט באַ גרענעצט ענגליש באַ האַ וונטקייט, באַ גרענעצט ליענען סקילז, געהער און סיק, אַדער יענע מיט פֿאַרשידן קולטור. און עטניק באַ קגראַ ונדז. ביישפּילן פֿון ווי אַ פֿלאַן קען באַ געגענען די אַ קסעסאַ ביליטי פֿאַדערונגען אַ ריינגעמען, אַ בער זענען נישט באַ גרענעצט צו צושטעלן פֿון יבערזעצער סערוויסעס, יבערזעצער סערוויסעס, טעלעטייפֿ רייטער אַדער TTY (טעקסט טעלעפֿאָן אַדער טעלעטייפֿ רייטער טעלעפֿאָן) פֿאַרבינדונג.

אונדזער פֿלאַן האט פֿריי יבערזעצער סערוויסעס פֿאַראַנען צו ענטפֿערן פֿאַראַגעס פֿון ניט-ענגליש בייטןעט מיטגלידער. מיר קענען אויך געבן אייך אינפֿאַרמאַציע אין בראַיל, אין גרויס דרוק אַדער אנדערע אַלטערנאַטיוו פֿאַרמאָטירונגען און קיין קאסט אויב איר דאַרפֿן עס. מיר זענען פֿאַרלאַנגט צו געבן אייך אינפֿאַרמאַציע וועגן דעם בענעפיטן פֿון דעם פֿלאַן אין אַ פֿאַרמאַט וואָ איז צוטריטלעך און פֿאַר אַ סיק פֿאַר אייך. צו באַקומען אינפֿאַרמאַציע פֿון אונדז אין אַ וועג וואָ ס אַרבעט פֿאַר אייך, ביטע רופן מיטגליד סערוויסעס.

אונדזער פֿלאַן איז פֿאַרלאַנגט צו געבן ווייבלעך ענראַ וואָ די אַ פֿאַר אַ פֿון דירעקט אַ קסעס צו אַ פֿרויען געזונט ספֿעציאַליסט אין די נעץ פֿאַר פֿרויען רופן און פֿרעווענטיוע געזונט קעיר סערוויסעס.

Chapit 8: Dwa ak responsabilite ou yo

אויב פֿראַ וויידער אין דעם פלאן נעץ פֿאַר אַ ספּעציאַליטעט זענען נישט פאראנען, עס איז די פֿאַראַנטוואַרטלעכקייט פון דעם פֿלאַן צו געפֿינען ספּעציאַליטעט פֿראַ וויידער אַרויס די נעץ וואָס וועט צושטעלן אייך מיט די נייטיק קעיר. אין דעם פֿלאַן, אייך וועט בלויז באַצאלן אין-נעץ קאסטן טיילונג. אויב איר געפֿינען זיך אין אַ סיטואַציע וווּ עס זענען קיין ספּעציאַליטעט אין די נעץ וואָס דעקן אַ סערוויס אייך דאַרפֿן, רופן דעם פֿלאַן פֿאַראַינפֿאַרמאַ ציע אויף וווּ צו גיין צו באַקומען דעם סערוויס אין די נעץ איינטיילונג קאסטן.

אויב איר האָט קיין קאַנפּליקט צו באַקומען אינפֿאַרמאַציע פֿון אונדזער פֿלאַן אין אַ פֿאַרמאַט וואָס איז צוטריטלעך און צונעמען פֿאַראַיר, ביטע רופן צו פאַרלייגן אַ קלאַווויאַטור מיט מעמבער סערוויסעס דורך רופן 0440-671 (833), מאַנטיק-פֿרייטאַג, 8 - 8, היגע צייט. TTY ניצערס, ביטע רופן 711. איר קענט אויך פאַרלייגן אַ קלאַג מיט Medicare דורך רופן (1-800-633-4227) MEDICARE אַ דער גלייך מיט די אַפּפּיסע פֿאַר סיוויל רעכט (Office for Civil Rights) 1-800-368-1019 אַ דער TTY 1-800-537-7697.

Sekcja 1.1	Musimy dostarczać informacje w sposób odpowiedni dla użytkownika i zgodny z jego wrażliwością kulturową (w językach innych niż angielski, wydrukowane alfabetem Braille'a, dużą czcionką lub w innych alternatywnych formatach itp.)
-------------------	---

Plan jest zobowiązany do zapewnienia, aby wszystkie usługi, zarówno kliniczne, jak i niekliniczne, były świadczone w sposób uwzględniający odrębności kulturowe i były dostępne dla wszystkich osób zapisanych do planu, w tym osób z ograniczoną znajomością języka angielskiego, ograniczoną umiejętnością czytania, niesłyszących lub osób o różnym pochodzeniu kulturowym i etnicznym. Plan może spełnić wymagania w zakresie dostępności zapewniając między innymi usługi tłumacza ustnego i pisemnego lub usługi telefonu tekstowego (TTY).

Plan oferuje usługi tłumaczy, którzy bezpłatnie pomagają członkom niemówiącym po angielsku w uzyskiwaniu odpowiedzi na pytania. W razie potrzeby może także zapewnić bezpłatnie informacje wydrukowane alfabetem Braille'a, dużą czcionką lub w innych alternatywnych formatach. Plan jest zobowiązany do przekazywania informacji o świadczeniach w formacie dostępnym i odpowiednim dla członków. Aby uzyskać od planu informacje w odpowiednim dla siebie formacie, członkowie powinni zadzwonić do działu obsługi uczestników.

Plan jest zobowiązany do zapewnienia członkiniom opcji bezpośredniego dostępu do specjalisty ds. zdrowia kobiet w ramach sieci w zakresie regularnych i profilaktycznych usług opieki zdrowotnej dla kobiet.

Jeśli w sieci nie ma dostępnych świadczeniodawców danej specjalizacji, obowiązkiem planu jest znalezienie świadczeniodawców spoza sieci, którzy zapewnią niezbędną opiekę. W takim przypadku członek zapłaci tylko obowiązujący w sieci udział w kosztach. Jeśli członek znajdzie się w sytuacji, kiedy w sieci planu nie będzie specjalistów, którzy zapewniliby potrzebną mu usługę, powinien zadzwonić do planu, aby uzyskać informacje, gdzie może uzyskać taką usługę przy udziale w kosztach obowiązującym w sieci.

Osoby, które mają trudności z uzyskaniem od planu informacji w dostępnym i odpowiednim formacie, mogą złożyć zażalenie w dziale obsługi członków, dzwoniąc pod numer (833) 671-0440 od poniedziałku do piątku w godzinach 8.00 – 20.00 czasu lokalnego. Użytkownicy TTY powinni dzwonić pod numer 711. Można również złożyć skargę do Medicare, dzwoniąc pod numer 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227) lub bezpośrednio do Urzędu ds. Praw Obywatelskich pod numer 1-800-368-1019 lub TTY 1-800-537-7697.

Seksyon 1.1	Dapat naming ibigay ang impormasyon sa paraang gumagana para sa iyo at sumusunod sa mga pagkasensitibo ng kultura (sa wika maliban sa Ingles, sa braille, sa malalaking titik, o ibang kahaliling mga format, atbp.)
--------------------	---

Kinakailangan ang plano mo para matiyak na ang lahat ng mga serbisyo, parehong klinikal at hindi klinikal, ay ibinibigay sa isang paraang may kakayahang pangkultura at naa-access sa lahat ng mga nakatala, kabilang ang mga may limitadong kasanayan sa Ingles, limitadong kakayahan sa pagbasa, kawalan ng kakayahan sa

Chapit 8: Dwa ak responsabilite ou yo

pandinig, o mga may magkakaibang kultura at etnikong pinagmulan. Kasama sa mga halimbawa ng kung paano matutugunan ng isang plano ang mga kinakailangan sa pagiging naa-access na ito, ngunit hindi limitado sa pagbibigay ng mga serbisyo ng tagasalín, mga serbisyo ng interpreter, teletypewriter, o TTY (teleponong pang-text o teleponong teletypewriter) na koneksyon.

Mayroong mga libreng serbisyo ng interpreter ang plano namin na handang magamit para sagutin ang mga tanong mula sa mga miyembrong hindi nakakapagsasalita ng Ingles. Maaari ka rin naming bigyan ng impormasyon sa braille, sa malaking titik, o ibang kahaliling format nang walang bayad kung kailangan mo ito. Inaatasan kaming magbigay sa iyo ng impormasyon tungkol sa mga benepisyo ng plano sa isang format na naa-access at naa-angkop para sa iyo. Para makakuha ng impormasyon mula sa amin sa paraang gumagana sa iyo, pakitawagan ang Mga Serbisyo para sa Miyembro.

Inaatasan ang plano namin na bigyan ang mga babaeng nakatala ng opsyon ng direktang pag-access sa isang espesyalista sa kalusugan ng kababaihan sa loob ng network para sa mga regular na serbisyo ng kababaihan at pang-iwas na pangangalaga sa kalusugan.

Kung hindi handang magamit ang mga provider sa network ng plano para sa isang espesyalidad, responsibilidad ng plano na humanap ng mga provider ng espesyalidad sa labas ng network na magbibigay sa iyo ng kinakailangan na pangangalaga. Sa kasong ito, babayaran mo lamang ang hatian sa gastos sa network. Kung nakita mo ang sarili mo sa isang sitwasyon kung saan walang mga espesyalista sa network ng plano na sumasaklaw sa isang serbisyo na kailangan mo, tawagan ang plano para sa impormasyon kung saan pupunta para makuha ang serbisyo ng ito sa hatian sa gastos sa network.

Kung mayroon kang anumang problema sa pagkuha ng impormasyon mula sa aming plano sa isang format na naa-access at naa-angkop para sa iyo, mangyaring tumawag para maghain ng karaingan sa Mga Serbisyo para sa Miyembro sa pamamagitan ng pagtawag sa (833) 671-0440, Lunes-Biyernes, 8 a.m. – 8 p.m., lokal na oras. Sa mga gumagamit ng TTY, mangyaring tumawag sa 711. Maaari ka ring maghain ng reklamo sa Medicare sa pamamagitan ng pagtawag sa 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227) o nang direkta sa Tanggapan para sa mga Karapatang Sibil sa 1-800-368-1019 o TTY 1-800-537-7697.

বভিগ 1.1 আমাদরে অবশ্যই এমনভাবে তথ্য প্রদান করতে হবে যা আপনার জন্য কার্যকরী এবং আপনার সাংস্কৃতিক সংবেদনশীলতার সাথে সামঞ্জস্যপূর্ণ হয় (ইংরেজি বিষয়ীত অন্যান্য ভাষায়, ব্রহেল, বড় হরফে মুদ্রণে বা অন্যান্য বকিল্প ফর্মাটে ইত্যাদিতে)

সমস্ত পরষিবো, কলনিকাল এবং অ-কলনিকাল উভয়ই সাংস্কৃতিকভাবে উপযুক্ত পদ্ধতিতে প্রদান করা হয় এবং যাদরে ইংরেজিতে দক্ষতা সীমতি, পড়ার দক্ষতা সীমতি, শ্রবণশক্তির অক্ষমতা রয়েছে বা যাদরে বচৈত্রিময় সাংস্কৃতিক এবং জাতগিত প্রক্শাপট রয়েছে তারা সহ সমস্ত তালকিভুক্তদরে জন্য অ্যাক্সসেসযোগ্য, আপনার প্ল্যানটিকে তা নশ্চিত করতে হবে। কোনো প্ল্যান কীভাবে এই অ্যাক্সসেসযোগ্যতার প্রয়োজনীয়তাগুলি পূরণ করতে পারে তার উদাহরণগুলি মধ্যে রয়েছে, তবে অনুবাদক পরষিবো, দোভাষী পরষিবো, টেলোটিইপ্রাইটার বা TTY (টেক্সট টেলিফোন বা টেলোটিইপ্রাইটার ফোন) সংযোগরে বধিানরে মধ্যে সীমাবদ্ধ নয়।

আমাদরে প্ল্যানে, ইংরেজিভাষী নয় এমন সদস্যদরে প্রশ্নরে উত্তর দেওয়ার জন্য বনামূল্যে দোভাষী পরষিবো রয়েছে। আপনার প্রয়োজন হলে, আমরা আপনাকে ব্রহেল, বড় হরফে মুদ্রণে বা অন্যান্য বকিল্প ফর্মাটে কোনো খরচ ছাড়াই তথ্য দিতে পারি। আমাদরে আপনাকে প্ল্যানরে সুবধিাগুলি সম্পর্কে এমন একটা ফর্মাটে তথ্য দিতে হবে যা আপনার জন্য অ্যাক্সসেসযোগ্য এবং উপযুক্ত। আপনার জন্য কার্যকরী এমন উপায়ে আমাদরে থেকে তথ্য পতে, অনুগ্রহ করে সদস্য পরষিবোদিতে কল করুন।

আমাদরে প্ল্যানটির মহলিা তালকিভুক্তদরে, মহলিাদরে রুটনি ও প্রতরিোধমূলক স্বাস্থ্যসবো পরষিবোগুলোর জন্য নটেওয়ারকরে মধ্যে একজন মহলিা স্বাস্থ্য বশিযেঞ্জেরে সরাসরি যোগাযোগ করতে দেওয়ার বকিল্প প্রদান করা প্রয়োজন।

Chapit 8: Dwa ak responsabilite ou yo

Kononon bishyestvare jny plnyanre nteoyarkwe srbvrahkariira uplazhy na hla, nteoyarkwe vaiire bishyestvare srbvrahkariira, yara apnake pryoajnyiy prchrya srbvrah karve tadre xuje bare karar daytiv plnyanre upar vrtay. Ee kshetre, apnashuymatir in-nteoyarkw xrch shyar karve neoyar arth pmenet karvne. Apnashuymatir prchrya prshybo apnake prdan karve. Parve plnare nteoyarkwe emn kononon bishyestvare upsthy nhe erkm kononon prsthytitye apnashuymatir, in-nteoyarkw xrch shyar karve neoyar smy ee prshyboitye pte kononon yate hve se smprkwe tshyre jny plnare kl karvne.

Apnashuymatir ashaksseshyoghy o upshukt fnyayate amadre plnyan bshyky tshy pte apnashuymatir smshya hla, anugrh karve sombar theke shukrvbar sthanyiy smy skal 8ta theke ratyri 8tar mshye sdsy prshyboiy abshyog dayre karve (833) 671-0440 nshyre kl karvne. TTY bshybarkariira, anugrh karve 711 e kl karvne. Ehaday, apnashuymatir 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227) nshyre kl karve. Medicare-er kash abshyog dayre karve parve ba 1-800-368-1019 ba TTY 1-800-537-7697-e srasark kl karve. Sbshy raitis afshy abshyog dayre karve parve.

Seksioni 1.1 Ne jemi të përkushtuar të ofrojmë informacion të përshtatshëm për ju dhe që respekton ndjeshmëritë tuaja kulturore (në gjuhë të tjera përveç anglishtes, në braille, në format me shkronja të mëdha ose formate të tjera alternative, etj.)

Planit tuaj duhet të ofrojë të gjitha shërbimet, si klinike ashtu edhe jo-klinike në një mënyrë kompetente kulturore dhe janë të aksesueshme për të gjithë të regjistruarit, duke përfshirë personat me aftësi të kufizuara në anglisht, personat me aftësi të kufizuara në lexim, personat me aftësi të kufizuar në dëgjim ose personat me kulturë dhe prejardhje etnike të ndryshme. Shembujt se si një plan mund t'i plotësojë këto kërkesa aksesueshmërie përfshijnë, por nuk kufizohen me ofrimin e shërbimeve të përkthyesve, shtypshkronjave ose lidhjes me TTY (telefon me tekst ose telefon me shtypshkronjë).

Plani ynë ofron shërbime me përkthyes falas për t'iu përgjigjur pyetjeve të anëtarëve që nuk flasin anglisht. Ne gjithashtu mund t'ju japim informacione në braille, në format me shkronja të mëdha ose në formate të tjera alternative pa kosto, sipas nevojës. Neve na kërkohet t'ju japim informacione rreth përfitimeve të planit në një format që është i aksesueshëm dhe i përshtatshëm për ju. Për të marrë informacion nga ne në një mënyrë të përshtatshme për ju, ju lutemi telefononi Shërbimet e Anëtarëve.

Plani ynë duhet t'ju japë grave të regjistruara mundësinë e aksesit të drejtpërdrejtë te një specialist i shëndetit të gruas brenda rrjetit për shërbimet rutinë dhe parandaluese të kujdesit shëndetësor për gratë.

Nëse ofruesit në rrjetin e planit për një specialitet nuk janë të disponueshëm, është përgjegjësi e planit të gjejë ofruesit e specializuar jashtë rrjetit, të cilët do t'ju ofrojnë kujdesin e nevojshëm. Në këtë rast, ju do të paguani vetëm ndarjen e koston brenda rrjetit. Nëse përballeni me një situatë ku nuk ka specialistë në rrjetin e planit që mbulojnë një shërbim që ju nevojitet, telefononi planin për të marrë informacion se ku të shkoni për ta marrë këtë shërbim me ndarjen e koston brenda rrjetit.

Nëse hasni ndonjë problem për të marrë informacion nga plani ynë në një format që është i arritshëm dhe i përshtatshëm për ju, ju lutemi telefononi për të paraqitur një ankesë tek Shërbimet e Anëtarëve duke telefonuar (833) 671-0440, nga e hëna në të premte, nga ora 8 a.m. - 8 p.m., ora lokale. Përdoruesit TTY, ju lutem telefononi 711. Ju gjithashtu mund të paraqisni një ankesë te Medicare duke telefonuar 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227) ose drejtpërdrejt te Zyra për të Drejtat Civile 1-800-368-1019 ose TTY 1-800-537-7697.

Chapit 8: Dwa ak responsabilite ou yo

Ενότητα 1.1 Πρέπει να παρέχουμε πληροφορίες με τρόπο που να λειτουργεί για εσάς και που να συνάδει με τις πολιτισμικές σας ευαισθησίες (σε γλώσσες εκτός των Αγγλικών, σε γραφή Braille, με μεγάλα γράμματα ή σε άλλες εναλλακτικές μορφές κ.λπ.)

Το πρόγραμμά σας απαιτείται να διασφαλίσει ότι όλες οι υπηρεσίες, τόσο κλινικές όσο και μη κλινικές, παρέχονται με πολιτισμικά ικανό τρόπο και είναι προσβάσιμες σε όλους τους εγγεγραμμένους, συμπεριλαμβανομένων εκείνων με περιορισμένη αγγλική επάρκεια, περιορισμένες δεξιότητες ανάγνωσης, ανικανότητα ακοής ή άτομα με διαφορετικό πολιτιστικό και εθνοτικό υπόβαθρο. Παραδείγματα του τρόπου με τον οποίο ένα πρόγραμμα μπορεί να πληροί αυτές τις απαιτήσεις προσβασιμότητας περιλαμβάνουν, μεταξύ άλλων, την παροχή μεταφραστικών υπηρεσιών, υπηρεσιών διερμηνείας, τηλεγραφομηχανών ή σύνδεσης TTY (τηλέφωνο κειμένου ή τηλέφωνο τηλεγραφομηχανής).

Το πρόγραμμά μας διαθέτει δωρεάν υπηρεσίες διερμηνείας για να απαντήσετε σε ερωτήσεις από μη αγγλόφωνα μέλη. Μπορούμε, επίσης, να σας δώσουμε πληροφορίες σε γραφή Braille, με μεγάλα γράμματα ή σε άλλες εναλλακτικές μορφές χωρίς κόστος, εάν τις χρειάζεστε. Είμαστε υποχρεωμένοι να σας παρέχουμε πληροφορίες σχετικά με τις παροχές του προγράμματος σε μορφή που είναι προσβάσιμη και κατάλληλη για εσάς. Για να λάβετε πληροφορίες από εμάς με τρόπο που σας εξυπηρετεί, καλέστε το Τμήμα Υπηρεσιών Μελών.

Το πρόγραμμά μας απαιτείται να δώσει στις γυναίκες εγγεγραμμένους τη δυνατότητα άμεσης πρόσβασης σε έναν ειδικό υγείας γυναικών στο πλαίσιο του δικτύου για υπηρεσίες ρουτίνας και προληπτικής υγειονομικής περίθαλψης των γυναικών.

Εάν οι πάροχοι στο δίκτυο του προγράμματος για μια ειδικότητα δεν είναι διαθέσιμοι, είναι ευθύνη του προγράμματος να εντοπίσει εξειδικευμένους παρόχους εκτός του δικτύου που θα σας παρέχουν την απαραίτητη φροντίδα. Σε αυτήν την περίπτωση, θα πληρώσετε μόνο επιμερισμό κόστους εντός δικτύου. Εάν βρεθείτε σε μια κατάσταση όπου δεν υπάρχουν ειδικοί στο δίκτυο του προγράμματος που να καλύπτουν μια υπηρεσία που χρειάζεστε, καλέστε το πρόγραμμα για πληροφορίες σχετικά με το πού να πάτε για να αποκτήσετε αυτήν την υπηρεσία με επιμερισμό κόστους εντός δικτύου.

Εάν αντιμετωπίζετε προβλήματα με τη λήψη πληροφοριών από το πρόγραμμά μας σε μορφή που να είναι προσβάσιμη και κατάλληλη για εσάς, καλέστε για να υποβάλετε παράπονο στο Τμήμα Υπηρεσιών Μελών στον αριθμό (833) 671-0440, Δευτέρα έως Παρασκευή, 8 π.μ. έως 8 μ.μ., τοπική ώρα. Οι χρήστες της υπηρεσίας TTY παρακαλούνται να καλέσουν στο 711. Μπορείτε επίσης να υποβάλετε καταγγελία στο Medicare καλώντας στο 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227) ή απευθείας στο Γραφείο Πολιτικών Δικαιωμάτων 1-800-368-1019 ή TTY 1-800-537-7697.

1.1 ہمیں معلومات اس انداز میں فراہم کرنی چاہیے جو آپ کے لیے مناسب ہو اور آپ کے ثقافتی حساس بہلوؤں سے ہم آہنگ ہو (انگریزی کے علاوہ باقی زبانوں میں، بریل میں، بڑے پرنٹ میں، یا دیگر متبادل فارمیٹس، وغیرہ)

آپ کے منصوبے سے اس بات کو یقینی بنانے کا تقاضا کیا جاتا ہے کہ تمام سروسز، کلینکل اور غیر کلینکل دونوں ثقافتی طور پر موزوں انداز میں فراہم کی جاتی ہیں اور تمام مندرجہ افراد کو ان تک رسائی حاصل ہے جن میں انگریزی زبان کی محدود مہارت، پڑھنے کی محدود مہارتیں، قوت سماعت سے محروم، یا متنوع ثقافتی اور نسلی پس منظر سے تعلق رکھنے والے افراد شامل ہیں۔ منصوبہ رسائی کے تقاضے کیسے پورا کر سکتا ہے اس کی مثالوں میں بلاتحدید، ترجمان کی سروسز، مترجم کی سروسز، ٹیلی ٹائپ رائٹرز، یا TTY (ٹیکسٹ ٹیلی فون یا ٹیلی ٹائپ رائٹر فون) کنکشن کی فراہمی شامل ہیں۔

ہمارے منصوبے میں مفت ترجمان کی سروسز موجود ہیں جو انگریزی نہ بولنے والے ممبرز کے سوالات کا جواب دینے کے لیے دستیاب ہیں۔ ہم آپ کو ضرورت پیش آنے پر بریل سسٹم میں، بڑے پرنٹ میں، یا دیگر متبادل فارمیٹس میں بغیر کسی قیمت کے بھی معلومات فراہم کرتے ہیں۔ ہمارے لیے منصوبے کے وظائف کے بارے میں ایسے فارمیٹ میں آپ کو معلومات فراہم کرنا

Chapit 8: Dwa ak responsabilite ou yo

ضروری ہے جو آپ کے لیے قابل رسائی اور موزوں ہو۔ براہ کرم ہم سے اپنے لیے کام کرنے والی معلومات حاصل کرنے کے لیے ممبر سروسز کو کال کریں۔

ہمارے منصوبے سے تقاضا کیا جاتا ہے کہ وہ مندرج خواتین کو ان کی روزمرہ اور احتیاطی صحت کی نگہداشت کی سروسز کے لیے نیٹ ورک کے اندر خواتین کی صحت کے ماہر تک براہ راست رسائی کا اختیار دے۔

اگر منصوبے کے نیٹ ورک میں خصوصیت رکھنے والے فراہم کنندگان دستیاب نہیں ہیں، تو یہ منصوبے کی ذمہ داری ہے کہ وہ نیٹ ورک سے باہر خصوصیت رکھنے والے فراہم کنندگان کو تلاش کرے جو آپ کو ضروری نگہداشت فراہم کریں گے۔ اس کیس میں، آپ صرف اندرون نیٹ ورک لاکٹ کے اشتراک کی ادائیگی کریں گے۔ اگر آپ خود کو ایک ایسی صورتحال میں پاتے ہیں جہاں منصوبے کے نیٹ ورک میں کوئی ماہرین موجود نہیں ہیں جو آپ کو درکار سروسز کو کور کریں، تو منصوبے کو اس حوالے سے معلومات کے لیے کال کریں کہ اس سروسز کو اندرون نیٹ ورک لاکٹ کے اشتراک پر حاصل کرنے کے لیے کہاں جائیں۔

اگر آپ کو ہمارے منصوبے میں موجود اپنے لیے قابل رسائی اور موزوں فارمیٹ میں معلومات حاصل کرنے میں کسی مشکل کا سامنا کرنا پڑ رہا ہے، تو براہ کرم مقامی وقت کے مطابق، پیر-جمعہ، صبح 8 بجے - رات 8 بجے تک، 671-0440 (833) پر کال کر کے ممبر سروسز کو شکایت درج کروائیں۔ TTY صارفین، براہ کرم 711 پر کال کریں۔ آپ Medicare (1-800-633-4227) پر کال کر کے یا دفتر برائے شہری حقوق کو 1-800-368-1019 یا 1-800-537-7697 TTY پر براہ راست کال کر کے Medicare کے ساتھ شکایت درج کروا سکتے ہیں۔

Seksyon 1.2 Nou dwe asire ou jwenn san pèdi tan medikaman ak sèvis ki kouvri yo

Ou gen dwa pou chwazi yon pwofesyonèl swen sante prensipal (PCP) nan rezo plan an pou ba w epi fè aranjman pou sèvis ki kouvri yo. Epitou, ou gen dwa pou w al wè yon espesyalis sante pou fi (tankou yon jinekolog) san yo pa ba w yon referans.

Ou gen dwa pou jwenn randevou ak sèvis ki kouvri nan men rezo founisè plan nou an nan yon kantite tan ki rezonab. Ladan, gen dwa pou jwenn sèvis alè nan men espesyalis yo lè w bezwen swen sa a. Epitou, ou gen dwa pou ranpli preskripsyon w yo oswa renouvle yo nan nenpòt famasi ki nan rezo nou an san pèdi tan.

Si w panse ou p ap resevwa swen medikal oswa medikaman Pati D ou yo nan yon delè ki rezonab, Chapit 9 di kisa w kapab fè.

Seksyon 1.3 Nou dwe kenbe enfòmasyon sou sante ou yo sekrè

Lwa federal ak nan eta yo pwoteje konfidansyalite dosye medikal ou yo ak enfòmasyon sou sante pèsònèl w. Nou pwoteje enfòmasyon sou sante pèsònèl w jan lwa sa yo mande sa.

- enfòmasyon sou sante pèsònèl ou yo genyen ladann **enfòmasyon pèsònèl** ou te ban nou lè w te enskri nan plan sa a, ansanm ak dosye medikal ou yo ak lòt enfòmasyon medikal epi enfòmasyon sou sante yo.
- Ou gen dwa parapò ak enfòmasyon w epi kontwole fason y ap itilize enfòmasyon sou sante w. Nou ba ou yon avi alekri, ki rele yon *Avi sou Pratik Konfidansyalite*, ki pale sou dwa sa yo epi ki eksplike fason nou pwoteje Konfidansyalite enfòmasyon sou sante w.

Kijan nou pwoteje konfidansyalite enfòmasyon sou sante w?

- Nou asire nou moun ki pa otorize pa wè oswa chanje dosye w.
- Eksepte nan sikonstans ki mansyone anba yo, si nou gen entansyon bay nenpòt moun enfòmasyon sou sante w yo epi se pa moun sa a ki ap ba w swen oswa peye pou swen w yo, *nou gen obligasyon pou jwenn pèmasyon alekri nan men w oswa nan men yon moun ou bay otorite legal pou pran desizyon pou ou.*

Chapit 8: Dwa ak responsabilite ou yo

- Gen kèk eksepsyon ki pa egzije pou nou jwenn pèmasyon alekri nan men w anvan. Eksepsyon sa yo otorize oswa egzije pa lalwa.
 - Nou oblije bay enfòmasyon sou sante ak ajans gouvènman yo k ap tcheke sou kalite swen.
 - Paske ou se yon manm nan plan nou an atravè Medicare, nou oblije bay Medicare enfòmasyon sou sante w ki gen ladann enfòmasyon sou medikaman sou preskripsyon Pati D ou yo. Si Medicare pibliye enfòmasyon w pou kesyon rechèch oswa lòt itilizasyon, sa ap fèt selon lwa ak règleman federal yo; an reyalyte, sa mande pou yo pa pataje enfòmasyon ki idantifye w pèsònèlman yo.

Ou ka wè enfòmasyon yo nan dosye w epi konnen ki fason yo te pataje yo ak lòt moun

Ou gen dwa gade pou dosye medikal ou gen nan plan nou an, epi pou jwenn yon kopi nan dosye w yo. Nou otorize pou n chaje w yon frè pou n ka fè kopi yo. Ou gen dwa tou pou w mande nou pou ajoute oswa korije dosye medikal ou yo. Si w mande nou fè sa, n ap travay ak founisè swen sante w la pou deside si nou dwe fè chanjman yo.

Ou gen dwa pou konnen fason nou te pataje enfòmasyon sou sante w ak lòt moun pou nenpòt objektif ki pa woutin.

Si w gen kesyon oswa enkyetid konsènan konfidansyalite enfòmasyon sou sante pèsònèl ou yo, rele Sèvis Manm yo.

AVI SOU PRATIK VI PRIVE

AVI SA A DEKRI FASON YO KA ITILIZE AK PATAJE ENFÒMASYON MEDIKAL OU YO EPI FASON OU KA GEN AKSÈ AK ENFÒMASYON SA A. TANPRI, VERIFYE LI AVÈK ANPIL PREKOSYON.

Avi sa a dekri pratik vi prive plan sante ki afilye ak Molina Healthcare yo (nou rele “Molina”, “nou” nan dokiman sa a). Nou itilize epi pataje enfòmasyon sou sante ki pwoteje ou yo (“PHI”) pou ba w avantaj sante antanke yon manm Molina. Nou itilize epi pataje PHI ou pou fè tretman, pèman ak aktivite swen sante. Nou itilize tou epi pataje PHI ou pou lòt rezon jan lalwa pèmèt epi egzije sa. Nou gen devwa pou kenbe enfòmasyon sou sante w yo prive epi suiv tèm ki nan Avi sa a. Dat avi sa a antre an vigè se 1ye janvyè 2026.

PHI se enfòmasyon sou sante ki gen ladan non w, nimewo manm ou oswa lòt bagay ki pèmèt yo idantifye w, epi nou itilize oswa pataje. PHI gen ladan l enfòmasyon sou sante konsènan twoub nan itilizasyon sibstans ak enfòmasyon byometrik (tankou anprent vokal).

Poukisa nou itilize oswa pataje PHI ou yo?

Nou itilize oswa pataje PHI ou yo pou ba w avantaj swen sante. Epitou, nou itilize oswa pataje PHI ou yo pou kesyon tretman, pèman, ak aktivite swen sante.

Pou Tretman

Nou kapab itilize oswa pataje PHI ou yo pou ba w, oswa pou fè aranjman pou, swen medikal ou. Tretman sa a enkli referans ant doktè w yo oswa lòt founisè swen sante. Pa egzanp, nou kapab pataje enfòmasyon sou pwoblèm sante w avèk yon espesyalis. Sa ede espesyalis la pale konsènan tretman w avèk doktè w la.

Pou Pèman

Nou kapab itilize oswa pataje PHI ou yo pou pran desizyon sou pèman. Se kapab reklamasyon, apwobasyon pou tretman, ak desizyon sou bezwen medikal. Yo kapab ekri non w, pwoblèm ou an, tretman w lan, ak founiti yo bay yo sou bòdwo a. Pa egzanp, nou kapab fè yon doktè konnen ou gen avantaj nou yo. Epitou, n ap fè doktè a konnen montan bòdwo n ap peye.

Pou Aktivite Swen Sante

Chapit 8: Dwa ak responsabilite ou yo

Nou kapab itilize oswa pataje PHI ou yo pou jere plan sante nou an(yo). Pa egzanp, nou kapab itilize enfòmasyon ki nan reklamasyon w lan pou fè w konnen yon pwogram sante ki kapab ede w. Eitou, nou kapab itilize oswa pataje PHI ou yo pou rezoud pwoblèm ou yo. PHI ou ka sèvi tou pou wè si yo byen peye reklamasyon yo.

Aktivite swen sante yo enplike plizyè bezwen pwofesyonèl chak jou. Ladan gen, san se pa sa sèlman, sa ki vin apre yo:

- Amelyore kalite;
- Aksyon nan pwogram sante yo pou ede Manm yo ak kèk kondisyon (tankou asmatik);
- Kondui oswa fè aranjman pou verifikasyon medikal;
- Sèvis legal, sa gen ladann fwod ak dekouvri abi ansanm ak pwogram pousuit jidisyèl;
- Aksyon pou ede nou obeyi lwa yo;
- Konble bezwen manm nan, ki gen ladann rezoud plent ak doleyans.

N ap pataje PHI ou ak lòt konpayi (“**patnè biznis**”) k ap reyalize diferan aktivite pou plan sante nou an (yo). Nou ka itilize tou PHI ou pou ba w rapèl konsènan randevou w genyen. Nou kapab itilize PHI ou yo pou ba w enfòmasyon sou lòt tretman, oswa sou lòt avantaj ak sèvis ki gen rapò ak sante yo.

Kilè nou kapab itilize oswa pataje PHI ou yo san nou pa jwenn otorizasyon (apwobasyon) alekri nan men w?

Anplis tretman, pèman ak aktivite swen sante yo, lalwa pèmèt oswa egzije pou Molina itilize epi pataje PHI ou yo pou plizyè lòt rezon, tankou sa ki vin apre yo:

Egzije pa lalwa

N ap itilize oswa pataje enfòmasyon sou ou jan lalwa egzije sa. N ap pataje PHI ou yo lè Sekretè Department of Health and Human Services (HHS) la mande sa. Sa kapab pou yon dosye tribinal, lòt verifikasyon legal, oswa lè sa nesèsè pou fè respekte lalwa.

Sante Piblik

Nou kapab itilize oswa pataje PHI ou yo pou aktivite sante piblik. Se kapab pou ede ajans sante piblik yo anpeche oswa kontwole yon maladi.

Sipèvizyon Swen Sante

Nou kapab itilize oswa pataje PHI ou yo bak ajans gouvènmantral yo. Yo kapab bezwen PHI ou yo pou odit.

Rechèch

Nou kapab itilize oswa pataje PHI ou yo pou kesyon rechèch nan kèk ka, tankou lè yon komite revizyon sou konfidansyalite oswa komite revizyon enstitisyonèl apwouve li,

Pwosedi Jidisyèl oswa Administratif

Nou kapab itilize oswa pataje PHI ou yo pou pwosedi jidisyèl, tankou pou reponn yon òdonans tribinal.

Fòs Delòd

Nou kapab itilize oswa pataje PHI ou yo bay lapolis nan objektif pou fè respekte lalwa, tankou pou ede yo jwenn yon sispèk, yon temwen oswa yon moun ki disparèt.

Sante ak Sekirite

Nou kapab pataje PHI ou yo pou anpeche yon menas grav e pwòch pou sante oswa sekirite yon moun oswa piblik.

Chapit 8: Dwa ak responsabilite ou yo

Fonksyon Gouvènman

Nou kapab pataje PHI ou yo bay gouvènman an pou fonksyon espesyal. Kòm egzanp, pou pwoteje Prezidan an.

Viktim Abi, Neglijans oswa Vyolans Domestik

Nou kapab pataje PHI ou yo bay otorite legal yo si nou kwè yon moun viktim abi oswa neglijans.

Konpansasyon Travayè

Nou kapab itilize oswa pataje PHI ou yo pou obeyi lwa sou Konpansasyon Travayè yo.

Lòt Divilgasyon

Nou kapab pataje PHI ou yo ak direktè ponp finèb yo oswa medsen lejis yo pou ede yo fè travay yo.

Restriksyon Adisyonèl sou Itilizasyon ak Divilgasyon.

Sèten lwa federal ak lwa leta ka egzije pwoteksyon espesyal sou konfidansyalite ki limite itilizasyon ak divilgasyon sèten tip enfòmasyon sou sante. Lwa sa yo ka pwoteje kalite enfòmasyon ki vin apre yo: pwoblèm itilizasyon alkòl ak sibstans, enfòmasyon byometrik, abi oswa neglijans sou timoun oswa granmoun, san wete agresyon seksyèl, maladi transmisib, enfòmasyon jenetik, VIH/SIDA, sante mantal, enfòmasyon sou minè, preskripsyon, sante repwodiktif, ak maladi seksyèl transmisib. Nou pral aplike lwa ki pi estrik la, lè sa aplikab pou nou.

Enfòmasyon sou Pwoblèm Itilizasyon Sibstans (Substance Use Disorder, SUD). Byenke nou pa yon pwogram pou tretman pwoblèm itilizasyon sibstans nan sans lwa federal la (yon "Pwogram SUD"), nou kapab resevwa enfòmasyon sou ou nan men yon Pwogram SUD. Nou pa gen dwa divilge enfòmasyon SUD pou yo itilize yo nan aksyon sivil, kriminel, administratif, oswa lejislatif kont ou menm amwenske nou gen (i) konsantman alekri w, oswa (ii) yon lòd tribinal ki akonpaye ak yon lòd konparisyon oswa lòt egzijans jiridik ki mande divilgasyon ke yo soumèt apre nou menm avè w te resevwa yon avi e te gen yon opòtinite pou yo tande n.

Kilè Molina bezwen otorizasyon alekri nan men w (apwobasyon) pou itilize oswa pataje PHI ou yo?

Nou bezwen apwobasyon alekri nan men w pou nou itilize oswa pataje PHI ou yo pou yon objektif ki pa sa ki site nan Avi sa a. Nou bezwen otorizasyon nan men w anvan nou pibliye PHI ou yo pou bagay ki vin apre yo: (1) plis itilize epi pibliye nòt sikoterapi; (2) itilize epi pibliye pou objektif maketing; epi (3) itilize epi pibliye kote ki mande pou vann PHI. Ou ka anile yon otorizasyon alekri ke ou te ban nou. Anilasyon w pap aplikab pou aksyon nou deja poze akoz ou te deja ban nou apwobasyon w.

Ki dwa ou genyen nan kesyon enfòmasyon sou sante?

Ou gen dwa pou:

Mande Restriksyon sou Fason Itilizasyon oswa Piblikasyon PHI (Pataje PHI ou a)

Ou kapab mande nou pa pataje PHI ou a pou fè tretman, pèman oswa aktivite swen sante. Epitou, ou kapab mande nou pa pataje PHI ou yo avèk fanmi, zanmi oswa lòt moun ou nonmen epi ki patisipe nan swen sante ou. Sepandan, nou pa gen obligasyon pou aksepte demann ou an. W ap bezwen fè demann ou ak alekri. Ou kapab itilize fòm nou an pou fè demann ou an.

Mande Kominikasyon Konfidansyèl sou PHI

Ou kapab mande Molina ba w PHI ou yo yon sèten fason oswa yonkote espesifik pou ede w kenbe PHI ou yo konfidansyèl. N ap suiv demann rezonab yo, si w di nou ki fason lè nou pataje tout oswa yon pati nan PHI sa a,

Chapit 8: Dwa ak responsabilite ou yo

sa kapab mete lavi w an danje a. W ap bezwen fè demann ou ak alekri. Ou kapab itilize fòm nou an pou fè demann ou an.

Revize epi Kopye PHI ou a

Ou gen dwa pou revize epi jwenn yon kopi PHI ou a ke nou genyen. Ladan, kapab gen dosye nou itilize pou detèmine kouvèti, fè reklamasyon epi pou pran lòt desizyon konsènan ou menm, antanke manm nou. W ap bezwen fè demann ou ak alekri. Ou kapab itilize fòm nou an pou fè demann ou an. Nou ka chaje w yon frè ki rezonab pou kopi dosye yo epi voye yo pa lapòs. Nan kèk ka, nou ka rejte demann nan. Remak Enpòtan: Nou pa gen kopi konplè dosye medikal ou. Si w vle gade, jwenn yon kopi, oswa chanje dosye medikal ou, tanpri kontakte doktè w oswa klinik ou.

Modifye PHI ou ya

Ou kapab mande nou modifye (chanje) PHI ou yo. Sa enlike sèlman dosye nou kenbe sou ou antanke yon Manm. W ap bezwen fè demann ou ak alekri. Ou kapab itilize fòm nou an pou fè demann ou an. Ou kapab depoze yon lèt ki pa dakò avèk nou si nou refize demann lan.

Resevwa yon Rapò sou Piblikasyon PHI (Pataj PHI Ou)

Ou ka mande nou pou nou ba ou yon lis ki gen avèk yo kèk pati nou te pataje PHI ou yo, pandan sis lane anvan dat demann ou an. Lis la p ap gen ladan PHI ki pataje fason ki vin apre a:

- pou tretman, pèman oswa aktivite swen sante;
- bay moun konsènan pwòp PHI pa yo;
- pataj ki te fèt ak otorizasyon w;
- ensidan nan itilizasyon oswa piblikasyon ki te fèt oswa egzije nan kad lwa ki aplikab;
- PHI ki te bay nan enterè sekirite nasyonal oswa nan objektif ransèyman; oswa
- kòm moso nan done limite ann akò ak lwa ki aplikab.

N ap chaje yon frè ki rezonab pou chak lis si w mande lis sa a plis pase yon fwa nan espas 12 mwa. W ap bezwen fè demann ou ak alekri. Ou kapab itilize fòm nou an pou fè demann ou an.

Ou ka fè nenpòt nan demann ki pi wo a, oswa ou ka gen yon kopi papyè nan Avi sa a. Tanpri rele depatman Sèvis Manm yo nan nimewo telefòn gratis la ki sou do kat idantifikasyon w lan, 7 jou pa semèn, soti 8 a.m. rive 8 p.m., lè lokal. Itilizatè TTY yo, tanpri rele 711.

Kisa w kapab fè si dwa w yo pa pwoteje?

Ou kapab pote plent ban nou bay Department of Health and Human Services la, si w panse nou te vyole dwa sou konfidansyalite w yo. Nou pap poze okenn aksyon kont ou poutèt ou pote yon plent. Swen ak avantaj ou yo p ap chanje nan okenn fason.

Ou kapab depoze yon plent ban nou nan:

Tanpri rele Sèvis Manm yo nan nimewo telefòn gratis la ki sou do kat idantifikasyon w lan, 7 jou pa semèn, soti 8 a.m. rive 8 p.m., lè lokal. Itilizatè TTY yo, tanpri rele 711. Oswa ekri nou nan:

Molina Healthcare
Attn: Appeals and Grievances
P.O. Box 22816
Long Beach, CA 90801-9977

Ou kapab depoze yon plent devan Sekretè Depatman Sèvis Sante ak Sosyal nan Etazini (U.S. Department of Health and Human Services) nan:

Chapit 8: Dwa ak responsabilite ou yo

U.S. Department of Health & Human Services
Office for Civil Rights
200 Independence Ave., S.W.
Suite 509F, HHH Building
Washington, D.C. 20201
(800) 368-1019; (800) 537-7697 (TDD); (202) 619-3818 (FAX)

Ki responsabilite nou genyen?

Nou gen obligasyon pou n:

- Kenbe PHI ou yo prive;
- Ba w enfòmasyon alekri tankou sa ki konsènan responsablite nou ak pratik konfidansyalite konsènan PHI ou yo;
- Ba w yon avi nan ka kote gen nenpòt vyolasyon nan PHI ou yo ki pa sekirize;
- Pa itilize oswa pibliye enfòmasyon jenetik ou nan objektif souskripsyon;
- Suiv tèm ki nan Avi sa a.

Avi sa a kapab Chanje

Nou konsève dwa pou chanje enfòmasyon pratik ak kondisyon ki nan Avi sa a nenpòt lè. Si nou fè sa, nouvo tèm ak pratik yo ap aplikab pou tout PHI nou kenbe yo. Si nou fè nenpòt chanjman materyèl, nou ap afiche Avi ki revize a sou sit entènèt nou an, epi nou ap voye Avi ki revize a, oswa enfòmasyon konsènan chanjman materyèl la ak fason pou w jwenn Avi ki revize a, nan pwochen kourye lapòs nou konn voye chak ane bay manm nou yo ki gen kouvèti yo. Avi sa a disponib sou sit entènèt nou an nan www.molinahealthcare.com.

Enfòmasyon pou kontakte

Si w gen nenpòt kesyon sou Avi sa a, tanpri kontakte nou.

Rele depatman Sèvis Manm nou yo nan nimewo telefòn gratis la ki ekri nan do kat idantifikasyon (ID) ou a; 7 jou pa semèn, 8 a.m. pou 8 p.m., lè lokal. Itilizatè TTY yo, tanpri rele 711. Oswa ekri Sèvis Manm Molina a, 200 Oceangate, Suite 100, Long Beach, CA 90802.

Ou ka jwenn dokiman sa a gratis nan lòt fòm, tankou gwo karaktè, bray, oswa odyo. Rele (855) 882-3901, TTY/TDD: 711, 7 jou pa semèn, 8 a.m. pou 8 p.m., lè lokal. Apèl la gratis.

Seksyon 1.4 Nou dwe ba w enfòmasyon sou plan nou an, sou rezo founisè nou yo ak sèvis ki kouvri w yo

Antanke yon manm Senior Whole Health of New York NHC (HMO D-SNP), ou gen dwa pou jwenn plizyè kalite enfòmasyon nan men nou.

Si w vle nenpòt nan kalite enfòmasyon ki vin apre yo, rele Sèvis Manm yo nan (833) 671-0440 (Itilizatè TTY yo rele 711):

- **Enfòmasyon sou plan nou an.** Sa gen ladann, pa egzanp, enfòmasyon sou kondisyon finansye plan nou an.
- **Enfòmasyon sou funisè ak famasi ki nan rezo nou an.** Ou gen dwa pou w jwenn enfòmasyon sou kalifikasyon founisè ak famasi ki nan rezo nou an ak fason nou peye founisè ki nan rezo nou an.

Chapit 8: Dwa ak responsabilite ou yo

- **Enfòmasyon sou kouvèti ak règ ou dwe suiv lè w ap itilize kouvèti w lan.** Chapit 3 ak chapit 4 la bay enfòmasyon konsènan sèvis medikal yo. Chapit 5 ak 6 yo bay enfòmasyon sou kouvèti medikaman Pati D a.
- **Enfòmasyon sou rezon ki fè yon bagay pa kouvri epi sa ou ka fè pou sa.** Chapit 9 la bay enfòmasyon sou fason pou mande yon eksplikasyon alekri sou rezon ki fè yon sèvis medikal oswa yon medikaman Pati D pa kouvri, oswa si gen restriksyon sou kouvèti w la. Epitou, chapit 9 la bay enfòmasyon sou fason pou w mande nou chanje yon desizyon, yo rele yon apèl tou.

Seksyon 1.5 Ou gen dwa pou konnen opsyon tretman w yo epi pou w patisipe nan desizyon ki konsène swen ou

Ou gen dwa pou w jwenn enfòmasyon konplè nan men doktè w yo ak lòt founisè swen sante w yo. Founisè w yo dwe eksplike w kondisyon medikal ou genyen an ak chwa tretman ou yo, *yon fason ou ka konprann*.

Epitou, ou gen dwa pou w patisipe totalman nan desizyon ki konsène swen sante w. Pou ede w pran desizyon avèk doktè w yo konsènan tretman ki pi bon pou ou a, men dwa ou genyen yo:

- **Konnen tout chwa w yo.** Ou gen dwa pou yo fè w konnen tout opsyon tretman yo rekòmande pou pwoblèm sante w la, kèlkeswa pri yo koute oswa si plan nou an kouvri yo. Epitou, li gen ladann bagay yo te fè w konnen konsènan pwogram plan nou an ofri pou ede manm yo jere medikaman yo epi itilize medikaman yo yon fason ki san danje.
- **Konnen risk yo.** Ou gen dwa pou yo fè w konnen nenpòt risk ki enplike nan swen w lan. Yo dwe fè w konnen alavans si nenpòt swen medikal oswa tretman ki pwopoze fè pati yon eksperyans rechèch. Ou toujou gen chwa pou w refize nenpòt tretman eksperyantal.
- **Dwa pou w di “non”.** Ou gen dwa pou w refize nenpòt tretman ki rekòmande. Sa gen ladann, dwa pou w kite yon lopital oswa yon lòt etablisman medikal, menm si doktè w la konseye w pou w pa kite l. Epitou, ou gen dwa pou sispann pran medikaman w lan. Si w refize tretman an oswa ou sispann pran medikaman yo ou aksepte pran tout responsablite pou sa rive kò w kòm rezilta.

Ou gen dwa pou ban nou enstriksyon sou sa ki dwe fèt si w pa kapab pran desizyon medikal pou tèt ou

Pafwa, gen kèk moun ki vin pa kapab pran desizyon sou swen sante yo poukont yo akòz aksidan oswa maladi grav. Ou gen dwa pou di sa w vle ki rive si w nan sitiyasyon sa a. Sa vle di, *si w vle*, ou kapab:

- Ranpli yon fòm alekri pou bay yon **moun otorite legal pou l pran desizyon medikal pou ou** si tout fwa ou ta vin pa ka pran desizyon pou tèt ou.
- **Bay doktè w yo lòd alekri** konsènan fason w vle yo jere swen medikal ou si w vin pa kapab pran desizyon pou tèt ou.

Dokiman jiridik ou kapab itilize pou bay enstriksyon alavans nan sitiyasyon sa yo, rele **enstriksyon alavans**. Dokiman tankou yon **testaman vivan** ak **pwokirasyon pou swen sante** se kèk egzanp pou direktiv davans.

Fason pou tabli yon enstriksyon alavans pou bay enstriksyon:

- **Pran yon fòm.** Ou ka jwenn yon fòm direktiv davans nan men avoka w la, yon travayè sosyal, oswa nan kèk magazen ki vann materyèl pou biwo. Pafwa, ou kapab jwenn fòm enstriksyon davans yo nan men òganizasyon ki bay moun enfòmasyon sou Medicare yo. Epitou, ou kapab rele Sèvis Manm yo nan (833) 671-0440 (Itilizatè TTY yo rele 711.) pou mande fòm yo.
- **Ranpli fòm nan epi siyen l.** Kèlkeswa kote w jwenn fòm sa a, sonje li se yon dokiman legal. Ou dwe reflechi pou fè yon avoka ede w prepare l.

Chapit 8: Dwa ak responsabilite ou yo

- **Bay bon moun ki konsène yo kèk kopi nan fòm nan.** Bay medsen w yon kopi nan fòm nan, ansanm ak moun ou nome nan fòm nan ki kapab pran desizyon pou ou si w pa kapab. Ou gendwa vle bay zanmi pwòch ou oswa manm fanmi w yo kèk kopi. Kenbe yon kopi lakay ou.

Si w konnen depi alavans ou pral entène lopital, epi ou te siyen yon direktiv davans, **ale lopital la avèk yon kopi.**

- Lopital la ap mande w si w te siyen yon fòm direktiv davans epi si w vini avè l.
- Si w pa t siyen yon fòm direktiv davans, lopital la gen fòm ki disponib epi yo ap mande si w vle siyen youn.

Se ou menm ki pou chwazi ranpli yon direktiv alavans (san wete si w vle siyen youn lè w lopital la). Dapre lalwa, pèsòn pa kapab refize pran swen w oswa fè diskriminasyon kont ou sou baz si w te siyen yon enstriksyon alavans oswa si w pa t siyen l.

Si yo pa suiv enstriksyon w yo

Si w te siyen yon direktiv alavans, epi w panse yon doktè oswa yon lopital pa t suiv enstriksyon ki ladan yo, ou kapab depoze yon plent nan Liy Dirèk pou Plent New York State Department of Health la nan 1-866-334-9866 (TTY 711).

Seksyon 1.6 Ou gen dwa pou pote plent epi pou mande nou rekonsidere desizyon nou te pran yo

Si w gen nenpòt pwoblèm, enkyetid, oswa plent epi w bezwen mande kouvèti, oswa fè yon apèl, Chapit 9 nan dokiman sa a di sa w kapab fè. Kèlkeswa sa w fè a—mande yon desizyon sou kouvèti, fè yon apèl, oswa depoze yon plent—**nou gen obligasyon pou n trete w yon fason ki jis.**

Seksyon 1.7 Si w panse y ap trete w yon fason ki pa jis, oswa yo pa p respekte dwa w yo

Si w panse yo te trete w yon fason ki enjis oswa yo pa t respekte dwa w akòz ras, andikap, relijyon, sèks, sante, orijin etnik, kredo (kwayans), laj, oswa orijin nasyonal, rele **Biwo pou Dwa Sivil** ki nan Department of Health and Human Services la nan 1-800-368-1019 (Itilizatè TTY yo rele 1-800-537-7697), oswa rele Biwo pou Dwa Sivil ki nan zòn ou an.

Si w kwè yo te trete w yon fason ki enjis oswa yo pa t respekte dwa w genyen yo, *epi se pa konsènan diskriminasyon*, ou kapab jwenn èd pou fè fas ak pwoblèm ou genyen an nan kote sa yo:

- **Rele Sèvis Manm plan nou an nan (833) 671-0440 (Itilizatè TTY yo rele 711)**
- **Rele SHIP lokal ou a** nan SHIP. Enfòmasyon pou kontakte yo a disponib nan Chapit 2, Seksyon 3.
- **Rele Medicare** nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227) (itilizatè TTY yo rele 1-877-486-2048)

Seksyon 1.8 Fason pou w jwenn plis enfòmasyon sou dwa ou genyen yo

Jwenn plis enfòmasyon konsènan dwa w genyen nan kote sa yo:

- **Rele Sèvis Manm yo nan (833) 671-0440 (Itilizatè TTY yo rele 711)**
- **Rele SHIP lokal ou a** nan (800) 701-0501

Chapit 8: Dwa ak responsabilite ou yo

- **Kontakte Medicare**

- Ale sou www.Medicare.gov pou w li piblikasyon *Dwa ak Pwoteksyon Medicare yo (Medicare Rights & Protections)* (ki disponib nan: Dwa ak Pwoteksyon Medicare)
- Rele 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227) (Itilizatè TTY yo rele 1-877-486-2048)

SEKSYON 2 Responsabilite w antanke manm plan nou an

Bagay ou dwe fè antanke manm nan plan nou an ekri anba a. Pou kesyon, rele Sèvis Manm yo nan (833) 671-0440 (Itilizatè TTY yo rele 711).

- **Familyarize w ak sèvis ki kouvri yo ansanm ak règ ou dwe suiv pou jwenn sèvis ki kouvri sa yo.** Itilize Prèw Kouvèti sa a pou konnen kisa ki kouvri ak règ ou dwe suiv pou jwenn sèvis ki kouvri yo.
 - Chapit 3 ak 4 yo bay detay sou sèvis medikal yo.
 - Chapit 5 ak 6 yo bay detay sou kouvèti medikaman Pati D a.
- **Si w gen nenpòt lòt kouvèti asirans sante oswa kouvèti medikaman sou preskripsyon anplis plan nou an, ou oblije di nou sa.** Chapit 1 an pale konsènan kowòdone avantaj sa yo.
- **Fè medsen w ak lòt founisè swen sante w la konnen ou enskri nan plan nou an.** Montre kat manm plan nou an chak fwa ou resevwa swen medikal oswa medikaman sou preskripsyon Pati D yo.
- **Pèmèt doktè w yo ak lòt founisè yo ede w, lè w ba yo tout enfòmasyon, poze yo kesyon, epi fè suivi pou swen w yo.**
 - Pou ede w jwenn pi bon swen, bay doktè w yo ak lòt founisè sante w yo tout enfòmasyon konsènan pwoblèm sante w yo. Suiv plan tretman ak enstriksyon ou menm ak doktè w yo dakò sou yo a.
 - Asire ou medsen w yo konn tout medikaman w ap pran yo, san wete medikaman yo vann san preskripsyon, vitamin ak sipleman yo.
 - Si w gen kesyon, asire w ou poze kesyon an epi w jwenn yon repons ou kapab konprann.
- **Demontre konsiderasyon** Nou atann pou manm nou yo respekte dwa lòt pasyan yo. Epitou, nou atann pou w aji yon fason ki ede yon bon fonksyonman nan klinik doktè w la, nan lopital yo, ak lòt biwo yo.
- **Peye sa ou dwe.** Antanke manm plan an, ou responsab peman sa yo:
 - Ou dwe kontinye peye prim Medicare ou yo pou w ka rete yon manm plan nou an.
 - Si w oblije peye montan anplis pou Pati D a akòz ou genyen yon revni ki pi wo (jan yo mansyone l nan dènye deklarasyon taks ou a), ou dwe kontinye peye montan anplis la dirèkteman bay gouvènman an pou w ka rete yon manm plan an.
- **Si w demenaje nan zòn sèvis plan nou an, nou dwe konnen** pou nou ka kenbe dosye manm ou an ajou epi konnen fason pou nou kontakte w.
- **Si w demenaje andeyò zòn sèvis plan nou an, ou pa kapab rete yon manm plan nou an.**
- **Si w demenaje, di Sekirite Sosyal sa (oswa Komisyon Konsèy Chemennfè a).**

CHAPIT 9:

Si w gen yon pwoblèm oswa plent (desizyon sou kouvèti, apèl, plent)

SEKSYON 1 Men sa pou w fè si w genyen yon pwoblèm oswa yon enkyetid

Chapit sa a eksplike pwosesis pou jere pwoblèm ak enkyetid yo. Pwosesis ou itilize pou jere pwoblèm ou an depan sou kalite pwoblèm ou genyen an:

- Pou kèk pwoblèm, ou bezwen itilize **pwosesis pou desizyon kouvèti a ak apèl la**.
- Pou lòt pwoblèm yo, ou bezwen itilize **pwosesis pou depoze plent lan** (ki rele doleyans tou).

Seksyon 1.1 Tèm Jiridik

Gen tèm jiridik pou kèk nan règ, pwosedi, ansanm ak dat limit ki nan chapit sa a. Anpil nan tèm sa yo pifò moun pa abitye avèk yo. Pou rann bagay yo pi fasil, chapit sa a itilize plis mo ki fasil pou konprann olyede kèk tèm jiridik.

Sepandan, pafwa li enpòtan pou w konn tèm jiridik ki kòrèk yo. Pou ede w konnen ki tèm pou w itilize pou jwenn bonjan èd oswa enfòmasyon, **nou** ajoute tèm jiridik sa yo lè nou bay detay pou jere sityasyon byen presi yo.

SEKSYON 2 Kote pou w jwenn plis enfòmasyon ak èd pèsonalize

Nou toujou disponib pou ede w. Menmsi w gen yon plent konsènan fason nou trete w, nou gen obligasyon pou respekte dwa w genyen pou pote plent. Ou dwe toujou rele Sèvis Manm yo nan (833) 671-0440 (Itilizatè TTY yo, rele 711) pou jwenn èd. Nan kèk sityasyon, ou kapab vle jwenn èd oswa konsèy tou, nan men yon moun ki pa konekte ak nou. De òganizasyon ki ka ede yo, se:

Pwogram Asistans Asirans Sante Eta (State Health Insurance Assistance Program, SHIP)

Chak eta genyen yon pwogram gouvènman ki gen konseye ki fòme. Pwogram nan pa konekte avèk nou oswa avèk okenn konpayi asirans oswa plan sante. Konseye ki nan pwogram sa a kapab ede w konprann ki pwosesis ou ta dwe itilize pou jere yon pwoblèm ou genyen. Epitou, yo kapab reponn kesyon, ba w plis enfòmasyon epi ofri w konsèy sou sa pou w fè.

Sèvis konseye SHIP yo gratis. Enfòmasyon pou kontakte SHIP disponib nan Chapit 2, Seksyon 3.

Medicare

Epitou, ou kapab kontakte Medicare pou jwenn èd:

- Rele 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227), 24 sou 24, 7 jou sou 7. Itilizatè TTY yo rele 1-877-486-2048.
- Ale sou www.Medicare.gov

Chapit 9: Si w gen yon pwoblèm oswa plent (desizyon sou kouvèti, apèl, plent)

Ou ka jwenn èd ak enfòmasyon nan men Medicaid

- Ou kapab rele Liy Èd Medicaid la nan 1-800-541-2831 (TTY 711) Lendi rive Vandredi 8 a.m. - 8 p.m., Samdi 9 a.m. - 1 p.m.
- Ou ka ekri Depatman Sèvis Sosyal lokal ou a (Local Department of Social Services, LDSS). Jwenn adrès pou LDSS ou a sou: www.health.ny.gov/health_care/medicaid/ldss
- Epitou, ou kapab ale sou sit entènèt Medicaid Eta New York la: www.health.ny.gov/health_care/medicaid

SEKSYON 3 Konprann plent ak apèl Medicare ak Medicaid nan plan nou an

Ou gen Medicare epi ou jwenn asistans nan men Medicaid. Enfòmasyon ki nan chapit sa a aplike pou **tout** avantaj Medicare ou yo ak avantaj Medicaid ou yo. Yo rele sa yon pwosesis entegre paske li konbine, oswa entegre, pwosesis Medicare ak Medicaid.

Pafwa, pwosesis Medicare ak Medicaid yo pa konbine. Nan sitiyasyon sa yo, itilize yon pwosesis Medicare pou yon avantaj Medicare kouvri ak yon pwosesis Medicaid pou yon avantaj Medicaid kouvri. Yo eksplike sitiyasyon sa yo nan **Seksyon 6.4**.

SEKSYON 4 Ki pwosesis pou itilize pou pwoblèm ou an

Si w gen yon pwoblèm oswa enkyetid, ou sèlman bezwen li pati nan chapit sa a ki aplike pou sitiyasyon w lan. Enfòmasyon ki pi ba yo ap ede w jwenn bon seksyon nan chapit sa a pou pwoblèm oswa plent ki konsène **avantaj Medicare oswa Medicaid kouvri yo**.

Èske pwoblèm oswa enkyetid ou a se konsènan avantaj oswa kouvèti w lan?

Ladan gen pwoblèm pou konnen si swen medikal yo (atik medikal, sèvis medikal ak/oswa medikaman Pati B yo) gen kouvèti oswa pa gen kouvèti, fason yo gen kouvèti a, ansanm ak pwoblèm ki lye ak pèman swen medikal.

Wi.

Ale nan **Seksyon 5, Yon gid sou desizyon kouvèti a ak apèl la**.

Non.

Ale nan **Seksyon 11, Fason pou pote plent konsènan kalite swen, tan datant, sèvis kliyantèl oswa lòt enkyetid**.

Desizyon kouvèti a ak apèl la

SEKSYON 5 Yon gid sou desizyon kouvèti a ak apèl la

Desizyon kouvèti a ak apèl yo trete pwoblèm ki gen rapò ak avantaj epi kouvèti pou swen medikal ou yo (sèvis, atik, ak medikaman Pati B yo, san wete pèman). Pou kenbe bagay yo senp, an jeneral, nou fè referans ak atik medikal, sèvis, ak medikaman Medicare Part B yo kòm **swen medikal**. Ou itilize desizyon kouvèti pwosesis pou apèl yo pou pwoblèm tankou si yon bagay kouvri oswa ki pa kouvri epi sou fason yon bagay kouvri.

Chapit 9: Si w gen yon pwoblèm oswa plent (desizyon sou kouvèti, apèl, plent)

Mande desizyon sou kouvèti yo anvan w jwenn sèvis yo

Si ou vle konnen si n ap kouvri yon swen medikal anvan ou resevwa li, ou ka mande nou pou nou pran yon desizyon sou kouvèti pou ou. Yon desizyon sou kouvèti se yon desizyon nou pran konsènan avantaj ak kouvèti ou yo oswa konsènan kantite lajan n ap peye pou swen medikal ou a. Pa egzanp, si doktè ki nan rezo plan w la refere w bay yon espesyalis medikal ki pa nan rezo a, yo konsidere referans sa a kòm yon desizyon sou kouvèti ki favorab, sof si ou menm oswa doktè w la ki nan rezo a kapab montre ou te resevwa yon avi pou refi estanda pou espesyalis medikal sa a, oswa Prèw Kouvèti a montre byen klè sèvis yo refere w la pa janm kouvri sou baz okenn kondisyon. Epi tou, ou menm oswa medsen w kapab kontakte nou epi mande yon desizyon sou kouvèti, si medsen w pa sèten si n ap kouvri yon sèvis medikal an patikilye oswa si nou refize bay swen medikal ou panse ou bezwen an.

Nan kèk sikonstans ki limite, n ap rejte yon demann ki fèt pou yon desizyon sou kouvèti, sa vle di nou p ap verifye demann lan. Men kèk egzanp ki montre lè yo **ap** rejte yon demann, tankou si demann lan pa konplè, si yon moun fè demann lan nan non w men li pa gen otorizasyon legal pou fè sa, oswa si w mande pou yo retire demann ou an. Si nou rejte yon demann pou yon desizyon sou kouvèti, n ap voye yon avi ki eksplike rezon ki fè nou te rejte demann lan ak fason pou w mande yon verifikasyon pou refi a.

N ap pran yon desizyon sou kouvèti chak fwa nou ap deside sa ki ap kouvri pou ou epi konbyen nou ap peye. Nan kèk ka, nou kapab deside pa bay kouvèti pou swen medikal la, oswa pa kouvri swen an pou ou ankò. Si w pa dakò ak desizyon kouvèti sa a, ou ka fè yon apèl.

Fason pou fè yon apèl

Si nou pran yon desizyon sou kouvèti, kit anvan oswa apre ou fin resevwa yon avantaj, epi ou pa satisfè, ou kapab fè **apèl** kont desizyon an. Yon apèl se yon fason fòmèl pou w mande nou verifye epi chanje yon desizyon nou te pran sou kouvèti a. Nan kèk sikonstans, ou kapab mande yon **apèl rapid** oswa yon apèl akselere pou yon desizyon sou kouvèti. Se diferan evalyatè ki verifye apèl ou a pa rapò ak moun ki te pran premye desizyon an.

Lè w fè apèl kont yon desizyon pou premye fwa, yo rele sa yon apèl Nivo 1. Nan apèl sa a, nou verifye desizyon sou kouvèti nou te pran an pou nou gade pou wè si nou te byen suiv règ yo. Lè nou fin fè verifikasyon an, n ap ba w desizyon nou an.

Nan kèk sikonstans ki limite, nou ap rejte yon demann pou yon apèl Nivo 1, sa vle di nou p ap verifye demann lan. Men kèk egzanp ki montre lè yo pral rejte yon demann, si demann lan pa konplè, si yon moun fè demann lan nan non w men li pa gen otorizasyon legal pou fè sa oswa si w mande pou yo retire demann ou an. Si nou rejte yon demann pou yon apèl Nivo 1, n ap voye yon avi ki eksplike rezon ki fè nou te rejte demann lan ak fason pou w mande yon verifikasyon pou refi a.

Si nou di non pou tout oswa pou yon pati nan apèl Nivo 1 ou a pou swen medikal, apèl ou a ap kontinye otomatikman nan Nivo 2. Se yon òganizasyon verifikasyon endepandan ki pa konekte avèk nou, ki òganize apèl Nivo 2 yo.

- Ou pa bezwen fè anyen pou kòmanse yon apèl Nivo 2. Règ Medicare yo egzije pou nou voye apèl ou fè pou swen medikal yo nan Nivo 2 otomatikman, si nou pa dakò konplètman ak apèl Nivo 1 ou an.
- Ale nan **Seksyon 6.4** nan chapit sa a, pou jwenn plis enfòmasyon sou apèl Nivo 2 pou swen medikal yo.
- Nou pale plis konsènan apèl Pati D yo nan Seksyon 7 nan chapit sa a.

Si w pa satisfè ak desizyon nan apèl Nivo 2 a, ou ka anmezi pou kontinye atravè lòt nivo apèl yo (chapit sa a eksplike pwosesis pou apèl Nivo 3, 4, ak 5).

Chapit 9: Si w gen yon pwoblèm oswa plent (desizyon sou kouvèti, apèl, plent)**Seksyon 5.1 Fason pou mande yon desizyon sou kouvèti oswa fè yon apèl**

Men resous si w deside mande nenpòt kalite desizyon kouvèti oswa fè apèl kont yon desizyon:

- **Rele Sèvis Manm yo nan (833) 671-0440 (Itilizatè TTY yo rele 711)**
- **Jwenn èd gratis** nan Pwogram Asistans Asirans Sante Eta (State Health Insurance Assistance Program) kote w ye a.
- **Doktè w la oswa lòt founisè swen sante ka fè yon demann pou ou.** Si doktè w la ede w avèk yon apèl apre Nivo 2 a, se pou w nonmen l kòm reprezantan w. Rele Sèvis Manm yo nan (833) 671-0440 (Itilizatè TTY yo rele 711) epi mande fòm *Deziyasyon Reprezantan* an. (Epitou, fòm nan disponib sou www.CMS.gov/Medicare/CMS-Forms/CMS-Forms/downloads/cms1696.pdf).
 - Pou swen medikal yo, medsen w oswa lòt pwofesyonèl swen sante yo kapab mande yon desizyon sou kouvèti oswa yon apèl Nivo 1 nan non w. Si yo refize apèl ou a nan Nivo 1, y ap voye l otomatikman nan Nivo 2.
 - Si doktè w la oswa lòt founisèswen w la mande pou w kontinye resevwa yon sèvis oswa yon atik ou deja ap resevwa pandan apèl ou a, ou **kapab** bezwen nonmen doktè w la oswa lòt moun k ap ba ou preskripsyon an kòm reprezantan w pou aji nan non w.
 - Pou medikaman Pati D yo, doktè w oswa lòt moun k ap fè preskripsyon an ka mande yon desizyon sou kouvèti oswa yon apèl Nivo 1 nan non w. Si yo refize apèl Nivo 1 ou a, doktè w la oswa moun k ap ba ou preskripsyon an ka mande yon apèl Nivo 2.
- **Ou kapab mande yon moun pou aji nan non w.** Ou kapab nome yon lòt moun pou aji pou ou antanke reprezantan w, pou mande yon desizyon sou kouvèti oswa pou fè yon apèl.

Si w vle pou yon zanmi, fanmi oswa lòt moun vin reprezantan w, rele Sèvis Manm yo nan (833) 671-0440 (Itilizatè TTY yo rele 711) epi mande fòm *Deziyasyon Reprezantan* an. (Epitou, fòm nan disponib sou www.CMS.gov/Medicare/CMS-Forms/CMS-Forms/downloads/cms1696.pdf). Fòm sa a bay moun sa a otorizasyon pou li aji nan non w. Se oumenm ki dwe siyen l, epitou moun ou ta renmen ki pou aji nan non w lan dwe siyen l tou. Ou dwe ban nou yon kopi fòm ki siyen an.

Nou ka aksepte yon demann pou apèl nan men yon reprezantan san fòm nan, ben nou pa kapab kòmanse oswa fini verifikasyon nou an toutotan nou pa resevwa l. Si nou pa resevwa fòm nan anvan dat limit nou genyen an pou pran yon desizyon sou apèl ou a, n ap rejte demann apèl ou a. Si sa rive, nou ap voye yon avi alekri ba ou ki eksplike dwa ou genyen pou mande òganizasyon revizyon endepandan an egzamine desizyon nou pran pou refize apèl ou a.

- **Epitou, ou gen dwa pou anboche yon avoka.** Ou ka kontakte pwòp avoka w oswa jwenn non yon avoka nan asosyasyon bawo lokal ou a oswa nan lòt sèvis referans. Epitou, gen gwoup k ap ba ou sèvis jiridik gratis si w kalifye. Sepandan, **ou pa oblije anboche yon avoka** pou mande nenpòt kalite desizyon sou kouvèti oswa pou fè apèl kont yon desizyon.

Seksyon 5.2 Règ ak dat limit pou sitiyasyon diferan

Gen 4 sitiyasyon diferan ki enplike desizyon kouvèti a ak apèl yo. Piske chak sitiyasyon gen règ ak dat limit ki diferan, nou bay detay pou chak nan yon seksyon apa:

- **Seksyon 6:** Swen medikal: Fason pou mande yon desizyon sou kouvèti oswa fè yon apèl”
- **Seksyon 7:** “Medikaman Pati D: Fason pou mande yon desizyon sou kouvèti oswa fè yon apèl”

Chapit 9: Si w gen yon pwoblèm oswa plent (desizyon sou kouvèti, apèl, plent)

- **Seksyon 8:** “Fason pou mande nou kouvri yon sejou nan lopital pou pasyan ki entènè ki pi long si w panse y ap egzeye w twò bonè”
- **Seksyon 9:** “Fason pou mande nou kontinye kouvri kèk sèvis medikal, si w panse kouvèti w la ap fini twò bonè” (Aplikab sèlman pou sèvis sa yo: swen sante adomisil, swen nan etablisman swen espesyalize, ak sèvis nan Etablisman Reyabilitasyon Konplè pou Pasyan Ki Pa Entènè [Comprehensive Outpatient Rehabilitation Facility, CORF])

Si w pa fin si ki enfòmasyon ki aplikab nan ka pa w la, rele Sèvis Manm yo nan (833) 671-0440 (itilizatè TTY yo rele 711). Epitou, ou kapab jwenn èd oswa enfòmasyon nan SHIP ou a.

SEKSYON 6 Swen medikal: Fason pou mande yon desizyon kouvèti oswa fè yon apèl**Seksyon 6.1 Sa pou w fè si w gen difikilte pou jwenn yon kouvèti asirans pou swen medikal oswa si w vle nou ranbouse w pou swen w lan**

Yo eksplike avantaj pou swen medikal ou yo nan Chapit 4 ki nan Tablo Avantaj Medikal yo. Nan kèk ka, gen diferan règ ki aplike pou mande yon medikaman Pati B. Nan ka sa yo, nou pral eksplike fason règ pou medikaman Pati B yo diferan ak règ pou atik ak sèvis medikal yo.

Seksyon sa a di w kisa w kapab fè si w nan nenpòt nan 5 sitiyasyon sa yo:

1. Ou p ap resevwa kèk swen medikal ou vle, epi ou kwè plan nou an kouvri swen sa a. **Mande yon desizyon sou kouvèti. Seksyon 6.2.**
2. Plan nou an p ap apwouve swen medikal doktè w la oswa lòt founisè swen sante w la vle ba ou, epi ou kwè plan nou an kouvri swen sa a. **Mande yon desizyon sou kouvèti. Seksyon 6.2.**
3. Ou resevwa swen medikal ou kwè plan nou an dwe kouvri, men nou te di nou p ap peye pou swen sa a. **Fè yon apèl. Seksyon 6.3.**
4. Ou resevwa epi w peye pou swen medikal ou kwè plan nou an dwe kouvri, epi w vle mande plan nou an ranbouse w pou swen sa a. **Voye bòdwo a ban nou. Seksyon 6.5.**
5. Yo fè w konnen kouvèti pou kèk swen medikal ou te konn resevwa (nou te apwouve anvan sa) pral diminye oswa kanpe, epi ou kwè si yo diminye oswa kanpe swen sa a, sa kapab gen gwo enpak sou sante w. **Fè yon apèl. Seksyon 6.3.**

Remak: Si kouvèti ki pral kanpe a se pou swen lopital, swen sante adomisil, swen nan etablisman espesyalize, oswa sèvis nan Etablisman Reyabilitasyon Konplè pou Pasyan ki pa Entènè (Comprehensive Outpatient Rehabilitation Facility, CORF), ale nan Seksyon 8 ak 9. Gen règ espesyal ki aplike nan kalite swen sa yo.

Chapit 9: Si w gen yon pwoblèm oswa plent (desizyon sou kouvèti, apèl, plent)**Seksyon 6.2 Fason pou mande yon desizyon sou kouvèti****Tèm Jiridik:**

Lè yon desizyon sou kouvèti enplike swen medikal ou, yo rele li yon **detèminasyon òganizasyonèl**.

Yo rele yon **desizyon rapid sou kouvèti** yon **detèminasyon akselere**.

Etap 1: Deside si ou bezwen yon desizyon kouvèti estanda oswa yon desizyon rapid sou kouvèti.

An jeneral, nou pran yon desizyon sou kouvèti estanda nan espas 7 jou kalandriye lè atik oswa sèvis medikal la soumèt anba règ otorizasyon alavans nou an, 14 jou kalandriye pou tout lòt atik ak sèvis medikal yo, oswa 72 èdtan pou medikaman pati B yo. Anjeneral, yon desizyon rapid sou kouvèti fèt nan espas 72 èdtan, pou sèvis medikal, oswa 24 èdtan pou medikaman Part B yo.

- Ou kapab resevwa yon desizyon rapid sou kouvèti sèlman si w itilize dat limit estanda yo, sa kapab lakoz gwo pwoblèm pou sante w oswa nui kapasite pou w fonksyone.
- **Si medsen w la di nou eta sante w egzije yon desizyon rapid sou kouvèti, nou ap dakò pou ba w yon desizyon rapid sou kouvèti otomatikman.**
- **Si w mande pou yon desizyon rapid sou kouvèti poukont ou, san sipò doktè w, n ap deside si sante w egzije pou nou ba w yon desizyon rapid sou kouvèti.** Si nou pa apwouve yon desizyon rapid sou kouvèti, n ap voye ba ou yon lèt ki:
 - Eksplike ke nou pral itilize dat limit estanda yo.
 - Eksplike si doktè w mande pou pran desizyon rapid sou kouvèti a, n ap ba w otomatikman yon desizyon rapid sou kouvèti.
 - Eksplike ou kapab depoze yon “plent rapid” konsènan desizyon nou pran pou ba w yon desizyon sou kouvèti estanda olye desizyon rapid sou kouvèti ou te mande a.

Etap 2: Mande plan nou an pran yon desizyon sou kouvèti oswa yon desizyon rapid sou kouvèti.

- Pou kòmanse, rele, ekri, oswa voye yon faks bay plan nou an pou fè demann ou an, pou nou kapab otorize oswa bay kouvèti pou swen medikal ou vle a. Ou menm, doktè w, oswa reprezantan w lan kapab fè sa. Chapit 2 a gen enfòmasyon pou kontakte yo.

Etap 3: Nou konsidere demann ou fè pou kouvèti swen medikal epi nou ba w repons nou an.

Pou desizyon kouvèti estanda yo, nou itilize dat limit estanda yo.

Sa vle di n ap ba w yon repons nan espas 7 jou kalandriye apre nou fin resevwa demann ou an **pou yon atik oswa sèvis medikal ki nan kad règ otorizasyon alavans nou yo. Si demann pou atik oswa sèvis medikal ou a pa depannde règ otorizasyon alavans nou yo, n ap ba w yon repons nan espas 14 jou kalandriye** apre nou fin resevwa demann ou an. Si demann ou an se pou yon **medikaman Pati B**, n ap ba w yon repons nan **espas 72 èdtan** apre nou fin resevwa demann ou an.

- **Sepandan**, si w mande plis tan, oswa si nou bezwen plis enfòmasyon ki kapab nan avantaj ou, **nou kapab pran jiska 14 jou sivil anplis** si demann ou an se pou yon atik oswa sèvis medikal. Si nou pran kèk jou anplis, n ap fè w konn sa alekri. Nou pa kapab pran plis tan pou pran yon desizyon si demann ou an se pou yon medikaman Pati B.

Chapit 9: Si w gen yon pwoblèm oswa plent (desizyon sou kouvèti, apèl, plent)

- Si w kwè nou *pa dwe* pran jou anplis, ou kapab depoze yon "plent rapid." N ap ba ou yon repons pou plent ou an kou nou fin pran desizyon an. (Pwosesis pou pote yon plent diferan ak pwosesis pou desizyon kouvèti a ak apèl la. Ale nan Seksyon 11 pou jwenn enfòmasyon sou plent yo.)

Pou desizyon rapid sou kouvèti yo nou itilize delè akselere.

Yon desizyon rapid sou kouvèti vle di n ap reponn nan espas 72 èdtan si demann ou an se pou yon atik oswa sèvis medikal. Si demann ou an se pou yon medikaman Pati B, n ap reponn nan espas 24 èdtan.

- **Sepandan**, si w mande plis tan, oswa si nou bezwen plis enfòmasyon ki ap nan avantaj ou, **nou kapab pran jiska 14 jou sivil anplis.** Si nou pran kèk jou anplis, n ap fè w konn sa alekri. Nou pa kapab pran plis tan pou pran yon desizyon si demann ou an se pou yon medikaman Pati B.
- Si w kwè nou *pa dwe* pran jou anplis, ou kapab depoze yon plent rapid. (Ale nan Seksyon 11 pou jwenn enfòmasyon sou plent yo.) N ap rele w kou nou pran desizyon an.
- **Si repons nou an se non pou yon pati oswa pou tout sa w te mande a**, n ap voye yon deklarasyon alekri ba ou ki eksplike rezon ki fè nou di non.

Etap 4: Si nou di non pou demann ou fè pou jwenn kouvèti pou swen medikal, ou kapab fè apèl.

- Si nou di non, ou gen dwa pou mande nou rekonsidere desizyon sa a lè w fè yon apèl. Sa vle di, mande ankò pou jwenn kouvèti pou swen medikal ou vle a. Si w fè yon apèl, sa vle di, w ap kontinye nan Nivo 1 pwosesis pou apèl yo.

Seksyon 6.3 Fason pou fè yon apèl Nivo 1

Tèm Jiridik:

Yo rele yon apèl kont plan nou an konsènan yon desizyon sou kouvèti swen medikal yon plan **rekonsiderasyon**.

Epitou, yo rele yon "apèl rapid" yon **redetèminasyon akselere**.

Etap 1: Deside si ou bezwen yon apèl estanda oswa yon apèl rapid.

Anjeneral, yon apèl estanda fèt nan espas 30 jou sivil oswa 7 jou kalandriye pou medikaman Pati B yo. Anjeneral, yo fè yon apèl rapid nan espas 72 èdtan.

- Si w ap fè apèl kont yon desizyon nou te pran konsènan kouvèti pou swen ou poko resevwa, ou menm ak/oswa doktè w la ap bezwen deside si w bezwen yon apèl rapid. Si medsen w la di nou eta sante w egzije yon apèl rapid, nou ap ba w yon apèl rapid.
- Kondisyon pou resevwa yon apèl rapid se menm ak sa pou resevwa yon desizyon rapid sou kouvèti nan Seksyon 6.2 a.

Etap 2: Mande plan nou an yon apèl oswa yon apèl rapid

- **Si w ap mande yon apèl estanda, soumèt apèl estanda ou a alekri.** Epitou, ou ka rele nou pou w mande nou yon apèl Chapit 2 a gen enfòmasyon pou kontakte yo.
- **Si w ap mande yon apèl rapid, fè apèl ou a alekri oswa rele nou.** Chapit 2 a gen enfòmasyon pou kontakte yo.

Chapit 9: Si w gen yon pwoblèm oswa plent (desizyon sou kouvèti, apèl, plent)

- **Ou dwe fè demann apèl ou a nan espas 65 jou kalandriye** apati dat ki sou avi alekri nou te voye pou fè w konnen repons nou pran sou desizyon sou kouvèti. Si w rate dat limit sa a epi w gen yon bon rezon ki fè w rate li, eksplike rezon ki fè apèl ou a an reta lè w ap fè apèl ou a. Nou ka ba ou plis tan pou w fè apèl ou a. Egzanp pou rezon valab kapab yon maladi grav ki anpeche w kontakte nou, oswa si nou ba w enfòmasyon ki pa kòrèk oswa ki pa konplè konsènan dat limit pou mande yon apèl.
- **Ou ka mande yon kopi gratis enfòmasyon konsènan desizyon medikal ou a. Ou menm ak doktè w la ka ajoute plis enfòmasyon pou kore apèl ou a.**

Si nou te di w n ap kanpe oswa redwi sèvis oswa atik ou t ap resevwa deja yo, ou ka anmezi kenbe sèvis sa yo oswa atik sa yo pandan apèl ou a.

- Si nou te deside chanje oswa kanpe yon kouvèti pou yon sèvis oswa yon atik w ap resevwa kounye a, n ap voye ba ou yon avi anvan ou pran mezi yo pwopoze a.
- Si w pa dakò ak mezi a, ou ka depoze yon apèl Nivo 1. Nou pral kontinye kouvri sèvis la oswa atik la si w mande yon apèl Nivo 1 nan espas 10 jou kalandriye apati dat ki nan so lapòs ki sou lèt nou an oswa nan dat yo prevwa y ap pran mezi a, sa ki vini pita a.
- Si w respekte dèle sa a, ou ka kontinye resevwa sèvis la oswa atik la san okenn chanjman, pandan apèl Nivo 1 ou a annatant. Epitou, w ap kontinye resevwa tout lòt sèvis oswa atik yo (sa ki pa konsène apèl ou a) san okenn chanjman.

Etap 3: Nou konsidere apèl ou an epi nou ba ou repons nou an.

- Lè n ap verifye apèl ou a, nou byen gade tout enfòmasyon yo. Nou verifye si nou te suiv tout règ yo lè nou te di non pou demann ou an.
- N ap rasanble plis enfòmasyon si sa nesèsè, petèt nou ka kontakte w oswa kontakte doktè w la.

Dat limit pou yon apèl rapid

- Pou apèl rapid yo, nou dwe ba w repons nou an **nan espas 72 èdtan apre nou fin resevwa apèl ou a.** N ap ba w repons nou an pi bonè si sante w egzije nou fè sa.
 - Si w mande plis tan, oswa si nou bezwen plis enfòmasyon kapab nan avantaj ou, nou **kapab pran jiska 14 jou kalandriye anplis** si demann ou an se pou yon atik oswa sèvis medikal. Si nou pran kèk jou anplis, n ap fè w konn sa alekri. Nou pa kapab pran plis tan si demann ou an se pou yon medikaman sou preskripsyon Medicare Part B.
 - Si nou pa ba ou yon repons nan espas 72 èdtan (oswa nan fen peryòd tan pwolonje a si nou te pran jou anplis), nou oblije voye demann ou an otomatikman nan Nivo 2 nan pwosesis pou apèl yo, kote yon òganizasyon revizyon endepandan pral verifye l. Seksyon 6.4 la eksplike pwosesis pou apèl Nivo 2 a.
- **Si repons nou an se wi pou yon pati oswa pou tout sa w te mande yo,** nou dwe otorize oswa bay kouvèti an nan espas 72 èdtan apre nou fin resevwa apèl ou a.
- **Si repons nou an se non pou yon pati oswa pou tout sa w te mande a,** nou ap voye desizyon nou an ba ou alekri epi apèl ou a pral jwenn òganizasyon revizyon endepandan an otomatikman pou yon apèl Nivo 2. Òganizasyon revizyon endepandan an ap fè w konnen alekri lè li resevwa apèl ou a.

Dat limit pou apèl estanda

- Pou apèl estanda yo, nou dwe ba w repons nou an **nan espas 30 jou kalandriye** apre nou fin resevwa apèl ou a. Si demann ou an se pou yon medikaman Pati B ou poko resevwa, n ap ba ou repons nou an

Chapit 9: Si w gen yon pwoblèm oswa plent (desizyon sou kouvèti, apèl, plent)

nan espas 7 jou kalandriye apre nou fin resevwa apèl ou a. N ap ba ou repons nou an pi bonè si eta sante w egzije nou fè sa.

- Sepandan, si w mande plis tan, oswa si nou bezwen plis enfòmasyon kapab nan avantaj ou, **nou kapab pran jiska 14 jou kalandriye anplis** si demann ou an se pou yon atik oswa sèvis medikal. Si nou pran kèk jou anplis, n ap fè w konn sa alekri. Nou pa kapab pran plis tan pou pran yon desizyon si demann ou an se pou yon medikaman Pati B.
- Si w kwè nou *pa dwe* pran jou anplis, ou kapab depoze yon "plent rapid." Lè w depoze yon plent rapid, n ap ba w yon repons pou plent ou an nan espas 24 èdtan. (Pou plis enfòmasyon sou pwosesis pou depoze plent, san wete plent rapid yo, ale nan **Seksyon 11.**)
- Si nou pa ba w yon repons nan dat limit la (oswa nan fen peryòd tan pwolonje a), nou ap voye demann ou an nan yon apèl Nivo 2, kote yon òganizasyon revizyon endepandan ap egzamine apèl la. Seksyon 6.4 la eksplike pwosesis pou apèl Nivo 2 a.
- **Si repons nou an se wi pou yon pati oswa pou tout sa w te mande a**, nou dwe otorize oswa bay kouvèti a nan espas **30 jou kalandriye**, oswa **nan espas 7 jou kalandriye** si demann ou an se pou yon medikaman Pati B.
- **Si plan nou an di non pou yon pati oswa pou tout apèl ou a, ou gen dwa pou fè lòt apèl.**
- Si nou di non pou yon pati oswa pou tout sa w te mande a, n ap voye yon lèt ba ou.
 - Si pwoblèm ou an se konsènan kouvèti pou yon sèvis oswa atik Medicare, lèt la ap fè w konnen nou voye dosye w la bay yon òganizasyon revizyon endepandan pou yon apèl Nivo 2.
 - Si pwoblèm ou an se konsènan kouvèti pou yon sèvis oswa atik Medicaid, lèt la ap di w fason pou w fè yon apèl Nivo 2 poukont ou.

Seksyon 6.4 Pwosesis pou apèl Nivo 2

Tèm Jiridik:

Non fòmèl pou “òganizasyon revizyon endepandan” an se **Antite Verifikasyon Endepandan**. Pafwa, yo rele li **IRE**.

Òganizasyon revizyon endepandan an se yon òganizasyon endepandan Medicare anboche. Li pa konekte avèk nou epi li pa yon ajans gouvènmantral. Òganizasyon sa a deside si desizyon nou te pran an kòrèk oswa si li ta dwe chanje. Medicare sipèvize travay li.

- Si pwoblèm ou genyen an se konsènan yon sèvis oswa yon atik an jeneral **Medicare kouvri**, nou ap voye dosye w la otomatikman nan Nivo 2 pwosesis pou apèl la kou apèl Nivo 1 an fini.
- Si pwoblèm ou genyen an se konsènan yon sèvis oswa yon atik an jeneral **Medicaid kouvri**, ou kapab depoze yon apèl Nivo 2 poukont ou. Lèt la ap di w fason pou w fè sa. Epitou, gen enfòmasyon anba a sou sa.
- Si pwoblèm ou genyen an se konsènan yon sèvis oswa atik ki kapab **ni Medicare ni Medicaid kapab kouvri**, w ap resevwa yon apèl Nivo 2 otomatikman nan òganizasyon revizyon endepandan an. Ou ka mande yon Odyans san Patipri nan eta a.

Si w te kalifye pou kontinye resevwa avantaj yo nan moman w te depoze apèl Nivo 1 w lan, avantaj ou genyen pou sèvis, atik oswa medikaman ki nan apèl la, yo kapab kontinye pandan Nivo 2 a tou. Ale nan paj 138 pou jwenn enfòmasyon sou kontinye resevwa avantaj ou yo pandan apèl Nivo 1 yo.

Chapit 9: Si w gen yon pwoblèm oswa plent (desizyon sou kouvéti, apèl, plent)

- Si pwoblèm ou genyen an se konsènan yon sèvis an jeneral se sèlman Medicare ki kouvri li, avantaj w ap resevwa pou sèvis sa a p ap kontinye pandan pwosesis pou apèl Nivo 2 nan òganizasyon revizyon endepandan an.
- Si pwoblèm ou genyen an se konsènan yon sèvis an jeneral Medicaid kouvri, avantaj ou yo pou sèvis sa a ap kontinye si w soumèt yon Apèl Nivo 2 nan espas 10 jou sivil apre w fin resevwa lèt desizyon plan an.

Si pwoblèm ou a gen rapò ak yon sèvis oswa atik Medicare kouvri anjeneral:

Etap 1: Òganizasyon verifikasyon endepandan an verifie apèl ou a.

- N ap voye enfòmasyon sou apèl ou a bay òganizasyon sa a. Enfòmasyon sa a rele **dosye ka ou a. Ou gen dwa pou mande nou yon kopi dosye w la gratis.**
- Ou gen dwa bay òganizasyon verifikasyon endepandan an plis enfòmasyon pou kore apèl ou a.
- Evalyatè yo nan òganizasyon revizyon endepandan an ap byen gade tout enfòmasyon ki gen rapò ak apèl ou a.

Si w te fè yon apèl rapid nan Nivo 1, w ap gen yon apèl rapid nan Nivo 2 tou.

- Pou apèl rapid la, òganizasyon revizyon endepandan an dwe ba w yon repons pou apèl Nivo 2 ou a **nan espas 72 èdtan** apre li fin resevwa apèl ou a.
- Si demann ou an se pou yon atik oswa sèvis medikal epi òganizasyon verifikasyon endepandan an bezwen rasanble plis enfòmasyon ki kapab nan avantaj ou, **sa kapab pran jiska 14 jou kalandriye anplis.** Òganizasyon revizyon endepandan an pa kapab pran plis tan pou pran yon desizyon si demann ou an se pou yon medikaman Pati B.

Si w te gen yon apèl estanda nan Nivo 1, w ap gen yon apèl estanda nan Nivo 2 tou.

- Pou apèl estanda a, si demann ou an se pou yon atik oswa sèvis medikal, òganizasyon revizyon endepandan an dwe ba w yon repons pou apèl Nivo 2 ou a **nan espas 30 jou sivil** apre li fin resevwa apèl ou a. Si demann ou an se pou yon medikaman Pati B, òganizasyon revizyon endepandan an dwe ba w yon repons pou apèl Nivo 2 ou a **nan espas 7 jou kalandriye** apati lè li te resevwa apèl ou a.
- Si demann ou an se pou yon atik oswa sèvis medikal epi òganizasyon revizyon endepandan an bezwen rasanble plis enfòmasyon ki kapab nan avantaj ou, **li kapab pran jiska 14 jou sivil anplis.** Òganizasyon revizyon endepandan an pa kapab pran plis tan pou pran yon desizyon si demann ou an se pou yon medikaman Pati B.

Etap 2: Òganizasyon revizyon endepandan an ba w repons li an.

Òganizasyon revizyon endepandan an ap fè w konnen desizyon li an alekri epi li ap eksplike w rezon ki fè li pran desizyon sa a.

- **Si òganizasyon revizyon endepandan an di wi pou yon pati oswa pou tout demann pou yon atik oswa sèvis medikal,** nou dwe otorize kouvéti swen medikal la nan espas **72 èdtan** oswa nou dwe bay sèvis la nan espas 14 jou kalandriye apre nou fin resevwa desizyon òganizasyon revizyon endepandan an pou **demann estanda yo.** Pou **demann akselere yo,** nou gen **72 èdtan** apati dat nou te resevwa desizyon òganizasyon revizyon endepandan an.
- **Si òganizasyon revizyon endepandan an di wi pou yon pati oswa pou tout demann pou yon medikaman Pati B,** nou dwe otorize oswa bay medikaman Pati B a nan espas **72 èdtan** apre nou fin resevwa desizyon òganizasyon revizyon endepandan an pou **demann estanda yo.** Pou **demann akselere yo** nou gen **24 èdtan** apati dat nou te resevwa desizyon òganizasyon revizyon endepandan an.

Chapit 9: Si w gen yon pwoblèm oswa plent (desizyon sou kouvèti, apèl, plent)

- **Si òganizasyon revizyon endepandan an di non pou yon pati oswa pou tout apèl ou a**, sa vle di li dakò ak plan nou an pou di nou pa dwe apwouve demann (oswa yon pati nan demann) ou fè pou jwenn kouvèti swen medikal la. (Yo rele sa **kenbedesizyon an** oswa **rejte apèl ou a**.) Nan ka sa a, òganizasyon revizyon endepandan an ap voye yon lèt ba ou:
 - Ki eksplike desizyon li pran an.
 - Ki fè w konnen dwa ou genyen pou w fè yon apèl Nivo 3, si valè lajan pou kouvèti swen medikal la reponn ak yon minimòm kèlkonk. Avi alekri ou resevwa nan men òganizasyon revizyon endepandan an ap fè w konnen nan ki montan ou dwe rive pou kontinye pwosesis pou apèl la.
 - Di w fason pou depoze yon apèl Nivo 3.
- Si yo rejte apèl Nivo 2 ou a epi w ranpli kondisyon pou w kontinye nan pwosesis pou apèl la, ou dwe decide si w vle kontinye nan Nivo 3 epi fè yon twazyèm apèl. W ap jwenn detay ki di w fason pou fè sa a nan avi alekri ou resevwa apre apèl Nivo 2 ou a.
 - Se yon Jij Dwa Administratif oswa yon avoka abit ki jere yon apèl Nivo 3. **Seksyon 10** nan chapit sa a eksplike pwosesis pou apèl Nivo 3, 4, ak 5 yo.

Si pwoblèm ou genyen an se konsènan yon sèvis oswa atik an jeneral Medicaid kouvri:**Etap 1: Ou ka mande yon Odyans san Patipri nan eta a.**

- Nivo 2 pwosesis pou apèl pou sèvis Medicaid kouvri an jeneral yo, se yon Odyans san Patipri nan Eta a. Ou dwe mande yon Odyans san Patipri alekri oswa nan telefòn nan espas 60 jou sivil apre dat nou te voye lèt desizyon pou Apèl Nivo 1 ou an. Lèt ou resevwa nan men nou an ap di w ki kote pou w soumèt demann ou pou odyans lan.
- Nan telefòn: 1-800-342-3334 (TTY rele 711 epi mande operatè a rele 1-877-502-6155)
- Pa faks: 518-473-6735
- Sou entènèt: <http://otda.ny.gov/oah/FHReq.asp>
- Nan kourye lapòs: NYS Office of Temporary and Disability Assistance
Office of Administrative Hearings
Managed Care Hearing Unit
P.O. Box 22023
Albany, New York 12201-2023
- An pèsòn: Pou moun ki pa rezidan nan Vil New York:
Office of Temporary and Disability Assistance
Office of Administrative Hearings
40 North Pearl Street
Albany, New York 12243
- Pou moun ki se rezidan nan Vil New York:
Office of Temporary and Disability Assistance
Office of Administrative Hearings
5 Beaver Street
New York, New York 10004

Apre w fin mande yon Odyans san Patipri, Eta a ap voye yon avi ba ou ki gen lè ak kote odyans lan ap fèt. Nan odyans lan, yo ap mande w eksplike rezon ki fè w panse desizyon an pa bon. Yon responsab odyans lan ap tande alafwa ou menm ak plan an, epi li ap decide si desizyon nou an pa t bon. Si Eta a rejte demann ou fè

Chapit 9: Si w gen yon pwoblèm oswa plent (desizyon sou kouvéti, apèl, plent)

pou yon Odyans san Patipri akselere, yo ap rele w epi yo ap voye yon lèt pou ou. Si yo rejte demann ou fè pou yon Odyans san Patipri akselere a, Eta a ap trete Odyans san Patipri ou a nan 90 jou.

Si Eta a apwouve demann ou fè pou yon Odyans san Patipri akselere, yo ap rele w pou ba w lè ak dat odyans ou an. Tout Odyans san Patipri Akselere yo ap fèt nan telefòn.

Pou prepare w pou odyans lan:

- **Nou ap voye yon kopi nan “dosye prèw” la ba ou anvan odyans lan.** Se enfòmasyon nou te itilize pou pran desizyon konsènan sèvis ou yo. Plan an ap bay responsab odyans lan enfòmasyon sa a pou eksplike desizyon nou an. Si pa gen ase tan pou nou voye li nan kourye lapòs ba ou, n ap pote yon kopi pake prèw la nan odyans lan pou ou. Si w pa resevwa dosye prèw la nan semèn ki vin anvan odyans ou an, ou kapab rele 1-800 MCO-PLAN pou mande li.
- **Ou gen dwa pou wè dosye w la ak lòt dokiman yo.** Nan dosye w la gen dosye sante w epi li kapab gen plis enfòmasyon sou rezon ki fè nou te chanje oswa pa t apwouve sèvis swen sante w yo. Epi tou, ou kapab mande pou w wè direktiv yo ansanm ak nenpòt dokiman nou te itilize pou pran desizyon sa a. Ou kapab rele 1-800 MCO-PLAN pou wè dosye w la ak lòt dokiman yo, oswa pou mande yon kopi gratis. Nou ap sèlman voye kopi yo ba ou pa lapòs si w di ou vle nou voye yo pa lapòs pou ou.
- **Ou gen dwa pou vin ak yon moun pou ede w nan odyans lan,** tankou yon avoka, yon zanmi, yon manm fanmi w oswa yon lòt moun. Nan odyans lan, ou menm ak moun sa a kapab bay responsab odyans lan yon dokiman alekri, oswa nou kapab jis di rezon ki fè desizyon an pa t bon. Epi tou, ou kapab vin ak moun ki pou pale an favè w. Ou menm ak moun sa a kapab poze nenpòt lòt moun ki nan odyans lan kesyon tou.
- **Ou gen dwa pou soumèt dokiman pou soutni ka w la.** Vini ak yon kopi nan nenpòt dokiman ou panse ki ap ede ka w la, tankou lèt doktè voye, fakti swen sante, ak resi yo. Li kapab itil pou w vini ak yon kopi nan avi sa a ansanm ak tout paj ki mache avèk li nan odyans ou an.
- **Ou kapab anmezi pou jwenn èd jiridik** lè w rele Asosyasyon Èd Jiridik lokal ou a oswa yon gwoup defans dwa moun. Pou jwenn yon avoka, gade nan Paj
- Jòn ou an nan ribri “Lawyers” (Avoka), oswa ale sou www.LawhelpNY.org. Nan Vil New York, rele 311.

Apèl Ekstèn

Ou gen lòt dwa pou fè apèl si nou te di sèvis w ap mande pou li a:

1. pa nesèsè pou rezon medikal;
2. pou rezon eksperimantal oswa investigasyon;
3. pa diferan ak swen ou kapab jwenn nan rezo plan an;
4. disponib nan men yon founisè k ap patisipe ki gen fòmasyon ki kòrèk ak eksperyans pou reponn ak bezwen w yo.

Pou kalite desizyon sa yo, ou kapab mande Eta New York (NYS) yon Apèl Ekstèn endepandan. Yo rele sa yon Apèl Ekstèn paske se moun ki fè verifikasyon yo epi ki p ap travay pou Senior Whole Health of New York NHC oswa NYS ki ap pran desizyon an. Moun ki ap fè verifikasyon sa yo se moun ki kalifye epi NYS apwouve. Sèvis la dwe nan pake avantaj plan an oswa li dwe se yon esè klinik oswa yon tretman eksperimantal pou yon maladi ra. Ou pa oblije peye pou yon Apèl Ekstèn.

Ou gen 4 mwa apati dat nou te voye lèt desizyon pou apèl Nivo 1 ou an pou w mande yon Apèl Ekstèn. Si ou menm ak Senior Whole Health of New York NHC dakò pou sote pwosesis pou apèl plan an, donk, ou dwe mande Apèl Ekstèn lan nan espas **4 mwa** apre lè ou te fè akò sa a.

Chapit 9: Si w gen yon pwoblèm oswa plent (desizyon sou kouvèti, apèl, plent)

Pou mande yon Apèl Ekstèn, ranpli yon aplikasyon epi voye li bay Depatman Sèvis Finans lan. Ou kapab rele Sèvis Manm yo nan nimewo ki ekri nan do kat idantifikasyon (ID) manm ou an, si w bezwen èd pou fè yon Apèl Ekstèn. Ou menm ak doktè w yo ap gen pou bay enfòmasyon sou kondisyon medikal ou a. Aplikasyon pou Apèl Ekstèn lan di ki enfòmasyon y ap bezwen.

Men kèk fason pou w jwenn yon aplikasyon pou Apèl Ekstèn:

- Rele Depatman Sèvis Finans lan (Department of Financial Services) nan 1-800-400-8882
- Ale sou sit entènèt Depatman Sèvis Finans lan nan www.dfs.ny.gov.
- Kontakte nou nan 833) 671-0440

Y ap pran desizyon sou Apèl Ekstèn ou a nan 30 jou. Li kapab nesèsè pou yo pran plis tan (jiska senk jou travay) si moun k ap verifye Apèl Ekstèn yo mande plis enfòmasyon. Yo ap fè ou menm ak Senior Whole Health of New York NHC konnen desizyon final la nan espas de (2) jou apre yo fin pran desizyon an.

Ou kapab jwenn yon desizyon pi rapid si:

- Doktè w fè konnen yon reta ap lakoz gwo pwoblèm pou sante w; oswa
- Ou nan lopital la apre yon vizit nan sal dijans epi plan w lan refize kouvri swen lopital la.

Yo rele sa yon Apèl Ekstèn akselere. Evalyatè Apèl Ekstèn lan ap decide yon apèl akelere nan 72 èdtan oswa mwens.

Si w te mande tretman pou pwoblèm itilizasyon sibstans pou pasyan ki entène nan mwens pase 24 èdtan anvan ou te kite lopital la, nou ap kontinye peye pou sejou w la, si:

- ou mande yon apèl rapid nan Nivo 1 nan espas 24 èdtan; EPI
- ou mande yon Apèl Ekstèn akselere nan menm tan an.

W ap kontinye peye pou tan w pase a jiskaske yo pran yon desizyon sou apèl ou yo. Nou ap pran yon desizyon sou apèl rapid Nivo 1 an nan 24 èdtan. Y ap decide sou Apèl Ekstèn akselere a nan 72 èdtan.

Moun k ap fè verifikasyon Apèl Ekstèn nan ap fè ou menm ak plan an konnen desizyon an tousuit nan telefòn oswa faks. Annapre, y ap voye yon lèt pou w fè konnen desizyon an.

Ou kapab mande yon Odyans san Patipri oswa mande yon Apèl Ekstèn, oswa toulede. Si w mande alafwa yon Odyans san Patipri ak yon Apèl Ekstèn, se desizyon responsab odyans san patipri a ki ap konte.”

Nan seksyon 10.2, Apèl Medicaid Anplis yo, MMCP pa dwe ajoute tèks anplis kote EOC a mande pou MMCP a antre yon deskripsyon konsènan pwosedi yo ak enstriksyon ki gen rapò ak depoz lòt apèl nan Eta a.

Epitou, nan seksyon 11.4 la, ou kapab mete Medicare ak Medicaid okouran konsènan plent ou an:

1. MMCP dwa ensere “ak Medicaid” nan tit seksyon sa a.
2. MMCP ki ap jere pwogram MAP la dwe ajoute enfòmasyon pou kontakte ajans plent Medicaid ki vin apre a:

Epitou, ou gen yon dwa pou kontakte New York Department of Health konsènan plent ou an.

Kontakte Department of Health nan:

- Telefòn: 1-866-712-7197
- Kourye lapòs: New York State Department of Health
Bureau of Managed Long Term Care

Chapit 9: Si w gen yon pwoblèm oswa plent (desizyon sou kouvèti, apèl, plent)

Technical Assistance Center
99 Washington Ave/ One Commerce Plaza 16th Fl
Albany, NY 12210

- Imèl: mltctac@health.ny.gov”

Epitou, ou gen dwa pou kontakte New York Department of Health konsènan plent ou an. Kontakte Department of Health nan:

- Telefòn: 1-800-206-8125
- Kourye lapòs: New York State Department of Health
Managed Care Complaint Unit
OHIP DHPKO 1CP-1609
Albany, New York 12237
Imèl: managedcarecomplaint@health.ny.gov

Etap 2: Biwo Odyans san Patipri a ap ba ou repons pa li.

Biwo Odyans san Patipri ap fè w konnen desizyon li an alekri epi li ap eksplike w rezon ki fè li pran desizyon sa a.

- **Si Biwo Odyans san Patipri a di wi pou tout oswa yon pati nan demann pou yon atik oswa yon sèvis medikal**, nou dwe otorize oswa bay sèvis oswa atik la nan espas 72 èdtan apre nou resevwa desizyon ki soti nan Biwo Odyans san Patipri a.
- **Si biwo Odyans san Patipri sa a di non pou yon pati oswa pou tout apèl ou a**, sa vle di yo dakò ak plan nou an ki di yo pa ta dwe apwouve demann ou fè (oswa yon pati nan demann ou fè a) pou kouvèti swen medikal la. (Yo rele sa **kenbe desizyon an oswa rejte apèl ou a**.)

Si desizyon an se non pou tout oswa pou yon pati nan sa w te mande a, ou kapab fè yon lòt apèl.

Si desizyon òganizasyon revizyon endepandan an se non pou tout oswa pou yon pati nan sa w te mande a, ou gen **dwa pou fè lòt apèl**.

Lèt ou resevwa nan men biwo Odyans san Patipri a ap dekri pwochen opsyon apèl sa a.

Ale nan Seksyon 10 la pou jwenn plis enfòmasyon sou dwa w genyen pou fè apèl apre Nivo 2 a.

Seksyon 6.5 Si w ap mande nou pou nou ranbouse w pou yon bòdwo ou te resevwa pou swen medikal

Nou pa kapab ranbouse w dirèkteman pou yon sèvis oswa atik Medicaid. Si w te resevwa yon bòdwo pou sèvis ak atik Medicaid kouvri yo, voye bòdwo a ban nou. **Piga peye bòdwo a ou menm.** Nou pral kontakte founisè a dirèkteman epi n ap rezoud pwoblèm nan. Si w peye bòdwo a, ou kapab resevwa yon ranbousman nan men founisè swen sante sa a si w suiv règ pou jwenn sèvis oswa atik la.

Lè w mande ranbousman se mande ou mande nou pou pran yon desizyon sou kouvèti.

Si w voye dokiman ban nou pou mande ranbousman, w ap mande yon desizyon sou kouvèti. Pou pran desizyon sa a, n ap verifye si swen medikal ou peye pou li a gen kouvèti. Epitou, n ap verifye pou wè si w te suiv règ sou fason pou itilize kouvèti pou swen medikal la.

Si w vle nou ranbouse w pou yon sèvis oswa yon atik **Medicare** oswa si w ap mande nou peye yon founisè swen sante pou yon sèvis oswa yon atik Medicaid ou te peye, w ap mande nou pran desizyon sou kouvèti sa a. N ap

Chapit 9: Si w gen yon pwoblèm oswa plent (desizyon sou kouvèti, apèl, plent)

verifye pou wè si swen medikal ou peye yo se yon sèvis ki kouvri. Epitou, n ap verifye pou wè si w te suiv tout règ ki la pou w itilize kouvèti pou swen medikal.

- **Si nou di wi pou demann ou an:** Si swen medikal Medicare a gen kouvèti, nou ap voye pèman pou frè a ba ou nan espas 60 jou sivil apre nou fin resevwa demann ou an.
 - Si swen Medicaid ou te peye yon founisè swen sante pou li a se yon swen ki kouvri, epi w panse nou dwe peye founisè swen sante a pito, n ap voye pèman pou frè a bay founisè swen sante w la nan espas 60 jou kalandriye apre nou fin resevwa demann ou an.
 - Apresa, w ap bezwen kontakte founisè swen sante w la pou jwenn ranbousman w lan. Si w poko peye pou swen medikal la, nou pral voye pèman an dirèkteman bay founisè swen sante a.
- **Si nou di non pou demann ou an:** Si swen medikal la pa kouvri, oswa ou pa t suiv tout règ yo, nou p ap voye pèman an. Olye sa, n ap voye yon lèt ba ou ki di nou p ap peye pou swen medikal la ak rezon ki fè sa.

Si w pa dakò ak desizyon nou pran pou refize demann ou an, **ou kapab fè yon apèl**. Si w fè yon apèl, sa vle di w ap mande nou chanje desizyon sou kouvèti nou te pran lè nou te rejte demann ou fè pou pèman an.

Pou fè apèl sa a, suiv pwosesis pou apèl yo ki nan Seksyon 6.3. Pou apèl ki konsène ranbousman, tanpri sonje:

- Nou dwe ba w repons nou an nan espas 30 jou kalandriye apre nou resevwa apèl ou a.
- Si òganizasyon pou revizyon endepandan an deside nou dwe peye, nou dwe voye pèman an ba ou oswa founisèw la nan espas 30 jou kalandriye. Si repons pou apèl ou a se wi nan nenpòt etap nan pwosesis pou apèl yo apre Nivo 2 a, nou dwe voye pèman ou mande a ba ou oswa bay founisè swen sante a nan espas 60 jou kalandriye.

SEKSYON 7 Medikaman Pati D yo: Fason pou mande yon desizyon kouvèti oswa fè yon apèl

Seksyon 7.1 Seksyon sa a di sa pou w fè si w gen pwoblèm pou jwenn yon medikaman Pati D oswa vle nou ranbouse w pou yon medikaman Pati D

Avantaj ou yo gen kouvèti pou anpil medikaman sou preskripsyon. Pou medikaman an kouvri, ou dwe itilize l pou yon endikasyon yo aksepte pou rezon medikal. (Ale nan Chapit 5 pou plis enfòmasyon sou yon endikasyon yo aksepte pou rezon medikal.) Pou plis detay medikaman Pati D, règ, restriksyon ak pri yo, ale nan Chapit 5 ak 6. **Seksyon sa a se pou medikaman Pati D ou yo sèlman.** Pou kenbe bagay yo senp, anjeneral, nou di *medikaman* nan rès seksyon sa a, olye pou nou repete *medikaman sou preskripsyon ki kouvri pou pasyan ki pa entène* oswa *medikaman Pati D* chak fwa. Epitou, nou itilize tèm Lis Medikaman an olye de *Lis Medikaman ki Kouvri yo* oswa fòmilè.

- Si w pa konnen si yon medikaman kouvri oswa si ou respekte règ yo, ou ka mande nou. Gen kèk medikaman ki mande pou w jwenn apwobasyon nou anvan nou kouvri li.
- Si famasi w la di w preskripsyon w lan pa kapab ranpli jan li ekri a, famasi a ap ba w yon avi alekri ki eksplike fason pou w kontakte nou pou mande yon desizyon sou kouvèti.

Chapit 9: Si w gen yon pwoblèm oswa plent (desizyon sou kouvèti, apèl, plent)**Desizyon kouvèti a ak apèl la pou Pati D yo****Tèm Jiridik:**

Yo rele yon desizyon sou kouvèti inisyal konsènan medikaman Pati D ou yo yon **detèminasyon sou kouvèti**.

Yon desizyon sou kouvèti se yon desizyon nou pran konsènan avantaj ak kouvèti ou yo oswa konsènan montan n ap peye pou medikaman w yo. Seksyon sa a di w kisa w kapab fè si w nan nenpòt nan sitiyasyon sa yo:

- Lè w ap mande pou nou kouvri yon medikaman Part D ki pa nan Lis Medikaman plan nou an **Mande yon eksepsyon. Seksyon 7.2.**
- W ap mande nou anile yon restriksyon sou kouvèti plan an pou yon medikaman (tankou limit sou kantite medikaman ou ka jwenn, kritè otorizasyon alavans, oswa obligasyon pou eseye yon lòt medikaman anvan). **Mande yon eksepsyon. Seksyon 7.2.**
- W ap mande pou jwenn apwobasyon davans pou yon medikaman. **Mande yon desizyon sou kouvèti. Seksyon 7.4.**
- Peye pou yon medikaman sou preskripsyon ou achte deja. **Mande nou ranbouse w. Seksyon 7.4.**

Si w pa dakò ak yon desizyon sou kouvèti nou te pran, ou kapab fè apèl kont desizyon nou an.

Seksyon sa a di w fason pou mande desizyon sou kouvèti ak fason pou depoze yon apèl.

Seksyon 7.2 Mande yon eksepsyon**Tèm Jiridik:**

Mande kouvèti pou yon medikaman ki pa nan Lis Medikaman an se yon **eksepsyon pou fòmilè**.

Mande nou retire yon restriksyon sou kouvèti pou yon medikaman se yon **eksepsyon pou fòmilè**.

Mande pou w peye yon pri ki pi ba pou yon medikaman kouvri ki pa prefere se yon **eksepsyon sou nivo**.

Si yon medikaman pa kouvri fason ou vle pou li kouvri a, ou kapab mande nou fè yon **eksepsyon**. Yon eksepsyon se yon kalite desizyon sou kouvèti.

Pou nou konsidere demann eksepsyon w lan, doktè w oswa lòt moun k ap fè preskripsyon an ap bezwen eksplike rezon medikal ki fè w bezwen yo apwouve eksepsyon an. Men 3 egzanp pou eksepsyon ou menm oswa doktè w oswa lòt moun ki ap fè preskripsyon an kapab mande nou fè:

- 1. Kouvri yon medikaman Pati D ki pa sou Lis Medikaman nou an.** Si nou dakò pou kouvri yon medikaman ki pa nan Lis Medikaman an, w ap bezwen peye montan pataj frè ki aplike pou medikman yo nan Nivo 5 *Espesyalize a* Ou pa kapab mande nou yon eksepsyon pou montan pataj frè nou egzije pou w peye pou medikaman an.
- 2. Retire yon restriksyon pou yon medikaman ki kouvri.** Chapit 5 lan dekri lòt règ oswa lòt restriksyon ki aplike pou kèk medikaman ki sou Lis Medikaman nou an. Si nou dakò fè yon eksepsyon epi nou retire yon restriksyon pou ou, ou kapab mande yon eksepsyon sou montan kopeman oswa ko-asirans nou egzije pou w peye pou medikaman an.

Chapit 9: Si w gen yon pwoblèm oswa plent (desizyon sou kouvèti, apèl, plent)

3. Chanjman kouvèti pou yon medikaman ki nan nivo pataj frè ki pi ba. Chak medikaman ki nan Lis Medikaman nou an se youn nan sis (6) nivo pataj frè yo. An jeneral, plis nimewo nivo pataj frè a pi ba, se mwens w ap peye nan pataj frè pa w la pou medikaman an.

- Si Lis Medikaman nou an gen youn oswa plizyè medikaman altènatif pou trete kondisyon medikal ou a ki nan yon nivo pataj frè ki pi ba pase medikaman w lan, ou kapab mande nou kouvri medikaman w lan nan montan pataj frè ki aplikab pou medikaman altènatif la(yo).
- Si medikaman w ap pran an se yon medikaman mak komèsyal, ou kapab mande nou kouvri medikaman w lan nan montan pataj frè ki aplike pou nivo ki pi ba a ki gen lòt mak komèsyal pou trete kondisyon w lan.
- Si medikaman w ap pran an se yon medikaman jenerik, ou kapab mande nou kouvri medikaman w lan nan montan pataj frè ki aplike pou nivo ki pi ba a ki gen swa lòt mak komèsyal oswa jenerik pou trete kondisyon w lan.
- Ou pa kapab mande nou chanje nivo pataj frè pou okenn medikaman ki nan *Nivo 5 Espesyalize a*.
- Si nou apwouve demann eksepsyon pou nivo ou a epi gen plis pase yon nivo pataj frè ki pi ba avèk medikaman altènatif ou pa kapab pran, an jeneral, w ap peye montan ki pi ba a.

Seksyon 7.3 Bagay enpòtan ou dwe konnen sou demann eksepsyon yo

Doktè w dwe di nou rezon medikal yo

Doktè w la oswa lòt moun ki ap fè preskripsyon an dwe ban nou yon deklarasyon ki eksplike rezon medikal ki fè w mande yon eksepsyon. Pou yon desizyon pi rapid, mete enfòmasyon medikal doktè w oswa lòt moun ki ap fè preskripsyon an ladan lè w ap mande eksepsyon an.

An jeneral, nan Lis Medikaman nou an, gen plis pase yon medikaman pou trete yon kondisyon an patikilye. Diferan posibilite sa yo rele medikaman **altènatif** yo. Si yon medikaman altènatif ap efikas menm jan ak medikaman w ap mande a epi li p ap lakoz plis efè segondè oswa lòt pwoblèm sante, an jeneral, nou p ap apwouve demann ou fè pou yon eksepsyon an. Si w mande nou yon eksepsyon sou nivo, an jeneral, nou pa p apwouve demann ou an pou yon eksepsyon sof si tout medikaman altènatif ki nan nivo pataj frè ki pi ba yo pa fonksyone byen pou ou, oswa gen anpil chans pou yo lakoz yon reyaksyon negatif oswa lòt domaj.

Nou ka di wi oswa non pou demann ou an

- Si nou apwouve demann ou fè pou yon eksepsyon, an jeneral, apwobasyon nou an ap valab rive jis nan fen ane plan nou an. Sa a se laverite toutotan doktè w la kontinye preskri medikaman an pou ou epi medikaman sa a kontinye san danje epi efikas pou trete pwoblèm ou an.
- Si nou di non pou demann ou an, ou ka mande yon lòt verifikasyon, pou fè sa, fè yon apèl.

Seksyon 7.4 Fason pou mande yon desizyon sou kouvèti, enkli yon eksepsyon

Tèm Jiridik:

Yo rele yon desizyon rapid sou kouvèti yon **detèminasyon pou kouvèti akselere**.

Chapit 9: Si w gen yon pwoblèm oswa plent (desizyon sou kouvèti, apèl, plent)

Etap 1: Deside si ou bezwen yon desizyon sou kouvèti estanda oswa yon desizyon rapid sou kouvèti.

Nou pran **desizyon sou kouvèti estanda yo** nan espas **72 èdtan** apre nou fin resevwa deklarasyon doktè w la. Nou pran **desizyon rapid sou kouvèti yo** nan espas **24 èdtan** apre nou fin resevwa deklarasyon doktè w la.

Si sante w egzije sa, mande nou ba w yon desizyon rapid sou kouvèti. Pou jwenn yon desizyon rapid sou kouvèti, ou dwe ranpli 2 kondisyon:

- Ou dwe ap mande yon *medikaman ou poko resevwa*. (Ou pa kapab mande pou yo ranbouse w yon desizyon rapid sou kouvèti pou yon medikaman ou te achte deja.)
- Lè w itilize dat limit estanda yo, sa kapab *lakoz gwo pwoblèm pou sante w oswa nui kapasite pou fonksyone*.
- **Si doktè w oswa lòt moun ki fè preskripsyon an di nou sante w egzije yon desizyon rapid sou kouvèti, n ap ba w otomatikman yon desizyon rapid sou kouvèti.**
- **Si w mande yon desizyon rapid sou kouvèti poukont ou, san sipò doktè w oswa moun k ap fè preskripsyon an, n ap deside si sante w egzije pou nou ba w yon desizyon rapid sou kouvèti.** Si nou pa apwouve yon desizyon rapid sou kouvèti, n ap voye ba ou yon lèt ki:
 - Eksplike ke nou pral itilize dat limit estanda yo.
 - Eksplike si doktè w oswa lòt moun ki fè preskripsyon an mande pou pran desizyon rapid sou kouvèti, n ap ba w otomatikman yon desizyon rapid sou kouvèti.
 - Di w fason ou kapab depoze yon plent rapid konsènan desizyon nou pran pou ba w yon desizyon sou kouvèti estanda olye desizyon rapid sou kouvèti ou te mande a. N ap reponn plent ou an nan espas 24 èdtan apre nou fin resevwa li.

Etap 2: Mande yon desizyon sou kouvèti estanda oswa yon desizyon rapid sou kouvèti.

Pou kòmanse, rele, ekri, oswa voye yon faks bay plan nou an pou mande nou otorize oswa bay kouvèti pou swen medikal ou vle a. Epitou, ou kapab gen aksè a pwosesis desizyon kouvèti an sou sit entènèt nou an. Nou dwe aksepte nenpòt demann alekri, san wete yon demann yo soumèt sou fòm *Demann Detèminasyon pou Kouvèti Modèl CMS* la, ki disponib sou sit entènèt nou an SWHNY.com. Chapit 2 a gen enfòmasyon pou kontakte yo. Pou ede nou trete demann ou an, ajoute non w, enfòmasyon pou kontakte w, ak enfòmasyon ki montre pou ki reklamasyon yo refize, w ap fè apèl la.

Ou menm, doktè w, (oswa lòt moun ki ap fè preskripsyon an) oswa reprezantan w lan kapab fè sa. Epitou, ou kapab mande yon avoka aji nan non w. Seksyon 4 nan chapit sa a di fason w kapab bay otorizasyon alekri pou yon moun aji kòm reprezantan w.

- **Si w ap mande yon eksepsyon, bay deklarasyon sipò a**, ki se rezon medikal la pou eksepsyon an. Doktè w la oswa lòt moun k ap fè preskripsyon an kapab voye deklarasyon an ban nou pa faks oswa pa lapòs. Oswa doktè w oswa lòt moun ki ap fè preskripsyon an kapab pale avèk nou nan telefòn epi fè suivi a lè li voye yon deklarasyon alekri pa faks oswa lapòs si sa nesèsè.

Etap 3: Nou konsidere demann ou an epi nou ba w repons nou an.

Dat limit pou yon desizyon rapid sou kouvèti

- An jeneral, nou dwe ba w repons nou an **nan espas 24 èdtan** apre nou fin resevwa demann ou an.
 - Pou eksepsyon yo, nou ap ba w yon repons nan espas 24 èdtan apre nou fin resevwa deklarasyon sipò doktè w la. N ap ba w repons nou an pi bonè si sante w egzije nou fè sa.
 - Si nou pa respekte dat limit sa a, nou gen obligasyon pou voye demann ou an nan Nivo 2 pwosesis pou apèl yo, kote yon òganizasyon revizyon endepandan ap egzamine l.

Chapit 9: Si w gen yon pwoblèm oswa plent (desizyon sou kouvèti, apèl, plent)

- **Si repons nou an se wi pou yon pati oswa pou tout sa w te mande a**, nou dwe bay kouvèti nou te dakò bay la nan espas 24 èdtan apre nou fin resevwa demann ou an oswa deklarasyon sipò pou demann ou an nan men doktè w.
- **Si repons nou an se non pou yon pati oswa pou tout sa w te mande a**, n ap voye yon deklarasyon alekri ba ou ki eksplike rezon ki fè nou di non. Epitou, n ap di w kijan ou kapab fè apèl.

Dat limit pou yon desizyon sou kouvèti estanda konsènan yon medikaman ou poko resevwa

- Nou dwe ba w repons nou an **nan espas 72 èdtan** apre nou fin resevwa demann ou an.
 - Pou eksepsyon yo, n ap ba ou repons nou an nan espas 72 èdtan apre nou fin resevwa deklarasyon sipò doktè w la. N ap ba w repons nou an pi bonè si sante w egzije nou fè sa.
 - Si nou pa respekte dat limit sa a, nou gen obligasyon pou voye demann ou an nan Nivo 2 pwosesis pou apèl yo, kote yon òganizasyon revizyon endepandan ap egzamine l.
- **Si repons nou an se wi pou yon pati oswa pou tout sa w te mande a**, nou dwe **bay kouvèti** nou te dakò bay la **nan espas 72 èdtan** apre nou fin resevwa demann ou an oswa deklarasyon sipò pou demann ou an nan men doktè w.
- **Si repons nou an se non pou yon pati oswa pou tout sa w te mande a**, n ap voye yon deklarasyon alekri ba ou ki eksplike rezon ki fè nou di non. Epitou, n ap di w kijan ou kapab fè apèl.

Dat limit pou yon desizyon sou kouvèti estanda konsènan pèman pou yon medikaman ou te achte deja

- Nou dwe ba w repons nou an **nan espas 14 jou kalandriye** apre nou fin resevwa demann ou an.
 - Si nou pa respekte dat limit sa a, nou gen obligasyon pou voye demann ou an nan Nivo 2 pwosesis pou apèl yo, kote yon òganizasyon revizyon endepandan ap egzamine l.
- **Si repons nou an se wi pou yon pati oswa pou tout sa w te mande a**, nou gen obligasyon tou pou peye w nan espas 14 jou kalandriye apre nou fin resevwa demann ou an.
- **Si repons nou an se non pou yon pati oswa pou tout sa w te mande a**, n ap voye yon deklarasyon alekri ba ou ki eksplike rezon ki fè nou di non. Epitou, n ap di w kijan ou kapab fè apèl.

Etap 4: Si nou di non pou demann kouvèti w lan, ou kapab fè yon apèl.

- Si nou di non, ou gen dwa pou mande nou rekonsidere desizyon sa a lè w fè yon apèl. Sa vle di, mande ankò pou jwenn kouvèti medikaman ou vle a. Si w fè yon apèl, sa vle di, w ap kontinye nan Nivo 1 pwosesis pou apèl yo.

Seksyon 7.5 Fason pou fè yon apèl Nivo 1**Tèm Jiridik:**

Yo rele yon apèl pou plan nou an konsènan yon desizyon sou kouvèti medikaman Pati D yon **redetèminasyon** plan.

Epitou, yo rele yon apèl rapid yon **redetèminasyon akselere**.

Chapit 9: Si w gen yon pwoblèm oswa plent (desizyon sou kouvèti, apèl, plent)**Etap 1: Deside si w bezwen yon apèl estanda oswa yon apèl rapid.**

Anjeneral, yon apèl estanda fèt nan espas 7 jou kalandriye. Anjeneral, yo fè yon apèl rapid nan espas 72 èdtan. Si sante w egzije sa, mande yon apèl rapid.

- Si w ap fè apèl kont yon desizyon nou te pran konsènan yon medikaman ou poko resevwa, ou menm ak doktè w la oswa lòt moun ki ap fè preskripsyon an ap bezwen deside si w bezwen yon apèl rapid.
- Kondisyon pou resevwa apèl rapid se menm ak sa pou resevwa yon desizyon rapid sou kouvèti nan Seksyon 7.4.

Etap 2: Ou menm, reprezantan w lan, doktè w oswa lòt moun ki ap fè preskripsyon an dwe kontakte nou epi fè apèl Nivo 1 ou an. Si sante w egzije yon repons rapid, ou dwe mande yon apèl rapid.

- **Pou apèl estanda yo, soumèt yon demann alekri oswa rele nou.** Chapit 2 a gen enfòmasyon pou kontakte yo.
- **Pou apèl rapid yo, swa ou soumèt apèl ou a alekri oswa ou rele nou nan nimewo ki nan do kat idantifikasyon (ID) manm ou an.** Chapit 2 a gen enfòmasyon pou kontakte yo.
- **Nou dwe aksepte nenpòt demann alekri,** enkli yon deman yo soumèt sou Fòm Demann Redetèminasyon Modèl CMS la, ki disponib sou sit entènèt nou an SWHNY.com. Ajoute non w, enfòmasyon pou kontakte w, ak enfòmasyon konsènan reklamasyon w lan pou ede nou trete demann ou an.
- **Ou dwe fè demann apèl ou a nan espas 65 jou kalandriye** apati dat ki sou avi alekri nou te voye pou fè w konnen repons nou pran sou desizyon sou kouvèti. Si w rate dat limit sa a epi w gen yon bon rezon ki fè w rate li, eksplike rezon ki fè apèl ou a an reta lè w ap fè apèl ou a. Nou ka ba ou plis tan pou w fè apèl ou a. Egzanp pou rezon valab kapab yon maladi grav ki anpeche w kontakte nou, oswa si nou ba w enfòmasyon ki pa kòrèk oswa ki pa konplè konsènan dat limit pou mande yon apèl.
- **Ou kapab mande yon kopi enfòmasyon ki nan apèl ou a epi ajoute plis enfòmasyon.** Ou menm ak doktè w la ka ajoute plis enfòmasyon pou kore apèl ou a.

Etap 3: Nou konsidere apèl ou an epi nou ba ou repons nou an.

- Lè n ap verifye apèl ou a, nou byen gade tout enfòmasyon yo konsènan demann kouvèti a. Nou verifye si nou te suiv tout règ yo lè nou te di non pou demann ou an. Nou kapab kontakte ou menm oswa doktè w la oswa lòt moun ki ap fè preskripsyon an pou jwenn plis enfòmasyon.

Dat limit pou yon apèl rapid

- Pou apèl rapid yo, nou dwe ba w repons nou an **nan espas 72 èdtan apre nou fin resevwa apèl ou a.** N ap ba w repons nou an pi bonè si sante w egzije nou fè sa.
 - Si nou pa ba w yon repons nan espas 72 èdtan, nou oblije voye demann ou an nan Nivo 2 nan pwosesis pou apèl yo, kote yon òganizasyon revizyon endepandan pral egzamine li. **Seksyon 7.6** la eksplike pwosesis pou apèl Nivo 2 a.
- **Si repons nou an se wi pou yon pati oswa pou tout sa w te mande yo,** nou dwe bay kouvèti an nan espas 72 èdtan apre nou fin resevwa apèl ou a.
- **Si repons nou an se non pou yon pati oswa pou tout sa w te mande a,** n ap voye yon deklarasyon alekri ba ou ki eksplike rezon ki fè nou di non epi kijan ou kapab fè apèl kont desizyon nou an.

Chapit 9: Si w gen yon pwoblèm oswa plent (desizyon sou kouvèti, apèl, plent)

Dat limit pou yon apèl estanda pou yon medikaman ou poko resevwa

- Pou apèl estanda yo, nou dwe ba w repons nou an **nan espas 7 jou kalandriye** apre nou fin resevwa apèl ou a. N ap ba w desizyon nou an pi bonè si w poko resevwa medikaman an e si eta sante w egzije nou fè sa.
 - Si nou pa ba w yon desizyon nan espas 7 jou kalandriye, nou oblije voye demann ou an nan Nivo 2 nan pwosesis pou apèl yo, kote yon òganizasyon revizyon endepandan pral egzamine li. **Seksyon 7.6** la eksplike pwosesis pou apèl Nivo 2 a.
- **Si repons nou se wi pou yon pati oswa pou tout sa w te mande a**, nou dwe bay kouvèti a pi rapid posib jan sante w egzije sa, men pa pita pase **7 jou kalandriye** apre nou fin resevwa apèl ou a.
- **Si repons nou an se non pou yon pati oswa pou tout sa w te mande a**, n ap voye yon deklarasyon alekri ba ou ki eksplike rezon ki fè nou di non epi kijan ou kapab fè apèl kont desizyon nou an.

Dat limit pou yon apèl estanda konsènan peman pou yon medikaman ou deja achte

- Nou dwe ba w repons nou an **nan espas 14 jou kalandriye** apre nou fin resevwa demann ou an.
 - Si nou pa respekte dat limit sa a, nou gen obligasyon pou voye demann ou an nan Nivo 2 pwosesis pou apèl yo, kote yon òganizasyon revizyon endepandan ap egzamine li.
- **Si repons nou an se wi pou yon pati oswa pou tout sa w te mande a**, nou gen obligasyon tou pou peye w nan espas 30 jou kalandriye apre nou fin resevwa demann ou an.
- **Si repons nou an se non pou yon pati oswa pou tout sa w te mande a**, n ap voye yon deklarasyon alekri ba ou ki eksplike rezon ki fè nou di non. Epitou, n ap di w kijan ou kapab fè apèl.

Etap 4: Si nou di non pou apèl ou a, ou deside si w vle kontinye nan pwosesis pou apèl yo epi fè yon lòt apèl.

- Si w deside fè yon lòt apèl, sa vle di apèl ou a ap kontinye nan Nivo 2 pwosesis pou apèl yo.

Tèm Jiridik

Non fòmèl pou “òganizasyon revizyon endepandan” an se **Antite Verifikasyon Endepandan**. Pafwa yo rele li **IRE**.

Òganizasyon verifikasyon endepandan an se yon òganizasyon endepandan Medicare anboche. Li pa konekte avèk nou epi li pa yon ajans gouvènmanal. Òganizasyon sa a deside si desizyon nou te pran an kòrèk oswa si li ta dwe chanje. Medicare sipèviz travay li.

Etap 1: Ou menm (oswa reprezantan w lan oswa doktè w la oswa lòt moun ki ap fè preskripsyon an) dwe kontakte òganizasyon verifikasyon endepandan an epi mande yon verifikasyon pou ka w la.

- Si nou di non pou apèl Nivo 1 ou a, avi alekri nou voye ba ou a ap gen **enstriksyon sou fason pou fè yon apèl Nivo 2** devan òganizasyon revizyon endepandan an. Enstriksyon sa yo ap di kiyès ki kapab fè apèl Nivo 2 sa a, ki dat limit ou dwe respekte, epi kijan pou kontakte òganizasyon revizyon endepandan an.
- **Ou dwe fè demann apèl ou a nan espas 65 jou kalandriye** apati dat ki sou avi alekri a.
- Sepandan, si nou pa t fini verifikasyon nou an nan dèle ki aplikab la, oswa si nou pa t pran yon desizyon favorab konsènan detèminasyon a **risk** selon pwogram jesyon medikaman nou an, n ap voye reklamasyon w lan otomatikman bay IRE.

Chapit 9: Si w gen yon pwoblèm oswa plent (desizyon sou kouvèti, apèl, plent)

- Nap voye enfòmasyon sou apèl ou a bay òganizasyon sa a. Yo rele enfòmasyon sa yo **dosye w. Ou gen dwa pou mande nou yon kopi dosye w la.**
- Ou gen dwa bay òganizasyon verifikasyon endepandan an plis enfòmasyon pou kore apèl ou a.

Etap 2: Òganizasyon verifikasyon endepandan an verifye apèl ou a.

Evalyatè yo nan òganizasyon revizyon endepandan an ap byen gade tout enfòmasyon ki gen rapò ak apèl ou a.

Dat limit pou apèl rapid

- Si eta sante w egzije sa, mande òganizasyon verifikasyon endepandan an yon apèl rapid.
- Si òganizasyon revizyon endepandan an dakò ba w yon apèl rapid, òganizasyon revizyon endepandan an dwe ba w yon repons pou apèl Nivo 2 ou a **nan espas 72 èdtan** apre li fin resevwa demann apèl ou a.

Dat limit pou apèl estanda

- Pou apèl estanda yo, òganizasyon revizyon endepandan an dwe ba w yon repons pou apèl Nivo 2 ou a **nan espas 7 jou kalandriye** apre li fin resevwa apèl ou a, si se pou yon medikaman ou poko resevwa. Si w ap mande pou nou ranbouse w pou yon medikaman ou te achte deja, òganizasyon revizyon endepandan an dwe ba w yon repons pou apèl Nivo 2 ou a **nan espas 14 jou kalandriye** apre li fin resevwa demann ou an.

Etap 3: Òganizasyon revizyon endepandan an ba w repons li an.

Pou apèl rapid:

- **Si òganizasyon revizyon endepandan an di wi pou yon pati oswa pou tout sa w te mande a,** nou dwe bay kouvèti medikaman òganizasyon revizyon endepandan an te apwouve a **nan espas 24 èdtan** apre nou fin resevwa desizyon an nan men òganizasyon revizyon endepandan an.

Pou apèl estanda:

- **Si òganizasyon revizyon endepandan an di wi pou yon pati oswa pou tout demann kouvèti a,** nou dwe bay kouvèti medikaman òganizasyon revizyon endepandan an te apwouve a **nan espas 72 èdtan** apre nou fin resevwa desizyon an nan men òganizasyon revizyon endepandan an.
- **Si òganizasyon revizyon endepandan an di wi pou yon pati oswa pou tout demann ranbousman w lan** pou yon medikaman ou te achte deja, nou gen obligasyon pou **voye peman an ba ou nan espas 30 jou kalandriye** apre nou fin resevwa desizyon an nan men òganizasyon revizyon endepandan an.

Kisa ki ap pase si òganizasyon revizyon endepandan an di non pou apèl ou a?

Si òganizasyon revizyon endepandan an di non pou yon pati oswa pou tout apèl ou a, sa vle di li dakò ak desizyon nou pran pou pa apwouve demann ou an (oswa yon pati nan demann ou an). (Yo rele sa **kenbe desizyon an oswa rejte apèl ou a.**) Nan ka sa a, òganizasyon revizyon endepandan an ap voye yon lèt ba ou:

- Ki eksplike desizyon li pran an.
- Li fè w konnen dwa ou genyen pou w fè yon apèl Nivo 3, si valè lajan pou kouvèti medikaman w ap mande a satisfè yon sèten minimòm. Si valè lajan kouvèti medikaman w ap mande a twò ba, ou pa kapab fè yon lòt apèl e desizyon nan Nivo 2 a se yon desizyon final.
- Ki di w valè lajan ki dwe nan diskisyon pou kontinye ak pwosesis pou apèl yo.

Chapit 9: Si w gen yon pwoblèm oswa plent (desizyon sou kouvèti, apèl, plent)**Etap 4: Si ka w la respekte egzijans yo, ou chwazi si w vle kontinye apèl ou a.**

- Gen 3 lòt nivo nan pwosesis pou apèl yo apre Nivo 2 a (ki fè yon total 5 nivo apèl). Si w vle ale nan yon apèl Nivo 3, w ap jwenn detay sou fason pou fè sa nan avi alekri ou resevwa apre desizyon sou apèl Nivo 2 ou a.
- Se yon Jij Dwa Administratif oswa yon avoka abit ki jere yon apèl Nivo 3. **Seksyon 10** la pale plis sou pwosesis pou apèl Nivo 3, 4, ak 5 yo.

SEKSYON 8 Fason pou mande nou kouvri yon sejou nan lopital pou pasyan ki entènè ki pi long, si w panse y ap egzeyate w twò bonè

Lè yo admèt ou nan yon lopital, ou gen dwa pou w resevwa tout sèvis nan lopital ou genyen ki kouvri yo epi ki nesèsè pou fè dyagnostik ak trete maladi w la oswa blesi w la.

Pandan sejou w nan lopital la ki kouvri a, doktè w ak manm pèsònèl lopital la ap travay avèk ou pou prepare w pou jou w ap kite lopital la. Y ap ede fè aranjman pou swen ou ka bezwen apre ou fin kite lopital la.

- Yo rele jou ou kite lopital la **dat egzeyat** ou a.
- Lè yo deside dat egzeyat ou a, doktè w la oswa pèsònèl lopital la ap di w sa.
- Si w panse yo mande w kite lopital la twò bonè, ou ka mande pou yo pwolonje sejou nan lopital ou a, epi yo ap konsidere demann ou an.

Seksyon 8.1 Pandan sejou nan lopital pou pasyan ki entènè a, w ap resevwa yon avi alekri nan men Medicare ki fè w konnen dwa w yo

Nan espas 2 jou kalandriye apre w fin entènè lopital, w ap resevwa yon avi alekri ki rele *Yon Mesaj Enpòtan Medicare Veye Konsènan Dwa w Genyen yo*. Tout moun ki gen Medicare resevwa yon kopi avi sa a.

Si w pa resevwa avi a nan men yon moun nan lopital la (pa egzanp, yon travayè sosyal oswa yon enfimyè), mande nenpòt anplwaye lopital la pou ba ou li. Si w bezwen èd, rele Sèvis Manm yo nan (833) 671-0440 (Itilizatè TTY yo rele 711) oswa 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227) (Itilizatè TTY yo rele 1-877-486-2048).

1. Pran san w pou li avi sa a epi poze kesyon si w pa konprann li. Li di w:

- Ou gen dwa pou w resevwa sèvis Medicare kouvri yo pandan epi apre sejou nan lopital ou a, jan doktè w te rekòmande sa. Sa gen ladann dwa pou konnen ki sa sèvis sa yo ye, ki moun k ap peye pou yo, epi ki kote ou ka jwenn yo.
- Dwa w genyen pou patisipe nan nenpòt desizyon konsènan sejou nan lopital ou.
- Ki kote pou siyale nenpòt enkyetid ou genyen konsènan kalite swen lopital ou a.
- Dwa w genyen pou **mande yon verifikasyon san pèdi tan** konsènan desizyon pou ba w egzeyat si w panse y ap ba w egzeyat nan lopital la twò bonè. Sa a se yon fason fòmèl, legal pou mande yon reta nan dat egzeyat ou a, pou nou ka kouvri swen lopital ou a pou yon tan ki pi long.

2. Y ap mande w siyen avi alekri a pou montre w te resevwa li epi w konprann dwa ou genyen yo.

- Y ap mande w oswa yon moun k ap aji nan non w pou siyen avi a.
- Siyen avi a, **sèlman** montre ou te resevwa enfòmasyon sou dwa ou genyen yo. Avi a pa bay dat egzeyat ou a. Lefètke w siyen avi a, **sa pa vle di** ou dakò ak dat egzeyat yo deside ba w la.

3. Kenbe kopi avi a, pou w kapab gen enfòmasyon sou fason pou w fè yon apèl (oswa siyale yon enkyetid konsènan kalite swen an) si w bezwen li.

Chapit 9: Si w gen yon pwoblèm oswa plent (desizyon sou kouvèti, apèl, plent)

- Si w siyen avi a plis pase 2 jou kalandriye anvan dat egzeyat ou a, w ap jwenn yon lòt kopi anvan yo pwograme pou ba w egzeyat la.
- Pou gade yon kopi nan avi sa a davans, rele Sèvis Manm yo nan (833) 671-0440 (Itilizatè TTY yo rele 711) oswa 1-800 MEDICARE (1-800-633-4227). Itilizatè TTY yo rele 1-877-486-2048. Epitou, ou kapab jwenn avi a anliy nan www.CMS.gov/medicare/forms-notice/beneficiary-notice-initiative/ffs-mail.

Seksyon 8.2 Fason pou fè yon apèl Nivo 1 pou chanje dat yo ap ba w dat egzeyat nan lopital la

Pou mande nou kouvri sèvis nan lopital pou pasyan ki entèn pou pi lontan, itilize pwosesis pou apèl la pou fè demann sa a. Anvan w kòmanse, ou dwe konprann sa w bezwen fè a epi ki dat limit yo.

- **Suiv pwosesis la.**
- **Respekte dat limit yo.**
- **Mande èd si w bezwen èd.** Si w gen kesyon oswa ou bezwen èd, rele Sèvis Manm yo nan (833) 671-0440 (Itilizatè TTY yo rele 711). Oswa rele Pwogram Asistans Asirans Sante nan Eta kote w ye a (State Health Insurance Assistance Program, SHIP), pou jwenn èd pèsonalize. Enfòmasyon pou kontakte SHIP disponib nan Chapit 2, Seksyon 3.

Pandan yon apèl Nivo 1, Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite a verifye apèl ou a. Li verifye pou wè si dat yo planifye pou ba w dat egzeyat la apwopriye pou ou nan domèn medikal.

Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite a se yon gwoup doktè ak lòt founisè gouvènman federal la peye pou verifye epi pou ede yo amelyore kalite swen pou moun ki gen Medicare yo. Ladan, gen verifye dat egzeyat lopital pou moun ki gen Medicare yo. Ekspè sa yo pa fè pati plan nou an.

Etap 1: Kontakte Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite nan Eta w la epi mande yon verifikasyon san pèdi tan pou egzeyat lopital ou a. Ou dwe aji vit.

Kijan ou kapab kontakte òganizasyon sa a?

- Avi alekri ou te resevwa a (*Yon Mesaj Enpòtan Medicare Voye Konsènan Dwa w Genyen yo*) di w kijan pou kontakte òganizasyon sa a. Oswa jwenn non, adrès ak nimewo telefòn Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite nan Eta kote w ye a nan Chapit 2 a.

Aji rapid:

- Pou fè apèl ou a, ou dwe kontakte Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite a **anvan** ou kite lopital la epi **pa pita pase minwi nan jou egzeyat ou a.**
 - **Si w respekte dat limit sa a,** ou ka rete lopital la **apre** dat egzeyat ou a **san w pa peye pou li** pandan w ap tann desizyon an nan men Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite a.
 - **Si ou pa respekte dat limit sa a, kontakte nou.** Si w deside rete nan lopital la apre dat egzeyat yo te planifye pou ou a, *ou ka oblije peye tout frè* pou swen lopital ou te resevwa apre dat yo te planifye pou ba w egzeyat la.

Yon fwa ou fin mande yon verifikasyon imedya sou egzeyat lopital ou a, Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite a ap kontakte nou. A midi nan jou apre yo fin kontakte nou an, nou pral ba ou yon **Avi Detaye pou Egzeyat la**. Avi sa a bay dat egzeyat yo planifye pou ou a, epi li eksplike an detay rezon ki fè doktè w la, lopital la, epi nou menm, panse li bon (apwopriye nan domèn medikal) pou w resevwa egzeyat nan dat sa a.

Chapit 9: Si w gen yon pwoblèm oswa plent (desizyon sou kouvèti, apèl, plent)

Ou kapab resevwa yon echantiyon nan **Avi Detaye pou Egzeyat la**, lè w rele Sèvis Manm yo nan (833) 671-0440 (Itilizatè TTY yo rele 711) oswa 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227). (Itilizatè TTY yo rele 1-877-486-2048). Oswa w ka jwenn yon echantiyon avi a anliy sou www.CMS.gov/medicare/forms-notices/beneficiary-notices-initiative/ffs-ma-im.

Etap 2: Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite a fè yon verifikasyon endepandan sou dosye w la.

- Pwofesyonèl sante nan Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite a (moun ki ap fè verifikasyon yo) ap mande w (oswa reprezantan w lan), poukisa w kwè kouvèti pou sèvis yo dwe kontinye. Ou pa bezwen prepare anyen alekri, men ou kapab fè sa si w vle.
- Epitou, moun ki ap fè verifikasyon yo ap verifye enfòmasyon medikal ou, pale ak medsen w, epi verifye enfòmasyon nou menm ak lopital la te ba yo a.
- A midi nan jou apre evalyatè yo te mete nou okouran konsènan apèl ou a, n ap voye ba ou yon avi alekri ki bay dat egzeyat ou genyen ki te planifye a. Epitou, avi sa a eksplike an detay rezon ki fè doktè w, lopital la, ak nou menm panse li bon (apwopriye nan domèn medikal) pou w jwenn egzeyat nan dat sa a.

Etap 3: Nan jou konplè apre Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite a fin jwenn tout enfòmasyon ki nesèsè yo, li ap ba w repons pou apèl ou a.

Kisa ki ap pase si repons lan se wi?

- Si òganizasyon revizyon endepandan an di wi, **nou dwe kontinye ba w sèvis nan lopital pou pasyan ki entènè ou genyen ki kouvri yo, toutotan sèvis sa yo nesèsè pou rezon medikal.**
- W ap oblije kontinye peye pataj frè ou yo (tankou franchiz oswa kopeman, si yo aplikab). Anplis, ka gen limit sou sèvis nan lopital ou genyen ki kouvri yo.

Kisa ki ap pase si repons lan se non?

- Si òganizasyon revizyon endepandan an di non, li vle di dat egzeyat ou genyen ki te planifye a apwopriye pou rezon medikal. Si sa rive, **kouvèti nou bay pou sèvis nan lopital pou pasyan ki entènè ou genyen yo ap kanpe** a midi nan jou **apre** Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite a ba ou repons li konsènan apèl ou a.
- Si òganizasyon revizyon endepandan an di non pou apèl ou a epi w deside rete lopital la, **ou kapab oblije peye tout frè** pou swen lopital ou resevwa apre midi nan jou apre Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite a te ba w repons li pou apèl ou a.

Etap 4: Si repons pou apèl Nivo 1 ou a se non, ou deside si w vle fè yon lòt apèl.

- Si Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite a te di non pou apèl ou a, **epi** w rete nan lopital la apre dat ki planifye pou ba w egzeyat la, ou kapab fè yon lòt apèl. Lè w fè yon lòt apèl, sa vle di ou prale nan Nivo 2 pwosesis pou apèl yo.

Seksyon 8.3 Fason pou fè yon apèl Nivo 2 pou chanje dat yo ap ba w dat egzeyat nan lopital la

Pandan yon apèl Nivo 2, ou mande Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite a regade desizyon an pou premye apèl ou a. Si Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite a rejte apèl Nivo 2 w la, ou ka oblije peye tout frè pou sejour ou fè apre dat egzeyat ou genyen ki te planifye a.

Chapit 9: Si w gen yon pwoblèm oswa plent (desizyon sou kouvèti, apèl, plent)

Etap 1: Kontakte Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite a ankò epi mande yon lòt verifikasyon.

- Ou dwe mande verifikasyon sa a **nan espas 60 jou kalandriye** apre jou Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite a te di non pou apèl Nivo 1 w lan. Ou kapab mande verifikasyon sa a sèlman si w te rete lopital la apre dat kouvèti pou swen an te fini an.

Etap 2: Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite a fè yon dezyèm verifikasyon sou sitiasyon w lan.

- Moun ki fè verifikasyon nan Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite yo ap byen gade tout enfòmasyon ki gen rapò ak apèl ou a ankò.

Etap 3: Nan espas 14 jou kalandriye apre yo fin resevwa demann pou apèl Nivo 2 ou a, moun ki ap fè verifikasyon yo ap deside sou apèl ou a epi y ap di w desizyon yo pran.***Si òganizasyon revizyon endepandan an di wi:***

- **Nou dwe ranbouse w** pataj frè nou dwe bay pou swen lopital ou te resevwa a, depi a midi nan jou apre dat Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite a te rejte premye apèl ou a. **Nou dwe kontinye bay pwoteskyon pou swen lopital pou pasyan ki entène ou a, toutotan li nesèsè pou rezon medikal.**
- Ou dwe kontinye peye pataj frè ou yo, epi kapab gen limit sou kouvèti an.

Si òganizasyon revizyon endepandan an di non:

- Sa vle di yo dakò ak desizyon yo te pran nan apèl Nivo 1 ou an.
- Avi ou resevwa a ap di w alekri kisa w ka fè si w vle kontinye pwosesis verifikasyon an.

Etap 4: Si repons lan se non, w ap dwe deside si w vle kontinye apèl ou a pou pi lwen, lè w ale nan Nivo 3.

- Gen 3 lòt nivo nan pwosesis pou apèl yo apre Nivo 2 a (ki fè yon total 5 nivo apèl). Si w vle ale nan yon apèl Nivo 3, w ap jwenn detay sou fason pou fè sa nan avi alekri ou resevwa apre desizyon sou apèl Nivo 2 ou a.
- Se yon Jij Dwa Administratif oswa yon avoka abit ki jere yon apèl Nivo 3. **Seksyon 10** nan chapit sa a bay plis enfòmasyon sou Nivo 3, 4, ak 5 pwosesis pou apèl yo.

SEKSYON 9 Fason pou mande nou kontinye kouvri kèk sèvis medikal, si w panse kouvèti ou an ap kanpe twò bonè

Lè w ap resevwa sèvis ki kouvri yo, tankou **sèvis sante adomisil, swen enfimye espesyalize, oswa swen pou reyabilitasyon (Etablisman Reyabilitasyon Konplè pou Pasyan ki pa Entène)**, ou gen dwa pou kontinye resevwa sèvis pou kalite swen sa a toutotan swen an nesèsè pou kesyon dyagnostik ak tretman maladi oswa blesi w la.

Lè nou deside li lè pou sispann kouvri nenpòt nan 3 kalite swen ou yo, nou gen obligasyon pou n di w sa alavans. Lè kouvèti w la pou swen sa a fini, *n ap sispann peye pou swen w lan.*

Si w panse n ap kanpe kouvèti pou swen w lan twò bonè, **ou kapab fè apèl kont desizyon nou an.** Seksyon sa a di w fason pou w fè yon apèl.

Chapit 9: Si w gen yon pwoblèm oswa plent (desizyon sou kouvèti, apèl, plent)**Seksyon 9.1 Nou pral fè w konnen alavans kilè kouvèti asirans ou an ap kanpe****Tèm Jiridik:**

Avi sou Sa Medicare pa Kouvri. Li di w fason ou kapab mande pou yon **apèl akselere**. Mande yon apèl akselere se yon fason fòmèl, legal pou mande yon chanjman nan desizyon sou kouvèti nou an konsènan lè pou kanpe swen w lan.

- 1. W ap resevwa yon avi alekri** nan omwen 2 jou sivil anvan plan nou an sispann kouvri swen w lan. Avi a di ou:
 - Dat n ap sispann kouvri swen an pou ou.
 - Fason pou mande yon apèl rapid pou mande nou kontinye kouvri swen w pou yon peryòd tan ki pi long.
- 2. Y ap mande ou menm, oswa yon moun k ap aji nan non w, siyen avi alekri a pou montre ou te resevwa li.** Siyen avi a, montre *sèlman* ou te resevwa enfòmasyon konsènan lè kouvèti w la ap kanpe a. **Lefètke w siyen li, sa pa vle di ou dakò** ak desizyon plan nou an pran pou sispann swen w lan.

Seksyon 9.2 Fason pou fè yon apèl Nivo 1 pou plan nou an kouvri swen w yo pou yon tan ki pi long

Si w vle mande nou kouvri swen w ap resevwa a pou yon peryòd tan ki pi long, w ap bezwen itilize pwosesis pou apèl yo pou fè demann sa a. Anvan w kòmanse, ou dwe konprann sa w bezwen fè a epi ki dat limit yo.

- **Suiv pwosesis la.**
- **Respekte dat limit yo.**
- **Mande èd si w bezwen èd.** Si w gen kesyon oswa ou bezwen èd, rele Sèvis Manm yo nan (833) 671-0440 (Itilizatè TTY yo rele 711). Oswa rele Pwogram Asistans Asirans Sante nan Eta kote w ye a (State Health Insurance Assistance Program, SHIP) pou jwenn èd pèsonalize. Enfòmasyon pou kontakte SHIP disponib nan Chapit 2, Seksyon 3.

Pandan yon apèl Nivo 1, Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite a verifye apèl ou a. Li decide si dat finisman swen w lan apwopriye pou rezon medikal.

Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite a se yon gwoup doktè ak lòt ekspè nan swen sante gouvènman federal la peye pou verifye epi pou ede yo amelyore kalite swen pou moun ki gen Medicare yo. Ladan, gen verifye desizyon plan yo konsènan lè se moman pou sispann kouvri kèk kalite swen medikal. Ekspè sa yo pa fè pati plan nou an.

Etap 1: Fè apèl Nivo 1 ou a: kontakte Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite a epi mande yon apèl rapid. Ou dwe aji vit.

Kijan ou kapab kontakte òganizasyon sa a?

- Avi alekri ou te resevwa a (*Avi sou Sa Medicare pa Kouvri*) di w kijan pou kontakte òganizasyon sa a. Oswa jwenn non, adrès ak nimewo telefòn Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite nan Eta kote w ye a nan Chapit 2 a.

Aji rapid:

Chapit 9: Si w gen yon pwoblèm oswa plent (desizyon sou kouvèti, apèl, plent)

- Ou dwe kontakte Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite a pou kòmanse apèl ou a **anvan midi nan jou anvan dat antre an vigè** ki ekri sou Avi sou Sèvis Medicare pa Kouvri yo.
- Si w rate dat limit la, epi w vle soumèt yon apèl, ou toujou gen dwa pou fè apèl. Kontakte Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite a.

Etap 2: Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite a fè yon verifikasyon endepandan sou dosye w la.**Tèm Jiridik:**

Eksplikasyon Detaye sou Sèvis ki pa Kouvri. Avi ki bay detay sou rezon ki fè nou kanpe kouvèti a.

Kisa ki ap pase pandan verifikasyon sa a?

- Pwofesyonèl sante nan Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite a (“evalyatè yo”) ap mande w (oswa ap mande reprezantan w lan), poukisa w kwè pwoteksyon pou sèvis yo ta dwe kontinye. Ou pa bezwen prepare anyen alekri, men ou kapab fè sa si w vle.
- Epitou, òganizasyon revizyon endepandan an ap gade enfòmasyon medikal ou yo, pale avèk doktè w la, epi verifye tout enfòmasyon plan nou an te ba li yo.
- Anvan fen jounen kote moun ki fè revizyon yo ap fè nou konn apèl ou a, w ap resevwa **Eksplikasyon Detaye sou Absans-Kouvèti a** nan men nou ki eksplike an detay rezon ki fè nou kanpe kouvèti nou an pou sèvis ou yo.

Etap 3: Nan espas yon jounen konplè apre moun ki ap fè verifikasyon yo fin gen tout enfòmasyon yo bezwen; moun ki ap fè revizyon yo ap di w ki desizyon l.**Kisa ki ap pase si moun ki ap fè verifikasyon yo di wi?**

- Si moun ki ap fè verifikasyon yo di *wi* pou apèl ou a, donk, **nou dwe kontinye ba w sèvis ki kouvri yo toutotan yo nesèsè pou rezon medikal.**
- W ap oblije kontinye peye pataj frè ou yo (tankou franchiz oswa kopeman si yo aplikab). Ka gen limit sou sèvis ki kouvri yo .

Kisa k ap pase si moun ki ap fè verifikasyon yo di non?

- Si moun ki ap fè verifikasyon yo di *non*, donk, **kouvèti w la ap kanpe nan dat nou te di w la.**
- Si w deside kontinye resevwa swen sante adomisil, swen nan etablisman espesyalize, oswa sèvis nan Etablisman Reyabilitasyon Konplè pou Pasyan ki pa Entènè (Comprehensive Outpatient Rehabilitation Facility, CORF) **apre** dat nou te di kouvèti w la ap kanpe a, **w ap oblije peye tout frè** swen sa a poukont ou.

Etap 4: Si repons pou apèl Nivo 1 ou a se non, ou deside si w vle fè yon lòt apèl.

- Si moun ki ap fè verifikasyon yo di non pou apèl Nivo 1 ou a epi ou chwazi kontinye resevwa swen apre kouvèti swen w lan fini, donk, ou kapab fè yon Apèl Nivo 2.

Seksyon 9.3 Fason pou fè yon apèl Nivo 2 pou plan nou an kouvri swen w yo pou yon tan ki pi long

Pandan yon apèl Nivo 2, ou mande Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite a regade desizyon an pou premye apèl ou a. Si Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite an rejte apèl Nivo 2 ou a, ou ka oblije peye tout frè pou

Chapit 9: Si w gen yon pwoblèm oswa plent (desizyon sou kouvèti, apèl, plent)

swen sante adomasil, oswa swen nan yon etablisman espesyalize, oswa sèvis nan Etablisman Reyadaptasyon Konplè pou Pasyan Ki Pa Entèn (CORF) **apre** dat nou te di kouvèti ou a kanpe a.

Etap 1: Kontakte Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite a ankò epi mande yon lòt verifikasyon.

- Ou dwe mande verifikasyon sa a **nan espas 60 jou sivil** apre jou Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite a te di non pou apèl Nivo 1 ou a. Ou kapab mande verifikasyon sa a sèlman si w te kontinye resevwa swen apre dat kouvèti pou swen an te fini.

Etap 2: Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite a fè yon dezyèm verifikasyon sou sitiyasyon w lan.

- Moun ki fè verifikasyon nan Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite yo ap byen gade tout enfòmasyon ki gen rapò ak apèl ou a ankò.

Etap 3: Nan espas 14 jou kalandriye apre yo fin resevwa demann apèl ou a, moun ki ap fè verifikasyon yo ap deside sou apèl ou a epi y ap di w desizyon yo pran.

Kisa ki ap pase si òganizasyon revizyon endepandan an di wi?

- **Nou dwe ranbouse w** pou pataj frè nou an nan depans pou swen ou te resevwa depi dat nou te di kouvèti w la ap kanpe a. **Nou dwe kontinye bay kouvèti** pou swen an toutotan li nesèsè pou rezon medikal.
- Ou dwe peye pati nan frè ou dwe bay yo epi ka genyen limit kouvèti ki aplike.

Kisa ki ap pase si òganizasyon revizyon endepandan an di non?

- Sa vle di yo dakò ak desizyon yo pran nan apèl Nivo 1 ou an.
- Avi ou resevwa a ap di w alekri kisa w ka fè si w vle kontinye pwosesis verifikasyon an. L ap ba w detay sou fason pou ale nan pwochen nivo apèl la, kote se yon Jij Dwa Administratif oswa yon avoka abit ki pral jere l.

Etap 4: Si repons lan se non, w ap bezwen deside si w vle kontinye apèl ou a pou pi lwen.

- Gen 3 nivo apèl adisyonèl apre Nivo 2 a, ki fè yon total 5 nivo apèl. Si w vle ale nan yon apèl Nivo 3, w ap jwenn detay sou fason pou fè sa nan avi alekri ou resevwa apre desizyon sou apèl Nivo 2 ou a.
- Se yon Jij Dwa Administratif oswa yon avoka abit ki jere yon apèl Nivo 3. **Seksyon 10** nan chapit sa a bay plis enfòmasyon sou pwosesis pou apèl Nivo 3, 4, ak 5 yo.

SEKSYON 10 Mennen apèl ou a nan Nivo 3, 4 ak 5

Seksyon 10.1 Apèl Nivo 3, 4 ak 5 pou Demann Sèvis Medikal yo

Seksyon sa a ka apwopriye pou ou si w te fè yon apèl Nivo 1 ak yon apèl Nivo 2, e yo te rejte toude apèl ou yo.

Si valè lajan pou atik oswa sèvis medikal ou te fè apèl pou yo a respekte kèk nivo minimòm, ou kapab anmezi pou ale nan yon lòt nivo apèl. Si valè lajan an mwens pase nivo minimòm nan, ou pa kapab fè lòt apèl ankò. Repons alekri ou resevwa pou apèl Nivo 2 ou a ap eksplike kijan pou w fè yon apèl Nivo 3.

Pou pifò sitiyasyon ki enplike apèl yo, 3 dènye nivo apèl yo fonksyone menm jan an ak 2 premye nivo yo. Men ki moun ki jere verifikasyon apèl ou a nan chak nivo sa yo.

Apèl nivo 3

Chapit 9: Si w gen yon pwoblèm oswa plent (desizyon sou kouvéti, apèl, plent)

Yon **Jij Dwa Administratif** oswa yon avoka abit ki ap travay pou gouvènman federal la ap verifye apèl ou a epi ba w yon repons.

- **Si Jij Dwa Administratif oswa avoka abit la di wi pou apèl ou a, pwosesis pou apèl la kapab oswa kapab pa fini.** Kontrèman ak yon desizyon nan apèl Nivo 2 a, nou gen dwa pou fè apèl kont yon desizyon Nivo 3 ki an favè w. Si nou decide fè apèl, li prale nan yon apèl Nivo 4.
 - Si nou decide *pa* fè apèl, nou dwe otorize oswa ba w swen medikal la nan espas 60 jou kalandriye apre nou fin resevwa desizyon Jij Dwa Administratif oswa avoka abit la.
 - Si nou decide fè apèl kont desizyon an, nou ap voye yon kopi demann apèl Nivo 4 la ba ou ansanm ak nenpòt dokiman ki akonpaye li. Nou kapab ret tann desizyon pou apèl Nivo 4 la, anvan nou otorize oswa bay swen medikal ki nan diskisyon an.
- **Si Jij Dwa Administratif la oswa avoka abit la di non pou apèl ou a, pwosesis pou apèl la kapab fini oswa kapab pa fini.**
 - Si w decide aksepte desizyon sa a ki rejte apèl ou a, pwosesis pou apèl yo ap fini.
 - Si w pa vle aksepte desizyon an, ou kapab kontinye nan pwochen nivo pwosesis verifikasyon an. Avi ou resevwa a ap di w sa pou w fè pou yon apèl Nivo 4.

Apèl nivo 4

Se **Konsèy Apèl Medicare** la (Konsèy) ki ap verifye apèl ou a epi ba w yon repons. Konsèy la fè pati gouvènman federal la.

- **Si repons lan se wi, oswa si Konsèy la refize demann nou fè pou verifye yon desizyon sou apèl Nivo 3 ki favorab, pwosesis pou apèl la kapab oswa kapab pa fini.** Kontrèman ak yon desizyon nan Nivo 2 a, nou gen dwa pou fè yon apèl kont yon desizyon Nivo 4 ki an favè w. Nou ap decide si nou ap fè apèl kont desizyon sa a nan Nivo 5.
 - Si nou decide *pa* fè apèl kont desizyon an, nou dwe otorize oswa ba w swen medikal la nan espas 60 jou kalandriye apre nou fin resevwa desizyon Konsèy la.
 - Si nou decide fè apèl kont desizyon an, n ap fè w konn sa alekri.
- **Si repons lan se non oswa si Konsèy la refize demann revizyon an, pwosesis pou apèl la kapab fini oswa kapab pa fini.**
 - Si w decide aksepte desizyon sa a ki rejte apèl ou a, pwosesis pou apèl la ap fini.
 - Si w pa vle aksepte desizyon an, ou kapab anmezi pou kontinye nan pwochen nivo pwosesis verifikasyon an. Si Konsèy la di non pou apèl ou a, avi w ap resevwa a ap di w si règ yo pèmèt ou ale nan yon apèl Nivo 5 epi fason pou kontinye nan yon apèl Nivo 5.

Apèl nivo 5

Yon jij ki nan **Tribinal Distri Federal** la ap verifye apèl ou a.

- Yon jij ap verifye tout enfòmasyon yo epi li ap decide *wi* oswa *non* pou demann ou an. Sa a se yon repons final. Pa gen plis nivo apèl apre Tribinal Distri Federal la.

Seksyon 10.2 Lòt apèl Medicaid yo

Epitou, ou gen lòt dwa pou fè apèl si apèl ou a konsène sèvis oswa atik Medicaid abitye kouvri yo. Lèt ou resevwa nan men biwo Odyans San Patipri a ap di w sa pou w fè si w vle kontinye pwosesis pou apèl la.

Chapit 9: Si w gen yon pwoblèm oswa plent (desizyon sou kouvéti, apèl, plent)**Seksyon 10.3 Apèl Nivo 3, 4 ak 5 pou Demann Medikaman Pati D**

Seksyon sa a ka apwopriye pou ou si w te fè yon apèl Nivo 1 ak yon apèl Nivo 2, e yo te rejte toude apèl ou yo.

Si valè pou medikaman ou te fè apèl pou li a respekte yon sèten kantite lajan, ou kapab anmezi pou ale nan yon lòt nivo apèl. Si montan lajan an pi piti, ou pa kapab fè lòt apèl. Repons alekri ou resevwa pou apèl Nivo 2 ou a ap eksplike ki moun pou kontakte epi sa pou fè pou mande pou yon apèl Nivo 3.

Pou pifò sitiyasyon ki enplike apèl yo, 3 dènye nivo apèl yo fonksyone menm jan an ak 2 premye nivo yo. Men ki moun ki jere verifikasyon apèl ou a nan chak nivo sa yo.

Apèl nivo 3

Yon Jij Dwa Administratif oswa yon avoka abit ki ap travay pou gouvènman federal la ap verifye apèl ou a epi ba w yon repons.

- **Si repons lan se wi, pwosesis pou apèl yo fini.** Nou dwe **otorize oswa bay kouvéti medikaman Jij Dwa Administratif la oswa avoka abit la** te apwouve a **nan espas 72 èdtan (24 èdtan pou apèl rapid yo) oswa fè pèman pa pita pase 30 jou kalandriye** apre nou resevwa desizyon an.
- **Si Jij Dwa Administratif la oswa avoka abit la di non pou apèl ou a, pwosesis pou apèl la kapab fini oswa kapab pa fini.**
 - Si w deside aksepte desizyon sa a ki rejte apèl ou a, pwosesis pou apèl la ap fini.
 - Si w pa vle aksepte desizyon an, ou kapab kontinye nan pwochen nivo pwosesis verifikasyon an. Avi ou resevwa a ap di w sa pou w fè pou yon apèl Nivo 4.

Apèl nivo 4

Se **Konsèy Apèl Medicare** la (Konsèy) ki ap verifye apèl ou a epi ba w yon repons. Konsèy la fè pati gouvènman federal la.

- **Si repons lan se wi, pwosesis pou apèl yo fini.** Nou dwe **otorize oswa bay kouvéti medikaman Konsèy** la te apwouve a **nan espas 72 èdtan (24 èdtan pou apèl akselere yo) oswa fè pèman an pou pita nan 30 jou kalandriye** apre nou fin resevwa desizyon an.
- **Si repons lan se non oswa si Konsèy la refize demann revizyon an, pwosesis pou apèl la kapab fini oswa kapab pa fini.**
 - Si w deside aksepte desizyon sa a ki rejte apèl ou a, pwosesis pou apèl yo ap fini.
 - Si w pa vle aksepte desizyon an, ou kapab anmezi pou kontinye nan pwochen nivo pwosesis verifikasyon an. Si Konsèy la di non pou apèl ou a, avi w ap resevwa a ap di w si règ yo pèmèt ou ale nan yon apèl Nivo 5 epi fason pou kontinye nan yon apèl Nivo 5.

Apèl nivo 5

Yon jij ki nan **Tribinal Distri Federal** la ap verifye apèl ou a.

- Yon jij ap verifye tout enfòmasyon yo epi l ap deside wi oswa non pou demann ou an. Sa a se yon repons final. Pa gen plis nivo apèl apre Tribinal Distri Federal la.

Chapit 9: Si w gen yon pwoblèm oswa plent (desizyon sou kouvèti, apèl, plent)**Depoze plent****SEKSYON 11 Fason pou fè yon plent konsènan kalite swen, tan datant, sèvis kliyantèl, oswa lòt enkyetid****Seksyon 11.1 Ki kalite pwoblèm pwosesis plent la trete**

Yo itilize pwosesis plent lan *sèlman* pou kèk kalite pwoblèm. Ladan gen pwoblèm konsènan kalite swen an, tan datant yo, ak sèvis kliyantèl la. Men kèk egzanp konsènan kalite pwoblèm yo trete nan pwosesis plent lan.

Plent	Egzanp
Kalite swen medikal ou a	<ul style="list-style-type: none"> Èske w pa kontan pou kalite swen ou te resevwa a (san wete swen lopital la)?
Respè pou vi prive w	<ul style="list-style-type: none"> Èske gen yon moun ki pa t respekte dwa pou w gen vi prive w oswa pataje enfòmasyon konfidansyèl ou yo?
Mank respè, sèvis kliyantèl ki pa bon ditou, oswa lòt konpòtman negatif	<ul style="list-style-type: none"> Èske gen yon moun ki te fè maledve avè w oswa ki te derespekte w? Èske w pa satisfè ak Sèvis manm nou yo? Èske w santi yo ap ankouraje w pou w kite plan nou an?
Tan datant yo	<ul style="list-style-type: none"> Èske w gen difikilte pou w jwenn yon randevou, oswa w ap tann twò lontan pou w jwenn li? Èske doktè yo, famasyen yo oswa lòt founisèsante yo te fè w ap tann pandan twò lontan? Oswa se te Sèvis Manm nou yo oswa lòt pèsònèl nan plan an ki te lakòz pwoblèm nan? <ul style="list-style-type: none"> Egzanp yo se tann twò lontan nan telefòn, nan sal datant lan oswa nan sal egzamen an, oswa pran yon preskripsyon.
Pwòpte	<ul style="list-style-type: none"> Èske w pa satisfè ak jan yon klinik, yon lopital, oswa klinik doktè a pwòp la oswa jan kondisyon li ye a?
Enfòmasyon ou jwenn nan men nou	<ul style="list-style-type: none"> Èske nou pa t rive ba ou yon avi obligatwa? Èske enfòmasyon alekri nou yo difisil pou w konprann?
Rapidite (Kalite plent sa yo gen rapò ak rapidite aksyon nou yo ki lye ak desizyon kouvèti a ak apèl la)	<p>Si w te mande pou yon desizyon sou kouvèti oswa si w te fè yon apèl epi ou panse nou pa reponn ou ase vit, ou ka pote plent konsènan jan nou lan an. Men kèk egzanp:</p> <ul style="list-style-type: none"> Ou te mande nou yon <i>desizyon rapid sou kouvèti</i> oswa yon <i>apèl rapid</i>, epi nou te di non; ou kapab depoze yon plent. Ou kwè nou pa respekte dat limit desizyon sou kouvèti yo oswa pou apèl yo; ou ka pote plent. Ou kwè nou pa respekte dat limit pou kouvri oswa ranbouse w pou kèk atik oswa sèvis medikal oswa medikaman ki te apwouve; ou ka pote plent.

Chapit 9: Si w gen yon pwoblèm oswa plent (desizyon sou kouvèti, apèl, plent)

Plent	Egzanp
	<ul style="list-style-type: none"> • Ou kwè nou pa respekte dat limit obligatwa pou voye dosye w la bay òganizasyon verifikasyon endepandan an; ou ka pote plent.

Seksyon 11.2 Fason pou fè yon plent**Tèm Jiridik:**

Epitou, yo rele yon **plent** yon **doleyans**.

Depoze yon plent rele **depoze yon doleyans**.

Itilize pwosesis plent yo rele **itilize pwosesis pou depoze yon doleyans**.

Yo rele yon **plent rapid** yon **doleyans akselere**.

Etap 1: Kontakte nou san pèdi tan – swa pa telefòn oswa alekri.

- **An jeneral, rele Sèvis Manm yo nan (833) 671-0440** (Itilizatè TTY yo rele **711**) **se premye etap la**. Si gen nenpòt lòt bagay ou dwe fè, Sèvis Manm yo ap fè w konnen.
- **Si w pa vle rele (oswa si w te rele epi w pa t satisfè), ou kapab mete plent ou an alekri epi voye li ban nou**. Si w mete plent ou an alekri, n ap reponn plent ou an alekri tou.
- N ap eseye rezoud plent ou an nan telefòn. Si w mande yon repons alekri, depoze yon doleyans alekri, oswa si plent ou an gen rapò ak kalite swen an, n ap reponn ou alekri. Si nou pa kapab rezoud plent ou an nan telefòn, nou genyen yon pwosedi fòmèl pou egzamine plent ou yo. Nou rele li Pwosesis Doleyan pou Manm nou yo.
- Oumenm oswa reprezantan otorize w la gen dwa pou depoze yon doleyans akselere (rapid) chak fwa Senior Whole Health of New York NHC (HMO D-SNP) pran yon pwolongasyon pou pran yon detèminasyon òganizasyonèl oswa yon desizyon rekonsiderasyon, oswa lè nou refize yon demann pou akselere yon detèminasyon òganizasyonèl oswa yon rekonsiderasyon. (Nou pa ka pran yon pwolongasyon lè n ap pran yon desizyon sou kouvèti oswa lè n ap deside yon apèl konsène yon medikaman Pati B oswa Pati D.) Senior Whole Health of New York NHC (HMO D-SNP) ap reponn doleyans akselere sa yo nan espas (24) èdtan apre li fin resevwa yo.
- Nou dwe rezoud doleyans ou an pi vit posib selon jan eta sante w mande sa a, men pa pita pase 30 jou apre nou fin resevwa plent ou an. Nou ka pwolonje dèl a jiska 14 jou, si w mande pwolongasyon an, oswa si nou bezwen plis enfòmasyon epi si reta a bon pou ou.
- **Kit ou rele oswa ekri, ou dwe rele Sèvis Manm yo nan (833) 671-0440** (Itilizatè TTY yo rele **711**) **san pèdi tan**. Ou ka pote plent lan nenpòt ki lè apre ou fin gen pwoblèm ou vle pote plent pou li a.

Etap 2: Nou gade plent ou an epi ba ou repons nou an.

- **Si sa posib, n ap reponn ou tousuit**. Si w rele nou pou w pote yon plent, nou gendwa anmezi ba ou yon repons nan menm apèl ou fè a.

Chapit 9: Si w gen yon pwoblèm oswa plent (desizyon sou kouvèti, apèl, plent)

- **Nou reponn pifò plent yo nan espas 30 jou kalandriye.** Si nou bezwen plis enfòmasyon epi si reta a pi bon pou ou oswa si w mande plis tan, nou ka pran jiska 14 jou kalandriye anplis (44 jou kalandriye antou) pou reponn plent ou an. Si nou deside pran kèk jou anplis, n ap fè w konn sa alekri.
- **Si w ap depoze yon plent paske nou te refize demann ou fè pou yon desizyon rapid sou kouvèti oswa yon apèl rapid, nou ap ba w yon plent rapid otomatikman.** Si w gen yon plent rapid, sa vle di nou ap ba w **yon repons nan espas 24 èdtan.**
- **Si nou pa dakò** ak kèk pati oswa tout plent ou an, oswa si nou pa pran responsablite pou pwoblèm w ap pote plent pou li a, n ap ajoute rezon nou yo nan repons nou ba ou a.

Seksyon 11.3 Ou kapab pote plent konsènan kalite swen an bay Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite a tou

Lè plent ou a fèt konsènan **kalite swen an**, ou gen 2 lòt opsyon tou:

- **Ou ka pote plent ou an dirèkteman nan Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite.** Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite a se yon gwoup doktè pratikan ak lòt ekspè nan swen sante gouvènman federal la peye pou verifye epi amelyore swen yo bay pasyan Medicare yo. Chapit 2 a gen enfòmasyon pou kontakte yo.

Oswa

- **Ou ka pote plent ou bay Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite a ansanm avèk nou an menm tan.**

Seksyon 11.4 Epitou, ou ka mete Medicare ak Medicaid okouran konsènan plent ou an

Ou ka soumèt yon plent konsènan Senior Whole Health of New York NHC (HMO D-SNP) dirèkteman bay Medicare. Pou soumèt yon plent bay Medicare, ale sou www.Medicare.gov/my/medicare-complaint. Epitou, ou kapab rele 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227). Itilizatè TTY/TDD yo rele 1-877-486-2048.

Chapit 10: Kijan pou kanpe abònman w nan plan nou an**CHAPIT 10:****Kijan pou kanpe abònman w nan plan nou an****SEKSYON 1 Kijan pou kanpe abònman w nan plan nou an**

Kanpe abònman w nan Senior Whole Health of New York NHC (HMO D-SNP) kapab **volontè** (pwòp chwa pa w) oswa **envolontè** (pa pwòp chwa pa w):

- Ou kapab kite plan nou an paske w deside ou vle kite l. Seksyon 2 ak 3 a bay enfòmasyon sou fason pou w kanpe abònman w lan volontèman.
- Epitou, gen sitiyasyon limite kote nou gen obligasyon pou kanpe abònman w lan. Seksyon 5 lan di ki sitiyasyon kote nou dwe kanpe abònman w lan.

Si w ap kite plan nou an, plan nou an dwe kontinye ba w swen medikal ak medikaman sou preskripsyon ou yo, epi w ap kontinye peye pataj frè pa w la jiskaske abònman w lan kanpe.

SEKSYON 2 Kilè ou ka kanpe abònman w nan plan nou an?**Seksyon 2.1 Ou kapab anmezi pou kanpe abònman w lan akòz ou gen Medicare ak Medicaid**

- Pifò moun ki gen Medicare ka kanpe abònman yo a sèlman pandan kèk peryòd nan ane a. Paske w gen Medicaid, ou kapab kanpe abònman w nan plan nou an, pou fè sa chwazi youn nan opsyon Medicare annapre yo nan nenpòt mwa nan ane a:
 - Original Medicare *avèk* yon plan medikaman sou preskripsyon Medicare separe,
 - Original Medicare *san* yon plan medikaman sou preskripsyon Medicare separe (Si w chwazi opsyon sa a epi si w ap resevwa Èd Siplemanntè [Extra Help], Medicare kapab enskri w nan yon plan pou medikaman, sof si w refize enskripsyon otomatik la.), oswa
 - Si w elijib, nan yon D-SNP entegre ki ba w avantaj ak sèvis Medicare ou yo ak pifò oswa tout avantaj ak sèvis Medicaid ou yo nan yon sèl plan

Remak: Si w dezabone nan kouvèti medikaman Medicare la, ou p ap resevwa Èd Siplemanntè (Extra Help) ankò, epi w pase 63 jou oswa plis youn dèyè lòt san kouvèti ki kredib pou medikaman, ou kapab oblije peye yon penalite pou enskripsyon an reta nan Pati D, si w antre nan yon plan medikaman Medicare annapre.

- Rele Biwo Eta Medicaid ou a nan (833) 671-0440 pou jwenn enfòmasyon sou opsyon plan Medicaid ou yo.
- Gen lòt opsyon pou plan sante Medicare ki disponib pandan **Peryòd Enskripsyon Lib la**. Seksyon 2.2 a ba w plis enfòmasyon sou Peryòd Enskripsyon Lib la.
- **Anjeneral, abònman w lan ap kanpe nan premye jou nan mwa apre nou resevwa demann ou fè pou chanje plan w yo.** Epitou, enskripsyon w nan nouvo plan w lan ap kòmanse jou sa a.

Chapit 10: Kijan pou kanpe abònman w nan plan nou an

Seksyon 2.2 Ou kapab kanpe abònman w lan pandan Peryòd Enskripsyon Lib la

Ou kapab kanpe abònman w lan pandan **Peryòd Enskripsyon Lib** chak ane a. Pandan tan sa a, verifye kouvèti asirans sante w ak kouvèti medikaman w lan epi deside sou kouvèti pou ane k ap vini an.

- **Peryòd Enskripsyon Lib la** se soti **15 oktòb rive 7 desanm**.
- **Chwazi kenbe kouvèti ou gen kounye a oswa fè chanjman nan kouvèti ou an pou ane k ap vini an.** Si w deside chanje l pou w pran yon nouvo plan, ou ka chwazi nenpòt nan kalite plan sa yo:
 - Yon lòt plan sante Medicare, avèk oswa san kouvèti medikaman.
 - Original Medicare *avèk* yon plan medikaman Medicare separe
 - Original Medicare *san* yon plan medikaman Medicare separe.
 - Si w elijib, nan yon D-SNP entegre ki ba w avantaj ak sèvis Medicare ou yo ak pifò oswa tout avantaj ak sèvis Medicaid ou yo nan yon sèl plan

W ap jwenn Èd Siplemanntè (Extra Help) nan Medicare pou peye medikaman sou preskripsyon ou yo: Si w chanje pou Original Medicare epi w pa enskri nan yon plan medikaman sou preskripsyon Medicare separe, Medicare kapab enskri w nan yon plan medikaman, sof si w chwazi pou yo pa enskri w otomatikman.

Remak: Si w dezabone nan kouvèti medikaman Medicare la, ou p ap resevwa Èd Siplemanntè (Extra Help) ankò, epi w pase 63 jou oswa plis youn dèyè lòt san kouvèti ki kredib pou medikaman, ou kapab oblije peye yon penalite pou enskripsyon an reta nan Pati D, si w antre nan yon plan medikaman Medicare annapre.

- **Abònman w lan ap kanpe nan plan nou an** lè kouvèti nouvo plan w lan kòmanse nan dat 1ye janvyè.

Seksyon 2.3 Ou kapab kanpe abònman w lan pandan Peryòd Enskripsyon Lib Medicare Advantage la

Ou kapab fè *yon* chanjman nan kouvèti sante w la pandan **Peryòd Enskripsyon Lib Medicare Advantage** la chak ane.

- **Peryòd Enskripsyon Lib pou Medicare Advantage** la se soti 1ye janvyè pou rive 31 mas, epitou, pou nouvo benefisyè Medicare ki te enskri nan yon plan MA, apati mwa dwa yo kòmanse pou Pati A ak Pati B rive jis nan dènye jou 3yèm mwa dwa yo kòmanse a.
- **Pandan Peryòd Enskripsyon Lib Medicare Advantage** la, ou kapab:
 - Chanje pou pran yon lòt Plan Medicare Advantage ki gen oswa pa gen kouvèti medikaman.
 - Dezabone nan plan nou an epi jwenn kouvèti pa mwayen Original Medicare. Si w chanje pou vin nan Original Medicare pandan peryòd sa a, ou kapab rantre nan yon plan medikaman Medicare apa nan menm moman an.
- **Abònman w lan ap kanpe** premye jou nan mwa ki vin apre ou fin enskri nan yon lòt plan Medicare Advantage oswa apre nou fin resevwa demann ou fè pou w pran Original Medicare la. Epitou, si w chwazi enskri nan yon plan medikaman Medicare, abònman w nan plan medikaman an ap kòmanse premye jou nan mwa ki vini apre plan medikaman te resevwa demann enskripsyon w lan.

Chapit 10: Kijan pou kanpe abònman w nan plan nou an**Seksyon 2.4 Nan kèk sitiyasyon, ou ka kanpe abònman w lan pandan yon Peryòd Enskripsyon Espesyal**

Nan kèk sitiyasyon, ou ka elijib pou w kanpe abònman w lan nan lòt moman nan ane a. Yo rele l tou yon **Peryòd Enskripsyon Espesyal**.

Ou kapab elijib pou kanpe abònman w lan pandan yon Peryòd Enskripsyon Espesyal si nenpòt nan sitiyasyon sa yo aplike pou ou. Sa yo se jis kèk egzanp. Pou gen lis konplè a ou ka kontakte plan nou an, rele Medicare, oswa ale sou sit entènèt www.Medicare.gov.

- Anjeneral, lè w demenaje
- Si w gen New York Medicaid
- Si w elijib pou Èd Siplemanntè (Extra Help) pou peye kouvèti medikaman Medicare ou yo
- Si nou vyole kontra nou gen avè w la
- Si w ap resevwa swen nan yon enstitisyon, tankou yon mezon retrèt oswa yon lopital pou swen alontèm (Long-Term Care, LTC)
- Si w enskri nan Pwogram Swen Konplè Pou Moun Aje a (Program of All-inclusive Care for the Elderly, PACE).
- **Remak:** Si w ap patisipe nan yon pwogram jesyon medikaman, ou kapab elijib sèlman pou kèk Peryòd Enskripsyon Espesyal. Chapit 5, Seksyon 10 la ba ou plis enfòmasyon sou pwogram jesyon medikaman yo.
- **Remak:** Seksyon 2.1 an ba ou plis enfòmasyon sou peryòd enskripsyon espesyal pou moun ki gen Medicaid yo.

Peryòd tan enskripsyon yo varye selon sitiyasyon w.

Pou konnen si w elijib pou yon Peryòd Enskripsyon Espesyal, rele Medicare nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227). Itilizatè TTY yo rele 1-877-486-2048. Si w elijib pou w kanpe abònman w lan akòz yon sitiyasyon espesyal, ou ka chwazi chanje toude, kouvèti sante Medicare ou a ansanm ak kouvèti medikaman an. Ou ka chwazi:

- Yon lòt plan sante Medicare avèk oswa san kouvèti medikaman,
- Original Medicare avèk yon plan medikaman Medicare separe,
- Original Medicare san yon plan medikaman Medicare separe.
- Si w elijib, nan yon D-SNP entegre ki ba w avantaj ak sèvis Medicare ou yo ak pifò oswa tout avantaj ak sèvis Medicaid ou yo nan yon sèl plan

Remak: Si w dezabone nan kouvèti medikaman Medicare la, ou p ap resevwa Èd Siplemanntè (Extra Help) ankò, epi w pase 63 jou oswa plis youn dèyè lòt san kouvèti ki kredib pou medikaman, ou kapab oblije peye yon penalite pou enskripsyon an reta nan Pati D, si w antre nan yon plan medikaman Medicare annapre.

Si w ap resevwa Èd Siplemanntè (Extra Help) nan Medicare pou peye medikaman sou kouvèti ou yo: Si w chanje pou Original Medicare epi w pa enskri nan yon plan medikaman Medicare separe, Medicare kapab enskri w nan yon plan medikaman, sof si w chwazi pou yo pa enskri w otomatikman.

Anjeneral, abònman w lan ap kanpe nan premye jou nan mwa ki vin apre demann ou fè pou chanje plan nou an.

Chapit 10: Kijan pou kanpe abònman w nan plan nou an

Remak: Seksyon 2.1 ak 2.2 a ba ou plis enfòmasyon sou peryòd enskripsyon espesyal pou moun ki gen Medicaid ak Extra Help yo.

Seksyon 2.5 Jwenn plis enfòmasyon konsènan lè w ka kanpe abònman w lan

Si w gen nenpòt kesyon sou fason pou kanpe abònman w lan, ou kapab:

- **Rele Sèvis Manm yo nan (833) 671-0440 (itilizatè TTY yo rele 711).**
- Jwenn enfòmasyon nan ti liv *Medicare & You 2026 a*.
- Rele **Medicare** nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227) (itilizatè TTY yo rele 1-877-486-2048).

SEKSYON 3 Fason pou kanpe abònman w nan plan nou an

Tablo ki anba a eksplike fason ou kapab kanpe abònman w nan plan nou an.

Pou chanje soti nan plan nou an pou:	Men sa pou w fè:
Yon lòt plan sante Medicare	<ul style="list-style-type: none"> • Enskri nan nouvo plan sante Medicare. • N ap anile enskripsyon w lan otomatikman nan Senior Whole Health of New York NHC (HMO D-SNP) lè kouvèti nouvo plan w lan kòmanse.
Original Medicare <i>avèk</i> yon plan medikaman Medicare separe	<ul style="list-style-type: none"> • Enskri nan nouvo plan medikaman Medicare la. • N ap anile enskripsyon w lan otomatikman nan Senior Whole Health of New York NHC (HMO D-SNP) lè kouvèti nouvo plan medikaman w lan kòmanse.
Original Medicare <i>san</i> yon plan medikaman Medicare separe	<ul style="list-style-type: none"> • Voye yon demann alekri ban nou pou nou dezabone w. Rele Sèvis Manm yo nan (833) 671-0440 (itilizatè TTY yo rele 711) si w bezwen plis enfòmasyon sou fason pou fè sa. • Epi tou, ou kapab rele Medicare nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227) epi mande yo dezabone w. Itilizatè TTY yo rele 1-877-486-2048. • N ap anile enskripsyon w lan nan Senior Whole Health of New York NHC (HMO D-SNP) lè kouvèti w nan Original Medicare la kòmanse.

Remak: Si w dezabone nan kouvèti medikaman Medicare la, ou p ap resevwa Èd Sipleman (Extra Help) ankò, epi w pase 63 jou oswa plis youn dèyè lòt san kouvèti ki kredib pou medikaman, ou kapab oblije peye yon penalite pou enskripsyon an reta nan Pati D, si w antre nan yon plan medikaman Medicare annapre.

Si w gen kesyon sou avantaj Medicaid ou yo, kontakte New York Medicaid nan (800) 505-5678, Depatman Sèvis Sosyal Konte Nassau nan (516) 227-7474, Administrasyon Resous Imèn/Depatman Sèvis Sosyal Konte Bronx, Kings, New York, Queens ak Richmond nan (718) 557-1399, Depatman Sèvis Sosyal Konte Orange nan (845) 291-4000, Depatman Sèvis Sosyal Konte Rockland nan (845) 364-3040 oswa Depatman Sèvis Sosyal Konte Westchester nan (914) 995-3333, lendi - vandredi, 8:30 a.m. – 8 p.m., samdi 10 a.m. – 6 p.m. Mande kijan lè w

Chapit 10: Kijan pou kanpe abònman w nan plan nou an

antre nan yon lòt plan oswa retounen nan Original Medicare, sa kapab afekte fason pou w jwenn kouvèti Medicaid ou a.

SEKSYON 4 Ou dwe kontinye resevwa atik medikal, sèvis ansanm ak medikaman w yo pa mwayen plan nou an, jiskaske abònman w lan kanpe

Jiskaske abònman Senior Whole Health of New York NHC (HMO D-SNP) ou an fini, epi nouvo kouvèti Medicare ou a kòmanse, ou dwe kontinye jwenn atik medikal, sèvis ak medikaman sou preskripsyon pa mwayen plan nou an.

- **Kontinye itilize pwofesyonèl swen sante rezo nou an pou w jwenn swen medikal.**
- **Kontinye itilize famasi ki nan rezo nou yo pou w ranpli preskripsyon w yo.**
- **Si w entèn lopital nan jou abònman w lan fini an, plan nou an ap kouvri sejou nan lopital la jiskaske yo ba w egzeyat** (menmsi yo ba w egzeyat apre nouvo kouvèti sante w la kòmanse a).

SEKSYON 5 Senior Whole Health of New York NHC (HMO D-SNP) dwe kanpe abònman w nan plan nou an nan kèk sitiyasyon

Senior Whole Health of New York NHC (HMO D-SNP) dwe kanpe abònman w nan plan nou an si nenpòt nan bagay sa yo rive:

- Si ou pa gen Medicare Part A ak Part B ankò.
- Si w pa elijib ankò pou Medicaid. Jan sa endike nan Chapit 1, Seksyon 2.1, plan nou an se pou moun ki elijib pou Medicare ansanm ak Medicaid. Lè Senior Whole Health of New York NHC (HMO D-SNP) detèmine ou pa ranpli kondisyon pou elijibilite *espesyal* la ankò, w ap resevwa yon lèt notifikasyon ki fè w konnen rezon pou dezabònman posib la. Apresa, w ap gen 6 mwa (180 jou) apati dat ki sou lèt la, pou w reponn pou mande pou yo reyegzamine elijibilite abònman w nan Plan an.
- Si w demenaje andeyò zòn sèvis nou an.
- Si w lwen zòn sèvis nou an pou plis pase 6 mwa.
 - Si w demenaje oswa w ap fè yon vwayaj ki long, rele Sèvis Manm yo nan (833) 671-0440 (Itilizatè TTY yo rele 711) pou konnen si kote w ap demenaje al rete a oswa kote w ap vwayaje a, nan zòn plan nou an.
- Si w vin nan prizon (ale nan prizon).
- Si w pa yon sitwayen Ameriken ankò oswa si w pa rete legalman Etazini ankò.
- Si w bay manti oswa ou kache enfòmasyon sou lòt asirans ou genyen ki bay kouvèti medikaman.
- Si w fè espere pou ban nou enfòmasyon ki pa kòrèk nan moman w ap enskri nan plan nou an, epi enfòmasyon sa a vin afekte elijibilite w pou plan nou an. (Nou pa kapab fè w kite plan nou an pou rezon sa a, sof si nou jwenn pèmisyon nan men Medicare dabò.)
- Si w kontinye konpòte w yon fason ki deranjan epi ki fè li difisil pou nou bay ou menm ak lòt manm ki nan plan nou an swen medikal. (Nou pa kapab fè w kite plan nou an pou rezon sa a, sof si nou jwenn pèmisyon nan men Medicare dabò.)
- Si w kite yon lòt moun itilize kat manm ou an pou jwenn swen medikal. (Nou pa kapab fè w kite plan nou an pou rezon sa a, sof si nou jwenn pèmisyon nan men Medicare dabò.)

Chapit 10: Kijan pou kanpe abònman w nan plan nou an

- Si nou kanpe abònman w lan poutèt rezon sa a, Medicare ka fè Enspektè Jeneral la mennen yon ankèt sou ka w la.
- Si w te dwe peye montan anplis pou Pati D a akòz revni w epi w pa peye li, Medicare ap dezabòne w nan plan nou an.

Si w gen kesyon oswa ou vle jwenn plis enfòmasyon sou kilè nou kapab kanpe abònman w lan, rele Sèvis Manm yo nan (833) 671-0440 (Itilizatè TTY yo rele 711).

Seksyon 5.1 Nou pa kapab mande w pou w kite plan nou an pou okenn rezon ki gen rapò ak sante

Senior Whole Health of New York NHC (HMO D-SNP) pa gen otorizasyon pou mande w kite plan nou an pou nenpòt rezon ki gen rapò ak sante.

Kisa w dwe fè si sa rive?

Si w santi yo ap mande w kite plan nou an akòz yon rezon ki lye ak sante, rele Medicare nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227). Itilizatè TTY yo rele 1-877-486-2048.

Seksyon 5.2 Ou gen dwa pou w fè yon plent si nou kanpe abònman ou nan plan nou an

Si nou kanpe abònman w lan nan plan nou an, nou dwe ekri w pou di w rezon ki fè nou kanpe abònman w lan. Epitou, nou dwe eksplike w fason ou ka depoze yon doleyans oswa fè yon plent kont desizyon nou pran pou kanpe abònman w lan.

Chapit 11: Avi jiridik yo

CHAPIT 11:

Avi jiridik yo

SEKSYON 1 Avi konsènan lwa ki aplikab yo

Lwa prensipal ki aplike pou dokiman Prèw Kouvèti sa a, se Tit XVIII nan Lwa sou Sekirite Sosyal la ansanm ak règleman Sant pou Sèvis Medicare ak Medicaid yo (Centers for Medicare & Medicaid Services, CMS) kreye sou baz Lwa sou Sekirite Sosyal la. Mete sou sa, lòt lwa Federal yo kapab aplike epi, nan kad kèk sikonstans, lwa nan Eta kote w ap viv la. Sa kapab afekte dwa ak responsablite ou genyen yo menmsi nou pa site lwa sa yo oswa eksplike yo nan dokiman sa a.

SEKSYON 2 Avi kont diskriminasyon

Nou pa fè diskriminasyon sou baz ras, orijin etnik, orijin nasyonal, koulè, relijyon, sèks, jan, laj, oryantasyon seksyèl, andikap mantal oswa fizik, eta sante, eksperyans nan kesyon reklamasyon, antesedan medikal, enfòmasyon jenetik, prèw asirans, oswa pozisyon jewografik nan zòn sèvis la. Tout òganizasyon ki bay plan Medicare Advantage yo, tankou plan nou an, dwe respekte lwa federal kont diskriminasyon an, tankou Tit VI nan Lwa sou Dwa Sivil 1964, Lwa 1973 sou Reyabilitasyon, Lwa 1975 sou Diskriminasyon Laj, Lwa pou Ameriken ki Gen Andikap, Seksyon 1557 nan Lwa sou Swen Abòdab, tout lòt lwa ki aplike pou òganizasyon ki jwenn finansman federal, ak nenpòt lòt lwa ak règ ki aplike pou nenpòt lòt rezon.

Si w vle jwenn plis enfòmasyon oswa si w gen enkyetid sou zafè diskriminasyon oswa tretman ki enjis, rele **Biwo pou Dwa Sivil** ki nan Department of Health and Human Services la nan 1-800-368-1019 (TTY 1-800-537-7697) oswa Biwo pou Dwa Sivil lokal ou a. Epitou, ou kapab verifye enfòmasyon ki soti nan Biwo pou Dwa Sivil ki nan Department of Health and Human Services la sou www.HHS.gov/ocr/index.html.

Si w gen yon andikap e ou bezwen èd pou jwenn swen, rele Sèvis Manm yo nan (833) 671-0440 (itilizatè TTY yo rele 711). Si w gen yon plent, tankou yon pwoblèm pou jwenn chèz woulant, Sèvis Manm yo kapab ede w.

SEKSYON 3 Avi konsènan dwa ranplasman pou Dezyèm Peyè Medicare

Nou gen dwa ak responsablite pou kolekte enfòmasyon pou sèvis Medicare ki kouvri yo, epi se pa Medicare ki peyè prensipal la. Dapre règleman CMS yo ki nan 42 CFR seksyon 422.108 ak 423.462, Senior Whole Health of New York NHC (HMO D-SNP), antanke yon Òganizasyon Medicare Advantage, pral egzèsè menm dwa pou rekiperasyon Sekretè a egzèsè dapre règleman CMS yo nan soupati B jiska D nan pati 411 nan 42 CFR e règ ki tabli nan seksyon sa a ranplase nenpòt lwa eta.

Chapit 12: Definisyon

CHAPIT 12: Definisyon

Sant Chirijikal Anbilatwa – Yon Sant Chirijikal Anbilatwa se yon antite ki fonksyone sèlman nan objektif pou bay sèvis chirijikal pou pasyan ki pa entène, epi pou pasyan ki pa bezwen entène lopital ki atann pou yo rete nan sant lan pandan plis pase 24 èdtan.

Apèl – Yon apèl se yon bagay ou fè si w pa dakò ak desizyon nou pran pou refize yon demann ou fè pou jwenn kouvèti pou sèvis swen sante oswa medikaman sou preskripsyon oswa pèman pou sèvis oswa pou medikaman ou gentan resevwa. Epiou, ou ka fè yon apèl si w pa dakò ak desizyon nou pran pou sispann sèvis w ap resevwa yo.

Peryòd Benefis – Se fason plan nou an ak Original Medicare mezire fason ou itilize sèvis nan lopital yo ak sèvis nan etablisman swen espesyalize yo (Skilled Nursing Facility, SNF). Yon peryòd benefis kòmanse jou ou ale nan yon lopital oswa nan yon etablisman swen espesyalize. Peryòd avantaj la fini lè w pa t resevwa okenn swen lopital pou pasyan ki entène (oswa swen espesyalize nan yon SNF) pandan 60 jou youn dèyè lòt. Si w ale nan yon lopital oswa nan yon etablisman swen espesyalize apre yon peryòd benefis fini, genyen yon nouvo peryòd benefis ki kòmanse. Pa gen limit nan kantite peryòd benefis yo.

Pwodui Biyolojik – Yon medikaman sou preskripsyon ki fèt apati bagay ki natirèl ak bagay ki vivan tankou selil bèt, selil plant, bakteri, oswa ledven. Pwodui biyolojik yo pi konplèks pase lòt medikaman yo epi yo pa kapab kopye yo egzaktman jan yo ye a, se sa ki fè yo rele lòt fòm yo biyosimilè. (ale nan “**Pwodui Biyolojik Orijinal**” ak “**Biyosimilè**”).

Biyosimilè – Yon pwodui biyolojik ki sanble anpil, men ki pa idantik, ak pwodui biyolojik orijinal la. Biyosimilè yo sekirize epi yo efikas menm jan ak pwodui biyolojik orijinal la. Gen kèk biyosimilè ki kapab ranplase pwodui biyolojik orijinal yo nan famasi san w pa bezwen yon nouvo preskripsyon (ale nan “**Biyosimilè Entèchanjab**”).

Medikaman Mak Komèsyal – Se yon medikaman sou preskripsyon kote se konpayi famasetik ki fabrike epi vann medikaman an kite fè rechèch yo epi devlope medikaman an. Dwòg gwo mak yo gen menm fòmil engredyan aktif avèk vèsyon jenerik medikaman an. Sepandan, se lòt fabrikasyon medikaman ki fabrike epi vann medikaman jenerik yo epi jeneralman medikaman sa yo pa disponib toutotan patant ki sou dwòg gwo makla pa ekspire.

Etap Kouvéti kont Katastwòf – Etap nan Avantaj Medikaman Pati D a ki kòmanse lè ou menm (oswa lòt moun ki kalifye nan non w yo) depanse \$2,100 pou medikaman ki kouvri nan Pati D yo pandan ane ki kouvri a.

Sant pou Sèvis Medicare ak Medicaid (Centers for Medicare & Medicaid Services, CMS) – Se ajans federal ki jere Medicare la.

Ko-asirans – Yon kantite lajan ou ka oblije peye, ki reprezante yon pousantaj (pa egzanp 20%), kòm yon pati nan frè pou sèvis oswa medikaman sou preskripsyon ou yo.

Plent — Non fòmèl pou pote yon plent se **depoze yon doleyans**. Yo itilize pwosesis plent lan sèlman pou kèk kalite pwoblèm. Ladan gen pwoblèm konsènan kalite swen an, tan datant yo, ak sèvis kliyantèl ou resevwa a. Epiou, ladan gen plent ou depoze si plan nou an pa respekte peryòd tan ki nan pwosesis pou apèl la.

fEtablisman Reyabilitasyon Konplè pou Pasyan Ki Pa Entène (CORF) – Se sitou yon etablisman ki bay Sèvis reyabilitasyon apre yon maladi oswa yon chòk, li bay sèvis tankou terapi fizik, sèvis sosyal oswa sèvis sikolojik,

Chapit 12: Definisyon

terapi respiratwa, terapi okipasyonèl (ègoterapi) ak sèvis twoub lapawòl ak langaj, ak sèvis evalyasyon etan lakay ou.

Kopeman – Se yon kantite lajan ou ka oblije peye kòm yon pati nan frè ou gen pou w bay pou yon sèvis medikal oswa yon pwovizyon, tankou vizit yon doktè, vizit pou pasyan ki pa entènè, oswa yon medikaman sou preskripsyon. Yon kopemansè yon kantite lajan ki fiks (pa egzanp \$10), olye de yon pousantaj.

Pataj Frè – Pataj frè a f referans ak kantite lajan yon manm dwe peye lè sèvis oswa medikaman yo gen Pataj frè, san wete nenpòt konbinezon nan 3 kalite pèman ki vin apre yo: (1) nenpòt montan franchiz yon plan ka egzije anvan li kouvri sèvis yo oswa medikaman yo; (2) nenpòt montan kopeman fiks yon plan mande lè yon moun fin resevwa yon sèvis oswa yon medikaman espesifik; oswa (3) nenpòt montan ko-asirans, yon pousantaj nan montan total yo peye pou yon sèvis oswa yon medikaman yon plan mande lè yon moun fin resevwa yon sèvis oswa yon medikaman espesifik.

Nivo Pataj Frè - Chak medikaman ki nan lis medikaman ki kouvri yo se youn nan sis (6) nivo pataj frè yo. An jeneral, plis nivo pataj frè a pi wo, plis pri medikaman an ap pi wo.

Detèminasyon pou Kouvèti – Se yon desizyon konsènan si plan nou an kouvri yon medikaman yo preskri w, epi montan, si genyen, ou dwe peye pou preskripsyon an. Anjeneral, si w pote preskripsyon w lan nan yon famasi epi moun ki nan famasi a di w plan nou an pa kouvri preskripsyon an, sa se pa yon detèminasyon pou kouvèti. Ou bezwen rele oswa ekri plan nou an, pou mande yon desizyon fòmèl konsènan kouvèti a. Yo rele detèminasyon kouvèti an desizyon kouvèti nan dokiman sa a.

Medikaman ki Kouvri – Tèm nou itilize ki vle di tout medikaman plan nou an kouvri.

Sèvis ki Kouvri – Tèm nou itilize ki vle di tout sèvis swen sante ak founiti plan nou an kouvri yo.

Kouvèti Medikaman sou Preskripsyon ki Kredid – Kouvèti medikaman sou preskripsyon (pa egzanp, nan men yon enstitisyon travay oswa yon sendika) yo prevwa peye, an mwayèn, omwen nan menm pri ak kouvèti pou medikaman sou preskripsyon estanda Medicare la. Anjeneral, moun ki gen kalite pkouvèti asirans sa a, lè yo vin elijib pou Medicare, kapab kenbe kouvèti sa a san yo pa peye yon penalite, si yo deside enskri nan kouvèti medikaman sou preskripsyon Medicare la pi devan.

Swen sou Siveyans – Swen sou siveyans yo se swen pèsonèl yo bay nan yon mezon retrèt, sant ospis, oswa yon lòt etablisman lè w pa bezwen swen medikal espesyalize oswa swen enfimye espesyalize. Nan swen sou siveyans, moun ki pa gen konpetans oswa fòmasyon pwofesyonèl yo bay, gen ede moun fè aktivite yo chak jou nan lavi a tankou benyen, abiye, manje, monte oswa desann kabann oswa yon chèz, deplase, epi al nan twalèt. Epitou, ladan kapab gen kalite swen ki gen rapò ak sante kote pifò moun fè sa pou tèt yo, tankou itilize gout pou je. Medicare pa peye pou swen sou siveyans lan.

To pataj frè chak jou – Yo kapab aplike yon to pataj frè chak jou lè doktè w preskri w mwens pase yon pwovizyon nan sèten medikaman pou yon mwa konplè, epi w gen obligasyon pou peye yon kopeman. Yon to pataj frè chak jou se lè kopeman an divize pa kantite jou ki nan yon apwovizyonman pou yon mwa. Men yon egzanp: Si kopeman pou yon apwovizyonman medikaman pou yon mwa se \$30, epi yon apwovizyonman pou yon mwa nan plan nou an se 30 jou, donk pataj frè chak jou w la se \$1 pa jou.

Anile Enskripsyon oswa **Anilasyon Enskripsyon** – Se pwosesis pou kanpe abònman w lan nan plan nou an.

Plan Doub Kalifikasyon pou Bezwen Espesyal (Dual Eligible Special Needs Plans, D-SNP) – D-SNP yo enskri moun ki kalifye alafwa pou Medicare (tit XVIII, Lwa sou Sekirite Sosyal la) ak èd medikal nan yon plan Eta nan kad Medicaid (tit XIX). Eta yo kouvri kèk oswa tout depans Medicare, selon eta a ansanm ak elijibilite moun nan.

Moun ki Elijib De Fwa – Yon moun ki elijib pou kouvèti Medicare ak Medicaid.

Chapit 12: Definisyon

Ekipman Medikal ki Dirab (Durable Medical Equipment, DME) – Kèk ekipman medikal medsen w preskri w pou rezon medikal. Men egzanp yo, wòkè, chèz woulant, beki, sistèm matla elektrik, ekipman pou moun ki gen dyabèt, ponp enfizyon nan venn (IV), aparèy ki jenere mesaj vokal, ekipman oksijèn, nebilizè, oswa kabann lopital youn Founisè kòmande pou itilize nan kay la.

Ijans – Yon ijans medikal se lè ou menm, oswa nenpòt lòt moun ki pridan epi ki gen yon konesans mwayen nan kesyon sante ak medsin, kwè ou gen yon seri sentòm medikal ki mande pou w jwenn èd medikal san pèdi tan pou anpeche w pèdi lavi w (epi, si w se yon fi ansent, pou w pa pèdi yon timoun ki poko fèt), pou pa pèdi yon manm ou, oswa pou w pa pèdi fonksyon yon manm ou, oswa pèdi oswa yon alterasyon grav yon fonksyon kòporèl. Sentòm medikal yo kapab se yon maladi, yon blesi, gwo doulè, oswa yon kondisyon medikal ki vin pi mal nan yon ti kras tan.

Swen Ijans – Sèvis ki kouvri yo se: 1) bay pa mwayen yon pwofesyonèl swen sante kalifye ki bay sèvis dijans; epi (2) bezwen pou trete, evalye, oswa estabilize yon kondisyon medikal dijans.

Prèw Kouvèti (Evidence of Coverage, EOC) ak Pataj Enfòmasyon – Dokiman sa a, ansanm ak fòm enskripsyon w lan epi nenpòt lòt dokiman ki ajoute, dokiman ki modifiye yon lòt, oswa lòt kouvèti asirans opsyonèl yo chwazi, ki eksplike powoteksyon asirans ou an, sa nou dwe fè, dwa ou, ak sa w dwe fè antanke manm plan nou an.

Eksepsyon – Yon kalite desizyon sou kouvèti, si yo apwouve yo, ap pèmèt ou jwenn yon medikaman ki pa nan fòmilè nou an (yon eksepsyon nan fòmilè a), oswa resevwa yon medikaman non-preferansyèl nan yon nivo pataj frè ki pi ba (yon eksepsyon nan nivo). Epi tou, ou kapab mande yon eksepsyon si plan nou an egzije pou w eseye yon lòt medikaman anvan w resevwa medikaman w ap mande a, si plan nou an egzije yon otorizasyon alavans pou yon medikaman epi w vle nou renonse ak kritè restriksyon yo, oswa si plan nou an limite kantite oswa dòz nan medikaman w ap mande a (yon eksepsyon nan fòmilè a).

Èd Anplis (Extra Help) – Yon pwogram Medicare pou ede moun ki gen revni ak resous limite yo peye depans pwogram medikaman sou preskripsyon Medicare yo, tankou prim, frachiz, ak ko-asirans.

Medikaman Jenerik – Yon medikaman sou preskripsyon Administrasyon Manje ak Medikaman an (Food and Drug Administration, FDA) apwouve kòm yon medikaman ki gen menm engredyan aktif ak medikaman mak komèsyal la. Anjeneral, yon medikaman jenerik fonksyone menm jan ak yon dwòg gwo makepi ki koute mwens kòb.

Èd pou Swen Sante Adomisil – Yon moun ki bay sèvis ki pa bezwen konpetans yon enfimyè oswa yon terapet ki gen lisans, tankou èd pou swen pèsònèl (pa egzanp, benyen, al nan twalèt, abiye, oswa fè egzèsis yo preskri yo).

Ospis – Yon avantaj ki bay tretman espesyal pou yon manm yo sètifye, nan domèn medikal, ki gen yon maladi ki nan faz tèminal, sa vle di, yo sipoze ki gen sèlman 6 mwa oswa mwens pou viv. Plan nou an dwe ba w yon lis ospis ki nan zòn jewografik ou a. Si w chwazi yon ospis epi w kontinye peye prim yo, ou toujou rete yon manm plan nou an. Ou kapab toujou jwenn tout sèvis medikal ki nesèsè yo, ansanm ak avantaj anplis nou ofri yo.

Sejou nan Lopital pou Pasyan ki Entène – Sejou nan lopital lè ou te antre yon fason fòmèl nan lopital la pou sèvis medikal espesyalize. Menmsi w pase tout nuit lan nan lopital la, yo kapab toujou konsidere w kòm yon pasyan ki pa entène.

Montan Ajisteman Chak Mwa ki Lye ak Revni (Income Related Monthly Adjustment Amount, IRMAA) – Si revni brit ki ajiste ou a modifiye jan li rapòte nan deklarasyon taks IRS ou a depi 2 lane, depase yon kantite montan, w ap peye montan prim estanda a ansanm ak yon Montan Ajisteman chak Mwa ki Gen Rapò ak Revni,

Chapit 12: Definisyon

yo rele IRMAA tou. IRMAA se yon frè anplis yo ajoute nan prim ou an. Sa konsène mwens pase 5% moun ki gen Medicare kidonk pifò moun p ap gen pou peye yon prim ki pi wo.

Etap kouvèti Inisyale – Se etap anvan frè ki sot nan pòch ou pou ane a rive atenn limit montan ki ap sot nan pòch ou a.

Peryòd Enskripsyon Inisyale – Lè w fèk elijib pou Medicare, peryòd tan ou kapab enskri pou Medicare Part A ak Part B. Si w elijib pou Medicare lè w vin gen 65 lane, Peryòd Enskripsyon Inisyale ou a se peryòd 7 mwa ki kòmanse 3 mwa anvan mwa ou vin gen 65 lane a, enkli mwa ou vin gen 65 lane a, epi li fini 3 mwa apre mwa ou vin gen 65 lane a.

D-SNP Entegre – Yon D-SNP ki kouvri Medicare ak pifò oswa tout sèvis Medicaid yo nan yon sèl plan sante pou kèk gwoup moun ki elijib alafwa pou Medicare ak Medicaid. Epitou, yo rele moun sa yo moun ki gen doub elijibilite pou avantaj konplè.

Entegre Doleyan – Yon kalite plent ou fè konsènan plan nou an, founisèyo, oswa famasi yo, enkli yon plent konsènan kalite swen ou yo. Sa pa enplike diskisyon sou kouvèti oswa pèman yo.

Biyosimilè Entèchanjab – Yo kapab itilize yon biyosimilè kòm yon ranplasman pou yon pwodui biyosimilè orijinal nan famasi, san yo pa bezwen yon nouvo preskripsyon paske li ranpli lòt egzijans ki gen rapò ak posiblite pou ranplasman otomatik. Ranplasman otomatik nan famasi a fèt selon lalwa Eta a.

Lis Medikaman ki Kouvri yo (Fòmilè oswa Lis Medikaman) – Yon lis medikaman sou preskripsyon plan nou an kouvri.

Sibvansyon pou Revni ki Fèb (Low Income Subsidy, LIS) – Ale nan Extra Help.

Pwogram Rabè Fabrikan – Yon pwogram kote fabrikan medikaman yo peye yon pati nan depans plan nou an okonplè pou medikaman mak komèsyal yo ak pwodui biyolojik ki kouvri nan Pati D yo. Rabè yo baze sou akò ki fèt ant gouvènman federal la ak fabrikan medikaman yo.

Montan Maksimòm ki Soti nan Pòch ou – Montan maksimòm ou peye ki soti nan pòch ou pandan ane sivil la pou sèvis Part A ak Part B kouvri yo. Montan ou peye pou prim plan nou an, Medicare Part A ak Part B, epi medikaman sou preskripsyon yo pa konte nan montan maksimòm ki sot nan pòch ou. Si w elijib pou jwenn èd Medicare pou pataj frè nan kad Medicaid, ou pa responsab pou w peye okenn frè ki ap sot nan pòch ou nan maksimòm lajan ki ap sot nan pòch ou pou sèvis Pati A ak Pati B kouvri yo. (**Note sa:** Piske manm nou yo jwenn èd nan men Medicaid tou, se sèlman kèk nan manm yo ki rive atenn maksimòm lajan ki soti nan pòch sa a.)

Medicaid (oswa Èd Medikal) – Yon pwogram ki fèt nan patenarya gouvènman federal la ak eta a, ki ede kèk moun ki pa gen anpil revni ak resous limite peye depans medikal yo. Pwogram Medicaid Eta yo varye, men pifò depans pou swen sante yo kouvri si w kalifye pou resevwa alafwa Medicare ansanm ak Medicaid.

Endikasyon yo Aksepte nan Domèn Medikal – Yon medikaman yo itilize swa FDA apwouve oswa kèk referans ap soutni, tankou Enfòmasyon sou Medikaman Sèvis Fòmilè American Hospital (American Hospital Formulary Service Drug Information) epi sistèm Enfòmasyon Mircomedex DRUGDEX la.

Nesesè pou Rezon Medikal – Sèvis, founiti, oswa medikaman ki nesèsè pou prevansyon, dyagnostik oswa pou tretman kondisyon medikal ou epi ki respekte pratik medikal estanda yo aksepte yo.

Medicare – Pwogram asirans sante federal pou moun ki gen 65 lane oswa plis, pou kèk moun ki poko gen 65 lane epi ki gen sèten andikap, ak moun ki gen Maladi Ren ki nan Dènye Faz yo (anjeneral moun ki gen ensifizans renal pèmanan, ki bezwen dyaliz oswa yon transplantasyon ren).

Peryòd Enskripsyon Lib pou Medicare Advantage – Peryòd tan ki soti 1ye janvyè rive 31 mas, kote manm yon plan Medicare Advantage kapab anile enskripsyon plan li a, epi chanje pou vin nan yon lòt plan Medicare

Chapit 12: Definisyon

Advantage oswa jwenn kouvèti pa mwayen Original Medicare. Si w chwazi chanje pou w vin nan Original Medicare pandan peryòd sa a, ou kapab rantre nan yon plan medikaman sou preskripsyon Medicare apa nan moman sa a. Epitou, Peryòd Enskripsyon Lib pou Medicare Advantage la disponib pou yon peryòd 3 mwa apre yon moun vin elijib pou premye fwa pou Medicare.

Plan Medicare Advantage (MA) – Pafwa yo rele li Medicare Part C. Se yon plan yon konpayi prive ofri, ki fè kontra avèk Medicare pou li ba ou tout avantaj Medicare Part A ak Pati B ou yo. Yon Plan Medicare Advantage kapab i) yon HMO, ii) yon PPO, iii) yon plan Private Fee-for-Service (PFFS), oswa iv) yon plan Medicare Medical Savings Account (MSA). Apa chwazi ant kalite plan sa yo, yon plan Medicare Advantage HMO oswa PPO kapab yon Special Needs Plan (SNP) tou. Epitou, nan pifò ka, Plan Medicare Advantage yo ofri Medicare Part D (kouvèti medikaman sou preskripsyon). Yo rele plan sa yo **Plan Medicare Advantage ki gen Kouvèti Medikaman sou Preskripsyon**.

Sèvis Medicare Kouvri – Se sèvis Medicare Part A ak Part B kouvri yo. Tout plan sante Medicare yo dwe kouvri tout sèvis Medicare Part A ak Part B kouvri yo. Nan tèm Sèvis Medicare Kouvri yo pa gen avantaj anplis yo, tankou avantaj pou je, dantè, oswa zòrèy, yon plan Medicare Advantage kapab ofri.

Plan Sante Medicare – Yon plan sante Medicare yo bay atravè yon konpayi prive ki gen kontra ak Medicare pou bay moun ki gen Medicare epi ki enskri nan plan nou an avantaj Part A ak Part B yo. Nan tèm sa a, gen tout Plan Medicare Advantage yo, Medicare Cost Plans, Special Needs Plan, Demonstration/Pilot Programs, ak Pwogram tout Swen enklizif pou Granmoun yo (Program of All-inclusive Care for the Elderly, PACE).

Kouvèti Medikaman Medicare (Medicare Part D) – Asirans pou ede peye medikaman sou preskripsyon pou pasyan ki pa entènè, vaksen, pwodui biyolojik, ak kèk founiti Medicare Part A ak Part B pa kouvri.

Polis asirans Medigap (Sipleman Asirans Medicare) – Sipleman asirans Medicare yon konpayi asirans prive vann pou konble erè ki gen nan Original Medicare la. Kontra Medigap yo fonksyone sèlman avèk Original Medicare. (Yon plan Medicare Advantage pa yon polis asirans Medigap.)

Manm (Manm plan nou an, oswa manm plan) – Yon moun ki gen Medicare epi ki elijib pou resevwa sèvis ki kouvri yo, ki enskri nan plan nou an, epi Sant pou Sèvis Medicare ak Medicaid yo (Centers for Medicare & Medicaid Services, CMS) te konfime enskripsyon li an.

Sèvis Manm yo – Yon depatman nan plan nou an ki responsab pou reponn kesyon ou genyen konsènan abònman, avantaj, doleyans, ak plent ou yo.

Famasi ki nan Rezo a – Yon famasi ki gen kontra ak plan nou an, kote manm plan nou an kapab resevwa avantaj sou medikaman sou preskripsyon yo. Nan pifò ka, preskripsyon w yo ap gen kouvèti sèlman si w ranpli yo nan famasi ki nan rezo nou an.

Pwofesyonèl Swen Sante Rezo a – Pwofesyonèl Swen Sante se tèm jeneral pou medsen, lòt pwofesyonèl swen sante, lopital, ak lòt etablisman swen sante Medicare ak Eta a bay lisans oswa sètifye pou bay sèvis swen sante. **Founisè ki nan rezo a** gen yon kontra avèk plan nou an pou aksepte peman nou an kòm peman an plen, epi nan kèk ka, pou kowòdone epi bay manm ki nan plan nou yo sèvis ki kouvri. Epitou, yo rele pwofesyonèl swen sante rezo a **pwofesyonèl swen sante plan an**.

Dètèminasyon Òganizasyonèl – Yon desizyon plan nou an pran pou detèmine si atik oswa sèvis yo kouvri oswa konbyen ou dwe peye pou atik oswa sèvis ki kouvri yo. Yo rele detèminasyon òganizasyonèl yo desizyon kouvèti nan dokiman sa a.

Pwodui Biyolojik Orijinal – Yon pwodui biyolojik ki te apwouve pa FDA ki sèvi kòm konparezon pou manifaktirè yo k ap fè yon vèsyon byosimilè. Yo rele li pwodui referans tou.

Chapit 12: Definisyon

Original Medicare (Medicare Tradisyonèl oswa Frè pou Sèvis Medicare) – Se gouvènman an ki ofri Original Medicare, se e pa yon plan sante prive tankou plan Medicare Advantage yo ak plan medikaman sou preskripsyon yo. Sou baz Original Medicare, sèvis Medicare kouvri yo lè yo peye doktè yo, lopital yo, ak lòt founisè swen sante yo kantite lajan Kongrè a fikse pou yo a. Ou ka al konsilte nan men nenpòt doktè, nan nenpòt lopital, oswa nan men nenpòt lòt founisè swen sante ki aksepte Medicare. Ou dwe peye franchiz la. Medicare peye pati nan montan Medicare apwouve a, epi ou peye pati pa w la. Original Medicare gen 2 pati: Pati A (Asirans Lopital) ak Pati B (Asirans Medikal) epi li disponib toupatou nan Etazini.

Famasi ki pa nan Rezo a – Yon famasi ki pa gen yon kontra ak plan nou an pou kowòdone oswa bay manm plan nou an medikaman ki kouvri yo. Plan nou an pa kouvri pifò medikaman ou resevwa nan famasi ki pa nan rezo a, sof si gen kèk kondisyon ki aplike.

Founisè ki pa nan Rezo a oswa Etablisman ki pa nan Rezo a – Yon founisè oswa etablisman ki pa gen kontra ak plan nou an pou kowòdone oswa bay manm ki nan plan nou yo sèvis ki kouvri yo. Pwofesyonèl swen sante ki pa nan rezo a se pwofesyonèl swen sante plan nou an pa anboche, pa posede, oswa p ap jere.

Depans ki soti nan Pòch ou – Gade definisyon pou pataj frè anwo a. Yo rele pataj frè yon manm dwe peye pou yon pati nan sèvis oswa medikaman li resevwa a, depans ki dwe soti nan pòch manm lan tou.

Limit Depans ki sot nan Pòch – Montan maksimòm ou peye ak lajan nan pòch ou pou medikaman Pati D yo.

Plan PACE – Yon plan PACE (Pwogram of All-Inclusive Care for the Elderly) konbine sèvis ak sipò medikal, sosyal, epi sèvis ak sipò alontèm (Long-Term Services and Supports, LTSS) pou moun ki frajil, pou ede moun rete endepandan epi viv nan kominote yo (olye pou yo ale nan yon mezon retrèt) toutotan sa posib. Moun ki enskri nan plan PACE yo resevwa avantaj Medicare ak Medicaid yo a pa mwayen plan nou an.

Pati C – Ale nan plan Medicare Advantage (MA).

Pati D – Pwogram Avantaj Medikaman sou Preskripsyon Medicare volontè.

Medikaman Pati D – Medikaman ki kapab kouvri anba Pati D. Nou kapab oswa pa kapab ofri tout medikaman Pati D yo. Gen kèk kategori medikaman Kongrè a retire nan kouvèti Pati D a. Gen kèk kategori medikaman Pati D ki dwe kouvri nan chak plan.

Penalite pou Enskripsyon an reta Pati D – Yon montan yo ajoute sou prim plan chak mwa ou a pou kouvèti medikaman Medicare yo, si w rete san kouvèti ki kredib (kouvèti yo atann pou w peye, an mwayèn, omwen menm jan ak kouvèti medikaman Medicare estanda a) pandan yon peryòd 63 jou oswa plis san rete, apre ou fin elijib pou premye fwa pou antre nan yon plan Pati D. Si w pèdi Èd Sipleman (Extra Help), ou kapab jwenn penalite pou enskripsyon an reta, si w pase 63 jou oswa plis youn dèyè lòt san kouvèti Pati D oswa lòt kouvèti medikaman ki kredib.

Prim – Pèman peryodik pou Medicare, yon konpayi asirans, oswa yon plan swen sante pou kouvèti sante oswa kouvèti medikaman sou preskripsyon

Founisè Swen Prensipal (Primary Care Provider, PCP) – Doktè oswa lòt founisè ou al wè an premye pou pifò pwoblèm sante. Nan anpil plan sante Medicare, ou dwe al wè founisè swen prensipal ou an anvan ou al wè nenpòt lòt founisè swen sante.

Otorizasyon Alavans – Apwobasyon alavans pou resevwa sèvis oswa kèk medikaman. Sèvis ki kouvri epi ki bezwen otorizasyon alavans yo make nan Tablo Avantaj Medikal la nan Chapit 4. Medikaman ki kouvri ki bezwen otorizasyon alavans yo make nan fòmilè a epi kritè nou yo afiche sou sit entènèt nou an.

Chapit 12: Definisyon

Pwotèz ak Òtèz – Aparèy medikal tankou, men san se pa sa sèlman, aparèy pou bra, do, epi kou; manm atifisyèl; je atifisyèl; ak aparèy ki nesèsè pou ranplase yon pati oswa yon fonksyon entèn nan kò a, tankou materyèl pou ostomi ak terapi nitrisyon atravè venn ak tib.

Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite (Quality Improvement Organization, QIO) – Yon gwoup doktè pratikan ak lòt ekspè nan swen sante gouvènman federal la peye pou verifye epi amelyore swen yo bay pasyan Medicare yo.

Limit Kantite – Yon zouti pou jesyon ki fèt pou limite fason yo itilize yon medikaman pou rezon kalite, sekirite oswa itilizasyon. Limit yo kapab sou kantite medikaman nou kouvri pou chak preskripsyon oswa pou yon peryòd tan defini.

"Zouti Avantaj nan Tan Reyèl" – Yon pòtay oswa yon aplikasyon enfòmasyon kote moun ki enskri yo kapab gade fòmilè ak enfòmasyon sou avantaj yo ki konplè, egzat, atan, apwopriye nan domèn klinik, espesifik pou moun ki enskri a. Ladan gen montan pou pataj frè yo, lòt medikaman ki nan lis medikaman yo kapab itilize pou menm pwoblèm sante a kòm yon medikaman yo bay, ak restriksyon sou kouvèti (Otorizasyon Alavans, Terapi pa Etap, Limit Kantite yo) ki aplike pou lòt medikaman.

Sèvis Reyabilitasyon – Nan sèvis sa yo gen, swen reyabilitasyon pou pasyan ki entènè, terapi fizik (pasyan ki pa entènè), terapi langaj ak lapawòl, ak ègoterapi.

Zòn Sèvis – Yon zòn jewografik kote ou dwe abite pou w kapab antre nan yon plan sante an patikilye. Pou plan ki limite ki doktè ak lopital ou ka itilize, anjeneral, se zòn kote ou kapab jwenn sèvis woutin yo (sitiyasyon ki pa ijans) tou. Plan nou an dwe dezabone w si w demanaje andeyò zòn sèvis plan nou an yon fason pèmanan.

Swen nan Etablisman Swen Espesyalize (Skilled Nursing Facility, SNF) – Swen enfimyè espesyalize ak Sèvis reyabilitasyon yo bay san kanpe, chak jou, nan yon etablisman swen espesyalize . Egzanp pou swen yo se terapi fizik oswa piki nan venn, kote se sèlman yon enfimyè oswa yon doktè ki otorize ki ka bay yo.

Plan pou Bezwen Espesyal – Yon kalite plan Medicare Advantage espesyal, ki bay swen sante ki plis konsantre sou yon gwoup moun byen presi, tankou moun ki gen alafwa Medicare ak Medicaid, ki ap viv nan yon mezon retrèt, oswa ki gen kèk kondisyon medikal kwonik.

Terapi pa Etap – Yon zouti itilizasyon ki mande toudabò pou w eseye yon lòt medikaman pou trete kondisyon medikal ou a, anvan nou kouvri medikaman medsen w lan kapab te preskri okòmansman an.

Reveni Sekirite Sipleman (Supplemental Security Income, SSI) – Yon avantaj chak mwa Sekirite Sosyal peye pou moun ki gen revni ak resous limite, epi ki gen andikap, ki avèg, oswa ki gen 65 lane oswa plis. Avantaj SSI yo pa menm ak avantaj Sekirite Sosyal yo.

Sèvis ki Nesèsè annijans – Yon sèvis plan an kouvri epi ki nesèsite swen medikal san pèdi tan men ki pa yon ijans, konsidere kòm yon sèvis ijan si ou tanporèman andeyò zòn sèvis plan nou an, oswa, menmsi ou nan zòn sèvis plan nou an, si li pa rezonabakoz lè a, anplasman an ak sikonstans yo, ak sikonstans yo pou w jwenn sèvis sa a nan men founisè ki nan rezo a. Kòm egzanp pou sèvis ki nesèsè annijans, gen maladi ak blesi medikal sanzatann, oswa maladi ki egziste ki parèt sanzatann. Nou pa konsidere vizit pa woutin lakay pwofesyonèl swen sante yo, ki nesèsè nan domèn medikal, (tankou egzamen chak ane yo), kòm vizit ki nesèsè annijans, menmsi w twouve w andeyò zòn sèvis plan nou an, oswa si rezo plan nou an pa disponib tanporèman.

Lòt Enfòmasyon Enpòtan sou Swen Sante ak Resous pou Manm yo

- **Avi sou Disponibilite (Notice of Availability, NOA) – Sèvis Èd pou Lang**
- **Avi sou Pratik Vi Prive (Notice of Privacy Practices, NPP)**

Notice of Availability

We offer free interpreter and translation services to help you understand your health or drug plan. This includes support from someone who speaks your language.

We also provide free aids and services—such as sign language interpreters and written materials in alternative formats—to ensure everyone can access the information they need. To request these services, please call Member Services at the number listed on your Member ID card.

English

ATTENTION: If you speak English, free language assistance services are available to you. Appropriate auxiliary aids and services to provide information in accessible formats are also available free of charge. Call the Member Services number on the back of your ID card or speak to your provider.

Spanish

ATENCIÓN: Si habla español, tiene a su disposición servicios gratuitos para asistirle en su idioma.

También dispone de ayudas y servicios auxiliares gratuitos para proporcionar información en formatos accesibles.

Llame al número del Departamento de Servicios para Miembros que figura en el reverso de su tarjeta de identificación o hable con su proveedor.

Simplified Chinese

注意：如果您说中文，我们将免费为您提供语言协助服务。我们还免费提供适当的辅助工具和服务，以无障碍格式提供信息。致电 ID 卡背面的客户服务号码或咨询您的服务提供商。

Traditional Chinese

注意：如果您說台語，我們可以為您提供免費語言協助服務。也可以免費提供適當的輔助工具與服務，以無障礙格式提供資訊。請撥打您 ID 卡背面的會員服務部電話號碼或諮詢您的服務提供者。

Russian

ВНИМАНИЕ! Если вы говорите на русском, вам доступны бесплатные услуги языковой поддержки. Соответствующие вспомогательные средства и услуги по предоставлению информации в доступных форматах также бесплатны. Позвоните по номеру службы поддержки клиентов, указанному на обратной стороне вашей идентификационной карты, или обратитесь к своему поставщику услуг.

Haitian Creole

ATANSYON: Si w pale Kreyòl Ayisyen, gen sèvis èd aladispozisyon w gratis pou lang ou pale a. Èd ak sèvis siplemantè apwopriye pou bay enfòmasyon nan fòm aksesib yo disponib gratis tou. Rele nimewo Sèvis Manm ki sou do kat ID ou a oswa pale ak pwofesyonèl swen sante ou a.

Korean

주의:한국어를 사용하시는 경우 무료 언어 지원 서비스를 이용하실 수 있습니다. 이용 가능한 형식으로 정보를 제공하는 적절한 보조 기구 및 서비스도 무료로 제공됩니다. ID 카드 뒷면에 있는 회원 서비스 번호로 전화하거나 서비스 제공업체에 문의하십시오.

Italian

ATTENZIONE: Se parla italiano, sono disponibili servizi di assistenza linguistica gratuiti. Sono inoltre disponibili gratuitamente strumenti ausiliari e servizi adeguati per fornire informazioni in formati accessibili. Si prega di contattare il numero del Servizio per i membri riportato sul retro della propria tessera identificativa o di rivolgersi al proprio fornitore.

Yiddish

אַכטונג: אויב איר רעדט יידיש, שפראך הילף סערוויסעס זענען בארעכטיגט פריי פאר דיר. פּאַסיקע אידס און באַדינונגס פֿאַר צושטעלן אינפֿאָרמאַציע אין צוטריטלעך פֿאַרמאַטירונגען זענען אויך פריי בנימצא. רופט דעם מיטגליד באַדינען נומער אין קריק פֿון דיין ID קאַרטל אָדער רעדט מיט דיין צושטעלער.

Bengali

মনোযোগ দিন: যদি আপনি বাংলা বলেন, তাহলে আপনার জন্য বিনামূল্যে ভাষা সহায়তা পরিষেবাদি উপলব্ধ রয়েছে। অ্যাক্সেসযোগ্য ফরম্যাটে তথ্য প্রদানের জন্য উপযুক্ত সহায়ক সহযোগিতা এবং পরিষেবাদিও বিনামূল্যে উপলব্ধ রয়েছে। আপনার আইডি কার্ডের পিছনে থাকা সদস্য পরিষেবা নম্বরে কল করুন অথবা আপনার প্রদানকারীর সাথে কথা বলুন।

Polish

UWAGA: Osoby mówiące po polsku mogą skorzystać z bezpłatnej pomocy językowej. Dodatkowe pomoce i usługi zapewniające informacje w dostępnych formatach są również dostępne bezpłatnie. Zadzwoń pod numer Działu Obsługi Klienta podany na odwrocie Twojej karty identyfikacyjnej lub porozmawiaj ze swoim dostawcą.

Arabic

تنبيه: إذا كنت تتحدث العربية، فسوف تكون خدمات المساعدة اللغوية متاحة لك مجانًا. كما تتوفر أدوات مساعدة وخدمات إضافية مناسبة لتوفير المعلومات بصيغ يمكن الوصول إليها من دون أية تكلفة. اتصل بقسم خدمات الأعضاء على الرقم المدون على ظهر بطاقة هويتك أو تحدث إلى مقدم الخدمات.

French

ATTENTION : Si vous parlez français, des services d'assistance linguistique gratuits sont à votre disposition. Des aides et services auxiliaires appropriés sont également mis à votre disposition gratuitement pour vous fournir les informations dans des formats accessibles. Appelez les Services aux adhérents au numéro figurant au dos de votre carte d'adhérent, ou adressez-vous à votre prestataire.

Urdu

اردو

توجہ فرمائیں: اگر آپ اردو بولتے ہیں، تو آپ کے لیے مفت لسانی خدمات دستیاب ہیں۔ قابل رسائی فارمیٹس میں معلومات فراہم کرنے کے لیے مناسب معاون امداد اور خدمات بھی مفت دستیاب ہیں۔ ممبر سروسز کو اپنے ID کارڈ کی پچھلی جانب موجود نمبر پر کال کریں یا اپنے فراہم کنندہ سے بات کریں۔

Tagalog

PAUNAWA: Kung nagsasalita ka ng Tagalog, magagamit mo ang mga libheng serbisyo ng tulong sa wika. Magagamit din nang libre ang mga naaangkop na auxiliary na tulong at serbisyo upang magbigay ng impormasyon sa mga accessible na format. Tawagan ang numero ng Mga Serbisyo sa Miyembro sa likod ng ID card mo o makipag-usap sa iyong provider.

Greek

ΠΡΟΣΟΧΗ: Εάν μιλάτε Ελληνικά, υπάρχουν διαθέσιμες δωρεάν υπηρεσίες υποστήριξης στη συγκεκριμένη γλώσσα. Διατίθενται δωρεάν κατάλληλα βοηθήματα και υπηρεσίες για παροχή πληροφοριών σε προσβάσιμες μορφές. Καλέστε τον αριθμό των υπηρεσιών Μέλους που βρίσκεται στο πίσω μέρος της κάρτας αναγνωριστικού σας ή απευθυνθείτε στον πάροχό σας.

Albanian

VINI RE: Nëse flisni anglisht, shërbimet falas të ndihmës gjuhësore janë të disponueshme për ju. Gjithashtu, disponohen falas ndihma të përshtatshme dhe shërbime shtesë për të siguruar informacion në formate të aksesueshme. Telefononi Shërbimet ndaj Anëtarëve në

numrin që ndodhet në pjesën e pasme të kartës suaj të identitetit ose flisni me ofruesin tuaj të shërbimit.

German

HINWEIS: Wenn Sie Sprache einfügen sprechen, stehen Ihnen kostenlose Sprachassistentendienste zur Verfügung. Geeignete Hilfsmittel und Dienste für die Übermittlung von Informationen in zugänglicher Form sind ebenfalls kostenlos verfügbar. Rufen Sie die Nummer des Mitgliederservices auf der Rückseite Ihres Ausweises an oder sprechen Sie mit Ihrem Anbieter.

Pennsylvania Dutch

GEB ACHT: Wann du Pennsylvanisch Deutsch schwetzsch, Schprooch Hilfe Services sin meeglich mitaus Koscht. Appropriate Auxiliary Aids un Services un Services Information zu gewwe in helfreiche Formats sin aa meeglich mitaus Koscht. Ruf die Member Services Nummer uff die Rickseit vun dei ID Kaart odder Schwetz mit dei Provider.

Vietnamese

LƯU Ý: Nếu quý vị nói tiếng Việt, chúng tôi có sẵn các dịch vụ hỗ trợ ngôn ngữ miễn phí dành cho quý vị. Ngoài ra, chúng tôi còn có các dịch vụ và phương tiện hỗ trợ khác phù hợp, hoàn toàn miễn phí để cung cấp thông tin theo các định dạng dễ sử dụng. Vui lòng gọi đến số điện thoại của bộ phận Dịch vụ thành viên có trên mặt sau thẻ ID của quý vị để trao đổi với nhà cung cấp dịch vụ của quý vị.

Somali

FIIRO GAAR AH: Haddii aad ku hadasho Soomaali, adeegyada caawimaada luuqada oo bilaash ah ayaad heli kartaa.

Agabka kaalmaatiga oo sax ah iyo adeegyada xogta ku bixiya qaab la heli karo ayaa sidoo kale lagu heli karaa lacag la'aan.

Wac lambarka Adeegyada Macaamiisha ee ku qoran dhabarka danbe ee kaarkaaga aqoonsiga ama la hadal dhakhtarkaaga.

Japanese

注意：日本語を話される場合、無料の言語支援サービスをご利用いただけます。アクセス可能な形式で情報を提供するための適切な補助支援やサービスも無料でご利用いただけます。IDカードの裏面にある会員サービス番号に電話するか、プロバイダーにご相談ください。

Ukrainian

УВАГА! Якщо ви розмовляєте українською мовою, вам доступні безкоштовні мовні послуги. Відповідні допоміжні засоби й послуги з надання інформації в доступних форматах також пропонуються безкоштовно. Зателефонуйте на номер служби

підтримки учасників, указаний на звороті вашого посвідчення особи, або зверніться до свого постачальника послуг.

Romanian

ATENȚIE: Dacă vorbiți română, aveți la dispoziție servicii gratuite de asistență lingvistică. Sunt disponibile gratuit ajutoare și servicii auxiliare adecvate pentru furnizarea informațiilor în formate accesibile. Contactați Serviciul pentru Membri la numărul de telefon înscris pe verso-ul cardului de identificare sau adresați-vă furnizorului dumneavoastră.

Amharic

ማስታወሻ፡ አማርኛ የምናገሩ ከሆነ፣ ገንዘብ ድጋፍ አገልግሎቶች ለእርስዎ ይኖራል። እንዲሁም፣ በሚገኙ ቅርፀቶች መረጃ ለማቅረብ ተገቢ የመረጃ ድጋፎች እና አገልግሎቶች በገንዘብ ድጋፍ። በID ካርድዎ ጀርባ ላይ በለው የአባላት አገልግሎቶች ቁጥር ይደውሉ ወይም አቅራቢዎን ያነጋግሩ።

Thai

หมายเหตุ: หากคุณใช้ภาษาไทย เรามีบริการความช่วยเหลือด้านภาษาฟรี นอกจากนี้ ยังมีเครื่องมือและบริการช่วยเหลือเพื่อให้ข้อมูลในรูปแบบที่เข้าถึงได้โดยไม่เสียค่าใช้จ่าย โปรดติดต่อหมายเลขฝ่ายบริการสมาชิกที่ระบุไว้ด้านหลังบัตรประจำตัวของคุณหรือพูดคุยกับผู้ให้บริการของคุณ

Persian

توجه: اگر به زبان فارسی صحبت می‌کنید، خدمات کمک زبانی به صورت رایگان در دسترس شماست. همچنین، خدمات کمک‌های لازم برای ارائه اطلاعات به صورت‌های مختلف و قابل دسترسی، به صورت رایگان در اختیار شما قرار می‌گیرد. با شماره خدمات اعضا که پشت کارت شناسایی شما درج شده تماس بگیرید یا با ارائه‌دهنده خود صحبت کنید.

Samoan

FAAMATALAGA: Afai e te tautala faa-Samoa, o loo i ai gagana fesoasoani i gagana e Le totogia mo oe. Fesoasoani fa'aopopo talafeagai ma auaunaga ina ia tuuina atu ai faamatalaga e maua i limits e faigofie ona maua o loo maua foi e le totogia. Vala'au le Auaunaga a Sui Auai i le numera o i taua o lau ID card pe talanoa i lauvrautua.

Ilocano

PAKAAMMO: No agsasaoka iti Ilocano, magun-odam dagiti libre a serbisio ti tulong iti pagsasao. Libre met laeng a magun-odan dagiti maitutop a katulongan ken serbisio a mangipaay iti impormasion kadagiti format a nalaka a ma-access. Tawagam ti numero ti Serbisio para Kadagiti Miembro iti likudan ti ID card-mo wenno makisaritaka iti provider-mo.

Gujarati

ધ્યાન આપો: જો તમે ગુજરાતી બોલતા હો તો મફત ભાષાકીય સહાયતા સેવાઓ તમારા માટે ઉપલબ્ધ છે. યોગ્ય ઓફિસલરી સહાય અને એક્સેસિબલ ફોર્મટમાં માહિતી પૂરી પાડવા માટેની સેવાઓ પણ વિના મૂલ્યે ઉપલબ્ધ છે. તમારા ID કાર્ડની પાછળ આપેલા સભ્ય સેવાઓ નંબર પર કોલ કરો અથવા તમારા પ્રદાતા સાથે વાત કરો.

Portuguese

ATENÇÃO: se fala português, tem à sua disposição serviços de assistência linguística gratuitos. Também estão disponíveis, de forma gratuita, ajudas e serviços auxiliares apropriados para fornecer informações em formatos acessíveis. Ligue para o número dos Serviços de apoio aos membros que se encontra no verso do seu cartão de identificação ou fale com o seu prestador de serviços de saúde.

Hindi

ધ્યાન દે: यदि आप हिंदी बोलते हैं, तो आपके लिए नि:शुल्क भाषा सहायता सेवाएं उपलब्ध होती हैं। सुलभ प्रारूपों में जानकारी प्रदान करने के लिए उपयुक्त सहायक साधन और सेवाएँ भी नि:शुल्क उपलब्ध हैं। अपने ID कार्ड के पीछे दिए गए सदस्य सेवा नंबर पर कॉल करें या अपने प्रदाता से बात करें।

Khmer

សូមយកចិត្តទុកដាក់៖ ប្រសិនបើអ្នកនិយាយភាសាខ្មែរ សេវាកម្មជំនួយភាសា ឥតគិតថ្លៃគឺមានសម្រាប់អ្នក។ ជំនួយ និងសេវាកម្មដែលជាការជួយដ៏សមរម្យ ក្នុងការផ្តល់ព័ត៌មានតាមទម្រង់ដែលអាចចូលប្រើប្រាស់បាន ក៏អាចរកបាន ដោយឥតគិតថ្លៃផងដែរ។ ហៅទូរសព្ទទៅលេខសេវាបម្រើសមាជិកនៅខាងក្រោយកាត ID របស់អ្នក ឬនិយាយទៅកាន់អ្នកផ្តល់សេវារបស់អ្នក។

Laotian

ເຊີນຊາບ: ຖ້າທ່ານເວົ້າພາສາ ລາວ, ຈະມີບໍລິການຊ່ວຍດ້ານພາສາແບບບໍ່ເສຍຄ່າໃຫ້ທ່ານ. ມີເຄື່ອງຊ່ວຍ ແລະ ການບໍລິການແບບບໍ່ເສຍຄ່າທີ່ເໝາະສົມເພື່ອໃຫ້ຂໍ້ມູນໃນຮູບແບບທີ່ສາມາດເຂົ້າເຖິງໄດ້. ໂທຫາເບີບໍລິການສະມາຊິກຢູ່ດ້ານຫຼັງບັດປະຈຳຕົວຂອງທ່ານ ຫຼື ລົມກັບຜູ້ໃຫ້ບໍລິການຂອງທ່ານ.

Karen

ဟ်သ့ၣ်ဟ်သး- နမ့ၢ်ကတိၤ ကညီကျိၣ် အယိ, တၢ်အိၣ်ဒီး ကျိၣ်တၢ်ဆိၣ်ထွဲမၤ၁၀၁၂ လၢတလက်ဘျီလက်စ့ၤ လၢနဂီၢ်လီၤ. တၢ်အိၣ်ဒီး တၢ်မၤ၁၀၁၂တၢ်န့ၢ်ဟူၣ်ပီးလီၤဒီး တၢ်မၤ၁၀၁၂တၢ်မၤ လၢအကြးအဘျီ လၢကဟ့ၣ် တၢ်ဂ့ၢ်တၢ်ကျိၣ် လၢတၢ်မၤန့ၢ်အိၣ်သ့တဖၣ် လၢတလက်ဘျီလက်စ့ၤ လၢနဂီၢ်လီၤ. ကိး ကရၢဖိတၢ်မၤ၁၀၁၂တၢ်မၤ အလီၤတဲစိနီၣ်ဂံၢ်လၢ အိၣ်ဖဲန့ၢ်အုၣ်သး (ID) ခးက့အလီၤ မ့တမ့ၢ် တဲတၢ်ဒီး ပုၤလၢအဟ့ၣ်န့ၢ်တၢ်ကွၢ်ထွဲန့ၣ် တက့ၢ်.

Swahili

KUMBUKA: Ikiwa wewe huzungumza Kiswahili, msaada na huduma za lugha bila malipo unapatikana kwako. Vifaa vya usaidizi vinavyofaa na huduma bila malipo ili kutoa taarifa katika mifumo inayofikiwa zinapatikana pia bila malipo. Piga simu kwa nambari ya Huduma za Wanachama iliyo nyuma ya kadi yako ya kitambulisho au zungumza na mtoa huduma wako.

Serbian

PAŽNJA: Ukoliko govorite Srpski, dostupne su vam besplatne usluge jezičke podrške. Dostupne su vam i besplatne odgovarajuće pomoći i usluge za pružanje informacija u formatima za lak pristup.

Pozovite broj za usluge za članove koji se nalazi na poledini vaše ID kartice ili se obratite pružaocu usluge.

Croatian

PAŽNJA: Ako pričate Hrvatski, na raspolaganju su vam besplatne usluge pomoći za jezik. Odgovarajuća pomoćna sredstva i usluge za pružanje informacija u pristupačnim formatima također su dostupne besplatno.

Nazovite broj Službe za članove na poledini vaše osobne iskaznice ili razgovarajte sa svojim pružateljem usluga.

Nepali

सावधान: तपाईं नेपाली भाषा बोल्नुहुन्छ भने तपाईंका लागि निःशुल्क भाषिक सहायता सेवाहरू उपलब्ध छन्। पहुँचयोग्य ढाँचाहरूमा जानकारी प्रदान गर्न उपयुक्त सहायता र सेवाहरू पनि निःशुल्क उपलब्ध छन्। ID कार्डको पछाडिपट्टि लेखिएको Member Services नम्बरमा फोन गर्नुहोस्, नभए डाक्टरसँग कुरा गर्नुहोस्।

Yoruba

ÀKÍYÈSÍ: Bí o bá ní sọ èdè Yorùbá, àwọn isẹ̀ irànlọ̀wọ̀ èdè ọ̀fẹ́ wà fún ọ. Àwọn ohun èlò irànlọ̀wọ̀ àti àwọn isẹ̀ tó yẹ láti pèsè àlàyé ní àwọn ọ̀nà tó rọ̀rùn ló wà lọ́fẹ́. Pe nọmbà Àwọn isẹ̀ Ọmọ ẹgbẹ́ tó wà ní ẹ̀yìn káàdì ìdánimọ̀ rẹ̀ tàbí bá olùpèsè rẹ̀ sọ̀rò.

AVI SOU PRATIK VI PRIVE

AVI SA A DEKRI FASON NOU KAPAB ITILIZE AK PIBLIYE ENFÒMASYON MEDIKAL OU YO, AK FASON OU KAPAB GEN AKSÈ NAN ENFÒMASYON SA YO. TANPRI, BYEN EGZAMINE LI.

Avi sa a dekri pratik vi prive Molina Healthcare yo, ki afilye ak plan sante yo (nou rele “**Molina**”, oswa “**nou**” nan dokiman sa a). Nou itilize epi pataje enfòmasyon sou sante ki pwoteje (“**PHI**”) ou yo, pou ba w avantaj sante antanke yon manm Molina. Nou itilize epi pataje enfòmasyon w yo pou bay tretman, fè pèman ak operasyon swen sante. Epitou, nou itilize epi pataje PHI ou yo pou lòt rezon jan lalwa otorize epi egzije sa. Nou gen devwa pou kenbe enfòmasyon sou sante w yo konfidansyèl epi pou suiv tèm ki nan Avi sa a. Dat Avi sa a ap antre an vigè se 1^{er} janvye 2026.

PHI se enfòmasyon sou sante ki gen non w, nimewo manm ou oswa lòt enfòmasyon ki kapab idantifye w, epi nou itilize oswa pataje. Nan PHI yo gen enfòmasyon sante konsènan pwoblèm itilizasyon sibstans ak enfòmasyon biyometrik (tankou yon anprent vokal).

Poukisa nou itilize oswa pataje PHI ou yo?

Nou itilize oswa pataje PHI ou yo pou ba w avantaj swen sante. Epitou, nou itilize oswa pataje PHI ou yo pou kesyon tretman, pèman, ak operasyon swen sante.

Pou Tretman

Nou kapab itilize oswa pataje PHI ou yo pou ba w, oswa pou fè aranjman pou, swen medikal ou a. Tretman sa a enkli referans ant doktè w yo oswa lòt founisè swen sante. Pa egzanp, nou kapab pataje enfòmasyon sou pwoblèm sante w avèk yon espesyalis. Sa ede espesyalis la pale konsènan tretman w avèk doktè w la.

Pou Pèman

Nou kapab itilize oswa pataje PHI ou yo pou pran desizyon sou pèman. Se kapab reklamasyon, apwobasyon pou tretman, ak desizyon sou bezwen medikal. Yo kapab ekri non w, pwoblèm ou an, tretman w lan, ak founiti yo bay yo sou bòdwo a. Pa egzanp, nou kapab fè yon doktè konnen ou gen avantaj nou yo. Epitou, n ap fè doktè a konnen montan bòdwo n ap peye.

Pou Operasyon Swen Sante

Nou kapab itilize oswa pataje PHI ou yo pou jere plan sante nou an. Pa egzanp, nou kapab itilize enfòmasyon ki nan reklamasyon w lan pou fè w konnen yon pwogram sante ki kapab ede w. Epitou, nou kapab itilize oswa pataje PHI ou yo pou rezoud pwoblèm ou yo. Mete sou sa, nou kapab itilize PHI ou yo pou wè si yo byen peye reklamasyon yo.

Operasyon swen sante yo enplike anpil bezwen komèsyal chak jou. Ladan yo, gen sa ki vin apre yo, san se pa sa sèlman:

- Amelyore kalite;
- Aksyon nan pwogram sante pou ede manm ki gen kèk pwoblèm sante (tankou asmatik);
- Kondui oswa fè aranjman pou verifikasyon medikal;
- Sèvis jiridik, san wete fwod ak pwogram pou detekte abi ansanm ak pousuit jidisyèl;
- Mezi pou ede nou obeyi lalwa;
- Konble bezwen manm yo, san wete rezoud plent ansanm ak doleyans yo.

Nou ap pataje PHI ou yo bay lòt konpayi (“**biznis asosye**”) ki ap fè diferan kalite aktive pou plan sante nou an (yo). Nou ka itilize tou PHI ou pou ba w rapèl konsènan randevou w genyen. Nou kapab itilize PHI ou yo pou ba w enfòmasyon sou lòt tretman, oswa lòt avantaj ak sèvis ki gen rapò ak sante.

Kilè nou kapab itilize oswa pataje PHI ou yo san nou pa jwenn otorizasyon alekri (apwobasyon) nan men w?

Anplis tretman, pèman ak operasyon swen sante yo, lalwa otorize oswa egzije Molina itilize epi pataje PHI ou yo pou plizyè lòt objektif tankou sa ki vin apre yo:

Lè lalwa egzije sa

Nou ap itilize oswa pataje enfòmasyon w yo jan lalwa egzije sa. Nou ap pataje PHI ou yo lè Sekretè Department of Health and Human Services (HHS) la egzije sa. Se kapab pou yon dosye tribinal, lòt verifikasyon legal, oswa lè sa nesèsè pou fè respekte lalwa.

Sante Piblik

Nou kapab itilize oswa pataje PHI ou yo pou aktivite sante piblik. Se kapab pou ede ajans sante piblik yo anpeche oswa kontwole yon maladi.

Sivvans Swen Sante

Nou kapab itilize oswa pataje PHI ou yo bay ajans gouvènmantral yo. Yo kapab bezwen PHI ou yo pou odit.

Rechèch

Nou kapab itilize oswa pataje PHI ou yo pou rechèch nan kèk ka, tankou lè yon komite revizyon sou konfidansyalite oswa komite revizyon enstitisyonèl apwouve li

Pwosedi Jiridik oswa Administratif

Nou kapab itilize oswa pataje PHI ou yo pou pwosedi jidisyèl, tankou reponn yon òdonans tribinal.

Fòs Delòd

Nou kapab itilize oswa pataje PHI ou yo bay lapolis nan objektif pou fè respekte lalwa, tankou pou ede yo jwenn yon sispè, yon temwen oswa yon moun ki disparèt.

Sante ak Sekirite

Nou kapab pataje PHI ou yo pou anpeche yon menas grav epi ki pwòch pou sante oswa sekirite yon moun oswa piblik la.

Fonksyon Gouvènman

Nou kapab pataje PHI ou yo bay gouvènman an pou fonksyon espesyal. Kòm egzanzp, se ap pou pwoteje Prezidan an.

Viktims Abi, Neglijans oswa Vyolans Domestik

Nou kapab pataje PHI ou yo bay otorite legal yo si nou kwè yon moun viktim abi oswa neglijans.

Konpansasyon Travayè

Nou kapab itilize oswa pataje PHI ou yo pou obeyi lwa sou Konpansasyon Travayè yo.

Lòt Divilgasyon

Nou kapab pataje PHI ou yo bay direktè ponp finèb yo oswa medsen lejis yo pou ede yo fè travay yo.

Lòt Restriksyon sou Fason nou Itilize epi Pataje yo.

Gen kèk lwa federal oswa lwa nan Eta a ki kapab egzije yon seri pwoteksyon vi prive espesyal ki met restriksyon sou fason nou itilize epi divilge kèk kalite enfòmasyon sou sante. Lwa sa yo kapab pwoteje kalite enfòmasyon ki vin apre yo: pwoblèm itilizasyon sibstans ak alkòl, enfòmasyon biyometrik, abi oswa neglijan, san wete agresyon seksyèl sou timoun oswa granmoun, maladi ki kapab transmèt, enfòmasyon jenetik, VIH/SIDA, sante mantal, enfòmasyon sou minè, preskripsyon, sante repwodiktif, ak maladi seksyèl trapan. Nou ap respekte lwa ki pi estrik la, lè li aplikab avèk nou.

Enfòmasyon sou Pwoblèm Itilizasyon Sibstans (Substance Use Disorder, SUD). Byenke nou pa yon pwogram pou tretman pwoblèm itilizasyon sibstans nan sans lwa federal la (yon “Pwogram SUD”), nou kapab resevwa enfòmasyon sou ou nan men yon Pwogram SUD. Nou kapab pab pibliye enfòmasyon SUD yo pou yo itilize nan yon pwosedi sivil, kriminel, administratif, oswa lejislatif kont ou, sof si nou gen (i) konsantman w alekri, oswa (ii) yon òdonans tribinal ki mache ak yon asiyasyon pou prezante oswa yon lòt obligasyon legal ki enpoze divilgasyon an, yo bay apre yo te fin mete nou menm avèk ou okouran epi yo te ban nou posibilite pou nou pale.

Kilè nou bezwen otorizasyon alekri (apwobasyon) nan men w pou nou itilize oswa pataje PHI ou yo?

Nou bezwen apwobasyon alekri nan men w pou nou itilize oswa pataje PHI ou yo pou yon objektif ki pa sa ki site nan Avi sa a. Nou bezwen otorizasyon nan men w anvan nou pibliye PHI ou yo pou bagay ki vin apre yo: (1) pifò itilizasyon ak divilgasyon nòt sikoterapi yo; (2) itilizasyon ak divilgasyon pou objektif maketing; epi (3) itilizasyon ak divilgasyon ki enplike lavant PHI. Ou kapab anile yon otorizasyon alekri ou te ban nou. Anilasyon w lan p ap aplike pou aksyon nou deja poze paske w te deja ban nou apwobasyon w.

Ki dwa w genyen nan kesyon enfòmasyon sou sante?

Ou gen dwa pou:

- **Mande Restriksyon sou Fason nou Itilize oswa Divilge PHI (Pataje PHI ou yo)**

Ou kapab mande nou pa pataje PHI ou a pou fè tretman, pèman oswa aktivite swen sante. Epitou, ou kapab mande nou pa pataje PHI ou yo avèk fanmi, zanmi oswa lòt moun ou nonmen epi ki patisipe nan swen sante ou. Sepandan, nou pa gen obligasyon pou aksepte demann ou an. W ap bezwen fè demann ou an alekri. Ou kapab itilize fòm nou an pou fè demann ou an.

- **Mande Kominikasyon Konfidansyèl sou PHI**

Ou kapab mande Molina ba w PHI ou yo nan kèk fason oswa yon kote pou ede w kenbe PHI ou yo konfidansyèl. Nou ap respekte demann ki rezonab yo, si w di nou fason nou pataje tout oswa yon pati nan PHI sa a kapab mete lavi w an danje a. W ap bezwen fè demann ou an alekri. Ou kapab itilize fòm nou an pou fè demann ou an.

- **Revize epi Kopye PHI ou yo**

Ou gen dwa pou revize epi jwenn yon kopi PHI ou a ke nou genyen. Ladan, kapab gen dosye nou itilize pou detèmine kouvèti, fè reklamasyon epi pou pran lòt desizyon konsènan ou menm, antanke manm nou. W ap bezwen fè demann ou an alekri. Ou kapab itilize fòm nou an pou fè demann ou an. Nou kapa fè w peye yon frè ki rezonab pou kopi dosye yo epi pou voye yo ba w pa lapòs. Nan kèk ka, nou kapab rejte demann nan. *Remak Enpòtan: Nou pa gen kopi dosye medikal ou yo konplè. Si w vle gade, jwenn yon kopi, oswa chanje dosye medikal ou yo, tanpri, kontakte doktè oswa klinik ou a.*

- **Modifye PHI ou yo**

Ou kapab mande nou modifye (chanje) PHI ou yo. Sa enplike sèlman dosye nou kenbe sou ou antanke yon manm. W ap bezwen fè demann ou an alekri. Ou kapab itilize fòm nou an pou fè demann ou an. Ou kapab depoze yon lèt ki montre w pa dakò avèk nou, si nou refize demann lan.

- **Resevwa yon Rapò sou Divilgasyon PHI yo (Pataje PHI ou yo)**

Ou kapab mande pou nou ba w yon lis konsènan kèk moun nou te pataje PHI ou yo pandan sis lane ki vin anvan dat demann ou an. Nan lis la, p ap gen PHI nou te pataje pou bagay ki vin apre yo:

- pou tretman, pèman oswa operasyon swen sante;
- bay moun konsènan pwòp PHI yo;
- pataj ki te fèt ak otorizasyon w;
- ensidan nan yon itilizasyon oswa divilgasyon ki te gen otorizasyon oswa obligasyon nan kad lwa ki aplikab;
- PHI nou te pibliye nan enterè sekirite nasyonal oswa nan objektif ransèyman; oswa
- kòm yon pati nan done limite ki fikse an konfòmite ak lwa ki aplikab la.

Nou ap fè w peye yon frè rezonab pou chak lis, si w mande lis sa a plis pase yon fwa nan yon peryòd 12 mwa. W ap bezwen fè demann ou an alekri. Ou kapab itilize fòm nou an pou fè demann ou an.

Ou kapab fè nenpòt nan demann ki anwo a, oswa ou kapab resevwa yon kopi nan Avi sa a sou papye. Tanpri, rele depatman Sèvis Manm nou yo nan nimewo telefòn gratis la ki ekri nan do kat idantifikasyon w lan, 7 jou pa semèn, 8 a.m. pou 8 p.m., lè lokal. Itilizatè TTY/TDD yo, tanpri rele 711.

Kisa w kapab fè si nou pa t dwa w yo?

Ou kapab pote plent ban nou bay Department of Health and Human Services la, si w panse nou te vyole dwa sou konfidansyalite w yo. Nou p ap pran okenn mezi kont ou poutèt ou depoze yon plent. Swen ak avantaj ou yo p ap chanje nan okenn fason.

Ou kapab depoze yon plent ban nou nan:

Rele Sèvis Manm yo nan nimewo telefòn gratis la ki ekri nan do kat idantifikasyon w lan, 7 jou pa semèn, 8 a.m. pou 8 p.m., lè lokal. Itilizatè TTY/TDD yo, tanpri rele 711. Oswa ekri nou nan:

Molina Healthcare
Attn: Appeals and Grievances
P.O. Box 22816
Long Beach, CA 90801-9977

Ou kapab depoze yon plent bay Sekretè U.S. Department of Health and Human Services la nan:

U.S. Department of Health & Human Services Office for Civil Rights
200 Independence Ave., S.W. Suite 509F, HHH Building Washington, D.C. 20201
(800) 368-1019; (800) 537-7697 (TDD); (202) 619-3818 (FAX)

Ki obligasyon nou genyen?

Nou gen obligasyon pou:

- Kenbe PHI ou yo prive;
- Ba w enfòmasyon alekri tankou sa ki konsène obligasyon ak pratik vi prive nou genyen konsènan PHI ou yo;
- Ba w yon avi nan ka kote gen nenpòt vyolasyon nan PHI ou yo ki pa sekirize;
- Pa itilize oswa pibliye enfòmasyon jenetik ou yo nan objektif souskripsyon;
- Respekte tèm ki nan Avi sa a.

Avi sa a Kapab Chanje

Nou konsève dwa pou chanje enfòmasyon pratik ak kondisyon ki nan Avi sa a nenpòt lè. Si nou fè sa, nouvo tèm ak pratik yo ap aplikab pou tout PHI nou kenbe yo. Si nou fè nenpòt chanjman materyèl, nou ap afiche Avi ki revize a sou sit entènèt nou an, epi nou ap voye Avi ki revize a, oswa enfòmasyon konsènan chanjman materyèl la ak fason pou w jwenn Avi ki revize a, nan pwochen kourye lapòs nou konn voye chak ane bay manm nou yo ki gen kouvèti yo. Avi sa a disponib sou sit entènèt nou an nan www.molinahealthcare.com.

Enfòmasyon pou Kontakte

Si w gen nenpòt kesyon konsènan Avi sa a, tanpri kontakte nou.

Rele departman Sèvis Manm nou yo nan nimewo telefòn gratis la ki ekri nan do kat idantifikasyon w lan ; 7 jou pa semèn, 8 a.m. pou 8 p.m., lè lokal. Itilizatè TTY/TDD yo, tanpri rele 711. Oswa ekri Sèvis Manm Molina yo, 200 Oceangate, Suite 100, Long Beach, CA 90802.

Ou kapab jwenn dokiman sa a gratis nan lòt fòm, tankou gwo karaktè, bray, oswa odyo. Rele (855) 882-3901, TTY/TDD: 711, 7 jou pa semèn, 8 a.m. pou 8 p.m., lè lokal. Apèl la gratis.

Sèvis Manm Senior Whole Health of New York NHC

Metòd	Sèvis Manm yo – Enfòmasyon pou Kontakte yo
RELE	(833) 671-0440 Apèl nan nimewo sa a gratis. Orè yo se 1ye oktòb - 31 mas, 8 a.m. rive 8 p.m. lè lokal, 7 jou pa semèn. Soti premye avril rive 30 septanm, Lendi - Vandredi, 8 a.m. jiska 8 p.m. lè lokal. Epitou, Sèvis Manm (833) 671-0440 (Itilizatè TTY yo rele 711) gen sèvis entèprèt lang gratis tou pou moun ki pa pale Anglè yo.
TTY	711 Nimewo sa a mande ekipman telefòn espesyal epi li la sèlman pou moun ki gen difikilte pou tande oswa pou pale. Apèl nan nimewo sa a gratis. Orè yo se 1ye oktòb - 31 mas, 8 a.m. rive 8 p.m. lè lokal, 7 jou pa semèn. Soti premye avril rive 30 septanm, Lendi - Vandredi, 8 a.m. jiska 8 p.m. lè lokal.
FAKS	(310) 507-6186
EKRI	Senior Whole Health of New York Attn: Member Services 200 Oceangate Ste. 100 Long Beach, CA 90802
SIT ENTÈNÈT	SWHNY.com

Enfòmasyon sou Asirans Sante, Konsèy ak Pwogram Asistans (Health Insurance Information, Counseling and Assistance Program, HIICAP) (New York **SHIP**) la se yon pwogram Eta a ki jwenn lajan nan men gouvènman Federal la pou bay moun ki gen Medicare yo konsèy sou asirans sante nan zòn yo a gratis.

Metòd	Enfòmasyon sou Kontak la
RELE	(800) 701-0501 Lendi – vandredi, 8:30 a.m. pou 5 p.m, lè lokal.
EKRI	New York State Office for the Aging (NYSOFA) 2 Empire State Plaza, Agency Building #2 Albany, New York 12223-1251
SIT ENTÈNÈT	https://aging.ny.gov/health-insurance-information-counseling-and-assistance-program-hiicap

Deklarasyon sou Divilgasyon PRA An konfòmite ak Lwa 1995 sou Rediksyon Papyè a, pa gen okenn moun ki oblije reponn yon koleksyon enfòmasyon sof si li montre yon nimewo kontwòl OMB ki valab. Nimewo kontwòl OMB ki valid pou koleksyon enfòmasyon sa a se 0938-1051. Si w gen kòmantè oswa sijesyon pou amelyore fòm sa a, ekri: CMS, 7500 Security Boulevard, Attn: PRA Reports Clearance Officer, Mail Stop C4-26-05, Baltimore, Maryland 21244-1850.